ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА
АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ
БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК
УНИВЕРСИТЕТИ
ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ
МИНИСТРЛИГИ
ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДОГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

**Мамбетуллаев М., Туребеков М., Юсупов О.**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ТАРИЙХЫ

**Нөкис 2010**

www.ziyouz.com kutubxonasi

**Мамбетуллаев М., Туребеков М., Юсупов О.**
Қарақалпақстан тарийхы. Қарақалпақстан: 2010.
274 бет.

***Жуўаплы редактор:***
тарийх илимлериниң докторы **Кдырниязов М.Ш**

***Пикир билдириўшилер:***
тарийх илимлери кандидаты **Сейтимбетов М.Қ**
тарийх илимлери кандидаты **Ҳакимниязов Ж.Х**

Әййемги дәўирден бүгинги күнге шекемги «Қарақалпақстан тарийхы» авторлар тәрепинен жаңа археологиялық табылмалар, жазба ҳәм архив ҳүжжетлери тийкарында жазылды. Китапта, Қарақалпақстан аймағындағы ең әййемги, ерте темир, феодаллық жәмийетлик дүзим, жаңа, ең жаңа, ғәрезсизлик дәўирлердеги сиясий, социаль-экономикалық, мәдений ҳәм рухый турмысының раўажланыў тарийхы сөз етиледи.

Китап жоқары оқыў орынлары, орта билим бериў, академиялық лицей, колледж оқытыўшылары ҳәм студентлери ушын оқыўлық қолланба есапланады.

**ISBN-978-9943-40-6**

**© Мамбетуллаев М.., Туребеков М., Юсупов О.**
**© «Қарақалпақстан» - 2010.**

www.ziyouz.com kutubxonasi

# КИРИСИЎ

Ғәрезсиз Өзбекстан Республикасы қурамында Қарақалпақстан суверенли республикаға айланғаннан кейин, халқымыздың өтмиш, жаңа ҳәм ең жаңа дәўирдеги тарийхына кеўил аўдарылып, республикамыздың жоқары ҳәм арнаўлы оқыў орынлары: колледж ҳәм академиялық лицейлерде сабақлық ретинде өтилип атыр. Әййемги дәўирлерден бүгинги күнге дейинги Қарақалпақстан тарийхы очерки, Бердақ атындағы Қарақалпақстан мәмлекетлик университети ҳәм Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты тарийхшы ҳәм профессор-оқытыўшылары тәрепинен жазылып жәмийетшиликке усынылып атыр. Китапта, бурын белгили болған, бирақ оларды бурынғы тоталитарлық дүзимде жасырып келген материалларды, миллий идеология тийкарында қарап шығылып, қарақалпақ халқының миллий азатлық гүреслери, тоталитарлық дәўирде, жазықсыз айыпланған сиясий басшылар, мәдений ҳәм илим ғайраткерлери, диний уламалардың хызметлери ҳәм олардың атлары қайтадан ақланып ҳәм тикленгенликлери айтылады. Авторлар Қарақалпақстан тарийхын толық жазыўды өз алдыларына мақсет етип қоймады. Бул, келешектеги ўазыйпа. Деген менен, бул китаплар оқыўшылар халқымыздың жүдә бай тарийхы турмысымызда болып келген гейбир түсинбеўшиликлерге, өзлеринше ой-пикир жүўыртып ҳәм кең көлемде түсинип алыўына болады.

Авторлар, китапты жазарда Қарақалпақстан тарийхын бурын жазған авторлардың пикирлерин толық қайталамайды, бирақ олардың мийнетлеринен пайдаланып ҳәм олардың атларын ҳүрмет пенен тилге алады.

Ғәрезсизлик жыллары, жәмийетшиликтиң, әсиресе жаслардың өз халқының тарийхын терең билиўге қызығыўшылығы артты. Соның ушында президент И.А.Каримов «өз тарийхын билген, оннан руўхый қуўат алатуғын халықты жеңип болмайды. Биз ҳақыйқый тарийхымызды тиклеўимиз, халқымызды, миллетимизди мине усы тарийх пенен қуралландырыўымыз зәрүр. Тарийх пенен қуралландырыў, және бир рет қуралландырыўымыз зәрүр» деген еди. Авторлар китап оқыўшылардың тарийхқа қызығыўшылығын есапқа алып, ўатанымыздың тарийхын туўры,



www.ziyouz.com kutubxonasi

терең изертлеп жазыўға ҳәрекет етти. Ҳәзир, китап оқыўшылар, студент жаслар, Қарақалпақстан тарийхы туўралы жаңа әдебият ҳәм оқыўлықларға мүтәж болып атырған ўақытта, бул китап, сол олқылықлардың орнын толтырады ҳәм халқымыздың тарийхын үйрениўге жәнe қызығыўшылықты арттырады.

Авторлар, бул китап туўралы берген баҳалы ҳәм кемшилик пикирлериңизди ҳүрмет пенен қабыл етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# I БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ТАС ӘСИРИНДЕ

## § 1. Әййемги тас әсири (палеолит)

Тәбийғый географиялық жағдай ҳәм әййемги гоминидлердиң жасаған орталығы. Евразияның ҳаўа райы қурғақ аймақлары, таў дизбеклери, ойпатлық, қумлық ҳәм кеңислик таслақларды қамтыйды. Оның ҳәр түрли рельефи-ландшафлы орталығында адамзаттың арғы ата-бабалары (гоминидлер) мәкан басқан. Олардың көбиси ашық кеңисликлерде ҳәм үңгирлеринде жасайды. Соңғы 15-20 жылларда, Африка қурғақларынан баслап Каспий дөгерегиндеги кеңисликлерде, Туран, Монголия, арқа Қытай ҳәм Сибирь жерлерине шекемги аралықта жасаған ең әййемги гоминидлердиң турақ жайлары таўылып изертленген. Плиоценниң ақыры менен төртлемши дәуирде (1 млн. жыл бурын) тәбийғый жағдай өзгереди. Муссонлар менен циклонлардың ҳәрекетлеринен қурғақшылық аймақларда ҳаўа райы суўық болыўы, көплеген жерлерде кеңислик, таслақлық ҳәм шөлистанлықлар пайда болады. Усы дәуирлерде Арал-Каспий аралығы, Үстирт далаларындағы жағдай сол географиялық орталыққа бейимлесип, адамлардың қоныс басып ҳәм мәканлаған жерлерине айланған. Каспийдиң арқа шығыс бойлары, таў дизбеклеринде ҳәм Үстиртте палеолит дәуиринде шақпақ траслары (кремен) өндиретуғын шийки зат базасы болған. Усы жерлерде палеографиялық жағдайдың (қолайлы ҳаўа райы, ҳайўанлардың көп болыўы) ҳәм суўдың мол болыўы, мийнет қураллар ислейтуғын шахпақ (кремен) таслардың көп болыўы адамлардың турмыс кешириўине мүмкиншилик туўдырған, Үстирт кеңислигинде адамлар палеолиттиң мустье дәуиринен мезолит ҳәм жаңа тас дәуирлеринде мәкан басып ҳәм кейин көшпели сак қәўимлериде Үстиртти өзлестиреди. Үстирт кеңислигинен табылып үйренилген тас дәуириндеги естеликлер адамлардың орайлық Үстиртте турақлы жасап, мәўсимлерде келип ўақытша өзлестирип ҳәм аң аўлап жасағанынан дерек береди. Бул дәуирде ишимликке жарамлы, дузсыз жер асты суўлары жоқары, суўы мол көлше ҳәм киши булақлар көп болған. Үстиртте бундай суўы мол киши көллер ҳәм майда булақлар палеолиттиң мустье дәуириндеги естелик-



www.ziyouz.com kutubxonasi

леринен баслап мезолит- неолит дәуирлерине шекем ушырасады. Тас әсиринде жасаўшылардың топографиялық жайласыўына қарағанда, Қарақалпақстанға әййемги гоминидлер палеолитте Арқа Кавказ, Маңқыслаў арқалы ҳәм Каспийдиң шығыс жағаларынан Үстиртке келип орналасқан. Бул дәуирде палеографиялық орталық жағдайдың қолайлылығы, көшип қонып жүретуғын жоллардың қәлиплесиўи, аң аўлаўға ҳайўанат, қуслардың жетерли болыўы, жетерли шийки зат базасының тыянақлылығы, ҳәттеки олардың жер бетине шығып жатыўы, булақ, киши көл суўларының жетерлилиги ҳәм әййемги адамлардың палеолиттиң ҳәр түрли дәуирлерин басынан өткериўге мүмкин болған. Жоқарғы плейстоцен ақырында ҳаўа райы қатты суўытып қурғақшылық болып, Арал-Каспий аралығында өсимликлер, ҳайўанлар кемейип ҳәм гоминидлердиң жасаўы қыйынласқан. Соған қарамастан Үстирт кеңислигинде турмыс бронза даўирине шекем даўам етеди. Бирақ, палеолите Султан уаис таў (Қаратаў) дизбеклеринде гоминидлер жасаўға бир қанша қолайлы болған менен ҳәм бул аймақ археологиялық жақтан еле жақсы изертленбегенликтен бул жерде палеолит дәуири қоныс жайлары табылмады. Бул жерлерде палеолит мәкан орынларды табыўдың қыйыншылығы-жаўын, қар, сай суўлардың ағысынан мәкан жайлардың жуўылыўы ҳәм атмосфераның тәсиринде рельефтиң өзгерислерге ушыраўынан болыўы мүмкин.

Орайлық Азияны төртлемши (антропоген) дәуирде муз қапламаған. Бирақ, қалың музлар бәлент таў басларын қаплап жатқан. Арал-Каспий аралығында, Үстрирт кеңислигинде, Қызыл қумда, палеолит–мезеолит ҳәм неолит дәуирлеринде адамлар қоныс басқан. Буннан миллион жыл бурын палеографиялық жағдай қолайлы болып, ол дәуирде ҳайўанлар, қуслар ҳәм ҳәр түрли өсимликлер көп болған. Сонлықтан бул дәуир адамлардың жасаўына қолайлы болған.

Әййемги тас дәуири үлкен үш дәуирге бөлинеди:Олдувей (3-2,5 млн. -700 мың жыл бурын), ашель (700 мың -150 мың жыл бурын) ҳәм мустье (150-120 мың 30-31 мың жыл бурын) дәуирлери. Барлық тас дәуирлеринде мийнет қуралларды ислеўде тас тийкарғы орынды ийелейди. Сонлықтанда, әййемги тас дәуириниң қоныс орынларынан тастан исленген қураллар ҳәм буйымлар


www.ziyouz.com kutubxonasi

көп ушырасады. Мезолит-неолит мәканларында ҳәм ҳайўанат сүйеклеринен таярланған қуралларда гезлеседи. Бурын адамлар тастың сапасын жақсы аңлаған, тасларды таңлаў ҳәм олардан исленетуғын қураллардың не ушын пайдаланатуғынын жақсы билген. Олдувей дәўиринде жасаған адамлардың мәкан жайлары Өзбекстанның Ферғана қаласынан 100 км қубла-батыста Селүңгир ҳәм Ахангерен жанындағы Қулбулақ орынларынан табылған. Селүңгирден ең әййемги адам-ферганхроптың тиси ҳәм сүйеклериниң қалдықлары табылды. Бул дәўирде адамлар тәбияттың таяр жемислеринен пайдаланған ҳәм ҳайўанларды биригип услап аўлаған. Мийнет қураллары әпиўайы етип тастан исленип, олар көп қырлы ҳәм гейде дөңгелик түринде балтаға усаған чопперлерден турған. Гедир-будыр шахмақ дөңгелек тасларды сындырып ҳәм қолға услаўға қолайлы етип қураллар ислеп пайдаланған. Селүңгир ҳәм Қулбулақ мәкан жайларында адамлар буннан 1 млн. 500 мың жыл бурын жасаған. Ашель дәўирине келип мийнет қураллардың түрлери көбейди. Тасларды бирин екиншиси менен урып жарып ҳәм керекли формада қураллар жасаған. Усындай тасларды жарып түсириў усылы менен цилиндрге уқсаған балта тәризли қураллар таярлаған. Тасларды бир-бирине урып бөлгенде ҳәм тастың еки тәрепинде жақсылап дүзетиў нийети менен оларды ықшамлап урыў нәтийжесинде шети жуқаланған тасларды кесиў қуралы ретинде пайдаланған. Ашель дәўиринде мийнет қураллары ретинде қол рубиласы ҳәм кливерлерден пайдаланады. Homo erectus ашель дәўириниң естеликлерине Өзбекстанда Көлбулақ, Ташкент ўәлаятындағы Балтаған ҳәм басқалар киреди. Бул мәкан жайлардың мәдений қатламларынан шақмақ, обсидиан, сланец таслардан исленген нуклеус, тас бөлеклери, әпиўайы тас қырғыш, кескишлер табылып ҳәм бул қураллар ислениў техникасы бойынша өзине тән өзгешеликлерине ийе. Ашель дәўир естелиги Қарақалпақстан аймағында еле табылған емес. Ашель дәўиринде адамлар турмыста оттан пайдалана баслайды. Бул дәўириндеги мәкан жайлардың мәдений қатламларынан мийнет қуралладың табылыўы ҳәм адамлардың турақлы жасай баслағанынан дерек береди. Ол дәўиринде туўысқан адамлар өз-ара қәўимлер жәмийетин пайда етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мустье дәўиринде гоминидлерден неандерталлар таралады. Олардың маңлайы жалпақ, қас асты сүйеклери өскин ҳәм тислери үлкен болып келеди. Адамлар үлкен таў үңгирлери менен бир қатарда ашық далалықларға қоныс басады. Мустье дәўиринде адамлар отты сақлап ғана қоймай, қурғақ ағашты бир-бирине ысқылаў ямаса шақмақ тасларды бир-бирине урыў жолы менен от жандырып пайдаланады. Бул дәўирдиң естеликлерине Өзбекстан аймағында Ташкент ўәлаятында, Ахангерен жанындағы Көлбулақ, Ташкенттен 100 км арқада жайласқан Обирахмат, Зарафшан алабындағы Зербулақ, Самарқанд жанындағы Аманқутан, Бухара ўәлаятындағы Учтут, Қызыл қум сахрасындағы Аяқағытпа, Қарасыйыр ҳәм Лавлякан көли бойындағы мәкан орынлар киреди.

Қарақалпакстан аймағында, мустье дәўири естеликлерине Үстирттеги Барсакелмес торының арқа батысында жайласқан Есен 1,2 ҳәм Қарақудық естеликлери киреди. Есен 1,2 естеликлери тастан мийнет қуралларын таярлайтуғын устаханлар болса, Қарақудық естелиги, аңшылардың мәўсимлерде аң аўлап келип кететуғын орны болған. Үстирт кеңислигинде жайласқан Қарынжарық, Шахпақты устаханасыда мустье дәўирине киреди. Бул мәкан жайлардан табылған тас қураллардың арасында Есен-1,2 ден табылған бифаслар яғный тастың еки тәрепинен қолайлы етип исленген ҳайўанлар терисин етинен қырып алатуғын ҳәм ағашларды жоныўда пайдаланатуғын жалпақлаў тастан исленген мийнет қураллар ушырасады. Адамалардың Үстиртти тас дәўиринде өзлестириўине мийнет қураллар ислейтуғын қатты шақпақ таслардың көп, олардың жердиң жоқарғы қатламында, алыўға аңсат жайласыўы, булақ ҳәм майда сай суўлардың болыўы себеп болады. Көплеген артефактлар-тас қураллардағы ойық кетиклер ҳәм мийнет қуралларды екинши рет пайдаланғанын дәлиллейди. Қоңыр-сур реңли шақпақ таслардан нуклеуслер, қырғыш, биз тәризли қураллар ҳәм ҳәр түрли симметриялық өткир қураллар ислеп пайдаланады. Үстиртте турмыс кешириўшилер ири ҳайўанларға аңшылық еткен ҳәм өсимлик тамырларында жыйнаған. Бул дәўирде адамларды жерлеў ҳәм өлиге ғамхорлық етиў дәстүрлери келип шыққан. Буған Тесик тас үңгириндеги таў текелердиң шақ сүйеклерин айланасына қадап



www.ziyouz.com kutubxonasi

жерлеген жас баланың қәбири мысал болады. Мустье дәўири ақырында руўшылық жәмийет қәлиплеседи ҳәм көркем өнер келип шығады.

Арал-Каспий аралығында, Үстирт кеңислигинен табылған тастан исленген мийнет қураллары Африка, Азия, арқа Кавказ, орайлық Қазақстандағы Сарыарқа мәкан жайлардан табылган тас қураллар менен уқсаслығы, усы дәўирде, бул кең регионларда палеолит мәдениятындағы өзгерислер ҳәм олардың раўажланыўы жоллары бир-бирине жақын болғанын дәлиллейди.

*Соңғы палеолит.* Қарақалпақстанның Үстирт кеңислигинен табылып изертленген соңғы палеолит буннан бурынғы 35-30 мың жыллардан 12-10 мыңыншы жылларды өз ишине алады. Бул дәўир, планетаның барлық жерлерине адамзаттың қоныс басқан эсири ҳәм кең тарқалған ўақты болады. Homo sapiens Кейинги палеолит дәўиринде саналы адамның пайда болыўы менен адамзат жәмийетиниң материаллық ҳәм руўхый мәдениятының жоқары раўажланыўлары арасында тиккелей байланыслар болғанын дәлиллейди. Жәмийетлик қатнасықлардың раўажланыўы, руўлық қәўимниң дүзилиўи менен, руўдың ҳәм адамлар бирлигиниң ең әййемги жәмийетлик бирлеспесиниң өзгеше бир түри ретинде пайда болыўы менен байланысады. Руўлық жәмийетте ҳәмме жерледе матрилиниялық (ана тәрепинен танылған) матрилокаллы (ана тәрепинен тастыйықланған) ҳәм ол жәмийетте ҳаялдың орны үлкен болған. Сонлықтан да бул- руўшылык жәмийетте, дәслепки ана руўының дәўири болады.

Соңғы тас дәўири мәкан жайлардың мәдений қатламларының сүйек, ағаш, ылайдан, тастан исленген ҳаял мүсинлериниң ушырасыўы, ҳаялларға ҳүрмет ҳәм жәмийетте ҳаяллардың жоқарғы дәрежеде болғанын тастыйықлайды. Шаңаракта некелер тәртипке салынбағаны ушын, туўылған балалар әкесиниң ким екенин билмеген, олар тек анасын таныпп ҳәм ана баўырында тәрбия көрген. Ана ҳәм ҳаяллар үй хожалығында үлкен орында болып, шаңаракта, ошақта отты сақлаған, балаларды асырап тәрбиялап ҳәм оларға ғамхорлық еткен. Усы дәўирден баслап, өз-ара туўысқанлар арасында неке түсиў әсте-ақырын бийкар қылына баслайды ҳәм семьяның ишки тәртиби үстинен қадағалаў жүргизиледи. Соңғы тас дәўиринде, адам өлгеннен кейинде, оның



www.ziyouz.com kutubxonasi

өмири даўам етеди деп, марҳум менен бирге тас бақаншақ, ҳайўанат тиси, жылтырақ тас моншаклар, ҳайўанат сүйеклерин ҳәм шақпақ тасларды салып көмип жерлеген. Бул оларда диний ҳәм о дүнья ҳаққында түсиниктиң болғанлығынан дерек береди. Соңғы палеолит дәўиринде көркем өнер жәнеде өседи. Сүйектен исленген буйымларға сүўретлер салады. Усы дәўирде Франция, Испания, Италия жерлеринен табылған таў үңгирлери жанындағы тасларға бояў менен сызып салынған сүўретлер, ҳайўанлардың көринисиниң табылыўы, көркем өнердиң болғанын дәлиллейди. Бундай көркем өнер үлгилери Лена, Амур дәрья бойларынан, ал Орта Азияда Зарауатсай, Ҳуртака сай ҳәм Сарммиш сай мәкан жайларындағы тасларда табылып үйренилди. Бул таслардағы сүўретлерде леопард, адамлар, ат, буға, ийт, түлки, пишқа, жолбарыс қусаған таў ешкилери ҳәм үй-жайлар көринислери көп ушырасады. Бул сүўретлер рууўшылық дүзим дәўиринде адамлардың хожалык турмысын үйрениўге ҳәм диний түсиниги менен танысыўға имканият береди. Адамлар кең жазықларға таралып ҳайўанлардың көбирек жайылатуғын жерлерине жақын қоныс басады. Орта Азияда соңғы палеолит дәўириниң мәкан жайлары болған Көлбулақ, Туябуғаз, Бозсуў, Учтут, Қарабас ҳәм басқа орынлар табылып изертленеди. Республикамыз аймағында Үстирттен Есен-3, Шурук-12 мәкан орынлары табылып тексерилди. Сур-қоңыр реңли қатты шақпақ таслардан пышақ ҳәм қырғыш ретинде пайдаланған қураллар ислеген. Палеолит даўириндеги Үстирт естеликлеринен табылған тас қураллар, Сибирь, Алтай, Қазақстан, ҳәттеки алдыңғы Азия еллериндеги мийнет қураллары уқсаслығы сезиледи. Арал-Каспий арасындағы жасаған адамлар, палеолит дәўиринде арқа Кавказ, арқа- батыс Ҳиндистан, орайлық Қазақстан ҳәм Сибирь аралықта жасаған адамлар менен байланыста болған. Бул дәўирде қәўим бирикпелери 45-60 адамнан турған. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан аймағында, соңғы палеолит дәўириндеги толық изертленген естеликлер онша көп емес, бирақ табылған табылмаларға қарағанда әййемги тас әсиринен, соңғы палеолитке шекем адамлардың материаллық мәдениятының раўажланыўы үзилиске түспей ҳәм ўатанымыздың аймағын тас дәўирлери үзликсиз өзлестирилип удайы қоныс басып келген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 2. Мезолит

Әййемги тас әсириниң соңғы басқышына келип жер жүзин қаплап турған музлардың шегиниўи нәтийжесинде тәбият өзгерип ҳәм ол ҳәзирги дәўирге бир қанша жақынлығы сезиледи. Музлықлардың шегиниўи, тәбийғый орталықтың жылыўы нәтийжесинде ҳайўанат ҳәм өсимликлер дүньясында да өзгерислер болады. Әййемги тас әсириндеги ири ҳайўанлар әсте-секин кемейип, олардың орнына архар, муфлин, таў ешкилери, жейран, сайғақ, қулан, қоян, жолбарыс, арыслан, барыс, гепард ҳәм басқа ҳайўанлар көбейди. Орта Азияда сол жағымлы тәбийғый орталыққа ийкемлескен ҳәр түрли шақалы, миийўели өсимликлер ҳәм тереклер көбейеди. Орта Азияда мезолит б.э.шекемги XI-VI мыңыншы жылларды өз ишине алады. Мезолит сөзи мезос-орта ҳәм литос-тас деген әййемги грек сөзинен алынып, орта тас әсири деген мәнисти билдиреди. Мезолит дәўиринде taслардан сигмент, трапеция ҳәм үш мүйешли түрдеги майда қураллар-микролитлер исленеди. Адамлар бул қуралларды ағашлардың ушларына тери жиплер менен байлап, оларды пышақ ҳәм орақ ушына пайдаланады. Адамзаттың ең үлкен жетискенликлериниң бири сары жайды (оқ жайды) ойлап таўып оны турмыста кеңнен пайдаланыўы болады. Бул қурал адамлардың узақ даўам еткен ис тәжирийбелери нәтийжесинде келип шығады. Оқ жай қурал, өзиниң узаққа атылыўы менен ҳәм басқа тас қураллардан жоқары турған. Енди адамлар майда ҳайўанларға, қусқа ҳәм жеке аңшылық ете баслайды. Мезолитте балықшылықта өседи. Сууларда жекен, қамысларды байлап сал ислейди ҳәм ағаштан кеме соғып балық аўлайды. Орта Азиядағы қоңсы үлкелердеги изертленген естеликлердиң мәдений қатламларынан табылған мезолит дәўирине тийисли трапециялар, сегментлер, үш мүйешли қураллар, қырғышлар, пышақлар, найза, сары жай ушлары, кесиў, тесиў қураллар ҳәм нуклеуслер көп табылады. Мезолит мәкан жайларынан тас қураллар менен бирге сүйектен ийне, биз ҳәм балта саплары табылады. Бул дәўирде майда қураллар менен бирге ири тас қураллар-макролитлерди де көп пайдаланған. Мезолит дәўиринде ийт, шошқа, қой, ешки ҳәм басқа ҳайўанларды қолға үйретиў басланады. Усы дәўирде алдыңғы Азия, жақын



www.ziyouz.com kutubxonasi

шығыс еллеринде ҳәм Орта Азияның қубла районларында темиршиликтен дийханшылыққа, аңшылықтан шарўашылыққа, яғный хожалықтың алдыңғы түри ҳәм өндирип шығаратуғын хожалыққа өтеди. Мезолите адамлар жер жүзине кең таралады. Арал-Каспий аралығынан Тян-шаньнан–Памирге шекем, орайлық Қазақстаннан ҳәм Түркмен-Хорасан таўлар етегине шекем аралықта мезолит дәўир естеликлери көплеп табылады. Түркменстандағы Жебель, Дам-Дам-шашме қоныс орынлары, Өзбекстанда Кетпеншапты таўының қубласындағы Мачай естелиги, Өзбекстанның қубла районына табылған Обишир 1, V, Ферғанадағы Соркөл, Бекабад, Тайпақ ҳәм басқа орынлары табылып изертленди.

Мачай естелигиниң мәдений қатламларының тас қураллары менен бирге анропологиялық материаллар адам бас сүйеклери, тиси, жағы ҳәм басқа сүйек қалдықлары табылды. Табылған адам сүйеклерин тексериў нәтийжесинде олардың европеоид рассалық түрдеги адамлар екени анықланды. Мачай мәкан жайының ортасында барлық ўақытта от жанып турғаны ҳәм мачайлылардың ҳайўан гөшлерин отта писирип жегени анықланды. Мезолит дәўириниң орта дәўирине тийисли естеликлер Тәжикистанда Асхана, Чинар чашма ҳәм Дарай шур орынларынан табылды. Қарақалпақстанда мезолит дәўири естеликлери Үстирт кенислигинде жайласқан Айдабол қудығы дөгерегинде жайласқан. Сол жердиң аты менен Айдабол 2,4,6,9, 11,14,16, 25, Ақтайлақ 1, Айдаболдан 6-8 км батыста жайласқан Жарынқудық 1-3 мәкан орынлар болады. Бул мәкан жайлардан сур шақпақ таслардан нуклеуслер, тас сынықлары, ретушлы ҳәм ретушсыз тас қурал сынықлары, пышақ, қырғыш, еки тәрепи жақсылап исленген оқ жай оғының ушлары, трапеция түриндеги қураллар, тесиў, кесиў ушын пайдаланған таслар ҳәм найза ушлары ушырасады. Айдабол ҳәм Жарынқудықтан табылған тастан исленген мийнет қуралларға қарағанда бул естеликлер б.э.шекемги VIII-VI мыңыншы жылларға, яғный мезолиттиң екинши ярымына туўра келеди.

Мезолит дәўири естеликлери Қызыл қумдағы Лавлякан көли дөгерегинен ҳәм Бөтентаў естелигинде табылып изертленди. Қарақалпақстан аймағындағы жасаған адамлардың тастан исленген мийнет қураллары, орайлық Қазақстан, Жайық дөгерегиндеги



www.ziyouz.com kutubxonasi

мезолит естеликлеринен табылған қуралларға уқсас болып келеди. Арал-Каспий аралығында жасаған қәуимлердиң турмыс қәлпи, қоңсы жерлердеги қәуимлерге уқсас ҳәм олар менен мәдений байланыста болған.

Мезолитте көркем өнер жәнеде өседи. Заурат қамар, Зараут сай, Сармишсай жерлеринен тасларға қызыл бояў менен салынған ҳайўанат ҳәм адам сүўретлери айтқанымыздың дәлийли. Солай етип, мезолит дәўиринде адамзат жәмийети турмысында алға өсиўшилик болды ҳәм буннан кейинде ислеп шығарыўшы күшлердиң раўажланыўына үлкен имканиятлар ашып берилди. Қубла Арал бойларында мезолит дәўиринен баслап жеке аңшылық (қуслар, жабайы ҳайўанлар) кәсиби қәлиплести. Мергеншилик кәсип әсирден -әсирге жетип келген. Қарақалпақларда балықшылық ҳәм аңшылыққа байланыслы әпсана-қосықлар пайда болды.

## § 3. Неолит

Неолит узақ даўам еткен тас әсириниң соңғы ҳәм жуўмақлаўшы басқышы. Палеолит, мезолитлерге уқсап, неолит сөзиде нео- жаңа ҳәм литос- тас деген әййемги грек сөзлеринен алынып, жаңа тас дәўири деген мәниси билдиреди. Неолит б.э.ш. VI-III мыңыншы жылларды өз ишине алады. Бул дәўирде таслардан мийнет қуралларын ислеўдиң техникасын жәнеде жетистиреди. Қыспа ретушь технологиясының өсиўи менен, тасты жақсылап ислеўдиң усыллары: тегислеў, тесиў, кесиў көп ислетиледи. тас балталар, кетпенлер ҳәм дәнди унтатқышлар исленеди.

Орта Азияның қубла районлары аймағында хожалықты жүргизиўдиң жаңа жүдә әхмийетли усылы болған дийханшылық мал шарўашылық ҳәм өнерментшилик раўажланады. Орта Азияның арқа районларында тәбийғый жағдайдың қолайсыз болыўына байланыслы, бурынғыдай адамлар тәбияттың тайын жемислеринен пайдаланып турмыс кешириўин даўам етеди. Неолит дәўириндеги қәуимлер дәрья көллерге жақын төбелерде қоныс басып, балықшылық, аңшылық ҳәм өнерментшилик пенен шуғылланады. Хожалықтың жаңа түрлериниң пайда болыўы, адамзат жәмийетиниң раўажланыўына үлкен тәсир етип, адам



www.ziyouz.com kutubxonasi

мийнетиниң түри ҳәм көлеми кеңейеди. Соның менен бирге, бул өзгерислер адамлардың минез қулқынада тәсир етеди. Неолитте жәмийет, руў-қәўим, шаңарақ турмысында–«ояныўшылық» өзгерислер ҳәм өзгешеликлер пайда болды. Неолит дәўиринде адамлардың үлкен табысларының бири, гүлалшылық, олар ылайдан ҳәр түрли ыдыс буйымлар ислеўди ҳәм оларды ошақ отында писирип таярлаўды үйренеди. Бул ылайдан ыдыс ислеп, отта таярлаў, сол дәўир ушын үлкен жаңалық болады.

Неолитте адамлар реңли ҳәм әпиўайы металлар менен таныссады. Оларды хожалықта пайдалана алмайды. Әпиўайы қайықлардан пайдаланып балық аўлайды. Неолит дәўиринде қәўимлер арасында өз-ара буйым алмасыў өседи. Усы дәўирде адамлар Орта Азияның қубла районларында, Көпет таў етеклеринде қолдан суўғарып дийханшылық, ерте шарўашылық, үлкен-киши дәрья, көллер жағаларында аңшылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланады. Бул дәўирде де адамлар руўлық қәўимлерге биригип ҳәм өндирис қуралларына жәмийетлик меншик еткен. Руўлар қанлас- туўысқанлығына қарап, бириги, бир-неше руўлық қәўимлерди дүзген. Орта Азияда жасаған қәўимлер, хожалық түрлерине қарап, Жейтун, Келтеминар ҳәм Хисар мәдениятларға бөлинеди. Неолит дәўиринде адамлар булақ бойларына, көл жағаларына, дәрьяғә жақын тоғайларға ҳәм таў үңгирлерине қоныс басады. Өзбекстан аймағындағы неолит дәўирине тийисли естеликлерге Дарўазақыр 1-2, Пайкент, Қызылқыр 1, Орайлық Ферғанадағы Замбар, Мыңбулақ ҳәм басқалар жатады. Қарақалпақстан аймағында неолит дәўирине тийисли естеликлер көплеп табылып ҳәм үйренилди. Солардан б.э.шекемги VI-III мыңыншы жыллары, Әмиўдәрьяның ески саласы Ақшадәрья дельта бойында, өзлерине меншиклеп өзлестириўши түриндеги бурынғы экономика тийкарында қәлиплескен Келтеминар мәдениятын бирлигиндеги қәўимлер болады. Келтеминар мәдениятының үлкен естеликлерине Жанбас 4 ҳәм «С.П.Толстов мәкан» лары жатады.

Келтеминарлылар ҳәр түрли көринистеги турақ жайларда жасады. Солардан Жанбас 4 естелигин қазып изертлегенде, майданы 308 кв.метрлик турақ жайдың қалдығы табылған. С.П.Толстовтың пикиринше бул көп мүйешли көринистеги турақ жай. ағаш сутинлерге бекитилип, ийт арқа етип, оның үсти



www.ziyouz.com kutubxonasi

қадалар менен жабылған соң, қамыс ҳәм жекенлер менен бастырылған. Турақ жайдың ишинде бәрқулла от жанып туратуғын орайлық ошақ ҳәм оның дөгерегинде майда ошақлар орналасқан. Жанбас 4 мәканынан, неолит дәўирине тийисли нуклеуслер, найза ушы, қырғыш ҳәм басқада тас қураллар табылады. Турақ жайдың мәдений қатламынан балық, жабайы шошқа, қырғаўыл, қус сүйеклери, үйрек, ғаз мәйеклериниң сынықлары ҳәм жийде дәнелери табылған. Жанбас 4 мәкан жайынан ылайдан исленген буйымлардың бөлеклери табылып ҳәм олардың сырты ийрек нағыслар менен безелгени анықланды. Келтеминар мәденияты түрлерине киретуғын Зарафшан бойларында үлкен Тузкан, киши Тузкан, Дәрьясай, батыс Қазақстаннан Шатпак көл, Қайнар, Жылан қабақ ҳәм Сарықамыс естеликлери изертленди. Қызыл қумда жайласқан неолит дәўири естеликлерине Шынкелди, Кишкилик, Хожа Гүмбез, ал Үстирт кеңислигиндеги Айдабол 1,5,7,13 ҳәм басқада 26 дай мәкан жайлар киреди.

Неолит дәўирине тийисли Үстирттиң қубла ернегинде, Шоманайдан 46 км арқа- батыста жайласқан Каска жолдан қәбирстан табылып изертленди. Б.э.шекмги IV-III мыңыншы жылларға туўры келетуғын бул қәбирде 35-40 жасар еркек адам жерленип ҳәм оның сүйеклери қызғыш бояў (охра) менен себилген. Қәбирден теңиз бақаншақларынан исленген моншақ, кварцит-кременьлерден исленген оқ жай ушы, ҳәм басқада тас қураллар табылды. Сарықамыс етеклеринен, Гүмек-Кишижик қәбири изертленип, онда өлген адам менен бирге ыдыс, тас қураллар, сүйек ҳәм бақаншақлардан исленген безениў затларды көмген. Бундай қәбирлер батыс Қазақстан жерлеринен табылып ҳәм изертленилген. Келтеминарлардың хожалығының тийкарғы тараўы аңшылық, балықшылық ҳәм теримшилик болған. Буннан басқа майда жәнликлерди, қусларды, тасбақаны услаған ҳәм қодрең өсимликлердиң дәнлерин терип аўқатланған. Келтеминар мәденияты, өзиниң келип шығыўы жағынан Каспий мезолитине жақын, Жайық ҳәм батыс Сибирь қәўимлери менен байланыста раўажланған.

Энеолит яғный мыс-тас дәўиринде адамлар металлар менен танысады. Адамлар металл менен танысып, пайдаланғанша 2,5-3 миллион жыллар даўамында (палеолит, мезолит ҳәм неолит



www.ziyouz.com kutubxonasi

дәуирлери) тек ғана тастан, ағаштан ҳәм сүйеклерден исленген қураллар менен пайдаланып келди. Мыс дәуирине өтиў менен, өндириўши күшлер жәнеде өседи. Мыстан исленген қураллар тас қуралларға қарағанда көп пайдалы, жақсы болсада, бирақ мыстан өткир аўыр қураллар ислеўге қолайсыз болады. Сол себепли энеолит дәуиринде адамлар тас қуралларынан бурынғыдай кең пайдаланыўды даўам етеди. Мыс ҳәм тастан исленген қуралларды хожалықта пайдаланыўында жақсы нәтийжелер берген. Мезолиттиң ақыры, энеолит дәуиринде теримшилик етип аўқат етиўден, жабайы өсимликлердиң туқымларын егиў ҳәм оларды отырғызыў жолы менен пайда болған дийханшылыққа өтиў дәуиринде жоқары өнимли хожалықлар көбейеди. Дийханшылық пенен бирге үйлерде мал асыраў хожалығыда өседи. Месопотомия ҳәм алдыңғы Азия еллеринде мыс–тас эсириниң басланыўы менен ертедеги қала мәмлекетлер пайда болады. Б.э.шекемги IV мыңыншы жыллықтың 2 ярымында, эййемги Шығыс еллердиң мәдений ошақларында, ертедеги қулшылық мәмлекетлерде мыстан исленген мийнет қураллар ҳәм безениў буйымлары көп пайдаланылады. Бул дәуирде қәуимлердиң социаль- мәдений турмыслары бир қыйлы болмайды. Усы дәуирде, Европа ҳәм Азия еллеринде ҳәр түрли хожалық түрлери раўажланады. Арқа районларда жасаған қәўимлер мәдений раўажланыў жақтан бир қанша кейин қалып ҳәм әдеттегидей аң аўлаўшылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланады. Өндириўши хожалыққа тийкарланған қәўимлердиң экономикасы тезирек өседи ҳәм ал көшпели хожалық пенен шуғылланғанлар мәдений жақтан бир қанша кейинирек болады. Орта Азияның түрли ўәлаятларында энеолит бир ўақытта өтпейди. Түркменстанның қубласында мыс-тас дәуириниң басланыўы б.э.шекемги IV мыңыншы жылы болса, ал усы дәуирде Орта Азияның арқа далалық, шығыс таўлы районларындағы эййемги қәўимлер тийкарынан әддетегидей аңшылық, балықшылық ҳәм шарўашылық пенен шуғылланады. Демек, бул дәўир тек хронологиялық жақтан ғана емес, ал мәдений–хожалық дәрежелери жақтанда бир-биринен парық қылады. Адамлар, мийнет қуралларын ислеў ушын ҳәр қыйлы тасларды қыдырыў нәтийжесинде тәбийғый мысқа дуўшар болған. Орта Азияда ҳәм Орайлық Қазақстанда ашық руда кәнлери ҳәм олар дөгерегиндеги


www.ziyouz.com kutubxonasi

металл еритиў орынлары бир неше районлардан табылды. Мыс жумсақ металл болғанлықтан хожалықта тастан исленген қуралларды ысырып шығара алмаған, сонлықтан мыс дәуиринде тастан исленген қураллар кең пайдаланылған.

Мыстан әскерий қураллар ҳәм безениў затларын исленген. Қубла Түркменстанда Жейтун мәденияты тийкарында Анаў 1-2 ҳәм Намазгах 1-3 энеолит мәденияты раўажланды. Қубла Түркменстандағы энеолит даўири үшке бөлинеди. Ерте энеолит – Анаў-1 ҳәм Намазгах -1-2. Раўажланған энеолит- Анаў 2 ҳәм Намазгах 1-2-3. Соңғы энеолит –Намазгах 3 ҳәм Анаў 3. Энеолит дәуиринде қәуимлер турақ жайларын қам гербишлерден салады, мыстан пышақ, биз, билезик, сырға ҳәм жүзик ислейди. Раўажланған энеолите Таджен дәрья бойлары өзлестирилип, көлден суўғарып дийханшылық етип, бийдай, арпа егип ҳәм үйде қой-ешки асырайды. Олар турақ жайларының дийўалларын гербиш, пахсалардан өрип ҳәм үлкен руў болып жасайды. Соңғы энеолитте турақ жайлар көшелер бойлап тәртипли түрде салынады. Усы дәуирде аналық руўдан аталық руўға өтиў басланады. Энеолит дәуиринде Көпетаў етеклеринде, Мурғаб, Таджен дәрья бойларында суўғарып дийханшылық етиў ҳәм хожалықта мал асыраўшылық өседи. Зарафшанның жоқарғы алабында Пенжикент қаласынан 15 км қашықлықта, қоңсы Тәжикстанның Саразм аўылында жайласқан Саразм естелиги энеолит мәдениятына жатады. Саразм майданы 90 га болып ҳәм 10 төбеликтен турады. Саразм 4 дәуирге бөлинеди. Саразм 1 диң мәдений қутламларынан табылған гүлал ыдыслар түри, реңи, нағыслары, оларды ислеў технологиясы бойынша Түркменстандағы Анаў 2 ҳәм Геоксардан табылған ыдыс-буйымларға жүдә уқсас болып келеди. Гүлал ыдыслардың ишки ҳәм сыртында қара бояўлар менен боялған геометриялық нағыслар бар. Бул буйымларды радиокорбан усылында анықланғанда, олардың жасы 3100+60 ҳәм 2930±30 жылларға тең. Соған қарағанда б.э. шекемги IV-III мыңыншы жыллары Түркменстанның Мурғаб дәрья бойларынан бир топар бурын дийханшылық пенен шуғылланған қәуимлер Тәжикстандағы Пенжикент дөгерегиндеги Саразм жерине келип араласады. Бул дәуирде турақ жайлар пахсадан салынып, ҳәр


www.ziyouz.com kutubxonasi

хожалық 2-3 бөлмели жайларда турып хәм олар киши шаңарақ болып жасаған. Олар руўларға биригип турмыс кеширген.

Саразм II –соңғы энеолиттен ертедеги бронза әсирине өтиў дәўирине туўра келеди. Бул дәўирде ңығыссыз гүлал ыдыслар көбейеди. Бронзадан исленген буйымлар таралады. Саразм II 2510± 10 хәм 2180±40 жылларға туўра келеди.

Өзбекстан хәм Қарақалпақстанда энеолит дәўириниң естеликлери еле жақсы изертленип үйренилмеген. Зарафшанның төменги алабынан. Бухара ўәлаятынын Лявлакан, Бесбулак естеликлери. Заминбаба 1 қәбирстаннан табылган буйымлар хәм затлар энеолит дәўирине туўра келеди. Бул естеликлердиң мәдений қатламларынан соңғы Келтеминар мәденияты табылмаларына уқсас гүлал ыдыс сынықлары хәм шақпақ тас қураллар менен бирге мыстан исленген пышақ, ийне хәм моншақлар табылды. Зарафшанның төменги жағасынан Кептер кум хәм Үлкен Тузкач естеликлери әтирапындағы жайлардан энеолит дәўирине тийисли тас қураллар менен бирге мыстан исленген орақ, пышақ хәм биз қураллары табылды. Қарақалпақстан жеринде неолиттен металл дәўирине өтиў басқышы б.э. шекемги IV-III мыңыншы жыллардың соңғы дәўирине туўра келеди. Энеолит дәўирине тийисли керамика хәм мыстан исленген қураллар (пышақ, жүзик хәм басқа безениў буйымлар) Келтеминар мәденияты естеликлерине араласып ушырасады. Арқа-шығыс Арал бойында Саксаўыл сай, қонystан тас қураллар менен бирге үй хайўанлары сыйыр, қой хәм ат сүйеклери табылды. Қызыл қумдағы Букан таўдағы мәкан жайдан мысты өндирип алған устахана орны, Қарақалпақстан аймағындағы Қайынды, Тәжиказған қоныс орынларынан ылайдан исленген ыдыс буйымлар хәм тас қураллар табылды. Бул дәўирде цилиндр түрдеги ыдыслар кемейип хәм енди олардың түплери жалпақ болып келеди. Ыдыслардың жоқарғы ерни, қапталлары геометриялық нағыслар, бронза әсири дәўириндеги ыдыслардың нағысларына уқсас болады. Азлы-көпли мыстан исленген жеке археологиялық табылмалар Қарақалпақстан халықларыда энеолит дәўирин бастан кеширгенлигинен дерек береди.

Орта Азияның қубла районларындағы турғын дийханшылықлы елатлар, энеолит дәўиринде Иран-Месопотамия еллер менен мәдений байланыста болады. Бул еллердиң естелик-


www.ziyouz.com kutubxonasi

леринде көп ушырасатуғын керамика нағыслары ҳәм мүсинлердиң уқсаслығы буны дәлиллейди. Энеолит дәўириндеги қубла районларда пайда болған ертедеги дийханшылық мәденияты қоңсы еллерге өз тәсирин тийгизеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# II БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА БРОНЗА ӘСИРИ

## § 1. Әййемги дийханлар ҳәм шарўалар

Бронза әсири б.э.шекемги III мыңыншы жыллықта басланады. Бронза- бул мыс пенен жездиң қосымтасы. Бронза өзиниң сапасы жағынан мыстан жоқары турады. Мыс жумсақ металл болып, оннан исленген қураллар онша шыдамлы болмайды. Бронза мысқа қарағанда қатты ҳәм сапалы. Бронза әсириниң хожалық тараўында ерискен үлкен жаңалықларынан бири, әййемги дийханшылықтың кең тарлыўы ҳәм б.э. шекемги II мыңыншы жыллардың 2-ярымында шарўашылықтың дийханшылықтан ажыралыўы болады. Адамзаттың дийханшылықта жабайы өсимликлердиң дәнлерин жыйып-терип, оларды қолда өсириўди үйрениў көп мыңлаған жылларға созылады. Илимпазлардың пикиринше, мәдений дақылды өсирип өндириў б.э. шекемги VIII-VII мыңыншы жыллары, ең дәслеп Киши Азияның таўлы районлары етеклеринде болады. Б.э.шекемги VI-V мыңыншы жыллары дийханшылық Түркменстанның қубласында Көпеттаў етегинде келип шығып, кейин Орта Азияға таралады. Дийханшылық пенен бир қатарда мал шарўашылығыда пайда болады. Дийханшылық топырағы қунарлы, сууы жетерли ҳәм тәбийғый-экологиясы жағдайлы орынларда раўажланады. Ал, жери дийханшылыққа қунарсыз ҳәм арқа районларда кенислик жерлерде мал шарўашылығы өседи.

Қазақстан жеринде қоныс басқан қәўимлер бронза әсиринде Андронов археологиялық мәдениятты пайда етеди. Олар бронзадан балта, қанжар, пышақ ҳәм безениў буйымларын ислеген. Бронза әсири үлкен үш хронологиялық дәўирге: Ерте бронза, раўажланған бронза ҳәм соңғы бронза болып бөлинеди.

Орта Азияның арқа ҳәм шығыс районларындағы бронза естеликлери мәденияты қубладағы отырықшы хожалық жүргизген бронза дәўир қәўимлериниң естеликлеринен бөлинип турады. Бронза дәўиринде гүлал ыдыслар шарықта ислеп таярланады. Шарықта таярланған гүлал ыдыслар биринши Түркменстанның қубла районы естеликлеринен табылды. Шарық гүлал ыдысларды


www.ziyouz.com kutubxonasi

таярлаў отырықшы ҳәм дийханшылық мәденияты раўажланған еллерге тән болған.

Бронза дәўири естеликлериниң бири–Алтын тепе, Түркменстанның қубла районында жайласқан майданы 30 га болған қала болады. Бул көп бөлмели қала орнында ҳәм аталар басқарған шаңарақлар жасаған. Б.э. шекемги 2750-2300 жыллары салынған Алтын тепеде сыйыныў ибадатхана (храм) болған. Археологиялық әдебиятларда оны-зиккурат деп атайды. Минар тәризли зиккуратлар бурын еки дәрья аралығындағы еллерде Урук дәўиринде болған. Зиккураттың бир бөлмеси ишинде удайы мукаддес от жанып турған, демек олар мәңги оттың кәраматлылығына сыйынған. Екинши бөлмесинде зиккуратқа хызмет еткен адамлар жасаған. Бронза дәўиринде жасаған Орта Азия халықларының мәдений турмысы Месопотамия еллериниң халықларының мәдений турмысынан кем болмаған. Алтын тепениң мәдений қатламларынан алтыннан исленген өгиз ҳәм қасқыр баслары табылады. Б.э. шекемги 2600-2500 -жыллары алтыннан исленген өгиз басы еки дәрья аралығындағы Ур қаласынанда табылған. Демек, Алтын тепелилерге әййемги Шумерлердиң көркем өнериниң тәсири тийген.

Алтын тепе, бронза дәўириндеги ең әййемги қала болған, Түркменстанның қубла районларындағы, Таджен ҳәм Мурғаб дәрья алаплары, географиялык жақтан жүдә қолайлы болғаны ушын, бул жерде дийханшылық, өнерментшилик раўажланып ҳәм ең әййемги цивилизация бесиклерине айланады. Өзбекстанда бронза әсириниң естеликлери Сурхандәрья ҳәм Зарафшанның төменги бойларында табылып изертленген. Сурхандәрья ўәлаятындағы Шерабад, Бандихан, Миршадм мәканларда жасаўшы қәўимлер суўғарып дийханшылық еткен ҳәм өнерментшилик пенен шуғылланған.

Термиз қаласынан 70 км арқа-батыста Сапаллы тепе жайласқан. Майданы 4 га болған естелик 3 дәўирге бөлинеди. Оның 1-дәўиринде 30 шаңарақ; 2-дәўиринде 60 шаңарақ; 3-дәўиринде 47 шаңарақ адамлары жасаған. Турақ жайлардың дийўаллары пахса ҳәм қам гербишлерден өрилген. Сапаллы тепелилер марҳумларының бир бөлегин жеке, ал екинши топарын бир неше адамларды бирге, олардың кәбирлерине металл буйымларын ҳәм


www.ziyouz.com kutubxonasi

гүлал ыдысларын салып жерлеген. Сапаллы тепениң мәдений қатламларынан бронзадан исленген қанжар, оқ жай оқ ушлары, пышақ, балта, ийне ҳәм гүлал ыдыслар табылды. Сапаллы тепелилер үйлеринде қой, ешки, түйе, сыйыр ҳәм ийт асыраған. Қулан, жейран ҳәм қоянларға аңшылық еткен. Дийханшылық, шарўашылық,өнерментшилик пенен шуғылланған.

Бронза дәўиринде үлкен аталар басқарған руўлардың өсиўи, дийханшылық, балықшылық, шарўашылық, өнерментшилик өнимниң өсиўи ҳәм үлкен шаңарақлардың көбирек байлық топлаўына әкеледи. Қәбирлерден табылған буйымлар, безениў затлар ҳәм жәмийетте социаллық теңсизликтиң келип шыққанын дәлиллейди. Үлкен аталар басқарған шаңарақларға тийисли болған бронзадан исленген ат, буға, бүркит, жылан, түйе ҳәм басқа ҳайўанатлардың сүўретлери бар тамға-белгилер сол үлкен руўлардың тотеми болған. 1973-жылдан бери, Сурхандәрьяның Шерабад жеринде Жарқутан естелиги қазып тексерилип атыр. Майданы 100 га болған. Жарқутанда жасаған қәўимлер дийханшылық, шарўашылық ҳәм өнерментшилик пенен шуғылланған. Қоңсы еллер менен экономикалық-мәдений саўда байланыста болған. Сапаллытепе ҳәм Жарқутан Өзбексатандағы бронза дәўиринде пайда болған ертедеги биринши прото қалалар болады.

Қарақалпақстан жеринде бронза дәўиринде еки археологиялық мәдениятты пайда еткен қәўимлер жасайды. Булар Суўжарған ҳәм Тазабағжап мәденияты болып есапланады.

*Суўжарған мәденияты*. Б.э. шекемги 2 мыңыншы жыллар ортасында Орта Азияның қубла районларында дийханшылық пенен шуғылланып, қоңсы қәўимлер менен экономикалық-мәдений байланыста болып жасаған қәўимлердиң бир топары Әмиўдәрьяны өрлеп келип, Ақшадәрья дельта бойындағы Келтеминардың урпақлары менен араласып ҳәм суўжарған мәдениятын пайда етеди. Қубла Арал жерлери, қубладағы дийханшылық орайлары менен арқадағы кең далалықта жасаған көшпели шарўалар арасында жайласқаны ушын, қублалылардың мәдений тәсири көшпели қәўимлерге ҳәм Қубла Арал халықлары арқалы өткен. Суўжарғанлылар, суўғарып дийханшылық етеди, шарўашылық ҳәм балықшылық пенен де шуғылланады. Оларда өндириўши хожалық түри өмир сүреди. Суўжарғанлардың материал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық мәдениятында, әсиресе, гүлал ыдыслардың түри, нағыслары Түркменстанның қубла районында, Анаў мәканында ҳәм Иранның шығыс таў етеклеринде жасаған қәўимлердиң хожалық буйымларына уқсаўы, бул еллер арасындағы мәдений байланысларды дәлиллейди. Суўжарғанлылар бронза дәўиринде Қазақстан аймағында жасап ҳәм «Федоров» мәдениятын пайда еткен көшпелилер менен де мәдений байланыста болған. Суўжарған мәдениятына тийисли естеликлерге Қамыслы 1,2, Жанбас 6, Базар 1,2 ҳәм Қаўынлы 1 жатады.

## § 2. Тазабағжап мәденияты

б.э.шекемги XV әсирде, Суўжарғанлар менен иргелес Тазабағжап мәденияты пайда болады. Тазабағжап мәдениятының пайда болыўына б.э. шекемги 2 мыңыншы жыллары қубла Арал бойларына, жергиликли халықлар арасына қубла Урал бойларында Сруб мәдениятын пайда еткен, батыс Қазақстанда ҳәм Сибирьде шарўашылық пенен шуғылланған қәўимлердиң араласыўы себеп болады. Нәтийжеде Тазабағжаплылар, Евразиядағы бронза мәдениятын пайда еткен халықлар қурамына араласады. Евразияның көшпели қәўимлери, мал жайлаў излеп ҳәм Орта Азияның қубла районларына араласады. Соның менен бирге, Тазабағжаплылар, Орта Азияның қубла районларындағы отырықшы дийханшылық мәдениятын пайда еткен халықлар менен де байланысын үзбейди. Усы дәўирдеги исленген Тазабағжаплылардың таярлаған гүлал ыдыслары Қазақстан, Сибирь ҳәм Волга бойы жерлериндеги жасаған халықлардың гүлал буйымларына уқсас болады. Бирақ, Тазабағжап мәденияты өзине тән өзгешелиги менен, Шығыс Европадағы көшпели шарўалар пайда еткен Сруб мәдениятынан, Қазақстан ҳәм Сибирьдеги Андронов мәдениятынан айрылып турады. Себеби Тазабағжапшылардың хожалығы қурамалы болып ҳәм бул жерде дийханшылық кең тарайды. Тазабағжапшылардың турақ жайлары еки-үш бөлмели жайлардан турып, олар бир-биринен 30-150 м қашықлықта, канал жағаларында ҳәм атыз басларында жайласады.

Тазабағжаплылар, бронза әсиринде Әмиўдәрьяның ески тармағы Ақшадәрья дельта бойларында суўғарып дийханшылық


www.ziyouz.com kutubxonasi

етеди. Дийханшылық егинлерин суўғарыўда ҳәм Әмиўдәрьяның тасқын суўларынан пайдаланады. Дийханшылықта тәжирийбелер топлап, гүлше атызларға, салмалар арқалы суўларды апарып, жап қазып ҳәм егислик жерлердиң көлемин кеңейтеди. Дийханшылықтың қазып, егислик жерлердиң көлемин кеңейтеди ҳәм дийханшылықтың өнимин арттырады. Қарақалпақстандағы бронза дәўириндеги қазып изертленген естеликлерге Жанбас -21-30-33, Қават 3, Анка 5, Көкше 16-19 ҳәм басқалар киреди. Усы ўақытта қәнийгелескен өнермент усталар болып, олар мыс, бронзадан моншақ, жүзик ҳәм сырға ислейди. Ең дәслеп өнермент усталар өз қәўим ағзаларының талабын қанаатландырыў ушын ислеген. Олар сатыў-сатып алыў ушын таярламаған. Жәмийет ағзалары өнермент-усталарды азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеп отырған. Қабат 3 мәкан жайынан бронзадан исленген қураллар ислейтуғын устахана орны ашылып ҳәм изертленди. Бул жерден қурал ислейтуғын қәлиплер, металл ҳәм қураллардың сынықлары табылды. Көкше 3 мәканы әтирапында бронза дәўириндеги қәбирстанда қазып ҳәм изертленди. Қабирлердеги өликлерди бүкшейтип, бас сүйеклерин батысқа қарап жерлеген. Гейде ерли зайыпларды бир қәбирге, аўқатлар салынған ыдыслар, қураллар ҳәм безениў затлары менен бирге салып жерлеген. Бул қәбирстан, үлкен туўысқан қәўимге тийисли болған.

Б.э. шекемги II мыңыншы жыллықтың ақыры 1 мыңыншы жыллықтың басында Қарақалпақстан аймағында үлкен өзгерислер пайда болады. Өндириўши күшлердиң өсиўи, дийханшылық, шарўашылық ҳәм өнерментшиликтиң раўажланыўы адамлардың социаллық турмысына үлкен тәсир жасайды. Бронза дәўиринде изертленген 8-20 жайлардың бир-бирине жақын жайласқанына қарағанда, туўысқан қәўим ағзалары бирге жақын жасап, олардың улыўма дән саклайтуғын уралары, жыйналыс өткеретуғын ҳәм сыйынатуғын улыўма жайлары болған. Бул олардың хожалық ҳәм мәдений идеологиялық бирлигиниң болғанын дәлиллейди.

Бронза дәўирде аналық руўдан –(матриархат) аталық руўға (патриархат) өтиў басланады. Қарақалпақ аңызларында «ҳаяллар патшалығы» ҳаққында қәдимги дәўирге тийисли сюжетлер сақланған. Аталық руўдың пайда болыўы ҳәм эййемги қәўимлик жәмийетлик дүзимниң ыдыраўы басланғанын дәлиллейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дийханшылық ҳәм шарўашылық пенен шуғылланыўшылар ишинен айырым, байлық топлаған шаңарақлар бөлинип шыға баслайды. Бронза дәўири ақырында, руўшылық жәмийет орнына, жәмийетте жаңа социаллық топарлар ҳәм мүликлик қатламланыўлар келип шығады. Бул дәўирде қубла Арал бойында протүркий ҳәм индии-европа тиллерде сөйлейтуғын кәўимлер жасайды. Қубла Арал бойында бронза әсиринде Қарақалпақстан аймағында жасаған, «Суўжарған», «Тазабағжап», «Әмирабад» лардың этно-мәденияты, олар менен иргелес жасаған көшпели ҳәм ярым көшпели шарўа саклардың тарийхы менен байланыслы. Ақшадәрья алабындағы протүркий қәўимлер қарақалпақлардың бронза дәўирдеги бабалары болған. Сырдәрьяның төменги алабында, Аралдың шығыс тәрепинде бронза дәўирине (б.э. шекемги IX-VIII әсирлер) тийисли Тегискен қәбирстаны болады. Сак қәўимлери көсемлеринин махбарасы еле усы дәўирде қубла Аралға таралмаған ҳәм қам гербишлерден салынады. Сак қәўимлеринин қәбирлеринен марҳумлар менен бирге салып көмилген алтын, бронзадан исленген безениў затлар, реңли тас моншақлар ҳәм шарқта исленген гүлал ыдыслар ушырасады. Қабирдеги үрип-әдет дәстүрлер, гүлал ыдыслардың түрлери өликти отқа жағыў Қазақстан, Сибирь жерлеринде жасаған «Андронов» мәдениятларына уқсас болса, екиншиден қам гербишлер менен махбара салыў, шарықта исленген гүлал ыдыслар, бул естеликлер Орта Азияның қубла районларындағы Намазгох VI ҳәм Язтепениң соңғы дәўириндеги естеликлерине жақынластырады. Тегискенди қалдырған саклардың Евразия дала көшпелилери менен Орта Азияның отырықшы дийхан халықлар мәденияты аралығындағы ҳәм өз-ара байланысты пайда еткен дәўирлеринен хабар береди.

*Әмирабад мәденияты.* Бронза дәўириниң соңғы басқышында Қарақалпақстан аймағында Әмирабад мәденияты кәлиплеседи (б.э. шекемги IX-VIII әсирлер). Әмирабадлылар, Тазабағжаплылардың дәстүрин даўам етеди. Олардың хожалығы комплексли болған, дийханшылық, шарўашылық, балықшылық ҳәм өнерментшилик пенен шуғылланады. Турақ жайлардың дийўалларын пақсадан салып, гейде жер төлелерде де жасайды. Хожалық буйымларын бронзадан ислейди. Жеке парсан 2 мәканда


www.ziyouz.com kutubxonasi

металлдан буйым ислейтуғын устахана ашылды. Устаханада металлды қуйып найза ушы, пышақ, орақ, билезик, сырға ҳәм жүзик ислеген. Әмирабадшылар жүнди ийирип кийим тиккен ҳәм гүлал ыдыслар таярлаған. Әдеттегидей каналлар қазып, дийханшылық пенен шуғылланған ҳәм мал баққан. Әмиабад мәдениятына тийисли естеликлерге: Базар 1, Қаўынды 1, Көкше 1, Үстиртте Қарақудық, Сулама ҳәм басқалар киреди.

## § 3. Қарақалпақстанның бронза әсириндеги экономикасы ҳәм мәденияты

Б.э. шекемги II мыңыншы жыллары металл қорының болмаўына, жетиспеўине байланыслы жергиликли халық металл өнерментшилиги менен кемирек шуғылланады. Бронза дәўир экономикасының тийкары: дийханшылық, шарўашылық, балықшылық, өнерментшилик кәсиплер ҳәм саўда ислерин қурады. Әмиўдәрья алабында суўғарып дийханшылық (бийдай, арпа, тары), егиў хожалықтың баслы тараўлары болады. Дийханшылық тухымларын, Орта Азияның қубла районларынан алған. Мал шарўашылығы менен (қара маллар, қой, ешки, жылқы) шуғылланған. Қолда ылайдан, ошақтағы отқа салып ыдыслар ислеп ҳәм хожалықта пайдаланған. Ыдыслардың сыртына ҳәр түрли геометриялық нағыслар салған. Орайлық қызыл қумнан мысты, бронзаны өндирип алып, оннан устаханаларда безениў затлар ислеген. Жеке парсан мәканында, мыстан пышақ, орақ, биз, сырға, билезик ҳәм найза ушы ислейтуғын устахана болған. Бронза дәўиринде Тазабағжап, Әмирабадлылар үй-хожалыққа керекли жүнди ийирип, оннан кийим тиккен, терини ийлеп, оннан аяқ кийим ҳәм бас кийим ислеген. Таўарларға керекли сабақта мал жүнинен таярланған. Кенеп, жабайы зығырды да пайдаланған. Телетинлерден өкшесиз етик, галош ҳәм басқада кийимлер тиккен. Ер ҳәм ҳаяллар басларына жүннен ямаса териден тигилген малақайлар кийген. Жүнлерди уршықларда ийирип сабақ таярлаған. Жүн таўарлардан тигилген кийимлерин ҳәм сүйектен исленген түймелер менен илдирилген. Ҳаяллар мойнына жылтырақ реңли металлардан моншақлар ҳәм қулағына сырғалар тағып жүрген. Ерлер ҳәм ҳаяллар зыянлы руўхлардан, жин-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шайтаннан сақланыў ушын, ырым етип жабайы ҳайўанлардың тислерин ҳәм тасларды кийимлери үстилерине тумар тағып жүрген.

Бронза дәўиринде Қарақалпакстан аймағында жасаған «индо-европа» тиллес халықлардың дини ҳаққында археологиялық ҳәм палеоэтнолингвистикалық дереклерди көремиз. Қубла Арал бойы «арий» этнослардың руўхый мәденияты ҳаққында Ҳиндистан, Иран ҳәм Кавказ халықларының турмысынан алынған руўхый материаллар менен салыстырыў арқалы түсинемиз. Бронза дәўиринде жерленген адамлардың бас сүйеклери батысқа қаратылып қойылған. Бул тосыннан болған дәстүр емес. «Индо-иран» тиллес «арий» этнослардың түсинигинше жер төрт мүйешли ямаса домалақ түринде болған. Сонлыктан да, қәбир сол домалақ жердиң ортасындағы үй деп түсинген. Жақтылық дүньяның ҳәр бир тәрепиниң өз қудайлары болған, олай болса марҳумның басын батысқа қаратып жерлеў –ол дүнья менен байланыс жасайтуғын қудайға қаратыў болады. Тазабағжапшылар, «андроновшы» лар өликти бүккесине жатқызып жерлеген. Өликтиң қәбирде бүк түсип қойылыўы, нәрестениң ана қурсақ жатырында жатқан ўақтындай деп болжаса болады. Ал, өликти, усы қәлпинде устаў ушын ҳәм оны байлапта қойған. Бронза дәўириндеги Тегискен кәбирстанында өликлерди өртеў дәстүрин ҳәм усы дәўирде отқа сыйыныўшылыққа байланыслы деп түсиниўге болады. От пенен қәбирди, өликти аласлаған тазалаған. Имарат, үй салғанда қурылысларды қурбанлық бериўден баслаған. Қурбанлыкка ыдысларды толтырып сүт, қатық, ағарғанлар әкелген, ат, буға, қой, ешки ҳәм басқа маллар сойылған. Сүт, қатық ишилип, ет желинип болған соң гүзе ыдыслар, мал сүйеклери, болажақ үй ошағы жанына ҳәм үй есиги табалдырығының астына көмилген. Бул ырым кейинги дәўирлерде де сақланған. Қарақалпақстандағы естеликлердиң пахса астыларынан мал ҳәм ийт сүйеклериниң табылыўы айтқанымыздың дәлийли. Үйдиң ошағы, кийели орны деп есаплап оны ҳүрметлеген, оған қайырқомлық еткен ҳәм ошақ күлин арнаўлы ойларда сақлаған. Өлиниде ошақтан айландырып шығарған. Адамлар от басының аманлығы болсын деп тилек пенен жасаған.

Бронза дәуирине тийисли жар тасларға салынып, жүзи қоңыр қабыршақлар менен жабылып жатқан сүўретлер, таслардың тегис бетине, ушлы ҳәм қатты өткир таслар менен ойып салынған. Сүўретлер ишинде оқ жай менен аңшылық етип жүрген адамлар ҳәм қуяштың көриниси өз-ара беллесиўлерде ушырасады. Бул адамның руўхый мәденияты ҳәм олардың дүньяны түсиниўдеги умтылыўлары болады. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда жер тастағы сүўретлер-петроглифлердиң бай регионлардың бири. Өзбекстандағы Саймали тас, Сарымишсай, Зараутсай, Сүўретсайдағы ҳәм Сийпанташ үңгирде ҳәр түрли сюжетли сүўретлердиң табылыўы дүнья жүзи мәдениятының бир бөлими болып есапланады. Бронза дәуириниң адамларында мифологиялық түсиниклер болған. Олар ушын, турмыста тәбияттың қайталанып турған мәўсимлери: бәҳәрде күн менен түнниң теңлесиўи, жер силкиниўлер, жаздың келиўи, гүзде дийханшылықты жыйнап алыў, маллардың төллеўи, жер сүриў ҳәм күнниң жадырап шығыўына сыр салған. Тәбияттың қубылысларын байқап, мәўсимлериниң қайталаныўын күтип, олар усы ўақыялардың ҳәр қайсысына садақа берип, қурбанлық берип ҳәм дуўа қайырып отырған. Сонлықтан, қәсийетли, «кәраматлы» сүўретлерди адамлардың көзинен тасалаў, көл ҳәм булақ бойларына таў жыраларындағы тасларға салған. Жар таслардағы көп ушырасатуғын образлардың бири узын ийреклеў мүйизи менен ымтылып аяқларын тасқа тиреп, турған таў ешкилери, архар, буға, қасқыр, доңыз, үй ҳайўанларынан ийт, ат, түйе, қураллардан оқ жай ҳәм найза бериледи. Гейде, адамлардың ҳайўанларға аңшылық етип жүрген сүўретлериде салынған. Жар таслардағы көркем өнердиң үлгилериниң бири қос өркешли бактриан-түйе. Әййемги Иранларда ол гүлдирмама қудайы Веретранғаның көриниси ҳәм Ҳиндистанда Индираның (қудайдың) өзи деп есапланады. «Авеста» күш- қуўат берген, қүдиретти арттырған, қәҳәрли күшли Веретранған ҳаққында айтылады. Жар тасларда, қос пенен жер айдаў сүўретлериде берилген. Қоска ат, өгизлер жегилип ҳәм қос гүндени услап адам турады. Бул сүўреттиң мәниси жаңа жылдың келиўи, бәҳәрде егистиң басланыўы тәбияттың жаңарыўына, молшылық ҳәм өнимдаршылық байрамына байланыслы болыўы керек. Бул туўралы, мукаддас китап Авестода бирден бир қудай



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ахура Мазда биринши патша Иймеге, жерди сүрип дийханшылық етиў ушын гүнде «алтын соқа» береди. Бәҳәрде биринши жер сүрип, тухым себиў, жасы үлкен адамларға берилиўи ҳаққында дәстүрлер ҳәм әпсаналар қарақалпақлар арасында сақланған. Орта Азиядағы халықлардың тарийхын үйрениўде, тасларға салынған, петроглифлерди көп ҳәм баҳалы материаллар береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# III БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН АЙМАҒЫНДА ӘЙЙЕМГИ МӘМЛЕКЕТ

## § 1. Хорезм цивилизациясы

Темирди хожалықта биринши рет Мысыр (б.э.шекемги 1455-1400 жыллар) ҳәм еки дәрья аралығындағы мәмлекетлер Эгей теңизи жаға еллери пайдаланады. Темир қатты ҳәм өткир металл. Темир 900-1530$^0$ С ыссылықта ерийди. Темирди еритиўде адамлар узақ әсирлер даўамында тәжирийбе топлап ҳәм кейин ала бул металлды қайта ислеў технологиясын ислеп шығады. Б.э.шекемги X-IX әсирлерде темир металлургиясы Хетт патшалығы, Иран ҳәм Ҳиндистан еллеринде раўажланады. Орта Азияда ерте темир әсири б.э.шекемги IX әсирде басланса да, хожалықта темирден кең пайдаланыў б.э.шекемги VIII-VII әсирлерге туўра келеди.

Б.э.шекемги VII-VI әсирден баслап, Қарақалпақстан аймағында темирди хожалықта пайдаланыў кең тарқалады. Темирден мийнет қураллары (бел, кетпен, пышақ, орақ, қулп ҳәм басқада) қурал жарақлар (найза, сары жай ушлары, қылыш, қанжар, аттың заңгиси, суўлығы) исленеди. Темирден хожалықта пайдаланыў нәтийжесинде өндирис тараўлары кеңейди. Өндириўши күшлер өседи. Ерте темир дәўиринде Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде Гүзели қыр мәденияты, Әмиўдәрьяның бурынғы дельтасы Узбой бойларында Күйусай мәденияты пайда болады. Каналлар қазылып, дийханшылықтың тараўы кеңейди, дийханшылықтың өними артады, мал шарўашылық, өнерментшилик ҳәм балықшылық раўажланады.

Әййемги Хорезмниң арқа шегарасы Арал теңизи, қубласы Әмиўдәрьяның Түйе мойын қыснағы, шығыста Қызыл Қум, ал батыс ҳәм қубла батысы Қарақум жәнe Үстирт бийиклиги менен шегараланып турады. Хорезм аймағыннан ағып өткен Әмиўдәрья, бул оазисти оң ҳәм шеп тәрептеги Хорезмге бөлип турады. Олар өзлерине тән суўғарыў каналларына ийе болып ҳәм олар дийханшылық орайларын тәмийин етеди.

Әмиўдәрьяның төменги алабында жайласқан Хорезм аты Зардуштийлик дининиң муқаддес китабы «Авесто» да (б.э. шекемги VII-VI әсирлер) ушырасады. Митра қудайға арналған



www.ziyouz.com kutubxonasi

Михр-Яшт аты пенен белгили болған гимнде таўлардан аққан дәрья суўлары Маргиана, Согд, Ариа (Герат) ҳәм Хорезмге қарап ағатуғыны жазылған. Ахура Мазда қудайдың пайда еткен Видендатта аты жазылған еллердиң ишинде Хорезм аты ушыраспайды. Бирақ Ахура Мазда пайда еткен еллерде биринши болып Арьянем Вайдж ўәлаяты жазылған. Усы ўәлаятта жаманлық қудайы Ахриман, он айға созылатуғын қысты пайда етеди. Көпшилик илимпазлардың пикиринше, Арьянем Вайдж бул Хорезмниң аты. Орта Азияның қубла ўәлаятларына қарағанда Хорезмде ҳәм Арал бойларында ҳаўа райы суўықлаў болып келеди. Б.э.шекемги 1 мыңыншы жыллардан баслап Хорезм мәмлекетиниң аты тарийхый дереклерде ушырасады. Хорезм ҳаққындағы дәслепки мағлыўмат дүнья жүзлик мәдений шығармаларының бири болған «Авесто» китабының «Михр-Яште» бөлиминде ушырасады.

Б.э.шекемги 500 жылы, грек тарийхшысы Милетли Гекатей (V әсир ақыры) Хорезмий (Хорезм) елатының бас қаласы Хорезм деп жазса, тарийхшы Геродот (б.э.шекемги 484-425 жыллары) Хорезм, Персия патшалығы ўәлаятының бири болып, Хорезмлер, патша Ксеркстиң әскерлери менен Грецияға қарсы алып барған урысларына қатнасқанын жазады.

Б.э.шекемги VI-V әсирлердеги Иран патшаларының тасларға ойып жаздырған жазыўларында Хорезм аты ушырасады. Иран патшасы Дарий I жаздырған Бехистун жазыўында «Мен, Ахурамазданың қәлеўи (қуўатлаўы) менен көплеген еллердиң, соның менен Хорезмлердиң де патшасы болдым» деген қатарлар ушырасады. Патша Дарий I, Персепол, Суза сарай қурылысларына арналған жазыўларда, сарайлардың ишин безеўге алып келинген сур-көкшил реңли ҳасыл-ахшайна тасты–бирюзаны Хорезмнен алдырғаны айтылады. Демек, бул қубла Арал бойы халықларының Иран мәдениятының қәлиплесип раўажланыўына қатнасқанынан дерек береди.

«Хорезм» сөзиниң этимологиялық мәнисинде илимпазлар ҳәр түрли түсиндиреди. X әсирге тийисли араб-парсы әдебиятларда «Хорезм» сөзи еки бөлектен турады. «Хвар»-гөш, «ЗМ»-отын яғный Хорезм малға бай, тоғайлы-отынлы ел деп түсиндиреди. Бир топар алымлар «Хорезм ойпатлы, жайлаўлы кең малларды, қорғап сақлайтуғын бекинис қорғанлар көп», деп

түсиндирсе ҳәм екинши топар алымлар «Хорезм-қуяшлы ел» деп дурыс түсиндиреди.

«Авесто» ўатанның бири болған Хорезмде отты муқәддес деп, отқа арнап сыйыныў жайлар (храмлар) салынғаны буны дәлиллейди. Грек тарийхшысы Страбон, хорезмлилер массагетлердиң бир бөлеги деп жазады. Демек, хорезмлилер ҳәм массагетлердиң бас қудайы «күяш» болғаны белгили.

Орта Азия араб халифаты қурамына киргеннен кейин, Хорезм ҳаққында араб-парсы тарийхшы географлардың мийнетлеринде ушырасады. Хорезм тарийхы туўралы Әбу Райхан Беруний (973-1048) өзиниң «өткен әўладлардан қалған естеликлер» деген мийнетинде хорезмлердиң мәденияты, диний дәстүрлери, байрамлары, жыл санаўлары ҳәм жазыўлары ҳаққында тарийхый этнографиялық мағлыўмат береди.

## § 2. Әййемги Хорезм мәмлекети

Әййемги Хорезм мәмлекети дегенде, Қарақалпақстан Республикасы аймағында, әййемги дәўирлерде бир тутас аймақ екенлигин түсинемиз ҳәм бул аймақта мәмлекетшиликтиң пайда болыў тарийхы оғада тереңде екенлигиниң гүўасы боламыз. Б.э.шекемги 1-мыңыншы жыллықтың басында Әмиўдәрьяның оң тәрепинде қарақалпақ аймағында дийханшылық оазислери пайда болады. Б.э.шекемги VII-VI эсирлерде Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде, Әмиўдәрьяның ески дельта бойлары, Узбой жағаларына сак қәўимлериниң араласыўы менен ҳәм Күйиусай мәденияты пайда болады. Күйиусайларда өз марҳумларын қәбирлерге жерлеў дәстүрлериниң сак- массагетлер менен уқсаслығы, олардың сак қәўимлер менен этникалық жақтан байланыста болғанынан дерек береди. Тарийхшы Ктесийдиң жазыўына қарағанда, б.э.шекемги VII әсирде Парфия жери ушын Мидия менен саклар арасындағы урыс дәўиринде, бир топар саклар, Хорезмниң арқа-батыс шегарасына келип қонысласыўы, Күйиусайлардың жайларының мәдений қатламларынан шарықта исленген гүлал ыдыслардың табылыўына қарағанда, олар Маргиана, Авестода аты белгили ҳәм Каспий бойы Гиркан ўәлаятлары менен мәдений байланыста болған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Б.э.шекемги VII эсир ақыры –VI эсир басында «Таза бағжап» лылардың мәдений дәстүрлерин даўам еткен Әмирабад ҳәм Күйиусайлардың өз-ара араласыўынан бас қаласы Гузели қыр болған ертедеги Хорезм мәмлекетине тийкар салынады. Бул ертедеги Хорезм мәмлекети, Әмиўдәрьяның Сарықамыс дельта жағаларында, б.э.шекемги VII-VI эсирлерде Хорезмлилер менен көшпели шарўа сак қәўимлердиң бирлеспесинен пайда болған ертедеги мәмлекет еди. Усы ўақытта, қубла Хорезмде, орайы Хазарасп болған ертедеги мәмлекет Хазарасп суўғарыў системасыда дүзиледи. Бул ертедеги қубла мәмлекеттиң пайда болыўына Бактрия, Согд ҳәм Маргиана қәўимлериниң мәдений тәсири тийеди. Ертедеги қубла Хорезм мәмлекетиниң өнерментшилик орайы Хумбуз тепе болады. Буны оннан табылған археологиялық табылмалар тастыйықлайды.

Хорезмдеги бурынғы жап ҳәм салмалардың орнына үлкен каналлар қазылып суўғарыў тараўлары кеңейди. Жәмийетте урбанизацияласыў басланды. Б.э.шекемги VII эсир ақыры VI эсир басында үлкен ортадағы кала орайы Гүзели қыр ҳәм Хазарасп пайда болады. Дийханшылық атызлар арасында, суўғарыў каналлар бойларында ҳәм тығыз жайласқан елатлардың саны көбейди.

Б.э.шекемги VII эсир ақыры –VI эсир басында қубла Арал бойында Әмирабад, Күйиусай мәдениятын пайда еткен. Хорезм мәмлекети әййемги Бактрия патшалығы сыяқлы үлкен мәмлекет болып, Бактрия менен Хорезм, Өзбекстанның барлық ўәлаятларын өз ишине алған. Әййемги Хорезм аты жазба дерек болған Авестода «Хваризм», әййемги парс жазыўларында «Хваризмий», грек жазыўшылары (Гекатай, Герадот, Ктесий) мийнетлеринде «Хорасмия» деп аталады.

Геродоттың жазыўына қарағанда Азияда таў төбеликлери менен қоршалған тегислик кең дала Хорезмлилерге тийисли болған. Сол кеңисликлерге қарап таўлардан үлкен Акес дәрьясы ағады. Бес шақапшаға бөлинип аққан дәрья Хорезм, Гиркан, Парфия, Саранг, Фаман жерлерин суў менен тәмийинлейди. Геродоттың бул жазыўы жәҳән алымлары арасында ҳәр түрли илимий пикирлер туўдырды. С.П.Толстов, Геродот айытқан Акес дәрья Хорезм арқалы өтетуғын Әмиўдәрья деп шамалайды. Немец тарийхшысы М.Маркварт Акес дәрьясы–бул қубла Түрк-


www.ziyouz.com kutubxonasi

менстандағы Тежен-Гарируд дәрьяларына туўра келеди дейди. Соның ушында алымлар Хорезмлилер, бурын Мары-Герат аймақларын ҳәм Әмиўдәрьяның төмендеги елатларды қамтыған патшалықты пайда еткен деп дәлиллейди. Әййемги Хорезм патшалығының қайсы жерде кәлиплескени ҳаққында ҳәр түрли пикирлердиң болыўына қарамастан б.э.шекемги VII әсир ақыры–VI әсирдин басында Хорезм мәмлекетинин еки орайда болғаны сөзсиз. Хорезм патшалығы дүзими әскерий демократиялық конфедерациялық мәмлекет болып ҳәм оның қурамына ярым көшпели шарўа сак қәўимлериде кирген. Хорезм мәмлекетиниң кубла шегарасы Чарджаў қаласы жанындағы Кош қала ҳәм Одей тепе калалары арасынан өткен. Кош қала Хорезмге, ал Одей тепе Бактрияға қараған. Бундай шегаралардын кәлиплесиўи. еки мәмлекеттин бири екиншисинин күшин иркип турғаны, олардың өз ўақтында кудиретли, күшли мәмлекет болғанынан дерек береди.

Б.э.шекемги VII-VI әсирлердеги Хорезм мәмлекети естеликлеринен Жанбас ҳәм Кабат 7, белгили. Ол төрт муйешли болып, тәреплери 70x20 м ге тен болған. Б.э.шекемги VII әсирден баслап турак жайлардын дийўаллары пахсадан салына баслайды. Б.э.шекемги VI әсирдиң басынан баслап, турақ жайлар. жәмийетлик орынлар, калалар қорғанлар дийўаллары Орта Азиянын кубла районларында көп тараған ҳәм туўры төрт муйешли гербишлерден өрилеги. Хорезмнин орайлық қалаларынын бири Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде жайласқан, майданы 40 га тең Гүзели кыр дөгереги ҳәм ишки қурылыслар гербишлерден өрилген қала айналасы еки қатарлы бийик дийўаллар менен қоршалған. Қаланын сырткы қорғаныс дийўаллары ҳәм шатраш минараларында шатраш тәртибинде еки қатарлы гезерменлер туратуғын орынлар болған. Қаладағы турақ жайлар, оның орайлық бөлиминде ҳәм қала дийўаллары бойлап жайласқан. Қалада малларды сақлайтуғын бос майданларда болған. Қалада темир, мыс, реңли таслардан (бронзадан) буйымлар ҳәм бezeниў затларын ислейтуғын устаханалар болған.

Б.э.шекемги VII –VI әсирлер ортасында тийисли Қарақалпакстан ҳәм Хорезм ўәлаятынан табылған үлкен каналлар аңғарлары, суўғарыў тараўлары 300 ден көбирек аўыллық елат жайлардың көбиси Хумбезтепе, Ташқырман ҳәм Базар қала дөгерек-


www.ziyouz.com kutubxonasi

леринде сақланған. Б.э.шекемги VII әсир ақыры VI әсирде пайда болған үлкен суўғарыў тараўлары каналлар, қала, аўыллық елатлар, дийханшылық мәдeният орайлары орайласқан мәмлекет тәрепинен қурылады ҳәм мәмлекеттиң қәўендеринде болады.

Б.э.шекемги VII-VI әсирлерде Хорезмниң қубла қоңсысы районлары Согдианада Афрасиаб, Көктепе, Ер-қурган ҳәм Узынқыр қалалар салынады. Булунгур ҳәм Даргам каналлар қазылады. Усы дәўирде, Бактрия ҳәм Согдиана мәмлекети дүзиледи. Хорезм бул мәмлекетлер менен мәдений байланыста болады. Жәмийетте урбанизациялық қубылыс хәрекетлер бул еллерде бир ўақытта басланады.

## § 3. Сак-массагетлердиң мәмлекетшилиги

Қадимги дәўирдеги жазба дереклерде (Ассирия, Авесто, Бехустан жазыўлары) Бактрия, Согдиана менен Хорезмликлердиң арғы жағында «желдей есип шаўып жүрген атлы көшпели турлар», саклар жайласқан айтылады. Парсы дереклеринде турлар- саклар деп аталады, ал грек авторларының мийнетлеринде турлар–скифлер деп аталып, көшпели шарўалардың скифлер аты көпшилик илимий әдебиятларда қабыл етилген.

Б.э.шекемги I әсирге тийисли Рим жазба дереклеринде Яксарттың (Сырдәрья) арғы жағында скифлер жасайтуғыны айтылады. Парсылар оларды саклар деп атайды. Скифлердиң саны жүдә көп. Олардың ишинде ең көпшилиги массагетлер, дайлар ҳәм исседонлар «аримасплар» деп жазады. Саклардың ишинде ең көбиси массагетлер болған. Геродот олар ҳаққында «бул халық Аракс (Әмиўдәрья-Узбой) дәрьясының арғы жағында исседонларға карама-карсы жасайды. Кийимлери, турмыс қалпи скифлерге уқсас. Олар атлы ҳәм жаяў жүрипте урыса алады. Урысыўдың усы еки түринеде жетик, оқ жай хәм найза менен де урысады. Саўашта айбалталар менен қуралланады. Олардың барлық буйымлары алтын менен мыстан исленген. Олар егин екпейди, үй хайўанлары гөши менен ҳәм балықлар менен аўқатланады. Аракс (Әмиўдәрья) оларды балық пенен тәмийинлейди. Саклар сүт ишеди» -деп жазады. Қәдимги дәўирдеги дереклерде согдиананың аржағындағы, Яксарттың (Сырдәрья) бойларын

www.ziyouz.com kutubxonasi

жағалап саклар қоныс басқан деген мағлыўматлар сақланған. Парслардың тасқа ойып жазған сына жазыўларында, Арал бой саклардың үш топары ҳаққында сөз етеди. Пара-дарай (теңиздиң арғы бетиндеги саклар), Хаомаварка саклар (хаома ишимлигин таярлайтуғын саклар) ҳәм Тиграхаўда саклар (сопақ бас кийимли саклар). Булардың Орта Азияның қайсы тарийхый географиялық жерде жайласқаны анық айтыў қыйын. Өйткени олардың этнографиялық орынлары ҳаққында жазба мағлыўматлар жоқ. Бир топар илимпазлардың пикиринше Пара-дарай саклары Арал дөгерегиндеги, Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья дельта алабында жасаған. Тиграхаўда саклары Сырдәрьяның орта бөлими менен Тьян-Шан дөгерегинде өмир сүрген ал, Хаомаварка саклар, Түркменстанның Мургаб ҳәм Тежен дәрья алабларында жасаған.

Сак кәўимлердиң қоныс басқан ең үлкен аймақлары Жетисуў есапланады. Бул жерде тиграхаўда саклар жайласқан, екинши Арал жағалаўы менен Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья дельта бойларында массагетлер орналасқан. Тиграхаўда естеликлерине Жетисуўдағы Или дәрья бойларындағы Ысық, Бесшатыр ҳәм Кеген қәбиристанлары жатады. Б.э.шекемги VII-VI әсирлерде, Қубла Арал бойында, Арал-Каспий аралығында малика Тумарис ханум басқарған, сак (массагетлердиң) мәмлекети дүзиледи. Б.э.шекемги VI әсирдиң биринши ярымындағы бул ата–бабаларымыз болған сак-массагетлер дүзген әскерий демократиялық конфедерация, қарақалпақлардың ең әййемги ҳәм ерте мәмлекетшилигиниң басланыўы еди.

Арал бойындағы саклардың (массагетлердиң) б.э.шекемги VII-V әсирлерине тийисли, Уйғарақ ҳәм қубла Тегискен деген қәбирлери ашып изертленди. Олардың қәбирлериниң қурылысы еки түрде: биринши өртеў ҳәм күлин сақлаў марҳумды жер бетине төселген қамыс үстине, дөгерегин ағаш бөренлер менен қоршап қәбирди сол ўақытта өртеп жибериў дәстүри болған. Екинши марҳумды қазылған қәбирге жерлеў түри болған. Бул естеликлерден мархум менен бирге қәбирге салынған гүлал ыдыслар, қайрақ таслар, қасқыр сүўрети салынған темир қылыш, аттың жүўениниң сүўлығы ҳәр түрли ҳайўанлардың мүсинлери, буғы, сайғақ, ат, арыслан, барыс ҳәм қус сүўретлери де ушырасады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арал бойы саклардың мәденияты, Евразия халықларынын мәдениятына жатады. Массагетлердиң мәденияты б.э.шекемги I мыңыншы жыллықтың ортасында гүлленип өседи. Саклар патшалығы менен Хорезм мәмлекети арасында өз-ара экономикалық, мәдений, саўда ҳәм байланыслар болады. Саклардың отырықшы болып жасаған мәкан жайлары қалалары қорғанларына Ширик-рабад, Жаңадәрья ҳәм Инкардәрья бойындағы қоныс орынлар, Сырдәрья дельта жағасындағы Жетиасар мәканлары киреди. Бул естеликлердиң дөгерегинен суўғарыў каналлары ҳәм дийханшылык атыз қалдықлары табылады. Саклардың турақ жайларды салыўда қурылыс материалларды пайдаланыўда, гербиштен имарат салыўда Хорезмлилердиң мәдений тәсири сезилсе ҳәм қурал жарақларды ислеўде Хорезмлерге сак массагетлердиң мәдений тәсири болған.

## § 4. Қарақалпақстан жерлерин Иран ахеманий патшаларының жаўлап алыўы

Б.э.шекемги бир мыңыншы жылы жақын ҳәм орта шығыс жерлеринде Ассирия менен Мидия мәмлекетлери пайда болады. Мидия патшалығына ғәрезли болып турған Персия, узақ даўам еткен ғәрезсизлик ушын гүрестен кейин, б.э.шекемги 550 жылы азатлыққа ерисип ҳәм Мидия патшалығы орнына Ахеменийлер мәмлекети дүзиледи. Ахемений мәмлекетиниң тийкарын салыўшы Кир 2, көп жыллар даўамында урыслар алып барады. Б.э.шекемги 529 жылы Кир 2 Вавилонияны жаўлап алып, Орта Азияның қубла аймақларын қаратып үлкен империя дүзиўге кириседи ҳәм Кир 2 өз кеўлин Египетке аўдарады. Бирақ, Орта Азиядағы ахеменийлерге қарсы сиясий наразылық, азатлық гүреслер, Кирдиң Египетке қарсы жүрисин тоқтатады. Кир 2 өз мәмлекетиниң арқа-шығыс шегараларының қәўипсизлигин сақлаў ушын Орта Азиядағы жаўынгер сакларға қарсы атланады. Тарийхшы Трог Юстинниң жазыўына қарағанда, Кир, Азия ҳәм шығыс халықларды өзине қаратып скифлерге (сакларға) қарсы урыс ашады. Усы ўақытта саклардың (массагетлердиң) мәмлекетин патша Тумарис басқарған. Ер жүрек Тумарис ханум көп санлы қуралланған душпан әскерлеринен қорықпаған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Геродоттың жазылыўына қарақанда Парс патшасы Кир, Тумарис ханумға үйленбекши болып жаўшы жибереди. Тумарис жаўшыларға «патша», Кирдиң мақсети маған үйлениў емес, ал мениң елимди, массагетлердиң мәмлекетин алмақшы деп алдын болжап оларды қайтарады. Бул, массагетлер патшасы Тумарис пенен Кир 2 арасындағы аўызша дипломатиялық сөйлесиўлер еди. Сөзи өтпеген соң, патша Кир массагетлерге урыс ашады. Кир өз әскерлери менен Окстен кешип өтип, массагетлер жерине кирип ҳәм өз шатырларын қурады.

Бирақ, екинши күни ҳийле ислеп, қорыққан адамға уқсап шатырларына ишимлик-вино таслап кейин шегинеди. Бул ўақыя Тумариске жетеди. Тумарис өзиниң улы, әскер басшы Спарангиз басшылығында, әскерлериниң үштен бир бөлегин бөлип ҳәм душпан изинен қуўыўға жибереди. Бурын саўашларда сыналмаған жас әскер басшы Спарангиз, Кирдиң қалдырған шатырына (лагерине) келип ҳәм ишимликке (виноға) тойып өз әскерлери менен бейхуш болып қалады. Буны сезген душпан, Кирдиң тапсырмасы менен түнде лагерьге келип сакларды ҳәм Тумарис ханумның улын өлтиреди.

Тумарис бир топар әскерлеринен ҳәм жалғыз улынан айырлып, қайғыға түсиўдиң орнына, ал душпаннан өш алыўды алдына мақсет етип қояды. Ол әскерлерин қайта топлап ҳәм парсыларға топылып саўашқа түседи. Геродот бул ҳаққында былай жазып қалдырады. Бул скифлер (саклар) алып барған урыслардың ишиндеги ең жаўыз ҳәм қанлы саўаш болды. Олар бир-бирине жақын турып сары жайдан оқлар атысты. Оқ таўсылғаннан соң найза ҳәм қылышлар менен саўашқа түсти. Бул қанды саўашта ҳеш ким шегингиси келмеди. Узақ даўам еткен саўаштан кейин массагетлер жеңип шықты. Парс әскерлериниң үлкен бир бөлеги саўашта қаза тапты. 29 жыл патшалық еткен Кирдиң өзиде усы саўашта қаза тапты. Тумарис мал терисинен исленген мести, адамлар қанына толтырыўға буйрық береди. Саўаш майданында өлген адамлар арасынан Кирдиң басын таўып алып «мен тирimен, жеңимпазбан, бирақ сен мениң улымды алдап өлтирип, маған зыян бердиң, енди мен сен қанхорды қанға тойғызаман» деп душпанның басын қан толған меске салады. Грек тарийхшысы Страбонның (б.э.шекемги 64-23 жылғы) жазыўына


www.ziyouz.com kutubxonasi

қарағанда массагетлердиң әскерлери арасында Хорезм мәмлекетиниң жаўынгерлериде болған. Хорезм, сак (массагет) халықлары өз азатлықлары ушын сыртқы душпанларға қарсы бирге урысқан ҳәм елди қорғаўға қатнасқан.

Тумарис ханум басқарған массагет мәмлекети менен Кир басшылық еткен парсылар арасында бул урыс саўашы б.э.шекемги 530-жылы июль айының ақыры, августтың басында ески Окс (Әмиўдәрья) дәрьясының дельтасы Узбой бойында болып өткен. Иранда Дарии I патшалық (б.э.шекемги 522-486 жыллары) өткен дәўирде Орта Азия ўәлаятлары Маргиана Парфия, Бактрия, Согд, Хорезм ҳәм Арал бойы саклары Парсыларға қараған. Себеби, көп санлы жақсы қуралланған Дарии I әскерлерине Орта Азия халықлары шыдам бере алмаған. Нәтийжеде әййемги Хорезм мәмлекети ҳәм саклардың әскерлери демократиялық конфедерациялық мәмлекети тарқалады. Б.э.шекемги VI әсирдиң ортасында қубла Арал бойы халықлары Иран аҳәменийлери қурамын киреди. Ахемений сулалары басқарған, Иран мәмлекетине қараған аймақлар ҳәм оларды сиясий басқарыў ушын әскерий ўәлаятларға (сатрапларға, парсыша- хшатрана) бөлинеди. Ўәлаят ҳәкимлери патшаға жақын адамлардан тайынланады ҳәм ол гейде ҳәкимлик нәсилликте өтеди. Орта Азия еллери 4 ҳәкимлерге (сатрап) бөлинеди. Каспий бойы көшпели шарўа кәўимлер II- сатрапты қурап, ҳәр жылы ахемений патшалығына 200 гүмис талант төлеп турған. Бактрия 12 сатрапты қурап, 360 талант Хорезм, Согд, Парфия 16- сатрапқа кирип талант төлеп турған, массагетлер 15 сатрапқа қарап, 250 талант төлеп турған. Артаксеркс 2 (б.э.шекемги 404-359 жыллары) патшалық еткен дәўирде Хорезм ахамений патшалығынан өз алдына бөлек ғәрезсиз жасайды.

Сатрап ҳакимлериниң ўазыйпасы өзлери басқарған ўәлаятларда тынышлықты саклаў, салық жыйнаў ҳәм мәмлекет әскерлерин азық-аўқатлар менен тәмийинлеў болады. Орта Азия халықлары, согдианалар, бактриялылар, хорезмлилер ҳәм сак-массагетлер аҳәмений патшаларының Греция менен болған урысларына қатнасады. Б.э.шекмеги 480-жылы Фермомиль ҳәм 479-жылы Платия жанындағы греклер менен болған саўашта саклардан турған пияда ҳәм атлы әскерлер ерлик көрсетеди. Орта Азиядан барған әскерлер аҳәмений мәмлекетиниң қалаларында

www.ziyouz.com kutubxonasi

әскерий хызметте болады. Б.э.шекемги V әсирде парсылардың атланысына қатнасқан хорезмлилер, Египеттиң қубла районындағы Элефантиң атаўына парсы әскерлери менен барған. Ахамений патшалары, басып алған еллеринен көплеген қуллар алып келип, оларды аўыр қурылыслар салғанда, каналлар қазғанда ҳәм өндирис кәрханаларында пайдаланған. Соған қарамастан Орта Азия еллериниң Ахамений мәмлекети қурамына өтиўи нәтийжесинде, өнерментшилик саўда мәденияты өседи. Орайласқан күшли мәмлекет қурылыс ислериниң салыныўына суўрғарыў тараўларының кеңейиўине кеўил бөледи.

Иран аҳәмений патшалары, Жаңа дәрья ҳәм Қуўан дәрья алабында жасаған ҳәм Арал бойы көшпели шарўа сакларды өзлерине қаратады. Усы дәўирде, саклардың сиясий басқарыў орайы Бабиш мола қаласы болған. Аҳәменийлер дәўиринде Қарақалпақстан аймағында жаңа суўғарыў каналлар қазылып ҳәм дийханшылық өседи. Мал шарўашылығы раўажланады. Қалаларда өнерментшилик ҳәм саўда өседи. Б.э.шекемги V әсирдиң ортасында, Төрткүл районы аймагында Дингильджи ҳәўлиси салынады. Майданы 25х43 м болған, бул аристократтың ҳәўлиси дийўаллары қам гербиштен өрилип ҳәм қалыңлығы 2 м болған. Ҳәўлиниң орайында 4 мүйешли ҳәўиз сақланған. Қубла Хорезмдеги Хазарасптан 17 км шығыстағы Хумбузтепе өнерментшилик орайы усы дәўирде гүлал ыдысларда таярлап турған. Қарақалпақстан аймағында жасаған халықлар Иран цивилизациясының раўажланыўына тәсир тийгизеди ҳәм усы дәўирде класслық жәмийетлик дүзимде жасайды. Аҳәменийлер қол астындағы Орта Азия халықлары азатлық гүрес алып барады. Б.э.шекемги IV әсирдиң басында қарақалпақ аймағының Иран ахаменийлеринен азат болыўы ҳәм Хорезм мәмлекетшилигиниң қайта тиклениўине әкеледи.

Қүдиретли Ахамений патшалығы Искандер Зулхарнайынның (Александр Македонский) армиясының топылысынан б.э.шекемги IV әсирдиң соңғы шерегинде қулайды. Б.э.шекемги IV әсирдиң басында, Арал бойы сак кәўимлериде, Хорезмге қусап өз ғәрезсизлигине ериседи. Искандер Зулхарнайн Б.э.шекемги 330-327 жыллары, Орта Азия жерлерин жаўлап алыў менен бәнт болады. Жергиликли халықлардың қарсылық етиўине қарамастан

www.ziyouz.com kutubxonasi

грек-македон әскерлери Орта Азияның қубла районларын өзине қаратады. Усы дәўирде Хорезм мәмлекети өз ғәрезсизлигин сақлап қалады. Б.э.шекемги 329-328 жылы Искандер Зулхарнайн Бактра қаласында қысты өткерип атырғанда Хорезм патшасы Фарасман 1,5 мың атлы әскерлери менен келеди, Искандер Зулхарнайн менен «дослық» ҳәм «әскерий» аўқам дүзип ҳәм өз елин грек-мәкедон әскерлеринин топылысынан аман сақлап қалады. Ҳәттеки, Фарасман ҳүкимранлық еткен Хорезм Орта Азия халықларынын грек-македонларға қарсы азатлық гүресин қоллайды. Тарийхшы Страбонның мағлыўмтына қарағанда, Согдианада болып өткен азатлык гүрестиң басшысы Спитамен Хорезмнен баспана табады.

Б.э.шекемги 323-жылы Искандер Зулхарнайн өлгеннен кейин, Орта Азия жерлери оның әскер басшысы Селевка дүзген мәмлекеттиң карамағына киреди. Орта Азия халыкларының сырт ел баскыншылары менен үзликсиз гүреслеринин нәтийжесинде Орта Азияда б.э.шекемги III әсирдин орталарында Грек-Бактрия ҳәм Парфия патшалыклары дүзиледи. Бул мәмлекетлер менен Арал бойы халыкларынын сиясий карым-катнаслары еле толық үйренилмеген. Тарийхшы Юстиннин мағлыуматларына қарағанда Парфияда Аршакийлер династиясының тийкарын салыўшы Аршакты қуватлаған дах (парн) қәўимлери Парфияның шығысында жасаўшы сак-массагет қәўимлери менен аўкамда болған.

Орта Азияның қубла областларынын эллинизмниң тәсири орбитасына өтиўи менен жергиликли халыклар менен грек ҳәм алдыңғы Азия еллери арасында мәдений ҳәм саўда байланыслары күшейди. Хорезм мәмлекети греклерге –македонларға қарамаған менен Орта Азияның басқа регионларынан бөлинип қалмай ҳәм қайсы еллер менен белгили дәрежеде мәдений байланысларды даўам етеди. Соның менен бир қатарда қубла Арал бойы халықлары Жайық, төменги Едил бойлары, арқа Кавказ, басқада қоңсы еллер менен экономикалық, саўда ҳәм мәдений байланысларда болған. Бул туўралы Хорезм қалаларының мәдений қатламларынан Каратеңиз бойы, Кавказ жерлеринде исленилген моншақлардың табылыўы ҳәм Хорезм усталарының гүлал ыдысларының қубла Жайық алабындағы сармат қәбирстанларынан (б.э.шекемги IV-III әсирлерде) табылыўы мысал болады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Солай етип б.э.шекемги IV-II эсирлерде Хорезмниң өзине тән мәденияты раўажланады ҳәм қоңсы еллер менен белгили дәрежеде мәдений байланыста болады. Жаңадан суўғарыў тармақлары қурылады, суўғарыў усыллары жетилистириледи ҳәм дийханшылықтын майданы кеңейеди. Бул суўгарыў каналларды ҳәм қурылысларды қурыў орайласқан мәмлекеттиң ўазыйпасы болған.

## § 5. Қала урбанизациясы

Хорезм оазиси аҳәмений патшаларының үстемлигинен азат болып, ҳәм өз мәмлекетин қайта тиклегенсоң б.э.шекемги IV-II эсирлерде қалалардың саны көбейди. Қалалар, сиясий, басқарыў, мәдений, диний, илим ҳәм саўда орайларына айланады. Б.э.шекемги IV-II эсирлерге тийисли қалаларға: Базар қала, Қыят, Уллы Гүлдирсин, Жанбас қала, Қырыққыз, Казақлы жатқан (Ақшахан) ҳәм Гяуир қалалар киреди. Әмиўдәрьяның оң тәрепинде: Кат, Ишан қала, Ардхушмисан, Хазарасп ҳәм басқалар ушырасады. Бир топар қалалар, Әмиўдәрьяны жағалап өтетуғын кәрўан жоллардың бойында қурылады. Оларға Топырақ қала, Жигирбент, Капарас, Хазарасп ҳәм басқалар киреди. Қалалардың бир бөлеги, елдиң дийханшылық оазислери менен саҳра көшпели шарўалар араласып жасайтуғын жерлерге ҳәм мәмлекеттиң шегараларына салынады. Бундай ел шегарасындағы қорған қалаларға: Аяз қала, Султануайс таў дизбегиндеги Гяуир қала, Қорғасын қала, Киши Қырық қыз, Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде Хазарасп, Хийўа жанындағы Топырақ кала, Айбүйир, Даўкескен ҳәм Ботентаў киреди. Б.э.шекемги IV-II эсирлерде салынған қалалар өзине ылайықлы қорғаныў (фортификациясына) дүзилисине ийе болған. Қалалардың қос дийўал ишиндеги атқышлар галереясы, минаралар, қорған дийўалдың алдыңғы тәрепиндеги қосымша дийўаллар ҳәм дәрўаза алдындағы қосымша қорғаныў қурылыслары болған. Көплеген қалалар аўыллық дийханшылық елаттың орайлары болған. Олар сол жердиң басқарыў орайы болып, оның суўғарыў тармақларын қадағалап, сол жайласқан дийханшылық орайларын қорғап басқарып турған үлкен қалалардың бири Жанбас қала естелиги болып есапланады. Изертлеў


www.ziyouz.com kutubxonasi

нәтийжесинде қаладан ерте дәуирдеги көплеген гүлал ыдысларының сынықлары, металлдан исленген хожалық буйымлары х.т.б. затлар табылды. Усы табылған затлардың тийкарында естеликтиң б.э.шекемги IV әсир- эрамыздың 1 әсирлерине тийисли екенлиги анықланды. Жанбас қала төрт мүйешли формада болып, оның еки қабат қалың бес метр қорған дийўаллары ҳәм квадрат формадағы үлкен қам гербишлерден өрилген. Қорғанда минаралар жоқ, сонлықтан дийўалдың сыртқы қабатының ишки тәрепинде үш бағдарда сары жайдан оқ ататуғын тесиклери бар арнаўлы текшелер жайласқан. Жәнe де қаланы беккем қорғаў ушын еки қатар мерген жайлар исленген. Қала дәрўазасына қосымша атқышлар галереясы бар қорған дийўал менен қоршалған. Дәрўазадан туўры ишки созылған кең көше қаланы екиге бөлип турады. Орайлық көшеден еки тәрепке созылған киши көшелердиң.бойында мәҳәллелердиң жайлары жайласқан. Ҳәр бир мәҳәлле хәр қыйлы майданға ийе болып 200 ге жақын өжирилерден ибарат. Көшениң ақырындағы үлкен жайдын арнаўлы өжиресинде гербиштен сыпа тәризли өрилген текшеде өшпейтуғын от жанып турған. Бул «от храмы» ында қала халқы жәмийетлик жыйналысларын өткерип турған. Оларда отқа сыйыныў дәстурлери болған.

Хийўа қаласы (Ийшан қала көлеминде) қубла Хорезмниң Палўан жап ирригациялық оазисиндеги белгили админстративлик орайы болған. Ол 26 га майданды ийелейди. Қала қалыңлығы 6-7 м болған еки қабат дийўал менен қоршалған. Еки қабат дийўалдың аралығында ени 2 метрлик узын дализ бар. Оның төбеси ярым шеңбер гумбездей етип қам гербишлерден өрилген. Қорған дийўалдың сыртқы тәрепине жабыстырылып салынған төрт мүйешли минаралар болып олор бир-биринен 22-36 м аралықта жайласқан.

Хасарасп корғанында төрт мүйешли формаға (294х230 м) ийе болып, онында сыртқы қорғаныў дийўаллары қам гербишлерден өрилген. Онда еки қабат атқышлар галереясы жайласқан.Қала минаралары төрт мүйешли формаға ийе болып, олар 54-55 метр аралықта жайласқан. Антик дәўирде салынған қалаларға Қият, Үлкен Гулдирсин, Шах Санем, Базар қала, Қорғасын , Гаўир қала ҳәм басқада естеликлер киреди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 6. Хожалығы

Б.э.шекемги IV-II эсирлерде Қарақалпакстан ҳәм Хорезм ўәлаятында жасаған халықлардың экономикасының тийкары аўыл хожалығы,өнерментшилик ҳәм саўда болган. Дийханшылық егинлери суўғарылып егилген. Әмиўдәрьядан сағa алып, Жанбас қала, Базар кала тәрепке аққан Қырық қыз ҳәм Жеке Парсон каналлары Жанбас қала ҳәм Базар қала дийханшылық орайларын суў менен тәмийинлеген. Гәўхара каналы Гүлдирсин, Қыят қала дөгерегин суў менен тәмийинлеп Топырақ қала хәм Қазақлы жатқан дөгерегиндеги елатлар Ташқырман каналы арқалы суў ишкен. Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде Хайканик (Палўан жап), Хазарасп, Кердаранхас ҳәм Мадра суўғарыў системалары ислейди.

Аўыл хожалығында көбирек дәнли егинлер болған. Тары, арпа, бийдай, ал техникалық егинлерден пахта ҳәм зығыр еккен. Булардан басқа, жоңышқа ҳәм мәш егилген. Бағшылық ҳәм палыз егинлерин егиў кең тараған. Жүзимгершилик жақсы раўажланған. Мийнет куроллары ретинде, өгиз жеккен гүнде, мала, бел, кетпен ҳәм орақлардан пайдаланған. Дәнди унға айландырыў ушын жалпақ таслардан исленген дән унтағышлар қолланылған. Мал шарўашылығыда әҳмийетли орынды ийелейди. Б.э.шекемги VI-II эсирлерде түйе, жылқы, қой, ешки, шошқа хәм ири шақлы қара малларды асыраған. Гүзели қыр естелигинен табылган сүйеклердиң 52 % ин жылкының ҳәм түйениң сүйеклери қурайды. Жанбас каладан, үлкен Айбүйир қаладан, Хийўадан табылған сүйеклердиң 25-30 % ири шақлы қара маллардың сүйеги болып есапланады. Демек, б.э.шекемги IV-II эсирлерде мал шарўашылықтын тийкарғы тараўлары, шақлы ири қара маллар, жылқы, түйе ҳәм қой-ешкилерди асыраўшылық болады. Қалаларда өнерментшилик жақсы раўажланған. Гүзели қыр, Қой қырылған, Қапарас қалалардың мәдений қатламларынан табылған металл өндирисиниң қалдықлары хәм темир сынықлары термишилик устахананың болғанын дәлиллейди. Темирден мийнет қураллары (кетпен, балта, орақ, пышақ) хәм қурал жарақлардан: қылыш, қанжар, оқ жай ушлары, саўытлар, атлардың суўлығын, зәңги хәм басқалар ислеген.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гулалшылық өнерментшилигинде жақсы рауажланыуы ылайдан, қумбыз печлерде таярлаған хожалық буйымлары (хум, гүзе, бақал), ҳәйкеллер, мүсинлер өзиниң сыпатлылығы, сулыўлығы ҳәм нағысы менен өзине тартады. Гүлалы өнерментшилердиң жайлары, хумбыз печлери Жанбас қала, Хазарасп, Қойқырылған қала, Базар қала дөгерегинен табылып изертленди. Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде, Хазарасптан 17 км шығыста, дәрья бойында Хумбузтепе аты менен белгили майданы 52 га гүлал өнерментшилердиң орайы болған. Өзлери таярлаған буйымлар менен уйалар елатлардың мүтажын тәмийин етип турған.

## § 7. Дини

Б.э.шекемги IV-II әсирлерде, Қарақалпақстан ҳәм Хорезм жеринде жасаған халықлар зардуштийлик динге исенген. Зардуштийлик динниң муқаддес китабы «Авесто» болып, бул китап, б.э.шекемги II мың жыллықтың орталарынан- 1мыңыншы жыллардың басында Орта Азияда пайда болған.

«Авесто» китабының жазылған ўақтында Хорезм, Согд, Бактрия үлкелери болып, сол дәўирдеги экономикалық мәдений, руўхый турмыстың ҳәм мәмлекетшиликтиң ертедеги идеологиясы сөз етиледи. Зардуштийлик динге, Орта Азияда спитама руўынан шыққан философ алым, шайыр ҳәм зардушт пайғамбар тийкар салған. Зардуштийлик дини, дүньяны ҳәм адамзат турмысын дуалистлик теория тийкарында түсиндиреди. Ахрумазда жақсылық, тоқшылық, саў-саламатлық, тынышлық ҳәм басқада жақсы қасийетлердиң қудайы. Ал Ахриман: зулмет, ашлық, урыс, өлим, гүнә servлер, жаман нийетлер ҳәм улыўма адамзат душпаны. Усы еки қудайлар арасында мәңгилик гүрес барады, гүресте жақсылық қудайы Ахурамазда ҳәм жаманлық қудайы Ахриман үстинен барлық ўақытта жеңиске ериседи. Зардуштийлик дининиң тәлийматы бойынша от оғада мухаддес есапланған. Қуяш жақтылығы ҳәм қуяш нурлары әлемге өмир бағыш етеди. Оның нуры менен дүньядағы барлық жанлы махлуқ жасайды ҳәм тәбият ояанады. Булардан басқа хорезмлилер Анахита, Митра, Сиявуш ҳәм тәңриге сыйынған. Жер, суў, ҳасылдаршылық құда-

www.ziyouz.com kutubxonasi

йы хорезмде Анахита болған. Анахитаның ҳаял түринде қудайдың мүсинлери қалалардың, мәдений қатламларынан көп табылады. Митра бул қуяш қудайы ҳәм оның образы ат түринде бериледи. Аттың мүсинлеринде қубла Арал бойы қалалардың мәдений қатламларынан көп табылады. Қуяш, бул ер адам, ол нәсил салады, жер, суў, ҳаял ҳәм бул ҳасыл береди деп түсиндирилген. Анахита ҳәм митраға сыйыныў эрамыздың IV әсирге шекем даўам етти. Хорезмде басы адам, денеси өгиз тәризли болған қоспалы мификалық мақлуқ Гамомард (Гөпатшах) қа да сыйынған. Қубла Арал бойы халықлары тотемизм ҳәм шаманизм, динлерине де исенген.

Хорезмде ҳәм Соғдианада Сиявушқа сыйынған. Сиявуш өлседе қайтып тириледи, яғный жаздан кейин гүз, гүзден кейин қыс, қыстан кейин бәҳәр ҳәм және жазға келип тәбият оянады. Өсимликлердиң бәҳәрде қайта көгерип өскениндей ҳәм өлилердиңде қайта тирилетуғынына исенген. Сиявуш ҳаққында эпсананы X әсирде Фердаўсий өзиниң Шахнама эпосын жазғанда пайдаланады. Авестодағы зардуштийлик дини дәстүрлери бойынша қуяш, от, суў, жер, ҳаўаның тазалығын талап еткен ҳәм оларды дүньяда ең мухаддес деп есаплаған. Қарақалпақ дәстаны Шәрьяр, Едиге, Қобланда, Дәўлер, Пери, тас адамлар ҳәм суў астында тиришилик ҳаққындағы сөзлер Авестоға барып тақалады. Үлкемизде «Авесто» нызамында, зардуштийлик кәбиристанлар «таўлы» бийик орынларда ҳәм төбелерде сақланған.

Зардуштийлик динде, отқа табыныўшылық белгили орынды тутады. Усы дәўирде отқа сыйыныўшылық ибадатханалары (храмлар) салынады. Мәселен, Жамбас қалада, орайлық көшениң ақырында қурылған өжирениң ортасында дөңгелик сыпада, арнаўлы металлдан исленген эташтанда «бәркулла» от жанып турған. От храмлардың қурылыслары, Базар қала жанында, үлкен Айбүйир қалада, Елхараста, Гяур-3, Қазақлы жатқан (Ахшахан) ҳәм Ташқырманда табылып изертленген. Бул храмларда, мухаддес от арнаўлы өжирелерде сақланған ҳәм храмлардың дийўалларында реңли- сюжетли сүўретлерде болған. Зардуштийлик динине исениўшилердиң диний байрамларында мал сойып, қурбанлық бергенде, «Мәңги таза от» арнаўлы храм жайларында жағылып ҳәм халық сол оттың кәраматлығына сыйынған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Зардуштийлик дини дәстүр бойынша, б.э.шекемги IV-II эсирлерде, мархумлардың сүйеклери гөшинен тазалаған соң, өлини екинши рет сүйеклерин тас, ылай ҳәм алибастрдан ислен-ген төрт мүйешли қутышаларға (оссуарайларға) салып жерлеген. Оссуарайларға салынған сүйеклерди, дәстүр бойынша бәлент орынларға (тау жыраларына, төбеликлерге, қарбақанаға айланған қалалардың дийўалларына) апарып жерлеген. Мәселен, Султануаис тау дизбеклерине, Үстирт бәлентлигине, Қуба тау, Порлы тау, Қусхана тау, Төк тау ҳәм Миздахканда Зардуштийлик қәбирстанлар болады. Өлген адамлардың сүйеклерин гөшинен айырып алыў ушын, өлиниң денесин уақытша апарып қоятуғын орын Шылпық дахмасы болады. Шылпықтың бийиклиги 15 м, ол дөңгелек формада болып, дийўалы пахсадан салынған. Диаметри 65-70 м. Бундай дахма хызметин атқарған жер Қуба тау, Миздах-кан, Қусхана тау ҳәм Порлы таўлар болады. Өлини жерлеў дәстүри менен илимпазлар Қой-қырылған қаланыда байланысты-рады. Қаланың орайлық бөлими Хорезм ақ сүйеклерин жерлеў ушын, денесин отқа жағып ҳәм күлин ассуараларға салып сақлаў хызметин атқарған. Әмиўдәрья алабында зардуштийлик дәстүр-диң кеңнен тараўына қарамастан ҳәм өлини қәбирге жерлеўде ушырасады. Мәселен, Базар қала этирапынан табылған қәбирис-танда өлилерди қәбирлерге жерлеген. Бул, Қарақалпақстан аймағында ҳәр түрли этник топарлардың жасағанын дәлиллейди.

## § 8. Көркем өнери

Қарақалпақстан, Хорезмде қалалар ҳәм архитектуралық қурылыслар өседи. Мәселен, Қой қырылған қаласы храм-абсерва-ториясы көриниси сол дәўирдеги архитектор –уста өнерментлер-диң айрықша шеберлигин көрсетеди. Оның орайлық дөңгелек пландағы еки қабатлы дийўал қурылысы ҳәм оның 9 минарасы ҳәм қаланың дәрўаза алдындағы арнаўлы жай-қурылыслар жүдә шеберлик пенен салынған. Бул қаланың арнаўлы өжирелеринде, руўханийлер, хызметкерлер, әскерлер, қуслар жасаған ҳәм азық-аўқатлар сақланған. Қой қырылған кала С.П.Толстовтың пики-ринше елде патша-атақлы адамлар өлгенде олардың денесин өтка жағып жерлейтуғын ҳәм астрономиялық бақлаўлар жүргизетуғын орын болған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Естеликлерди естеликлерин археологиялық қазыў нәтийжесинде көплеген гүлал ыдыслары табылды. Гүлалшылардың жоқары дәрежедеги шеберлиги ҳаққында нәзик сайма- сай өмирдиң тийкары болған қуяшты сүўретлейтуғын ашық реңлер менен боялып исленген ыдыслар гүўа болады. Әсиресе гүлал фляганың (суў қуйып алып жүретуғын ыдыс) сыртындағы аңшылық, сарай турмысы сүўретлери ҳәм әййемги әпсаналардан алынған үзиндилер қызықарлы. Айырым сүўретлердеги көринислер әййемги шығыс искусствосы ушын бурыннан киятырған дәстүрлер еди. Мысалы: өмир терегиниң алдында артқы аяқларында турған ҳайўанлардың сүўрети ҳәм сол дәўирдеги тастан соғылған мөрлерде де әпсаналық образлардың көринислери бар. Оларда оқ жайдың оғы тесип өткен қанатлы арыслан, суўын, жабайы ҳайўанның суўынға топылысы, «скиф ҳайўанат стилиндеги», «талаў көриниси», фантастикалық қус, аттағы қудай ҳәм басқада көринислери берилген.

Бул елде мүсинлерди соғыў б.э.шекемги IV әсирлерден басланады. Олардың көриниси образы алдыңғы Азия иконографиясына уқсайды. Ҳаяллардың үлгисинде көпшилик жағдайда тәбияттағы өнип өсиўди көрсетеди. Узын көйлектеги, шапан жамылып ҳәм қолын көкирегине басып турған қудай- ҳаялдың мүсини әдеттегидей көбирек ушырасады. Қолына ыдыс, айна х.т.б, затлар услап турған көринислердеги ҳаял мүсинлериде бар. Жалаңаш қудай ҳаялдың мүсинин ислеўде таралған. Б.э.шекемги II әсирлерде қолына бала услап отырған ҳаялдың мүсини пайда болады.

Еркек адамлардың мүсинин соғыў кемирек болған. Әдеттегидей олар жергиликли (скиф) кийиминде исленген. Айырым мүсинлерде эллинистлик иконографияның айырым белгилери ҳәм гейде Индияның тәсириниң излери де ушырасады (Дионис, Гиппократ). Тағыда мүсинлердеги будданың басы ҳәм жас баласын услап турған маймыл мүсини әййемги Индия искусствосына уқсайды. Батырлықтың ҳәм жақтылықтың басланыўын сәўлелендиретуғын аттың көриниси кең таралған. Аттың көринислери менен гүлал ритонлары ҳәм гүзениң тутқалары арысланның басындай мүсинлери менен безелген. Ыдыслардағы бул көринислер көз тийиўден сақлаў ушын исленген болыўы мүмкин. Гәўир


www.ziyouz.com kutubxonasi

қаладан пилдиң мүсини, Хорезмниң Шават районындағы Топырақ қаладан адам баслы өгиздиң («гопотшах») мүсини табылды.

## § 9. Жазыў

Қарақалпақстан ҳәм Хорезм ўәлаятында, б.э.шекемги IV-II әсирлерде жасаған халықлары Шығыс Иран тилиниң ҳәр түрли диалектинде сөйлеген. Ески түрк тилиндеги жазыў еле табылмады. Бул туўралы дәрьяның оң тәрепиндеги Қой қырылған қала, Аяз қала 1, Бурлы қала, Топырақ қала, Миздахкан, Төк қала, шеп тәрепиндеги Гәўир қала, Үлкен Айбүйир, Хумбузтепе ҳәм басқада естликлерден табылған жазба нусқалар мағлыўмат береди. Илимпазлардың пикиринше бул жерде арамей ҳәриплери тийкарында дәслепки жазыў б.э.шекемги IV әсирлерде пайда болған. Бул жазыў араблардың Орта Азияны жаўлап алыўына шекем қолланылған. Арамей ҳәриплеринен пайдаланыў ҳәм сол дәўирде арамей тили кең таралған. Ол Иран мәмлекетинен алынған болыўы мүмкин. Әййемги Хорезм тили еле толық үйренилмеген. Тек айырым илимпазлардың пикиринше ол Иран тиллер топарының шығыс шақапшасына киреди деп есапланылады.

Бизиң заманымызға дейин келип жеткен естеликлерде гүлал ыдысларға тушь ямаса ойып- сызып жазған жазыўлар, ыдыстың сынған бөleклерине сыя менен, қурылыс дийўалларындағы сыбаўлардағы, тери, ағаш ҳәм сүйеклерге жазылған хожалык есапларын аңлататуғын дереклер болады. Сөзсиз, әййемги елде бизге шекем келип жетпеген диний, тарийхый ҳәм илимий әдебиятлар болған. Олар туўралы Топыраққаладан табылған патшалардың, руўханийлердиң мүсинлери ҳәм оралған қағаз услап турған адамның сүўрети дәлил болады. Елдиң тарийхый әдебий китапларын араблардың жоқ еткени туўралы ат –Табари ҳәм Беруний жазып қалдырады. Үлкен Айбүйир қаладан табылған, хумың сыртына ойып жазылған жазыў, елдиң ертедеги жазыўы болады. Жазыў археологиялық ҳәм палеографиялық мағлыўматлар тийкарында б.э.шекемги IV-III әсирлерге тийисли. Жазыўда ыдыстың ишине 150-200 литр суйықлық сыйатуғыны жазылған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Аязқала 1 естелигинде дийўалға ойып, б.э.шекемги III әсирде жазылған жазыў, «жумсақ» ямаса «кеўилдегидей емес» деген мәнисти аңлатқан. Бурлы қала естелигинен табылған түйениң жақ сүйегине қара тушь пенен адам атлары б.э.шекемги II әсирде жазылған. Қой-қырылған қаладан гүлал ыдысларға, адам мүсинлерине жазылған жети жазба нусқа табылады. Олар тийкарынан б.э.шекемги III-II әсирлерде жазылған. Топырақ қаланы қазып изертлегенде, С.П.Толстов басшылық еткен Хорезм археологиялық экспедиция ағзалары: тақтайға, териге хәм сүйекке қара сыя менен жазылған жүзлеген хожалық хүжжетлерин табады. Оларда үй ийелериниң атлары, сол дөгеректе жасайтуғын адамлар (балалары, ҳаялы, күйеў баласы, қул хызметкерлери) хәм хожалық есапларның дизимлери жазылған. Усындай жазыў Хумбуз тепеден табылды. Ерте орта әсирдеги жазыўларға Төк қала, Миздахканнан табылған, оссуаралардағы жазыўлар хәм Жекке Парсоннан териге жазылған жазыў табылды. VII әсирге тийисли ерте түрк жазыўы Сырдәрья дельта бойынан табылды. Бул жазыўлар оазистеги халықлардың Иранның шығыс шақапшасында ал VI-VII әсирлерден баслап ерте түрк жазыўларынан пайдаланғанын көремиз.

## § 10. Арал бойы сакларының турмысы

Қадимги Хорезм мәмлекетиниң сиясий хәм мәдений тарийхы Қарақалпақлардың аймағында жасаған сак-массагет сарматлардың турмысы менен байланыслы өтти. Б.э.шекем IV-II әсирлердеги дийханшылық елатлары менен турақлы экономикалық-мәдений байланыслары, Арал бойындағы саклардың Баланды, Ширик-рабат хәм Бабиш мулла естеликлердиң мәдений қатламларынан табылған. Өнермент усталарының таярлаған гүлал ыдыслары хәм ондағы нағыслар дәлиллейди. Хорезм мәмлекети арқа-батыс хәм Сарықамыс бойларында жасаған сак-массагетлер жасаған шегараларға хумбуз печлер салып олардың өнермент буйымларына болған талабын қанаатландырып отырады. Көшпели шарўашылық пенен шуғылланған сак-массагетлердиң шегарасында, Айбүйир, Даўкескен, Ақшакөл хәм Ақша Гелин деген қалалар салынады. Бул қалалар, сыясий, экономии-


www.ziyouz.com kutubxonasi

калық ҳәм мәдений саўда орайларына айланады. Көшпели саклар мал өнимлерин Хорезмлилердиң өнермент буйымларына алмасып отырады. Сак- массагетлердиң бир топары, Хорезмлилердиң мәдений тәсиринен зардуштийлик динин қабыл етеди. Б.э.шекемги V әсирлерде Алтай ҳәм Жетисуў регионларда қәдимги түрк қәўимлери турмыс кеширеди. Ертедеги түрклер, өзлериниң ата-бабалары сыяқлы мархумларының қәбирлерине белги ретинде тас ойып ҳәм оларды ат пенен бирге жерлейди. Б.э.шекемги V әсирге тийисли Жетисуўдағы саклардың патшасы жерленген. Ысық қабиринен ең әййемги түркий жазыўының табылыўы ҳәм Орайлық Азия жерлеринде жасаған сакларда ең әййемги жазыўдың болғанын дәлиллейди. Б.э.шекемги III-II әсирлерде Арал бойларына түрклердиң миграцияға ушырап араласыўы күшейеди. Усы дәўирде гуннлер, теле этнослары, қаңлы ҳәм жети асарлар, Хорезм аймағына араласа баслайды. Тарийхый дереклерде гуннлерди, хионий ҳәм эфталитлер мененде байланыстырады. Бирақ, бул мәселе изертлеўди талап етеди. Әййемги дәўирде Арал бойы сак массагетлер, сармат, қаңлы, гунн ҳәм теле қәўимлериниң бир топары ерте түрк тили шақапшаларында сөйлеген болыўы итимал. Б.э.шекемги VI-II - әсирлерде саклардың жәмийетлик турмысы әскерий демократиялық конфедерациялық мәмлекетлик дәрежесине көтериледи.

VI-VIII әсирлердеги болған Шахсәнем, Жекке Парсан ҳәм Күйик калалардан табылған адам мүсинлериниң физикалық түркелбети Орайлық Азияда кең таралған түрк этносларға уқсайды. Бул, мүсинлер, ерте орта әсирде, отырықшы, дийхан елатларына, түрклердиң араласқанынан дерек береди. Антропологиялық жақтан бул мүсинлерде монғоллық рассаның белгилери басым болып келеди. Солай етип, IV-VIII әсирлерде, Хорезмде афригийлер мәдениятының пайда болыўында түрклердиң тәсири күшли болған, ал, Арал бойындағы көшпели шарўа халықлардың материаллық мәдениятына, Хорезм мәдениятының тәсири тийген.

IV әсирдиң ортасында, Орта Азияға, арқа- шығыстан, Жетисуў, Шығыс Түркстан жерлеринен Хионит қәўимлери араласады. Жазба дереклерде, IV әсирде, Иранды басқарған сасаний шахларының Хионитлер менен урысының саўаш майданы Әмиўдәрьяның (Узбойдың) шеп тәрепинде болғаны айтылады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ, бул урысқа Хорезмлилердиң тартылғаны, ямаса қатнаспағаны бизге белгисиз.

II-IV әсирлерде Хорезмниң пайтахты Топырақ қала болған. Пайтахт қала, жүдә беккем етип қурылған. Орта Шығыс еллеринде пайтахт қала белгиси ретинде: басқарыў патша сарай (резиденциясы), муқаддес ибадатхана (от храмы), архитектуралық курылыс, жазыў болыўы керек. Топырақ қалада, пайтахтқа дерек белгилердиң бәри бар. Бирақ, еле Хорезмниң б.э.шекемги IV-II әсирлер аралығындағы пайтахт қаласы табылған жоқ. Хорезмниң б.э.шекемги III-I әсирлердеги пайтахты Қыят (ал-Фир) қала болды»,-деп болжайды Я.Ғуламов. бул, қаланы орта әсирде Әмиўдәрьяның дегиши алып кеткен, сонлықтан қалың пайтахт болғанын дәлиллеў қыйын. Б.э.шекемги IV-II әсирлерде пайтахт қала Қазахлы жатқан (Ақшахан) болды деп болжайды илимпаз В.Н.Ягодин. Қаладан б.э.шекемги II әсирге туўра келетуғын ибадатхана ашылды. Қаланың майданы 42 га, қала қалың еки қатар дийўаллар менен қоршалған. Бирақ, қаланың жасы б.э.шекемги II әсир болғаны ушын, ҳәм қала ишинде Ҳүкимдардың резиденциясы ушыраспайды хәм қаланың мәдений қатламының қалыңлығы аз көлемде, ҳәм өнерментшилер кварталы ашылмағаны ушын, бул пайтахт қала бола алмайды. Қазахлы жатқан қалада б.э.шекемги III- әсирлерде, қурылысы питпей қалған VI-VIII әсирлерде, ерте феодаллық қатнаслардың қәлиплесип раўажланыўы басланды. Бирақ бул дәўирде, Орта Азия қалалардың санын анықлаў қыйын. Жазба мағлыўматлар бойынша усы дәўирде Орта Азияда 20 қала болған.

VI-VIII әсирлерде Хорезмде қалалардың саны ҳаққында жазба дереклер жүдә аз. Араб тарийхшысы ат-Табарий, Хорезмди араблар жаўлап алыў дәўиринде, Хорезмде үш қала: Қыят, Хазарасп, Үргениш болды деп жазады: В.В.Бартольд пикиринше, ерте орта әсирде, қалалар үш бөлимнен турған. Биринши, басқарыў орай (цитадель) Кухендиз), екинши Шахристан, үшиншиси Рабад.

Хорезмниң пайтахт қаласы Қыят, қаланың таяныш тиреги есапланған бийик қорғаннан (ал-Фир) цитаделинен, Шахристан ҳәм рабадтан турған. Патша Африг қала шегарасы ишинен өзиниң бийик қорғанын салдырды деп жазады. Беруний, Ерте

орта эсирде Хорезмде, феодал ҳәўли бекинис қорғанларының қаптал айланасында жайласқан өнерментшилер, саўдагерлер есабынан қала халқы саны көбейеди. Ҳәўли-қорғанлар қалаларға айланады. Хорезм шегараларында көшпели шарўалар менен саўда байланыслар турақлы болады. Өрта эсир қалалары, суўғарыў каналлар сағаларында жайласып, сол ҳәўли –қорғанларда отырған феодаллар, дийханшылықты суўғаратуғын суўларды қалағалап отырады. Усы дәўирде, феодаллық өндирис қатнаслары тез раўажланады. Ал арқа районларда патриархарлық дүзим қалдығы узақ сақланып, феодаллық қатнасықлар эсте өседи.

Ерте орта эсирдеги қалалардың бири «Бүркит қала» болады. Майданы 1 га (100х100 м) болған цитадель (кухендиз) ден ҳәм майданы 5 га болған Шахристан қаладан турады. Бүркит қала 10,5 м бийик дийўаллар менен қоршалып, оның мүйеши минарлар менен бекинеди. Цитадель ишинде майданы бирнеше м болған бийик минар донжон үстинде турақ жай жайласқан. Минар үстиндеги турақ жайды VI-VIII эсирлерде пайдаланған. Афригийлер дәўиринде Хорезмде үлкен қалалар көп болмаған. Афригийлер тусында антик дәўириндеги қалалардың үстинде, жаңа топографиялық планда, заман талабына сәйкес қалалар салынады. Орта эсир қалалары, феодаллық ҳәўли қорғанларға айланады. Афригийлер дәўиринде феодаллық ҳәўлилер жанында өнерментшилик раўажланып, жайлар, аўыл елатлар пайда болады.

## § 11. Саклардың мәденияты ҳәм көркем өнери

Арал бойы саклары, Иран ахеменийлери, Бактрия, Хорезм, Қытайлардың Чжоу ҳәм Хань империялары дәўириндеги көркем өнерлери менен таныс болған «Б.э.шекемги VIII эсирден баслап саклар арасында кең таралған ҳайўанат стили» атлы көркем өнер түри көп таралады. Көп ғана буйым затларда қошқар, түйе, жолбарыс ҳәм бүркит сыяқлы жануарлар көринислери салынды. Оларда хайўанлардың бир-бири менен айқасып атырған образлары бериледи. Саклар алтын, гүмис ҳәм бронза металлардан безениў затларды көп ислейди. Басқа халықлар сыяқлы, сакларда тәбият қубылысларына күнге, гүлдирмамаға, найзағайға, самалға,


www.ziyouz.com kutubxonasi

күшли даўылларға сыйынып ҳәм оларды караматлы деп исенген. Бул тәбийғый қубылыслар оларға құдайдай болып көринген. Саклардың түсинигинше құдайлар адамларға қанатлы ат тулпарлар, қуслар ҳәм басқа ҳайўанлар түринде көринеди деп ойлаған. Усы образлардың мифологиясы аўыз-еки әпсаналарда кең орын алғаны ушын «ҳайўанат стили» пайда болады. Саклардың зергерлик көркем өнерлери үлгиси (сырға, бронзадан исленген жүзик, қурал жарақлар, ҳайўанат сүўретлери менен безелген буйымлары) Тегискен, Уйгарак ҳәм Ысық қәбирлеринен табылды. Саклардың мифологиясында атлар, күн ҳәм от пенен байланыслы болады. Дүнья әлемин жаратқан көк танири Митра ҳәм Авестода жазылғандай төрт ат жегип арбада шаўып жүреди. Бул атларға Сурья Яма ҳәм Анги Индира құдайлардың қатнасы болады. Сак қәбирлеринен ҳәм олардың сопақ бас кийимлеринде қанатлы тулпарлардың сүўретлери салынады. Тулпар атлар ҳаққында қарақалпақлардың Алпамыс ҳәм Қоблан дәстанларында ушырасады. Саклар дүньяны, тәбиятты ҳәм космосты түсиниўде өзинше түсиниклерге ийе болған. Митра, Индра қусаған құдайларға байланыслы дүнья: жер асты орта жер бети ҳәм жоқарғы дүньялар аспан үстилери деп түсинген. Олардың түсинигинше дүньяның төрт тәрепи оң, сол, алғы ҳәм артқы тәреплери болған. Улыўма алғанда сак- массагетлердиң «ҳайўанат стили» сак қәўимлердиң дүньяны аңлап түсиниўдеги ҳақыйқый көриниси олардың мифологиясында, көркем өнеринде сәўлелениўи, саклардың мәдениятының ҳәм идеологиясының қалиплескенин дәлиллейди.

Қадимги дәўиринде сак-массагетлер, сарматлар, қанлылар, гуннлар қәўимлери Арал бойы халықлары менен бирге, өзлерине тән материаллық, руўхый мәденияты ҳәм диний дәстүрлерди пайда етеди.

### § 12. Қарақалпақстанда қаңлы (кангуй) мәмлекети

Кангуй б.э.шекемги 323 жылы Искендер Зулхарнайн қайтыс болғаннан кейин Орта Азияның тийкары ўәлаятлары болған Бактрия, Маргиана, Парфия ҳәм Согдиана Искендер Зулхарнайн әскер басшысы Селевка 1 Нихатор тийкарын салған. Селевкий патшалығына киреди. Бул ўақытта Хорезм өз ғәрезсизлигин


www.ziyouz.com kutubxonasi

сақлап қалады. Б.э.шекемги III әсир ортасында узақ даўам еткен азатлық гүреслерден кейин Орта Азия ўәлаятлары Селевкийлер патшалығының үстемлигинен азат болады. Б.э.шекемги II әсирдиң ортасында Грек- Бактрия патшалығы дүзиледи. Оны Грек-македонлардан шыққан Диодот басқарады. Парфия патшалығын дах қәўимлериниң көсеми Аршак басқарады.

Б.э.шекемги II әсирдиң 20-жыллары Орайлық Азиядан жылысқан көпшилик көшпели қәўимлер Парфия ҳәм Грек Бактрия патшалықларының өмир сүриўине қәўип туўғызады. Қытай тарийхшысы Сым Цянның жазыўына қарағанда, б.э.шекемги II әсирдиң 70 жыллары Орта Азиядағы жайлаў жерлери ушын гүресте Сюн-ну (гунн) қәўимлеринен жеңилген юечжи көшпели шарўалар батысқа қарап жылысады. Юечжи, Даван (Ферғана) арқалы өтип Бактрияны өзине қаратады. Грек тарийхшыларының мағлыўматларына қарағанда бул жүриске Сырдәрья алабындағы Арал бойы сак қәўимлериде қатнасады. Б.э.шекемги II әсирдеги юечжийлер менен Сырдәрья бойындағы саклардың бир бөлими Арал әтирапы бойлап жайласады. Нәтийжеде сак-массагет қәўимлериниң мәкан жайлары болған, Ширик- рабад ҳәм Бабиш молла қалалары қарабаханаға айлынды. Усы дәўирдеги жазба дереклерде Сырдәрья бойы алабларында пайда болған қаңлы (Кангюй) мәлекетиниң аты айтылады. 138 жылы Қытай императоры Уди батыс еллерге Чжан Цянь басшылығында кәрўан менен елши жибереди. Арадан 12 жыл өткеннен кейин ҳәм көп қыйыншылықлардан соң Чжан Цянь елине қайтып келеди. Оның берген муғлыўматларында ҳәм бурын Қытайға белгисиз болған мәлекетлердиң аты аталады. Солардан Қаңлы мәмлекети болып, оның ҳәкимниң ордасы Деванның (Ферғана) арқа батысында 200 км қашықлықта жерде жайласқан. Олардың үрпи-әдети юечжилерге жүдә уқсас ҳәм 90 мың әскерлери бар деп жазады. Қаңлы мәлекети арқалы Уллы жипек жолы өтип ҳәм қанлылар Ферғанадан Аралға шекемги аралықтағы жолды өз қолларында услап турған. Қанлы мәмлекетинде халықлардың этникалық қурамы ҳаққында толық мағлыўмат жоқ. Қаңлылардың қайсы тилде сөйлегени ҳаққында да пикирлер ҳәр қыйлы. А.Н.Бернштамның пикиринше қанлылар түрк тиллес халықлар болған ҳәм басқа илимпазлар қанлыларды


www.ziyouz.com kutubxonasi

Иран тилинде сөйлеген халықлар қатарына жатқызады. Б.э.шекемги III әсир ортасында Сырдәрья бойына түрк қәўимлеринин көплеп миграцияға ушырап келиўи нәтийжесинде канлылар өзлериниң этникалық қурамын ҳәм тилин өзгерткен деп болжайды. Қалай болсада Қарақалпақлардың ири руўларының бири Қанлы болады. Б.э.шекемги II әсирде Грек- Бактрия патшалығын қулатыўға қатнасқан юечжи қәўимлери басшылары Хорезмде ҳүкимдарлық етип, өз сулаласын орнатып ҳәм теңгелер басып шығарады. Көшпели шарўа қәўимлердиң Арал бойына араласыўы нәтийжесинде бул жерде материаллық мәдениятында өзгерислер пайда болады. Гүлал ыдысларды таярлаўда формасы өзгереди ҳәм сапасы төменлейди. Тарийхый әдебиятларда, Кангуй менен Хорезм бир мәнисте, яғный бир мәлекет деген С.П.Толстовтың пикири кең таралып ҳәм мақулланып келди. Бул тийкар оқыў китапларға киргизилди. Бул болжаў ўақтында дурыс еди. Бирақ. соңғы жылларда кең көлемде алып барылған илимий изертлеўлер нәтийжесинде бул көз қарас илимий жактан тастыйықланбады. Кангуй мәмлекетинин жайлаўлары Сырдәрьянын орта бөлимлеринде болып ҳәм оның сиясий-баскарыў орайы (резиденциясы) шөли (Ташкент) оазисинде болған. Жазба дереклерге қарағанда, Кангуй мәмлекетине Арал бойы, Согд ҳәм Хорезм жерлери қараған. Б.э.шекемги II әсирде Хорезм мәмлекетинин хүкимдары көшпели шарўалардан таярланған. Жазба дереклерде. б.э.шекемги 1 әсирде Кунгуй күшли мәмлекетке айланып ҳәм 120 мын әскерге ийе болған. Тийкарынан атлы нөкерлер, пияда әскерлер узын найза, кылыш хәм оқ жай менен қуралланған. Кангуйлердиң хожалығы қурамалы болып, дийханшылык, мал шарўашылық, балыкшылык хәм аншылық пенен шуғылланған.

Кангуйлер тәбият кубылысларына, куяшка, отқа ҳәм суўға исенген. Олар кәраматлы қудай деп қошкар хәм койлардын кәраматлығына исенген. Хожалык буйымлары болган: гүзе, саркум ҳәм басқа ыдыслардың қундағын көбирек қойдың бас коринислери менен безеген. Оны «фарн» қудайы деп есаплап, «фарн» адамға, шаңараққа дәўлет ҳәм бахыт келтиреди деп исенген. Кангуйлердиң бир топары зардуштийлик динди кабыл еткен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# IV БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН I-IV ӘСИРЛЕРДЕ

## § 1. Хорезм ҳәм Кушан

I-IV әсирлерде Орта Азия халықлары тарийхы кушан патшалығы дәўири менен байланыслы. Бирақ кушан патшалығы тарийхының басланыў дәўири еле жетерли дәрежеде үйренилмеген. Б.э.шекемги II әсирдиң екинши ярымында көшпели юечжи қәўимлери Бактрия патшалығын қулатып өзине қаратады ҳәм сол жерде өз мәмлекетин дүзеди. Көп ўақыт өтпей юечжи мәмлекети беске бөлинип кетеди. Б.э.шекемги 1 әсирдиң басында Қытай жылнамаларына қарағанда, олардың күшлиси болған гуйшун (кушан) қәўимлериниң басшысы Киоузюкю Куджула, юечжилерди бириктирип ҳәм өзин Юечжи қәўимлериниң ҳүкимдары деп дағазалайды. Кушан мәмлекетиниң биринши патшасы Куджула Кадфиз, Бактрияны ҳәм Орта Азияның қубла районларын қаратып үлкен империя дүзеди. Өзин «уллы қутқарыўшы» ҳәм «патшалардың патшасы» деген ат алып теңгелер басып шығарады. Куджула Кадфиз улы Вима Кадфиз Ҳиндистанның Ганга дәрьясының батыс тәреплерине шекем жерлерди қаратады. Кушан мәмлекети Канишка патшалық еткен дәўирде экономикалық ҳәм мәдений жақтан жәнеде өседи. Кушан империясына Орта Азиядан басқа Арқа Афганистан, Ҳиндистан ҳәм Шығыс Түркстан жерлери қарайды. Кушан империясы, Рим империясы менен сиясий ҳәм мәдений байланыста болады. 99-жылы, Римге кушан патшалығынан елшилер барады. Бирақ, кушан империясының ҳәр түрли дәўирлердеги арқа шегарасы туўралы елеге шекем анық илимий мағлыўмат кем. I-IV әсирлерде, Арал бойлары ҳәм Хорезм Кушан патшалығы менен экономикалық ҳәм мәдений саўда байланыста болған. Кушан патшалығынын мәмлекетлик дини буддизм болған. Жанбас қала, Хумбуз тепе ҳәм Қазақлы жатқан қалаларда II-III әсирге тийисли будды мүсинлери табылады. Кушан патшаларының мыс теңгелери Арал бойы қалаларында ушырасады. Бул жерде кушан теңгелери қайта басылады. Кушан патшаларының мыс теңгелериниң Хорезм қалаларының мәдений қатламларынан (Топырақ қала) табылыўына қарап С.П.Толстов, Хорезм кушан патшалығына қараған деп

www.ziyouz.com kutubxonasi

жуўмақ шығарды. Кушан теңгелери Хорезм қалаларына саўда мәдений байланыс жолы менен келип түседи. Олай болса Хорезм кушан патшалығынан ғәрезсиз жасаған мәмлекет болған. I-III әсирлерде Хорезм қалалары арқалы өткен «Уллы жипек жолы» менен қубла Арал бойы қалалары Қытай, Ҳиндистан, батыс Иран, Сирия ҳәм Рим империясы менен саўда байланыста болады. Елдиң суўғарыў тараўлары кеңейеди, қалалардың саны өседи ҳәм өнерментшилик раўажланады. Жәмийетте урбанизациялық ҳәрекетлер күшли өседи. III әсир ақырларынада ишки ҳәм сыртқы жағдайларға байланыслы кушан патшалығы қулап ҳәм бир бөлеги Иран сасанийлерге қарайды. Иран сасанийлер шығыс еллерди басып алады. Хорезмде сасанийлердиң қараўына өтеди. Көп узамай Хорезм Иран сасанийлерден өз ғәрезсизлигине ерисип өз теңге пулларын басып шығарады.

## § 2. Қала урбанизациясы

I-IV әсирлерде Қарақалпақ аймағында ҳәм Хорезм областы жеринде қалалардың саны өседи. Қала урбанизациясы жәнеде өседи. Бурынғы қалалар: Қой қырылған қала, Хийўа, Базар қала, Гүлдирсин ҳәм Төк қала қайта ремонтқа ушырап кеңейеди. Олар, бурынғыдай дийханшылық ҳәм мәдений орайы болып қала береди. Қалалардың сыртқы дийўаллары қайта қурылады. Олардың санитарлық жағына кеўил бөлинеди. Төк қала ҳәм Топырақ қалаларда, пайдаланған суўлары сыртқа шығаратуғын қубырлардан канализация қурылады. Дийханшылық оазис шегараларына киши Қырық қыз, Аяз қала, Гяуир қала, Жанбас қала, Төк қала ҳәм Калажик қусаған бекинис қорғанлар салынады. Оларда, әскерий гарнизонлар турады.

II-IV әсирлердеги, ең үлкен жақсы қазылып тексерилген қалаларға Топырақ қала болады. Топырақ қала туўры мүйешли (555х300 мм) қала дийўаллары ҳәм квадрат түнринде салынған минар дизбеклери менен беккемленген. Қос дийўаллардың арасындағы қабат гүмбезленип бастырылған айналма дәлиз болып оның үстинде мергенлердиң (гезерменлердиң) жолы болған. Қала дәрўазасынан қаланың дал ортасын екиге бөлип өткен ҳәм ени он метр орайлық көше орналасқан. Орайлық көшеден оған перпен-


www.ziyouz.com kutubxonasi

дикуляр бир неше көшелер бөлип шығады. Бул көшелер бойлап қалада 9-10 үлкен кварталлар жайласқан ҳәм кварталда туўысқан адамлар жасаған. Ҳәр бир кварталларда жасаған адамлардың өзлерине тийисли сыйыныўы орынлары болған. Қаланың арқа тәрепинде базар жай ҳәм орайлық сыйынатуғын от храмы жайласқан. Топырақ қаланың арқа-шығыс тәрепинде 3 этажлы Хорезм шахларының дем алып, диний байрамларын өткеретуғын, бийиклиги 20-25 м болған ҳәм 3 минарлы сарайы салынған. Топырақ каладағы сарайдың өжиреллери салтанатлы етип безелген. Сарай залларының көзгенеги ҳәм текшелери бир-биринен гөззал етип исленген. Топырақ қала сарайларында Хорезм шахлары ҳәм олардың зайыпларының ҳәм туўысқанларының сарай хызметкерлериниң сыйынатуғын қудайларының скульптурасы табылды. Сарай дийўалы текшелери түрли реңде әшекейленип исленген ҳәм сюжетли нағыслар менен безелген. Сарайдың жеңи залында Хорезм шахының отырған қәддиндеги ҳәм оған жеңис тажы кийдирип атырған жеңис қудайының ылайдан исленген скульптурасы табылады. Сарайдың салтанатлы залынан басқа ғәзийне склады, өндирис өжирелери, әскерий қураллар жайы ҳәм оқ жай соғатуғын устахана болған. Топырақ қаланың арқа тәрепинде арқа сарай деп аталған майданы 14 га болған естелик сақланған. Бул жердеги сарайдың дийўалларыда сюжетли нағыслар менен безелген, сыйыныў залары ҳәм от храмы болған. Топырақ қала сарайынан табылган илим ҳәм мәдeният ушын ең әҳмийетли үлкен олжалардың бири хожалық архив болады. Бул архив ески Хорезм жазыўының әжайып естелиги болып есапланады. Ағаш тахтайға, териге ҳәм сүйекке жазылған ҳүжжетлерде Хорезм шахлар ғәзийнесине келип түскен салық дизимлери жазылған. Ҳүжжетлерде шаңарақ ағзаларының атлары ҳәм оларға ғәрезли қуллардың саны жазыған. Топырақ қала сарайы 2-3 этажлы болып ҳәм бул қалада турмыс V-VI әсирлерде қарабаханасы марҳумларды жерлейтуғын оссуариялық қәбиристанға айланады. Хожалығы I-IV әсирлерде Қарақалпақстан ҳәм Хорезм ўәлаяты жерлеринде жасаған халықлардың экономикасы жақсы раўажланады. Суўғарыў тараўлары қайта қурылады. Гәуир қала (Пахта арна), Хейканик (Палўан жап), Мадра, Вадак, Қырық қыз каналлары кеңейтилип, тиккелей Әмиўдәрьядан саға алған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәтийжеде суўғарып егилетуғын дийханшылықтың майданы кеңейеди. V-IV әсирлердеги дийханшылық егинлеринен: бийдай, арпа, тары, жүўери, мәш ҳәм лобия егиледи. Техникалық егинлерден: пахта, жоңышқа ҳәм кендир егиледи. Жүзимгершилик жақсы өседи ҳәм жүзимниң өнимли сортлары егилген. Дийханшылық пенен бир қатарда мал шарўашылығы өседи: қара маллар, қой-ешки, жылқы, түйе ҳәм үйлерде қус асырайды. Әмиўдәрья бойларындағы көллерден балық аўлайды. Балықшылықта ағаш кемеден ҳәм аўдан пайдаланады. Бағшылық ҳәм палыз егинлеринде көп егеди.

Өнерментшиликтиң басым тараўы гүлал ыдысларын таярлаў болады. Гүлал ыдысларды шарықта таярлап ҳәм арнаўлы хумбуз печлерде писириледи. Гүлалшылық өнерментшилик орайлары Хумбуз тепе, Жанбас қала, Базар қала ҳәм Айбүйир қала дөгерегинде жайласқан. Өнермент- гүлалшылар хожалық буйымларын аўыл-елатлар ушын ҳәм базарға сатыў ушын ислеген. Адамлардың мүтәжин қанаатландырыў ушын затлар алып таярлаған. Гүлал ыдыслардың түрлери жүдә көп болған мәселен үлкен хумлар-суў сақлаў ушын, бакаллар, кеселер, табақлар ҳәм гүзелер жүдә шеберлик пенен таярланған. Темиршилик ҳәр бир қалада ислейди. Темирши, зергерши усталар халықты күнделикли турмысына керекли пышақ, темир шыра, орақ, биз, кетпен, балта, мыстан исленген, тастан исленген буйымларға, айна, сырға, жүзик, билезик ҳәм басқа тағыншақларға болған талабын қанаатландырып отырған.

Темиршилер устаханаларда қурал-жарақлардан: саўыт, темир қалпақ (шлем), найза, қылыш, қанжар ҳәм оқ жай ушлары исленген. I-IV әсирлерде оқ жай ислеў, сүйектен қурал ислеп, оларға нағыс салыў устаханалары, Топырақ қала ҳәм Хазарасптан табылған.

I-IV әсирлерде тоқымашылық өседи. Бул ҳаққында Жампық қала, Қой қырылған қала, Хийўа, Айбүйир қала, Төк қала ҳәм Миздахканлардың мәдений қатламларынан табылған уршықтың баслары дәлил болады. Жип ийиретуғын уршық баслары, ылайдан күйдирип, алибастра ҳәм тастан исленген. Булардан басқа пахтадан тоқылып исленген гезлеме таўарлардың бөлеклери тастыйықлайды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

I-IV әсирлерде ақша-товар қатнасы раўажлана баслайды. Усы дәўирде қала базарларында зат алмасыў менен бир қатарда теңге пуллардан да пайдалана баслайды. Арал бойы қалалары арқалы халық-аралық «Уллы жипек жолы»ның тармақлары өткен. Топырақ қала, Хийўа ҳәм Гәўир қалалардан табылған шығыс еллеринен әкелинген жипек гезлемениң бөлеги бул айтқангымыздың дәлийли болады. Демек, Арал бойы халықлары I-IV әсирлерде Ҳиндистан, Қытай, Иран, Кавказ ҳәм Кушан патшалығы қараўындағы еллер менен мәдений саўда байанысында болған. Әсиресе Яксарт (Сырдәрья) алабындағы ҳәм Үстирт жағаларындағы көшпели қәўимлер шарўа менен өнерментшилик, аўыл хожалық өнимлерине мал шарўашылық өнимлерин алмастырып саўда жасаған.

I-IV әсирлерде жәмийетте социаллық өзгерислер даўам етеди. Социаллык катламларға бөлиниўшиликлер өсе баслайды. Урыўшылық жәмийетлик дүзимниң калдыкларынын сакланыўына қарамастан ҳәм жәмийетте онша үлкен болмаған ҳәўли жай қорғанлар таралады. Үлкен аталар басқарған шаңараклардан кишкене шаңарақ ийелери бөлинип шығыўы даўам етеди. Ири жер ийелери ҳәм дийхан-аристократлар бурынғыдан өзиниң шаңарақ ағзалары менен қалың дийўаллар менен қоршалған екиүш этажлы бийик ҳәўли- қорғанларда жасайды. I-IV әсирлерде Арал бойы дийхан-аристократлар хожалығында қуллардың мийнетинен пайдаланады.

## § 3. Кәдимги шаңарақ

Б.э.шекемги IV-II әсирлердеги қалаларда адамлар көп бөлмели квартал (массив) үйлерде жасап ҳәм олар үйдеги затларды бирге пайдаланған. Соған қарағанда жәмийетте аталар басқарған үлкен шаңарақлар баслы орынды ийелеген. I-III әсирлерде елдиң экономикасынын раўажландырыўы, суўғарыў тараўларынын кеңейиўи ҳәм өнерментшиликтиң өсиўи үлкен шаңарақлардан бөлек ерли-зайыплы киши шаңарақлардың бөлинип шығыўына жағдай туўады. Бирақ, олар жәмийетте басым көпшиликти тутпаған. Усы дәўирде Арал бойларындағы көшпели шарўаларда да туўысқан үлкен аталар басқарған шаңарақлар болған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

I-IV әсирлерде шаңарақлар туўралы мағлыўматларға Топырақ қаладан табылған архив дереклери жатады. Хожалық ҳүжжетлери тахтаға ҳәм териге жазылған. Оларда үйлердиң саны ямаса еркек адамлардың саны көрсетилген. Топырақ қала ҳүжжетлерин оқығанда II-III әсирлерде Хорезмде өзинше үлкен шаңарақлар ямаса «вут» (үй, семья) деп аталған. «Вут» термини белгили социаллық шөлкем болып, ол сөз Мессопотамиядан, Египеттен ҳәм Киши Азиядан табылған жазба ҳүжжетлерде ушырасады. Тарийхшы И.М.Дьяконовтың пикиринше, «үй жәмәәти ямаса үй–бул хожалық, оған атасы, анасы менен олардың ер балалары, турмысқа шықпаған қызлары, тағыда үйленген балалары, ҳаяллары ҳәм балалары менен бирлеседи».

Ҳүжжет бойынша Хорезм «вут» ы қурамына үй ийеси, ҳаялы, оның балалары, күйеў балалары ҳәм үй қуллары кирген. Қуллардың «вут» қурамында болыўы үй ийесиниң үлкен ҳәкимлик ҳуқыққа ийе болғанлығын көрсетеди. Мысалға, 8-ҳүжжет бойынша үйде 17 қул ҳәм олардың 12 си үй хызметкерлери есапланған. 10- ҳүжжет бойынша үйде 12 қул болып ҳәм олардың 10 ны үй ийесине тийисли. Бундай үй ағзаларына қуллардың бөлиниўи Хорезмде II-III әсирлерде қулларға ийе өз алдына үлкен шаңарақтан болғанлығының гүўасы болады. Бирақта үй басшыларының атының ямаса атағының болмағанлығынан ҳәм бул шаңарақлардың басшылары қандай социаллық категорияға киргенлиги туўралы жуўмақ шығарыў қыйын. Ҳүжжетлердин ишинде, тек Ширманок үйиниң дизиминде ғана төрт еркек адамның аты белгили (үй ийеси ҳәм үш қулдың).

Бул шаңарақтағы қуллардың биреўи–үй ийесиники, биреўи оның ҳаялыныки ҳәм биреўи анасыники. Бул үйдиң дүзими семьядағы ересек ер адамлардың үлкен шаңарақтан бөлинип атырғанлығын, яғный II-III әсирлерде Хорезмде улыўма бир өндиристе ислейтуғын үлкен шаңарақлар менен қатар майда шаңарақлардың бар екенлигинен дерек береди. Е.Е. Неразиктиң есабы бойынша ҳәр бир жеке үлкен шаңарақ «вут» 20-40 еркек адамлардан ибарат болып бундай шаңарақлар үйи 10-15 өжиреден ибарат жайларға ийе болды. Ауыллық жерлерде, әсиресе Аяз қала ҳәм Жанбас қала дөгерегиндеги мәканларында айырым

www.ziyouz.com kutubxonasi

үйлердиң майданы 675-970 кв м болып ҳәм онда шама менен 20-40 адам жасаған.

II-IV-әсирлерде аўыл мәканларының планларын анализлеп үйренгенде өз алдына хожалық жүргизиўине байланыслы шаңарақлардың ҳәр қыйлы басқыштағы қәўимлерден бөлинип шыққанын көрсетеди. Бул туўралы жеке үйден ямаса өз алдына бир-биринен бөлек, бир неше онлаған, 100 леген метр қашықлықта атызлардың аралығында 2-3 үйден топарласып жасаған. Алдына хожалық (дийханшылық, мал шарўашылық х.т.б.) жүргизетуғын үйлердиң жайласыў ҳәм қурылыслары мағлыўмат береди. Бундай үйлер топарының бир-бирине жақын туўысқан үлкен аталық шаңарақлардан бөлинип шыққан хожалықлардан ибарат болады. Олар туўысқанлығы бойынша бир туўысқан урыў топарына кирген. Бундай жағдайды Жанбас қала ҳәм Дузқыр аўыл-мәканларының жайласыўында көремиз. Улыўма, I-IV әсирлерде Арал бойларында шаңарақлардың қурамы, саны турақлы болмаған, яғный үлкен ири шаңарақлардан ибарат жәмийеттиң өзгерип турғанын ҳәм гейде олардан майда шаңарақлар бөлинип шығып турғанын байқаймыз.

Арал бойы халықларының кийимлери туўралы археологиялық табылмалар ҳәм жазба дереклер көп мағлыўматлар береди. Геродоттың мийнетинде Грецияға атланыс жасаған ахеменийлер патшасы Ксерксттиң ләшкерлери арасында хорасмийлердиң болғанын ҳәм олардың бактриялылар сыяқлы қурал-жарақ пенен тәмийинленгенлиги айтылады. Бундағы қурал-жарақ дегенде әскерий қуралларын ҳәм кийим-кеншегин түсинемиз. Герадот бактриялылардың мидиялылардың кийимлери бир-бирине жүдә уқсаған бас кийим кийгенлигин жазады. Мидиялылардың бас кийими бос кийизден қулақшын түринде исленген. Ахаменийлердиң тасларға ойып ислеткен сүўретлеринде хорезмлилер, саклар нағыслар ямаса тери менен жийекленген узын шекпенде ямаса шапанда, балағы тар шалбарда, ушлы ҳәм жумсақ аяқ кийимде берилген. Басында қулақшын тәризли алқымынан илинген сопақ ушлы топпысы болған.

I-IV әсирлерге жататуғын еркеклердиң усындай кийим-кеншеги, Топырақ қала ҳәм Султануайс таў етегиндеги Гаўир қаланы қазып изертлегенде хорезмлилердиң сүўретлеринде ҳәм


www.ziyouz.com kutubxonasi

мүсинлеринде берилген. Табылған мүсинлерге қарағанда ҳаял-қызлар бир тутас узын, гейде бели бууылған көйлек, ийнине жегде жәнe кең орамал жамылып, аяқларына жумсақ етик ҳәм басына бийик малақай кийгенин билемиз. Гейде басын ораған. Олардың жақсы көретуғын безений затларына дизбе моншақлар, жүзик-билезиклер, сырғалар ҳәм басқада безениў затлар киреди.

Әййемги Хорезм ҳәм саклардың әскерий қурал-жарақлары, олардың урыс алып барыў ҳәм урыс усыллары ҳаққында жазған С.П.Толстов болды. Геродоттың (б:э.шекемги V әсир) мағлыўматы бойынша ахеменийлердиң әскерлеринде хызмет еткен хорезмлилер ҳәм саклар саўашларды ерлик көрсеткен. Олар, қысқа найза, қылыш ҳәм узаққа атылатуғын оқ жай менен қуралланған. Б.э.шекемги V әсирде еле қурамалы оқ жай кең таралмаған. Қалалықлар естелигинен табылган гүлал флягасында түйениң үстинде отырған адамның оң жанбасындағы асыўлы турған келте қылыштың сүўрети берилген. Қумбыз төбеден табылған флягада аўыр қуралланған узын найзалы атлының ҳәм Қой қырылған қаладан табылған флягада аўыр салмақлы найзалы атлы әскердиң сүўрети сызылған. Қумбуз төбеден, Хийўадан, Қой қырылған қаладан, Төк қаладан, басқада естеликлерден табылған ылайдан күйдирип ҳәм тастан жумалақ етип исленген домалақ топлар (ядро) урысларында сақпанға салып атып қолланылғанлығынан дерек береди.

Қалалардан ҳәм аўыллардан қыйлы формадағы оқ жайдың оғының ушлықлары табылған. Б.э.шекемги IV-III әсирлердеги естеликлерде қоладан исленген үш қырлы ҳәм үш қуйрықлы оқлардың ушлықлары көп ушырасады. Бул дәўирдеги урыс қурал-жарақлары туўралы Топырақ қаладан табылған затлар гүўа болады. Сарай комплексиниң түслик-шығыстағы өжирелериниң биринен оқ жай, оқлар, олардың алтын жалатқан қыны, қоладан исленген белбеў ҳәм саўыттың пластинкаларының бөleклери табылды. Оқ жайдың биреўи пүтин табылып ол 160 см узынлыққа ийе. Хорезмлилердиң әскерий қурал-жарақлары ҳәм урыс апарыў усыллары оның әтирапындағы көшпели қәўимлердиң тәсиринде раўажланады. Урыста баслы соққы бериўши күш атлы ләшкерлер болған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Арал теңизиниң шығысындағы қонсы апасиак, сак қәуимлери хорезмлилердей б.э.шекемги IV –III әсирлерде темир қабыршақлардан ҳәм пластинкалардан исленген әскерий саўытлардан пайдаланған. Буны Ширик рабат естелигинен табылган саўыт бөлеклери тастыйықлайды. Бул дәўирде қысқа қылыштың орнына аўыр ушлы қылышлар пайда болады. Бундай қылыштың туткасының көриниси Топырақ қаланың «патшалар үлкен өжиресиндеги» мүсинлерде сақланған.

## § 4. Руўхый мәденияты ҳәм дини

I-IV әсирлерде Хорезмде бурынғыдай Зардуштийлик динине исениў даўам еткен. Оссуарияларға мархумның сүйеклерин салып, екинши рет жерлеў кең тaралған. Арал бойында жасаған көшпели шарўа саклардың бир бөлеги Хорезм мәдениятының тәсиринде, зардуштийлик динин қабыл еткен. Ал, бул динди қабыл етпеген көшпели шарўалар өз мархумларын қәбирлерге жерлеген, қәбир үйтине белги ретинде топырақ үйген ямаса таслар қойып, төбешик етип белгилеген. Буны археологиялық әдебиятларда қорған деп атайды. Олар, Әмиўдәрьяның Сарықамыс дельта бойларында, Үстирт кенислигинде ҳәм Сырдәрья бойларында көп ушырасады. Әдеттегидей, оттың кәраматлығына сайыныў даўам еткен. Топырақ қаладағы, Қазақлы жатқанда, Таш қырмандағы от храмлары бунын дәлийли болады. Ол храмлардың қурылыслары ертедеги Мессопатамия ҳәм Иран еллериндеги муқәддес от храмларға уқсас болып келеди. Арал бойы халықлары зардуштийлик динге, тәңирге ҳәм тәбият кубылысларына исенген. I-IV әсирлерде Хорезмге буддизм дининиң тарқалыўы да сезиледи.

## § 5. Мәденият ҳәм көркем өнер

I-IV әсирлерде Арал бойы халықлардың өзине тән мәденияты көркем өнери ҳәм архитектура қурылыслары раўажланады. Сүўрет салыў, адам, ҳайўанлардың мүсинлерин ислеў ҳәм жайларда безеў архитектураның ажыралмас бир бөлеги болып есапланады. Эрамыздың басларында архитектуралык қурылыс-


www.ziyouz.com kutubxonasi

лардағы ақ, жасыл бояўлар менен боялған дийўаллардағы текшелерде ҳәр түрли реңдеги нағыслар салыў ҳәм имаратлардың ишин ҳәр түрли реңдеги нағыслар менен безеў кең таралады. Адам ҳәм ҳайўанлардың мүсинлерин ислеў шеберлиги жоқары дәрежеде болған. Мәселен, Гаўир қаладан табылган алибастра араластырыў усылында исленген ер адамның басының көриниси, тек ҳақыйқатлыққа жүдә жақын болып қоймастан ҳәм оның өзине тән физикалық келбетин көринисин көрсететуғын жүдә гөззал скульптура болып есапланады.

II-III әсирлерде көркем өнери Топырақ қала табылмаларынан белгили. 15 м бәлентликтеги тырнақтың үстине салынған сарайдың салтанатлы үлкен өжирелеринен ҳәр түрли реңде боялған нағыслар, ылайдан, алебастрдан соғылып боялған мүсинлер ҳәм дийўалдың бетине түсирилген сүўретлер көбирек табылды. Мүсинлерде кудайлардың, патшалардың ҳәм оларға жақын туўысқан адамлардың сүўретлери исленген. Топыраққаладан табылған көринислер ҳәр қыйлы. Биракта бирде көринис бизге шекем толық жетип келмеген. Сонлықтан олардың мазмуны туўралы толық түсиникке ийе емеспиз. Айырым сақланған пишинлер, көринислер тек шәртли түрде «саз шертип отырған әрфашы хаял», жип ийириўши «ҳаял», «түйе гүлдәсте» ҳәм басқа деп те аталынады.Дерлик сарайдың ҳәмме өжирелеринде боялған нағыслар ҳайўанлардан жолбарыс, кырғаўыл, балық, қара қус, бир өжиресинде музыка әсбапларының сүўретлери берилген.

Көплеген естеликлерден I-IV әсирлерде Қубла Арал бойы қалаларында басып шығарылған теңге табылды. Олардың бир тәрепинде Хорезм басқарыўшыларының ҳакимлеринин, екинши тәрепинде атлы адамның ҳәм династиялық белги ҳәм жазыў басылған. Теңге пуллардың сегиз әсир даўамында турақлы түрде шығарылыўы Хорезмде мәдений дәстүрлердиң турақлы түрде раўажланғанын билдиреди ҳәм олар мәмлекетшиликтиң нышаны болған. Усы дәўирде, өнермент- усталар, гүлал ыдысларды ҳәр түр формада ислеп, нагыслар менен бояйды. Қалалардың мәдений қатламларынан табылған, теңгелер, адам ҳәм ҳайўанат мүсинлери. I-IV әсирлерде көркем өнердиң жоқары дәрежеде болғанынан дерек береди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

I-IV әсирлерде Хорезмниң сиясий-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўы, Әмиўдәрья дельта бойларындағы, Сырдәрья алабында жасаўшы сак- массагетлер менен шығыс экономикалық -мәдений байланыста болған. Сак-массагетлердиң жасаған жайларынан ҳәм қәбирлеринен Хорезм өнермент усталарының ислеп шығарған хожалық буйымлары ушырасып турады. Булар, Хорезм менен сак-сарматлардың этномәдений байланыста жасағанынан дерек береди.

## § 6. Қарақалпақстан аймағы уллы жипек жолында

Батыс еллерди –шығыс еллер менен байланыстырып турған узынлығы 12 мың км артық «Уллы жипек жолы», б.э.ш. II әсирде қәлиплеседи. «Уллы жипек жолы» сөзин (терминди) 1877-жылы немец тарийхшысы К.Рихтгофен, «Қытай» деген китабында киргизеди. Шығыс пенен батыс еки жол арқалы байланыста болған. Қубла жол: Қытайдан басланып, Орта Азия арқалы жақын Шығыс ҳәм арқа Ҳиндистан қалаларына барған. Арқа жол: Қытайдың арқасынан басланып, Памир ҳәм Арал бойлары арқалы Волга бойы қалаларынан өтип, Қара теңиз жағаларына барған. Бул жоллардың майда тараўлары көп болған.

Усы дәўирде «Уллы жипек жолы»ның арқа тармағы: Гөне Үргениш, Миздахкан, Хийўа, Хазарасп арқалы Марыға өткен. Және бир тармағы: Қыят қаласы арқалы, Аралдың шығыс жағасы менен Ширик- Рабат, Бабиш мулла арқалы, Сырдәрья алабы халықлар менен байланысқан. Бул қалалардың мәдений қатламларынан жипек таўардың қалдық нусқасы Жақын Шығыс еллеринен. Қара теңиз жағасы қалаларында, Ҳиндистан, Мыср, Иран еллеринде исленген таўарлар, айналар реңли таслардан исленген моншақлар, шийше буйымлары табылды.

Уллы жипек жолы халқымыз тарийхында ҳәм бүгинги күнде үлкен әҳмийетке ийе. Халықлар арасындағы қарым-қатнас тек ғана саўда ҳәм елшилик қатнаста болып қоймай, ал халқымызды мәдений ҳәм руўхый жақтан да раўажландырыўшы болып та хызмет атқарады. Сонлықтан да бүгинги күни Уллы жипек жолы өткен жолларды изертлеў ҳәм сол тийкарда елимизди раўажландырыўға әҳмийет берилмекте. Президент И.А.Каримов Швейца-


www.ziyouz.com kutubxonasi

рияның Альтендорф қаласында Өзбекстан саўда үйин ашыў ўақтында сөйлеген сөзинде «Бизиң мәмлекетимиз арқалы соның ишинде Самарқанд, Бухара, Хийўа, Ташкент ҳәм Ферғана сыяқлы гөззал қалалары арқалы уллы жипек жолы өткен. Бул жол Азия менен Европа ортасында исенимли мәдений ҳәм саўда көпири болып хызмет қылған. Ҳәзир биз усы әййемги жипек жолын тиклеў ҳәм оны заманагөй мазмун менен толтырыў ушын пүтин күш ғайратымызды сарыплап атырмыз» деген еди. Ҳақыйқатында да бурынғы жипек жолы өткен жоллар тийкарында қайта салынып атырған Қоңырат автомобиль жолының ҳәм Наўайы-Ушқудық-Нөкис темир жолының қурылыўы республикамыздың қоңсы мәмлекетлер менен қарым қатнасын еледе раўажландырады.

Қарақалпақстан жеринен «уллы жипек жолының» өткенине байланыслы 1989, 1991-жыллары республикамыз арқалы БМШ ның ЮНЕСКО шөлкеми тәрепинен шөлкемлестирилген ҳәм жәҳәнниң 24 мәмлекетлери ўәкиллери бар экспедиция өтти. Олар Аязқала, Жанбас қала, Топырақ қала ҳәм Миздахкан сыяқлы әжайып естеликлеримиз бенен танысты.

1937-жылдан баслап үлкемизде изертлеў жумысын жүргизген Хорезм экспедициясы батыс пенен шығысты байланыстырып келген «Уллы жипек жолы» тармақлары үлкемиз арқалы өткенин дәлийллеп берди. Жипек жолы кесиспесинде жайласқан Хорезм саўда байланысында Арал ҳәм Каспий әтирапларын шығыс Европа менен байланыстырыўшы бағдарда Орта Азияның «дәрўазасы» хызметин атқарған. Вольга бойы, Арал әтирапларын шарўа–дийханшылық өнимлерин алмаслаўға Хорезм тийкарғы ролди атқарып ҳәм соның тәсиринде бул жерде ири өнерментшилик орайлары болған. Кят, Үргениш, Миздахкан ҳәм басқада қалалар раўажланған. Топырақ қала, Гәўир қалалардан табылған шығыс еллеринен әкелинген жипек гезлеменин бөлеклери ҳәм үлкемиздиң халық-аралық саўда да «Уллы жипек жолы» ның тармақлары өткенниң дәлийли болады. Демек Арал бойы халықлары I-IV әсирлерде Индия, Қытай, Иран, Кавказ ҳәм Кушан патшалығы қараўындағы еллер менен мәдений саўда байланысында болған. Әсиресе Яксарт (Сырдәрья) алабындағы, Үстирт жағаларындағы көшпели қәўимлер менен өнерменшилик, аўыл хожалық


www.ziyouz.com kutubxonasi

өнимлерине мал шарўашылық өнимлерин алмастырып саўда жасаған. Буларды байланыстырыўшы жоллардың бири Бухарадан арқа-батысқа Қызыл қум арқалы өтип Қорғанша, Шымбай, Хожели, Қоңырат қалалары арқалы Үстиртке өтип, ҳәм қоңсы аймақлар менен байланысқан. Соның менен бирге бул дәўирде саўда менен шуғылланыўшы саўдагерлерге үлкен әҳмийет бериллген. Себеби олар бир неше тилди, миллетлердиң үрип-әдетлерин, турмыс тәжирийбелерин терең түсинген, ҳәм ҳадал инсанлар болған. Олар тек ғана саўдагер ғана емес, ал өз заманының ең абырайлы адамлары, елшилик қатнаста алып барып ҳәм илим- мәденият таратыўшыда болып есапланады Сонлықтан да жасларды жас ўақтында шет тилди билиўге, ҳәм саўда ислериниң әдислерин билиўге тәрбиялап барған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# V БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ЕРТЕ ФЕОДАЛЛЫҚ ЖӘМИЙЕТ

## § 1. Сиясий жағдай

I-IV әсирлерде жәҳән халықлар тарийхында үлкен сиясий өзгерислер келип шығады. Батыс Европаның Балтик бойы жағаларынан герман қәўимлериниң шығысқа қарап жылысыўы, ал шығыстан түрк этносларының батыс мәмлекетлерге қарап жүриси, «халықлардың уллы қозғалаңын» келтирип шығады. Нәтийжеде, батыс Европа ҳәм қулшылық Рим империясы қулайды. Усы ўақытта Орайлық Азияда, Кушан империясы өз өмир сүриўин тоқтатып ҳәм оның орнына майда феодаллық мәмлекетлер пайда болады. Батыс Европада V -әсирде Вандал, Вестгот, Бургунд ҳәм Остгот майда королликлер пайда болса, Орта Азияда Хорезм, Бухара, Кердер ҳәм Шаш мәмлекетлери дүзиледи. III-V әсирлерде Арал бойына, Хорезм оазисине Алтай, Жетисуў, батыс Сибирь, Шаш (Ташкент) оазиси жерлеринен ҳәм Сырдәрья жағаларынан көшпели шарўа ярым түрк этнослары келип жергиликли халықлар менен араласып жасай баслайды. Сиясий –экономикалық жақтан ҳәлсиреген Хорезм мәмлекети миграцияға ушырап келген көшпели қәўимлердиң ел ишине келип араласыўына қарсылық көрсете алмайды. Шығыс Иран тилинде сөйлеген хорезмлилердиң арасында түрклердиң саны көбейеди. III-IV әсирлерде сиясий- экономикалық кризистен Хорезмниң бир неше қалалары босап қалады. Қой қырылған қала, Айбүйир қала, Жанбас қала, Базар қала, Ийшан қала, Ахшахан тағы басқа қалаларда тиришилик тоқтайды. Топырақ қала IV әсирден баслап қәбирстанға айланады. Келте минар, Тазабағ жап, ҳәм Хайканик (Палўан жап) каналлары бойларындағы егислик майданы қысқарады.

IV-V әсирлерде ишки сиясий ҳәм социаль экономикалық кризистен кейин Орта Азияда, соның ишинде Арал бойларында ертедеги феодаллық өндирис қатнасықлары қәлиплесе баслайды. Феодаллық өндирис қатнасықлардың өсиўи менен үлкен қалалардан турмыс көбирек аўыллық елатларға өтеди. Жәмийетте көбирек өндирис қуралларға жерге ийе болған ири жер ийелери бөлинип шығады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар жәмийеттиң сиясий турмысында үлкен абырайға ийе болып, мал мүлик, ауыл ақсақаллары, руў ҳәм қәуим басшылары сыпатында танылады. Соның ушын да заманның, елдиң дәстүри бойынша нызамлы рәуиште жерлердиң бир бөлеги ауыл ҳәмелдарларының қарауына өтеди ҳәм жерлер олардың мийраслық мүликке айланады. Ерте орта эсирде ири жер ийелери болған ақсүйеклер «дийхан» яғный «ауыл ҳәкими» деген ат пенен таныл ады. Олар Орта Азияда антик дүзимниң соңғы басқышларында пайда болған жаңа ақсүйек қатламлардың ўәкиллери еди. «дийқан» ақсүйеклери, жәмийеттеги пухара (жарлылар) «кедиверлерди», «кашоварз» ларды (жер сүриўши, кос айдаўшыларды) өз жерлерине бекитип ислете баслайды ҳәм жерлерди арендаға берип пайда көреди. Солай етип VI-VIII эсирлерде қубла Арал бойы халқының социаллық ҳәм сиясий турмысында үлкен өзгерислер келип шығады.

Бул жағдай V-VI эсирлерде феодаллық қатнасықлардың қәлиплесиўине ҳәм экономикалық жақтан жәмийеттиң алға илгерилеўине мүмкиншилик туўдырады. Суўғарыў тараўлары жетилистириледи. Бул жағдайлар мийнеткеш дийханлардың атызларды жақсы ислеўине, ҳәм егислик майданларын кеңейтиўине мүмкиншилик берген. Жазба мағлыўматлардың болмаўына байланыслы елдеги феодаллық қатнасықлардың қәлиплесиўиниң анық жолларын көрсетиў қыйын, бирақ ауыллық жәмәэтлердиң қатламланыўы баслы орынды тутқан. Жәмийетте социаллық жақтан жикке бөлиниўшилик келип шығыўы тийкарында бурынғы ауыл қәуимлериниң ыдыраўы нәтийжесинде олардың бир бөлими ғәрезли пухаралар яғный кедиверлер қатламына айланды. Екинши жақтан феодаллық өндирис қатнасықларының өсиўи менен ири жер ийелери дийхан, яғный, үстем класс ўәкиллери пайда болды. Әскер басшылары мәмлекетке еткен хызметлери ушын ҳакимлерден саўғаға жерлер алады. Феодаллық дүзимде дийханшылық елатларында ижараға бериў халықтың көпшилик бөлимин феодаллық ғәрезликке айландырыўдың эпиўайы жолларының бири еди.

VII-VIII эсирлерде Хорезмде дийханшылық елатлары үлкен каналлардың тармақлары болып жайласқан. Дийхан аристократлар яғный үстем класс ўакиллериниң ҳәўлилери канал жаға-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ларына жақын жайласып, ҳәм суўғарыў тараўларын қадағалап отырған. Ҳәўлилердиң бундай жайласыўы жәмийетте аўыл қәўимлериниң социаль –экономикалық қатламларға бөлип ҳәм олардың ишинен ири жерлерге ийе болған дийхан- феодаллардың бөлинип шыққанлығынан дерек береди. Жәмийеттиң тийкарын еркли дара хожалықлар тутқан.

Эфталитлер V әсирдиң орталарынан баслап Орта Азиядағы сиясий турмыстағы үстемлик эфталитлердиң қолына өтеди. Олар өз мәмлекети Орта Азияның қубла ўәлаятларында пайда етеди. Орта Азия жери ушын гүресте олар иранларды жеңип, ҳәм бурын Иранға қараған областлардың бир бөлегин басып алады. VI әсирдиң екинши ярымының басынан баслап Иран «сасанийлер» оларға салық төлейтуғын болып қалады.

Эфталитлер V әсирдиң екинши ярымында Тохарстанды, Гандахра, арқа Индияны, ҳәм VI әсирдиң ақырында болса шығыс Түркстан жерлерин өзине бағындырды. Олар ҳаққындағы үзинди мағлыўматлар бизге Қытай, Сирия, Византия, армян ҳәм араб авторларының жазба дереклеринде жетип келген. Усы дереклерде бул қәўимлер ҳәр түрли атлар менен аталған: е-да, абдел, эфталит, хептал, идал, хайтал, йафтал ҳәм басқалар. Бул мағлыўматлар тийкарында эфталитлер турмысында урыўшылықтың көринетуғын әййемги қәўим қатнасықларының күшли болғаны, көсем ямаса белгили ақ сүйеклердиң тири ўақтында оларға хызмет еткен адамларын ақ сүйек эфталит өлгеннен кейин, ҳәм оның менен бирге жерлеў дәстүрлериниң болғаны сөз етиледи. Қәдимги руўлық үрип-әдетлердиң сақланыўына қарамастан ҳәм, эфталитлердиң жәмийетлик дүзиминде социаллық жиклерге бөлиниў басланады.

Эфталитлердиң келип шығыўы туўралы илимде еле бир пикир жоқ. Бир бөлек илимпазлар эфталитлерди юечжи (тохар) қәўиминиң әўлады десе, басқалардың пикиринше ҳәм, олар гуннлардан келип шыққан ямаса эфталитлерди қәдимги түрк-монғол қәўимлер қатарына жатқарады. Япон алымы К.Еноки ҳәм рус алымы Л.Н.Гумилев эфталитлерди Иран тилинде сөйлеўши Бадахшан таў етегинде жасайтуғын қәўимлерге киреди дейди. С.П.Толстовтың пикиринше, эфталитлер IV-V әсирлерде Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья алабында жасаған сак-массагет қәўимлери


www.ziyouz.com kutubxonasi

әўлатларының гунн-түрклер менен араласыўынан келип шыққан. Бирақ эфталит ҳәм хионитлердиң Каспийдиң қубла- шығыс жағында, Хорезмниң арқа-батыс районларына қоныс басқаны ҳаққында археологиялық материаллар бар (Гөне Уаз, Қанқа қала, Шаштөбе). Орта Азиядағы эфталитлер мәденияты 587-жыллары түрк қағанаты тәрепинен қулатылады.

## § 2. Қарақалпақстан аймағында афригийлер мәмлекети

X-XI эсирлерде жасаған Хорезм алымы Берунийдиң жазыўына қарағнада 305-жылы Хорезмниң мәмлекети басына Африг патша отырады ҳәм өзиниң аты менен Афригийлер сулаласына тийкар салады. Өзиниң басқарыў орайын Топырақ қаладан, Қыятқа көширеди ҳәм Кят қаласы жанынан Ал-Фир (Ал-Фил) атлы бекинисли бийик ҳәўли- сарай салдырып жасайды (ҳәзирги Беруний қаласы дөгерегинде). Африйлер сулалалары Хорезмде 305-жылдан 995-жыллар аралығында басқарады. Усы жыллары Хорезмде 22 шах өзгереди. 995-жылы Қыят қаласын Гургандж ҳүкимдары Мамун басып алып ҳәм пайтахт Қыят қаласынан Гурганджке (Гөне Үргенишке) көшириледи.

III-IV эсирлерде Хорезмде Алтай, батыс, қубла Сибирь, Жети суў ҳәм, Сырдәрья бойларынан түрк этнослары миграцияға ушырап келеди ҳәм олар жергиликли халықлар менен бирге жасап отырықшы болып қалады. Хорезмге көшпели, ярым көшпели этнослардың араласыўы ониң материаллық ҳәм руўхый мәдениятына тәсир тийгизеди. Антик дәўирдеги ислеп шығарылған қурал ыдыслардың формасы өзгереди, ылайды таярлаў, ыдысларды соғыў технологиясы ҳәм ойыў нағысларында да өзгериске ушырайды. Таярланған қурал ыдыслардың қапталлары қалың, бояўлары көкшил-ақшыл, гүлал ыдыслардың мойынларына, аўыз ернеклерине жабыстырып салынған нағыслар, Сырдәрья бойларында Алтай, Жетисуў ҳәм Сибирь жерлеринде жасаған түрк этнослардың ыдысларындағы нағысқа усаған болады. Антик дәўирлерде кең тарқалған бакаллар ҳәм, суў салып алып жүретуғын ыдыслар бурынғыдай исленбейди. Эрамыздан бурынғы IV-II эсирдегидей гүзелердиң қундақларын арыслан сүўретлери менен безеў усыллары қолланбайды. Материаллық мәдениятында


www.ziyouz.com kutubxonasi

болған өзгерислер ҳәм Хорезм оазисинде көплеп түрк қәуимлериниң араласыўы нәтийжесинде болады.

IV-VI әсирлерде аўылларда ҳәўли қорғанлар пайда болады ҳәм олардың көркиде өзгереди. Үлкен сарайлар, ҳәўлилер ишиндеги ҳәр түрли өжирелер қурылып, ҳәм олар феодаллық бекинис қорғанларға айланады. Жеке үлкен ҳәўли қорғанлар Жекке Парсан, Бүркит қала, Қабат қала, Тесик қала ҳәм Үй қала орынларында пайда болады. Бундай бөлек-бөлек ҳәўли қорғанлар ерте орта әсирде жәмийетте жаңа феодаллық ҳәм, социаллық қатламлардың қәлиплескенинен дерек береди. IV-VI әсирлерде феодаллық жәмийетлик дүзимге тән ҳәм жәмийетте кең таралған социаллық топарлардың ҳәўли қорғанлары Орта Азияның барлық ўәлаятларында қәлиплеседи.

Хорезмге түрклердиң араласып, афригийлер мәдениятының қәлиплескенине қатнасқанын ҳәм елдиң арқа- шығыс- арқа тәрепинде Тахтакөпир районы аймағында жайласқан Барақтам (IV-V әсирлер) дәлиллейди. Барахтам еки қабатлы, оның үлкен өжирелери пахса ҳәм елде кең тарқалған қам гербишлерден салынған. Ондағы өжирелердиң гүмбез тәризли бастырылыўы ҳәм түрклерде кең тарқалған қара үйлерди еске түсиреди. VI-VIII әсирге тийисли астына гербиш төселген қара үйдиң орны Күйик қаладан табылды.

Ерте орта әсирде дийўаллар менен қоршалған бийик минарлар бар ҳәўлилер жанынан, өнерментлердиң қоныс басыўы ҳәм саўданың раўажланыўы нәтийжесинде Хорезмде орта әсир қалалары пайда болып раўажланады. Мәселен, Бүркит қала, Үй қала, Хазарасп, Ишан қала, ҳәм Тесик қала усындай жол менен қәлиплескен. Бул қалалар еки топографиялы бөлимнен ибарат болып, оның бир бөлиминде тығыз жайласқан турақ жайлар орналасса, екинши бөлиминде өнерментлер, олардың устаханалары ҳәм базар жайласады. Бул орынларды қазып изертлегенде, турақ жайлардың мәдений қатламларынан, темир қураллар (пышақ, орақ, кетпен, биз) темир сынықлары, оқжай ушлары, көмир қалдықлары ҳәм теңгелер табылады.

Елде Бекинис қорғанлар менен қоршалған турақ жайлар көп болған. Қорғанлардың дийўаллары ишинде бағлар ҳәм, егислик атызлар арасында бөлек-бөлек жайлар болған. Афригий патша-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ларының пайтахты Қыят қаласында, патшаның басқарыў сарайы Ал- Фир (Ал-Фил) үш қатар дийўаллар менен қоршалып, олардың биреўи, екиншиси жайласып ҳәм ҳәр биреўиниң дийўалларының бийиклиги басқасына қарағанда бийик болған. Афригийлер дәўиринде қала қорғанлардың архитектура қурылысы ҳәм олардың жеке фортификациясы жоқары дәрежеде болған. Феодал ҳәўли ҳәремлери, сарай қурылыслары бүгинги, өз заманындағы архитектуралық қурылыс тараўы бойынша топланған тәжирийбелер, қорғаныс техникаларды ҳәм фортификацияларды есапқа алып қурылған. Феодал ҳәўлилердиң қурылыслары пахса, гербишлерден салынып, олардың мүйешлери дөңгелек ҳәм ярым дөңгелек минарлар менен беккемленген. VI-VIII әсирлерде феодал ҳәўлилери үшеклери (бийик турақ жай донжон) ҳәм үшеклерсиз болып келеди. Минар ҳәм адамлар жасаў ушын арналған бийик турақ жай (донжон) дийўаллары пахса, гербишлерден өрилген ҳәм бийик алты метрлик қурылыслар биринши қабаттың үстине салынады. Минарлар ҳәм донжонлар феодал сарайының қорғаныў дизбеклерин пайда еткен. Минардың үстиңги текшелерине шығып, узынша дәлиз арқалы қорғанның ишине кирип, биринши қабаттағы жайлардың иши менен жүрип ҳәм донжон- минардың турақ жай бөлмесине баратуғын болған. Ал оннан армаған гербишлер менен өрилген текшелер арқалы қала ишине баратуғын қупыя жол болған. Гейде, қорған сарайдың кирер дәрўазысы еки минарлар менен қорғанған.

Бекинис қорған қалалардың, сырты дийўалларының 4-9 м алдында, қаланы қоршаған пәскелтеклеў дийўал болған ҳәм онында гезерменлери болған. Мине усындай жол менен қорған қалаларды жағалап созылған дәлизлерден, минарларда (башняларда) турып, душпанларға қарсы оқ жайдан оқ атыў қолайлы болған ҳәм ҳәўли- жайларды душпаннан қорғаған.

Бундай қорғаныў усылы, шығыс халықлардың қалаларында әййемги дәўирлерден белгили болып, орта шығыс еллеринде, антик ҳәм орта әсирлерде кең тараған. Егер, сыртқы душпан ҳәўли қорғанларды қоршап алғанда, қала ишиндеги қамақтағы халықты, белгили ўақытқа шекем суў менен тәмийинлейтуғын, қала ишинде суў толған ҳәўизлер ҳәм қудықлар болған. Усындай ерте орта әсир қалаларына Жекке Парсан, Тесик қала, Атсыз


www.ziyouz.com kutubxonasi

қала, Бүркит қала, Адамлы қала киреди. Қала ишиндеги турақ жайлар ҳәм дийўалларды жағалап, секцияларға бөлинеди. Турақ жайлар үш-төрт бөлмеден турып, ортасында ошақ ҳәм дийўал қапталларында жатып дем алатуғын сыпалар болған. Тесик қала турақ жайлары, ылайдан ойып исленген нағыслы фризлер менен безелген. Тесик қала өжирелеринен ҳәр түрли гүлли гилемлер нусқалары табылды. Жекке парсандағы турақ жайлар гүмиз тәризли етип бастырылған. Бул ҳәўли жайларда, ерте орта әсирде, аталар басқарған үлкен шаңарақ ағзалары жасаған. Жайлардың арнаўлы бөлмелеринде, үлкен шаңараққа хызмет ететуғын қуллары ҳәм «кедиверлер» турған. Ерте орта әсирдеги, ҳәўли сарайлар ҳәм олардың ишиндеги турақ жайлар бөлмелериниң қурылысы ҳәзирги Хорезм өзбеклериниң ҳәўлилерин еске түсиреди.

IV-VIII әсирлерде ҳәўли бекинис жайлар. Орта Азияның басқа ўәлаятларында да көп тарады. Мәселен: Тохарстанда Зар тепе, Ферғанада Кува, Согдианада Афрасиаб, Кафир қала, Варахша ҳ.т.б.

Ерте орта әсирде Хорезмдеги ҳәўли бекинис қорғанлардың бекинислери (фортификция) Орта Азия ўәлаятларының қалалары менен салыстырғанда айырмашылыққа ийе. VI-VIII әсирлерде, Бухара ўәлаятының дийханшылық оазиси шегаралары ҳәм сыртқы көшпели шарўа душпанлардан узын «канпирик» дийўаллар менен қоршалады. Узын қорғаныс дийўаллары Самарқанд, Бухара ҳәм Ташкент оазис шегараларында ҳәм бийик жерлери қурылады. Усындай дийханшылық оазисти ҳәм сыртқы душпанлардан қорғаған дийўаллар Хорезмде ушыраспайды. Ерте орта әсирде Хорезм оазисинде узын, қорғаныў дийўаллардың болмаўы, онның қоңсы шарўалар менен этномәдений байланысы күшли болғанын дәлиллейди. VI-VIII әсирлердеги болған Шахсәнем, Жекке парсан ҳәм Күйик қалалардан табылған адам мүсинлериниң физикалық түр-келбети Орайлық Азияда кең тарқалған түрк этносларға уқсайды. Бул, мүсинлер, орта әсирде, отырықшы ҳәм дийхан елатларына монғоллық рассаның белгилери басым болып келеди. Солай етип, VI-VIII әсирлерде, Хорезмде афригейлер мәдениятының пайда болыўында түрклердиң тәсири күшли болған.

Арал бойындағы көшпели шарўа халықлардың материаллық мәдениятына ҳәм Хорезм мәдениятының тәсири тийген. IV


www.ziyouz.com kutubxonasi

әсирдиң ортасында Орта Азияға арқа-шығыстан, Жети суў ҳәм Шығыс Түркистан жерлеринен Хионит қәўимлери араласады. IV әсирдеги жазба дереклери Иранды басқарған сасаний шахларының хионитлер менен урысының саўаш майданы Әмиўдәрьяның (Узбойдың) шеп тәрепинде болғаны айтылады. Бирақ, булл урысқа Хорезмлилердиң тартылғаны, ямаса қатнаспағаны бизге белгисиз.

## § 3. Қала мәденияты

II-IV әсирлерде Хорезмниң пайтахты Топырақ қала болған. Пайтахт қала жүдә беккем етип қурылған. Орта шығыс еллеринде пайтахт қала белгиси ретинде: басқарыў патша сарай (резиденциясы), муқаддес ибадатхана (от храмы), архитектуралық қурылыс ҳәм жазыў болыўы керек. Топырақ қалада пайтахтқа дерек белгилердиң бәри бар. Бирақ, еле Хорезмниң б.э.шекемги IV-II әсирлер аралығындағы пайтахт қаласы табылған жоқ. «Хорезмниң б.э.шекемги III-I әсирлердеги пайтахты Қыят (ал-Фир) қала болды»-деп болжайды Я. Ғуламов. Бул қаланы орта әсирде Әмиўдәрьяның дегиши алып кеткен, сонлықтан қаланың пайтахт болғанын дәлиллеў қыйын. Б.э. шекемги II-IV әсирлерде пайтахт қала Қазахлы жатқан (Ақшахан) болды деп болжайды илимпаз В.Н. Ягодин. Қаладан б.э.шекемги II әсирге туяра келетуғын ибадатхана ашылды. Қаланың майданы 42 га. О леки қатар дийўаллар менен қоршалған. Қаланың жасы б.э.шекемги II әсир болғаны ушын, қала ишинде ҳүкимдардың резиденциясы ушыраспайды. Қаланың мәдений қатламының қалыңлығы аз көлемде, өнерментшилер кварталы ашылмағаны ушын, булл пайтахт қала бола алмайды. Қазахлы жатқан қалада б.э.шекемги III әсирлердеги қурылысы питпей қалған ҳәм VI-VIII әсирлерде ерте феодаллық қатнаслардың қәлиплесип раўажланыўы басланды. Бирақ бул дәўирдеги Орта Азия қалаларының санын анықлаў қыйын. Жазба мағлыўматлар бойынша усы дәўирде Орта Азияда 20 қала болған.

VI-VIII әсирлерде Хорезмде қалалардың саны ҳаққында жазба дереклер жүдә аз. Араб тарийхшысы ат-Табарий араблар жаўлап алыў дәўиринде, Хорезмде үш қала: Қыят, Хазарасп ҳәм


www.ziyouz.com kutubxonasi

Үргениш болды деп жазады: В.В. Бартольд пикиринше ерте орта әсирде қалалар үш бөлимнен турған. Биринши, басқарыў орай (цитадель кхендиз), екинши Шахристан ҳәм үшиншиси рабад.

Хорезмниң пайтахт қаласы Қыят. Оның таяныш тиреги есапланған бийик қорғаннан (ал-Фир) цитаделинен, шахристан ҳәм рабадтан турған. Патша Африг қала шегарасы ишинен өзиниң бийик қорғанын салдырды деп жазады. Беруний ерте орта әсирде Хорезмде феодал ҳәўли бекинис қорғанларының қаптал айланысында жайласқан өнерментшилер ҳәм сәўдегерлер есабынан қала саны көбейеди. Ҳәўли-қорғанлар қалаларға айланады. Шегараларында көшпели шарўалар менен саўда байланыслар турақлы болады. Орта әсир қалалары, суўғарыў каналлары сағаларында жайласып ҳәм сол ҳәўли-қорғанларда отырған феодаллар дийханшылықты суўғаратуғын суўларды қадағалап отырады. Усы дәўирде, феодаллық өндирис қатнаслары тез раўажланады. Ал арқа районларда патриархарлық дүзим қалдығы узақ сақланып ҳәм феодаллық қатнасықлар әсте өседи.

Ерте орта әсирдеги қалалардың бири Бүркит қала болады. Майданы 1 га (100x100 м) болған цитадельден (кухендиз) ҳәм майданы 5 га болған шахристан қаладан турады. Бүркит қала 10,5 м бийик дийўаллар менен қоршалып ҳәм оның мүйеши минарлар менен бекинеди. Цитадель ишинде майданы бирнеше метр болған бийик минар-донжон үстинде турақ жай жайласқан. Минар үстиндеги турақ жайды VI-VIII әсирлерде пайдаланған. Афригейлер дәўиринде Хорезмде үлкен қалалар көп болмаған. Оның тусында антик дәўириндеги қалалардың үстинде, жаңа топографиялық планда ҳәм заман талабына сәйкес қалалар салынады. Орта әсир қалалары феодаллық ҳәўли қорғанларға айланады. Афригейлер дәўиринде феодаллық ҳәўлилер жанында өнерментшилик раўажланып, жайлар ҳәм аўыл елатлар пайда болады.

## § 4. Экономика ҳәм жәмийетлик турмыс

Дийханшылық афригийлер дәўиринде Хорезмниң экономикалық, жәмийетлик турмысы ҳаққында жазба мағлыўматлар жүдә кем. Халықтың хожалығы ҳәм турмысы ҳаққында араб тилинде жазба мағлыўматлар IX-XI әсирлерге туўра келеди. Хорезм оази-

си халқының, ерте орта әсирдеги экономикалық ҳәм жәмийетлик турмысы ҳаққында мағлыўматлар археологиялық қазып изертлеўлер нәтийжесиндеги табылмалар болады. Ерте орта әсир феодал ҳәўлилериниң кең ҳәўли мәдений қатламларынан табылған аўыл хожалық егинлериниң тухымларына қарағанда VI-VIII әсирлерде олар аўыл-хожалық егинлеринен жүўери, бийдай, арпа, салы, техникалық егинлерден пахта, темеки, жоңышқа, тут ағашларының, бағшылықта шийе, ерик, алма, қәрели, шабдал ҳәм анар еккен. Бул егинлерден сортлары қәнийге илимпазлардың анықлаўынша Орта Азия халықларының ҳәзир егип пайдаланып атырған сорытларынан жүдә аз айырмашылыққа ийе болған. Жүзимгершилик раўажланған ҳәм жүзимнен ишимликлер ислеў жақсы жолға қойылған.

IV-VI әсирлерден баслап аўыл-хожалық егинлериниң өнимлерин арттырыў ушын силитраны төгин ретинде пайдаланған. Әсиресе, гөне жайлардың дийўалларын, гербишлерин атызларға шығарған. Бундай илажлар аўыл-хожалығынан жетерли өним жетистириўге мүмкиншилик туўғызған. Аўыл- хожалық қураллары ретинде бел, кетпеен, орақ жүзимлерди кесетуғын темир қайшылардан, пышақ пайдаланған. Жерди пазналы, ағаш гүнде қосларға ешек, өгиз қосып айдап егислик жерлерди аўдарған, гейде кетпен, бел менен де аўдарып егин еккен. Дәнлерди дөңгелек тас дигирманлардан пайдаланып дәнди тартып ун еткен, гейде бул ушын, ҳайўанлар күши менен ҳәрекетке келетуғын ҳәм суў қаразларынан пайдаланған. Дийханшылық Әмиўдәрьядан саға алған каналлардан суўғарылған.

### § 5. Мал шарўашылығы

Арал бойы халықлар хожалығының баслы тараўларының бири мал шарўашылық болған. Хожалықта көбирек майда малларды (қой, ешки), қара-маллар, ат, түйе, ешек ҳәм шошқа асыраған. Үйлерде таўық ҳәм ғаз асыраған. Жылқы, түйе,өгиз ҳәм ешеклери жол қатнас ретинде пайдаланған. Естеликлердиң мәдений қатламларынан табылған ҳайўанат сүйеклерине қарағанда, Арал бойы халықлары, кийик, қулан, Бухара суўыны, қоян, түлки ҳәм доңызға аңшылық еткен. Қара малларды ешки- қойларды


www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмийдәрья дельта бойларында отлақлы жерлерде баққан. Әмийдәрья дельта бойлары ҳәм көллерден балық аўлаған. Балықты, қармақ, аў ҳәм баспа етип услаған.

## § 6. Өнерментшилик

Ерте орта әсирде өнерментшиликтиң баслы тараўы гүлалшылық болған. Өнермент, гүлалшы усталар, гүлал ыдыслардан үлкен хумлар, гүзе, табақ, ләген, сарқум, шыралар, ыдыс қақпақларын, шарықта таярлап ҳәм хумбуз печлерде писирген. Гүлал ыдысларды таярлайтуғын хумбузлар: Бүркит қала, Қырық қыз қала ҳәм Ардахушмисан дөгерегинде табылып изертленген. Гүлалшы усталар, дийханлардың ҳәм көшпели шарўалардың гүлал ыдысларға болған талабын қанаатландырып отырған. Жекке Парсан, Тесик қала, бүркит қалалардың мәдений қатламларынан табылған жүн, пахта, жипектен тоқылған кийим нусқаларының табылыўына қарағанда, тоқымашылық өнерментшилигиң раўажланғанын дәлиллейди. Пахтадан жоқары сапалы гезлеме таўарлар токылған. Жазба дереклерге қарағанда, араб әскер басшысы Кутейба, Хорезмди басып алғанда, салық ретинде ҳәм усы жоқары сапалы пахта гезлеме таўарларын талап еткен. Қолда тоқылған гезлеме таўарлар: қошқар мүйиз, қумырысқа бел, атанақ, ромбо, үш мүйеш т.б. нағыслар менен безелген. Бундай гезлемелердеги нағыслар қарақалпақ ҳәм Хорезм өзбеклеринин, турақ жайларының дийўалларына салынған реңли сюжетли сүўретлеринде ушырасады. Қол мийнетине тийкарланған, тоқымашылық өндирисиниң өскенин, естеликлердиң мәдений қатламларынан көп табылатуғын жип ийириўдк пайдаланған уршық баслар дәлиллейди. VI-VIII әсирлерде, темиршилик ҳәм зергершиликте өседи. Темирлерди Волга бойы болгарлардан алып келип, оларды печлерде еритип, мийнет қураллар ҳәм қурал жарақлар ислеген. Естеликлерде темирдиң сынық бөлеклери ушырасады. Демек, темир устаханалары болған.

## § 7. Этномәдений байланыслар

V-VIII әсирлерде Хорезмлилердиң материаллық мәденияты Сырдәрья дельта бойында жасаған этнослардың материаллық мәдениятына уқсас болып келеди. Бул уқсаслықлар ерте орта әсирде көшпели түрк этнослардың миграцияға ушырап келиуўине байланыслы еди. Уқсаслықлар жайлардың қурылысына,қурылыс материалларында, гүлал ыдысларда ҳәм безениў затларда көринеди. VI-VIII әсирлерде Сырдәрьяның төменги алабындағы Жети- Асар, Кескен Күйик қала, Әмиўдәрья жельта бойында Төк қала, Күйик қала естеликлеринде турақ жайлар кең таркалған гербишлерден салынады. Сол дәўирде Хорезм оазисине Сырдәрья бойы, Алтай, Туба ҳәм Шаш халықлары араласады. Әмиўдәрья дельта бойы халықларға зардуштийлик дини таралады. Буны Кердер ўәлаятындағы Миздахкан, Төк қала ҳәм Күйик қала қәбирстанларын изертлегенде табылған маркумлардың сүйеклерин екинши рет салып жерлейтуғын ыдыслардың (оссуарийлердиң) табылыўы дәлиллейди. Табылған оссуарийлердиң қапталларына, қақпақларына салынған реңли сюжетли сүўретлеринде ҳәм Хорезмлилердиң өли жерлеў дәстүрлериниң түрклерге мәдений тәсири болған. Әмиўдәрья дельта бойы халықларының маркумларға матам тутыўы ҳәм ал айырым сүўретлерде диний байрамға арналған салт- дәстүрлердиң көриниси берилген.

VII-VIII әсирлерде афригийлер ҳүкимдарлық еткен дәўирде мәдeният раўажланады. Жекке парсаннан табылған ағаш мөрдиң ортасына гүл дәстесин ямаса дизбе моншақты тумсығына тислеп алып турған таўыс қустың сүўрети ойып салынған. Бул мөрдеги көринис «жаратқан алланың» тәнҳә өзиниң қанатлы ўәкил елшиси арқалы таңлаған адамына саўға жиберип атырғанын белдиретуғын белги болып есапланады. Таўыс қустың сүўрети салынған табақ ыдыс Кердер қаласынан табылды. Хорезм қалаларының мәдений қатламларынан табылған мөр, теңгелерге, керамикаға салынған суўретлерде атқа минип баратырған адам, атлы адамның суўынға қарап оқ жайдан оқ атып жүрген аңшы ҳәм колына суңқар кус қондырған атлы адамлардың сүўретлери ушырасады. Булар Афригийлер дәўиринде көркем өнердиң раўажланғанын дәлиллейди. Хожалық, тутыныў ҳәм безениў

www.ziyouz.com kutubxonasi

затларында Суңқар, бүкрит, үйрек, кептер қуслар ҳәм ҳайўанатлар (ийит, қой, қошқар, ешки, түйе, кийик) көринислери ҳәм тулғалары ерте орта әсирлерде Әмиўдәрья дельтасы бойы қалаларында ушырасады.

VII-VIII әсирлерде Хорезмлилер Соғд, Шаш, Жети суў еллери менен этномәдений байланыста болады. Жекке Парсан, Бүркит қала, Тесик қаладан табылған үш қырлы, ромб түриндеги темир оқ жай ушлары ҳәм қайыс тағалар табылды. Тас, шийшеден исленген моншақлар Соғд, Шаш ҳәм Жети суў қалаларының мәдений қатламларынан да табылады. Бул уқсаслыклар хорезмлилердиң қоңсы халықлар менен мәдений байланыста болғанын дәлиллейди. V-VIII әсирлерде Арал бойы халықларының халық болып қәлиплесиўине қатнасады.

## § 8. Теңге пуллар

VII-VIII әсирлердеги Афригийлер мәдениятына тийисли Бүркит қала, Тесик қала, Адамлы қала, Ангқа қала, Топырақ қала, Аяз қала, Қум қала ҳәм Жекке Парсан қалаларынан гүмис ҳәм мыс теңгелер ушырасады. Мәмлекетде сиясий, экономикалық ғәрезсизлик нышаны сыпатында гүмис тенге ҳәм мыс пулларды басып шығарыў б.э.шекемги II әсирден басланады. Ертедеги Хорезмшахлар теңгелери,Греко- Бактрия патшалары Евтидем ҳәм Евкрадиттиң гүмис теңгелерине еликлеп (уқсатып) сол теңгелер тийкарында басылады.

Греко-Бактрия патшаларының гүмис теңгелерине еликлеп басылған Хорезм патшаларының теңгелериниң аверс (оң) тәрепиндеги карап турған, қалпақ кийген патшаның сүўрети ҳәм ал реверс (шеп) тәрепинде оң тәрепке қарап атты шаўып баратырған «Сия буш» дегендарик патшаның көриниси (грек қудай- «Диоскур» образында) сүўретлери берилген. Хорезм теңгелери шетинде грек тилинде жазыў жазылған. Атлардың артында Хорезм патша сулаларының тамғасы берилген. Бул теңгелер б.э.шекемги II әсирде Греко- Бактрия патшалығын қулатыўға қатнасқан көшпелилерден шыққан Хорезм ҳүкимдары тәрепинен басып шығарылады. Эрамыздың I әсиринен баслап, басып шығарылған теңгелерде, бурынғы грек тилиндеги жазыўлар


www.ziyouz.com kutubxonasi

арамей ҳәриби тийкарында жазылған сөзлер Хорезм тилиндеги жазыўлар менен алмасады ҳәм ҳүкимдардың атағын аңлататуғын «мәлик» яки «патша» деген жазыў басылады. Буннан кейинги теңгелерде патшалардың тажыларының түрлери ҳәм патша сулалаларының тамғалары өзгериске ушырайды. Теңгелердиң реверс тәрепинде атлы адамның сүўрети басылады. III әсирден баслап Хорезм шахы Вазамар басып шығарған теңгелер сасаний шахларының теңгелерине уқсайды. Вазамар патшаның тажысы бүкриттиң формасында бериледи.

VII әсирден баслап Хорезмде теңге реформасы өткериледи. Бурынғы майда мыс теңгелер орнына диаметри 19-27 мм болған гүмис теңгелер басып шығарылады. Бирақ, гүмис теңгелердиң аўырлығы азайады. Ерте орта әсирде хорезмшахлары: Бравик, Шрам, Азкацвар- Чеган, Каник, Савшафанлардың атлары басылған гүмис ҳәм мыс теңгелер басып шығарылады. Усылардың ишинде көбирек ушырасатуғын Савшафан (Савашфан) теңгеси болып, оның оң тәрепинде басына тажы кийген, шахтың бас көриниси басылып ҳәм теңгениң дөгереги точкалар менен оралады.

Теңгениң сол (реверс) тәрепинде Хорезм тилиндеги жазыў бериледи. Бундай диаметри 2,4 см, аўырлығы 1,3 грамм мыс, гүмис теңгелер, Хорезмде VIII әсирдиң 60-жыллары басылып ҳәм қала базарларында айланыста болады. Савшафан ҳүкимранлық еткен дәўирде, Хорезм мәмлекетинен Қытай императорына елшилер барады. Беруний мийнетинде Хорезм шахтың аты Саушафан деп жазылады. Азкацвар- Чеган ўақтында басылған теңгениң аверс тәрепинде, басына бийик сопақлаў ҳүкимдардың кийген, малақай алдында үш түртик бар ҳәм ҳүкимдардың бас көриниси басылады. Тажының қапталларында қыйсықлаў салынған атанақ тәризли белги ушырасады. Тажының артында ийнине желбиреп түсип турған ленталар бериледи. Теңгениң оң (реверс) тәрепинде тамға басылады. Профессор А.В. Ливщицтиң пикиринше теңгелердеги усындай тамғалар Хорезм шахы Азкацвар теңгелеринде көп ушырасады. Теңгелердиң айланасында хорезм тилинде жазыў бериледи. Аўырлығы 1,6 грамм, диаметри 2 см болған бундай гүмис ҳәм мыс теңгелер VII әсир ақыры –VIII әсир басында кең таралады. Теңгелер басып шығарыў, ондағы


www.ziyouz.com kutubxonasi

сүўретлер ҳәм жазыўлар ерте орта әсирдеги Хорезм көркем өнериниң әжайып жетискенликлери болады.

VI-VIII әсирлерде жазыў, тарийх, әдебият, астрономия, математика ҳәм архитектуралық қурылыслар өседи. Мәдениятының жақсы өскенин Бүркит қаладан, Тесик қалалардан табылған дийхан-аристократ мөрлери хәм теңгелери толықтырады. Ерте орта әсирлерге тийисли ески хорезм жазыўлары Төк қала, Миздахкан, Жеке парсан ҳәм Қумбыз төбе естеликлеринен табылды. Қабирстанлықлардан табылған адам сүйеги жерленген қутышаларда (ассурияларда) әййемги Хорезм тилинде тушь пенен жазылған 100 ден аслам, Қумбыз төбеден ҳәм Жеке парсаннан табылған гүлал ыдысларының сыртына жазылған жазыўлар баҳалы мағлыўмат береди. Бул жазыўлар Арал бойы халықларының жыл санаўы ҳәм басқалар ҳаққында мағлыўмат береди. Бирақ араблардың басқыншылығы Орта Азия халықларының экономикасына ҳәм мәдениятына орны толмас дәрежеде зыян келтиреди. Ески Хорезм жазыўын билген саўатлы адамлар, илимпазлар жоқ етилип, сабақлықлар менен илимий китаплар ҳәм әдебиятлар менен шежрелер өртеп жибериледи.

## § 9. Руўхый мәденияты

V-VIII әсирлерде Орта Азия халықлары зардуштийлик динге исенген. Соның менен бир қатарда Орта Азияға буддизм, христиан ҳәм мони динлериде тараған. Ерте орта әсир дәўиринде жәмийетте көп динлик тәлийматлар рәсмий болсада жергиликли халықтың көпшилиги зардуштийлик динге сыйынып ҳәм отқа табынған. Муқаддес отқа сыйыныўшылық Хорезмде, Арал бойында, Согд ҳәм Шаш ўәлаятларында кең тараған. Үлкен қалаларда, аўыллық елатларда ҳәм феодал ҳәўлилеринде отқа сыйыныўшылықтың ибадатханасы болған. Оларды, қутлы, муқаддес от «Азерхурра» деп атаған. Арнаўлы бөлмелерде күни-түни от жанып турған. Адамлар от храмларына саўғалар әкеп берген, қурбанлық шалған ҳәм муқаддес оттан мәдетлер сораған.

Зардуштийлик дини әлем ҳәм адамзаттың жаратылысы ҳаққында, жәмийеттеги ҳәм тәбияттағы барлық қубылыс- өзгерислер еки жаратыўшының гүресиниң нәтийжелери деп түсин-


www.ziyouz.com kutubxonasi

ген. Жаратыўшылардың бири, тоқшылық, молшылық, саў-саламатлық, тынышлық ҳәдийселердиң қудайы Ахурамазда, екиншиси зүлмет, ашлық, урыс, зәҳәрлеў, қараңғылық, өлим, гүна ислер ҳәм жаман нийетлер тәнириси Ахриман болған. Мине усы қудайлар арасында мудамы гүрес болады. Бул гүресте жақсылық қудайы Ахурамазда жеңиске ериседи. Зардуштийлик тәлийматы бойынша от оғада муқаддес есапланған. Қуяшлы жақтылық дереги болып ҳәм от қуяштың бир бөлеги болып есапланған. Қуяш әлемге өмир бағышлайды. Оның нуры менен барлық жанлы мақлуқ жасайды.

Зардуштийлердиң тәлийматы бойынша пүткил әлем от, жер (топырақ), суў ҳәм ҳаўа сыяқлы төрт нәрседен қуралған. Бул муқаддес нәрселерге патас ҳәм жеркенишли нәрселерди таслаў қадаған етиледи. Себеби бул муқәддес жерлерди сасық ҳәм өлик пенен патаслаўға болмайды. Өликлерди таслақлы төбешиклерге ҳәм қала сыртында салынған арнаўлы бәлент төбелерге (дахмаларға) апарып таслаған. Бундай дахмалар Әмиўдәрья дельта алабында Шылпық, Қуба таў, Қусқана таў, Султан ас таў, Жумыр таў ҳәм Үстирт бәлентликлеринде белгили. Бул бәлент төбеликлерге апарып тасланған өликлердиң гөшин қузғынлар, жыртқыш ҳайўанлар жегеннен кейин, жаўын суўлары тазалап қалған сүйеклери қуяштың ыссылығында сарғайып кеткеннен соң, сол сүйеклер жыйналып ылайдан, алебастра, тастан исленген, аўзында қақпақлары бар ассурияларға салып ҳәм екинши рет жерлеўге таярланған. Сүйеклерди арнаўлы хум, гүзе ыдысларға салып ҳәм үстин тас ямаса ыдыс сынықлары менен бастырып қойған. Матам тутыўдың барлық дәстүрлери тамам болғаннан кейин, мархумның сүйеклери салынған ыдыслар арнаўлы жайларға «наусқа» киргизип ҳәм текше ямаса сыпалар үстине қатарластырып қойылған. Гейде жерлерди қазып ишине салып қойған ҳәм көпшилик жағдайларда үстине топырақ көмилмеген. Шаңарақ ағзаларының ҳәм туўысқан адамлардың сүйеклери салынған оссурийлар бирге қатарласып қойылған. Мархумлардың сүйеклерин оссурийларға, ыдысларға салып наусларда сақлаў дәстүри Хорезмнен басқа Согд ҳәм Ўсрушан ўәлаятларында кең тарқалған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Зардуштийлик қәбирстанлар қалдығы, Кят қаласында, Бүркит қаладан, Куба таўдан, Шылпық дөгерегинен, Миздахканнан, Төк қалалардан, Қусхана таўдан ҳәм Султан Уаис таўдан табылып үйренилди. V-VIII әсирлерде Хорезмде «Авеста»дағы Ахурамазда қудайдан тысқары ата- бабаларының руўхына, зардуштийлердиң Митра, Фарн, Сиявушқа, ҳасылдарлық қудайы Анахитаға ҳәм суў қудайы Хуббиға сыйыныў даўам етти. Митра қуяш ҳәм жақтылық қудайы жаўынгер жигит түринде сыпатланады. Фарна жергиликли халық «хумо» гейде «аңқа» аты менен айтылатуғын бахыт ҳәм дәўлет қудайы. «Анахита» зүрәәтшилик ҳәм абаданшылық ҳаял қудайы. Ол бир қолында анар ямаса алма услап турған ҳәм узын көйлекли жегде жамылған гөззал ҳаял сыпатында сүўретленеди. «Хубби»-суў қудайы, қайықшылар, мураблар қәўендери ҳәм зәбердес жигит түринде сүўретленеди. Арал бойы халықлары усы дәўирде, қудайларға арнап, диний ырымларын өткереди. Жыл мәўсимлериниң өзгериўинде ҳәм жаңа жыл–Наўрыздың келиўи менен байланыслы байрамлар өткерген. Зардуштийлик динниң үрип-әдетлериниң үлкемиз аймағында узақ ўақыт сақланып келиўин топонимикалық атамалар дәлиллейди. Мысалы: Маздуваст (Туйемойын қыснағы), Ахриман таўы ҳәм Миздахкан. Булардан басқада, қарақалпақ дәстанларында «авесто» дәўирине тийисли сюжетлер ҳәм руўхый мәдениятлар өз сәўлесин тапқан. Шәрьяр, Қоблан, Қорқыт ата ҳәм басқа эпосларда: дәў, пери ҳәм Аждарҳа ҳаққында сөз етиледи. Булардың атлары «Авесто»да да ушырасады.

VI-VIII әсирлерде «Уллы жипек жолы» арқалы Арал бойларына жақын шығыс еллеринен христиан дини тарайды. Миздахканда христианлардың қәбирлери табылыўы бунның дәлили болады.

Әмиўдәрья алабында жасаўшы халықлар әййемги түркий халықлары дини деп есапланған шаманизм дини де табылған. Қарақалпақ фольклорында, дәстанларда бабаларымыздың Көк тәңирге, уллы-анаға-«умай» ана-қудайға сыйынғаны ҳаққында сүўретлер орын алған. Бирақ, жоқарыдағы сөз етилген диний исенимлер, үрип-әдетлер бир-бири менен араласып, сиңисип ҳәм халықтың руўхый турмысында үлкен әҳмийетке ийе болған. Усы диний исенимлердиң негизинде Арал бойы халықларының көп


www.ziyouz.com kutubxonasi

қырлы математикалық ҳәм руўхый мәденияты қәлиплесип раўажланды.

## § 10. Қарақалпақстан түрк қағанлығы дәўиринде

Эрамыздың I мыңыншы жыллары ортасында Алтай дала кеңислигинде түрк қәўимлериниң мәмлекети пайда болады. 550-754 жыллар түрк қағанаты Сары теңизден Қара теңизге шекем аралығындағы жерлерди бирлестирип, бул бирикпеге орайлық Азияны да қосып алыўы түрк атамасы ҳәм 542 жылғы қытай жылнамаларында ушырасады. Қытайлар түрклерди гуннлардың әўладлары деп есаплайды. Түрклер ҳаққында VII-VIII әсирдеги Күл тегинге арнап жазылған Рунии жазыўында, VI-IX әсирлердеги Византия тарийхшылары Менандр Протектор, Феофан Византийский ҳәм Сирия тарийхшысы Ион Еффреский мийнетлеринде ушырасады. Түрклер ҳаққында орта әсирдеги араб тарийхшысы ат-Табарий ҳәм X әсирде Бухара тарийхын жазған Наршахий мийнетлеринде айтылады.

Түрк қағанаты қурамында түрк-монғол жол шақапшасында сөйлеген көплеген халықлар болады. Түрк сөзи этникалық емес ҳәм сиясий мәниске ийе болған. Түрк сөзи, бурын жас үйленбеген нөкер ямаса қара шашлы ҳәм айдарлы батыр мәнисти аңлатқан дегенде пикир бар. Солай етип, түрклер басшылық еткен ҳәр түрли халықлардың сиясий бирлиги түрк мәмлекети деп аталған.

Алтай, Жетисуў, Орайлық Азиядағы түрк тиллес халықлар Бумин ҳәм Истеми қағанлар басшылығында VI әсирде бир мәлекетке биригеди. VI әсирдиң 60-70 жыллары түрк қағанаты сиясий–экономикалық жақтан өседи. Усы жыллары түрклер, Қазақстан, Манчжуриядағы киданларды, Енисей қырғызларын ҳәм арқа Қытай жерлерин қаратады. Тумань қағанатының шығыс жерлерин кеңейттирип атырған ўақытта, оның Истеми батыс тәрептеги Жети суў ҳәм шығыс Түркстан арасындағы жерлерди қағанатқа бирлестириў менен бәнт еди. Нәтийжеде, қағанаттың батыс тәрепи арқа Ҳиндистан менен шығыс Түркстан жерлерин ийелеп атырған эфталитлер менен шегараласып ҳәм олардың қарсылығына ушырайды. 561-563 жыллары түрклер Иран менен


www.ziyouz.com kutubxonasi

эфталитлерге қарсы аўқам дүзеди. 564-жылы Иран шахы Хусраў Ануширван эфталитлерден Тохарстанды тартып алады.

587-жылы эфталитлер мәмлекети түрклер менен урыста қулайды. Орта Азияны жаўлап алғаннан соң, түрклер жер орта теңиз қалаларына баратуғын «Уллы жипек жол» ын өз қолларына алады. Түрклер қараўындағы Согдалылар Византия менен саўда байланысларын баслайды. Түрклердиң күшейиўине Иранлылар иркиниш жасайды. Түрклер Иранға қарсы Византия менен келисим дүзеди. Нәтийжеде түрклер Әмиўдәрьяның қубла жағасында Иран сасанийлери менен соқлығысады.

588-жылы Қара Чурин басшылық еткен түрк әскерлери Иранға қарсы гүресте сасаний әскер басшысы Бахрам- Чубин тәрепинен жеңилиске ушырады. 603-жылы түрк қағанатынан батыс түрк қағанаты бөлинип шығады. VII әсирдиң басында батыс түрк қағанаты сиясий ҳәм экономикалық жақтан бирқанша раўажланады. Көшпели түрклердиң бурыннан отырықшы, дийханшылықлы түрк ҳәм иран тилинде сөйлейтуғын елатларға көплеп араласа баслайды ҳәм үлкен бир бөлеги сол жерлерде жасап қалады. Қалғанлары, дийханшылық оазислериниң шет жағаларында ҳәм таў етеклеринде шарўашылық пенен шуғылланыўды даўам етеди. Ерте орта әсирлерде қалаларда өнерментшиликтиң өсиўи саўда байланысларының раўажланыўына әкеледи.

Көшпели түрк қәўимлери VI-VIII әсирлерде, Орта Азияның дийханшылық оазислерине көплеп араласады. Ал, бир топар түрк қәўимлери әдеттегидей дийханшылық оазис дөгерегинде шарўашылық пенен шуғылланыўын даўам етеди. VI-VIII әсирлерде, түрклескен Арал бойы халықлары Қытай ҳәм Иран еллери менен саўда байланыста болады. Мары- Гургандж (Гөне Үргениш), Бухара, Самарқанд, Шаш, Талас ҳәм Шығыс Түркстан арқалы Қытайға барған. Түрклер халық аралық саўда байланысларға қатнасқан. Усы дәўирде түрклердиң бир бөлеги Арал бойларына қоныс басып ҳәм отырықшы болып қалған. Еки дәрья аралығында ҳәм Арал бойында ерте орта әсирде түркше- руханий жазыўлары тарайды. Ол жазыўлар бул халықтың саўатлы болғанынан дерек береди. Орта Азияда, балаларды бес жастан баслап жазыўға


www.ziyouz.com kutubxonasi

есапқа үйреткен. Бала жигирма жасқа келгенде, илимди ийелеп ҳәм саўда ислесин деп басқа еллерге жиберетуғын болған.

Сонлықтан да Орта Азияда, Арал бойларында, Хорезмде VII-VIII әсирлерде дүньяға белгили тарийхый шахслар ҳәм илимпазлар өсип шығады.

## § 11. Қарақалпақстан араб халифаты қурамында

VII әсирдиң басында, Арабия ярым атаўында феодаллық Араб мәмлекети пайда болады. Олардың мәмлекет болып бириги́ўине ҳәм олардың сыйыныў орны болган қәўим храмлары белгили орынды ийелейди. VII әсирде Мекке қаласындағы ески Кааба храмы батыс Арабияның диний орайына айланады. Меккедеги ең үлкен Куреиш қәўими саўдагерлердиң аўқамын дүзип ҳәм сиясий басқарыўшылықты ислейди. Ҳәр жылы төрт ай даўамында болатуғын саўда ярмарка күнлери Меккеге зыяратқа келе баслайды. Бул сиясий аўқамның басында Муҳаммед турып ҳәм ол өзин пайғамбарман деп дағазалайды. Муҳәммед 610-жылдан баслап ислам динин жарата баслайды. Мекке қаласында Муҳәммедтиң тәрепдарлары аз болғаны ушын ол Меккеден Мадина қаласына келеди. Муҳәммедтиң 622-жыл 15-июльден Мәдина қаласына келген ўақтынан баслап мусылманлардың ай календары бойынша жыл санаўы басланады. Мәдина қаласында Муҳәммед жаңа сиясий аўқам дүзеди. Усы сиясий аўқам тийкарында VII әсирде Мәдинада ертедеги араб халифасы деп аталған мәмлекет дүзиледи.

VII әсирдиң екинши ярымы VIII әсирдиң басында Орта Азияда күшли орайласқан мәмлекет болмайды. Халықлары усы дәўирде майда феодаллық ийеликлерге бөлинип жасайды. Қубла Арал бойында да бир неше ири феодаллық ийелик болады. Әмиўдәрья дельтасының оң тәрепинде Кердер, Әмиўдәрья дельтасының шеп тәрепинде Ҳәмжерд (Гүргандж) ҳәм Афригийлер ийеликлери өмир сүреди. Бул ийеликлер Қыят қаласында отырып елди басқарған. Олар династиясынан шыққан шахларды менсинбейди. Усындай сиясий бөлиниўшиликтен пайдаланған араблар VII әсирдиң ортасында Әмиўдәрьяның төменги алабындағы өнимдарлы дийханшылық оазиси Хорезмди басып алыўға


www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәрекет етти. Бирақ усы жылы араб әскер басшысы ал Акнтаф Қыят қаласын ала алмай Балхқа қайтып кетеди. Тек Зиядтиң атланысы нәтийжесинде Хорезм келисими бойынша жылына 400 мың дирхем салық төлейтуғын болады.

710 жылы тәжирийбели араб әскер басы Кутейба ибн Мусслим Бухара, Шамун, Кеш, Тефестиди алады ҳәм Самарқандты басып алыўға таярланады. Усы ўақытта Хорезм шах Шағон ҳәм оның туўысқан иниси Хурразад арасында ҳүкмранлық ушын сиясий келиспеўшилик келип шығады. Хурразад Шағанге қарсы шығып ҳәм оны Ҳәмджерд ийелигиниң ҳәкими қуўатлайды. Бул қозғалаңларды өз күши менен бастырыўға күши жетпеген Азкатсвар Шаған 711-жылы Кутейба ибн Муслимнен әскерий жәрдем сорайды. Усыны сылтаў етип 711-жылы Кутейба ибн Муслим, Хорезмге басып кирип, Шағанның душпаны болған Хурразады дарға асады ҳәм және төрт мың адамды өлтиреди. Шаған буннан ҳеш нәрсе утпайды ҳәм нәтийжеде арабларға ғәрезли болып қалады.

711-712-жыллары Хорезм шах Кутейба менен келисим дүзип ҳәм қозғаланды бастырғаны ушын ол он мың қара мал саўға алады. Кутейба хорезмнен кеткеннен кейин ҳәм халық саткын Азкатсвар Шеган шахты қулатады. Буннан кейин Кутейба Хорезмге 712-жылы және өзиниң иниси Абдулла менен келип ҳәм көтерилислерди аяўсыз басады. Көплеген адамларды қырып таслайды. Араблар ҳәкимликке өз адамларын таярлайды. 712 жылы Кутейба 20 мың әскер менен Самарқандқа атланады. Араблардың Самарқандқа атланысына хорезмлилер ҳәм бухаралылар да қатнасады. Солай етип, VIII әсирдиң басында араблар Зарафшан, Қашқадәрья ҳәм Хорезм оазислерин қаратады. Орта Азия ҳәм қубла Арал бойы халықлары арабларға егислик жерден 0,25% салық төлейтуғын болған. Шарўа өнермент саўдагерлерден закат салығын өндиреди. Араблардың үстемлиги қубла Арал бойы халықларына үлкен аўырманлық болды. Мусылман емес халықты қуўдалаў ҳәм зорлап исламластырыў сиясатын жүргизди.

Берунийдиң мағлыўматлары бойынша араблар тәрепинен әййемги Хорезм жазба ҳүжжетлери өртеледи ҳәм мәдений естеликлер бузылады. Алымлар қуўдаланып ҳәм көпшилиги елден

шығып кетиўге мәжбүр болады. VIII әсирде Хорезм ўәлаяты еки ҳәкимшиликке бөлинеди, 1- пайтахты Қыят болған қубла ҳәм оны афригийлер династиясы ўәкиллери басқарады. 2- арқа Хорезм, оны араблар қойған ҳәкимлер басқарып ҳәм олар Үргениште жайласады.

Орта Азияның ҳәмме қалаларында араблар өз әскерий гарнизонларын жайластырады. Әскерлердиң жәрдеминде, жергиликли халықларды бағындырып, олардың қарсылығын басып, өз сиясатын жүргизеди. Хорезм қалалары болған Ҳийўа, Қыят, Хазарасп, Жекке Парсан, Алма атышхан, Тесик қала, Военган ҳәм Бүркит қалаларда бурынғы муқаддес от ибадатханалары орнына мешитлер салдырады. Жергиликли халықтың бурынғы руўхый турмысында кең таралған отқа сыйыныўшылық, шаманизм ҳәм тотемизм сыяқлы динлерди жарамсыз дин деп есаплайды. Диний китаплар, зардуштийлик динге тийиси дөретпелер ҳәм Хорезм тилинде жазылған мийнетлер жоқ етиледи. Көзи ашық, диний уламалар, жергиликли жазыўды, халық тарийхын ҳәм әдебиятын жақсы билетуғын алымлар қуўғынға ушырайды. Араблардың сиясатына қарсы Қубла Арал бойы халықларының көтерилиси келип шығады. Усы жылы түрклердиң қоллаўы менен арабларға қарсы халық көтерилиси Кердер ийелегинде ҳәм Хорезмде болып өтеди. VIII әсирдиң 70-жыллары арабларға қарсы халық қозғаланы Мавераннахрда, Марыда, Хорасанда ҳәм Нишапурда болады. Усы жыллары узақ даўам еткен көтерилис «ақ кийимлилер көтерилиси» деп аталып ҳәм ол Муханнаның басшылығында Согдианада болып өтеди.

VIII әсирде араблар Орта Азияны жаўлап алғаннан кейин қубла Арал бойы, Қарақалпақстан ҳәм Хорезм ислам дүньясының ажыралмас бөлеги болып қалады. Араб тили, ислам дини тили илим тили болып, жергиликли халықлардың тилине (түрк, иран) ҳәм руўхый мәдениятына тәсирин тийгизеди. Орта Азия алымлары, саўдагери, басшылары араб халифатына яғный Дамаск, Бағдад, Мыср ҳәм Мағриб еллерине иркинишсиз барып келетуғын болады.

IX әсирде қубла Арал бойы отырықшы халықлар ислам динин ҳәм мәдениятын қабыл етеди. Хорезмшах-Афригийлер пайтахты-қалаларында (Кабат-қала), Кердер ўәлаятының пай-


www.ziyouz.com kutubxonasi

тахт-қалалары (Кердер, Богра хан) мусылман мешитлери, минары, махбарасы ҳәм ҳамомлары қурылды. Араб халифатының ең арқа регионындағы ел- журты Афригийлер, Кердер (Кардар) ўалаяты халықлары өзлериниң түркий тилин, ата-бабаларының үрп-әдетлерин ҳәм миллий дәстүрлерин сақлап қалады.

## § 12. Кердер мәденияты

Бизиң эрамызға шекемги 1 мыңыншы жыллары Сырдәрья алабында, сак-массагет, апасиак, тохар ҳәм жетиасар қәўимлери өмир сүреди. Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья алаплары дийханшылық, мал шарўашылығына ҳәм балықшылыққа жүдә қолайлы болған сиясий жағдайлардың турақсызлығынан миграцияға ушыраған халықлар Арал байларынан өткен. Б.э.шекемги III-II әсирлерде Сырдәрья бойларында аланлар ҳәм юечжи (тохарлар) араласады. Б.э.шекемги II әсирде Сырдәрья алабы Кангуй (қаңлы) патшалығына қарайды.

Усы дәуирден баслап Арал бойына шығыстан гуннлар, усунлар ҳәм теле қәўимлери келип араласады. Қаңлы мәмлекетиндеги жетиасарлыларға түрк тилинде сөйлейтуғын гунн, усун, теле қәўимлериниң араласыўы нәтийжесинде Қаңлы патшалығындағы қәўимлер ҳәм жетиасарлылар түрклесе баслайды. Б.э.шекемги III әсирден баслап жетиасарлылардың қубла Арал бойларындағы отырықшы Хорезм елатына миграция ушырап араласыўы басланады ҳәм келешекте Хорезмлилердиң түрклесиўинде де баслы орынды ийелейди. III-IV әсирлерде Арал этирапында, әсиресе Сырдәрья алабына көшпели қәўимлердиң көплеп араласыў нәтийжесинде, жетиасарлардың мәканларын таслап бир бөлеги арқа Кавказға, бир топары Сырдәрьяны бойлап Согд ҳәм Ферғана оазисине барып жергиликли халықлар менен араласып отырып қалады. Нәтийжеде, қубла Арал бойы көшпели шарўа түрк қәўимлери Согд ҳәм Ферғана оазисиндеги отырықшы халықлардың түрклесиўин тезлетеди.

VI-VII әсирлерде Сырдәрьяның ески арқа- батыс тармағы болған Қуўан дәрья, ески дәрьялардың суўының кемейиўине, экологиялық жағдайлардың төменлеўинен, усы регионда жасаған жетиасар қәўимлердиң бир топары Сырдәрья дельта алабына

www.ziyouz.com kutubxonasi

көшип барып ҳәм «Батпақлы қалалылар» мәдениятын пайда етеди. Олар Алтын асар, Жанкент ҳәм Кескен күйик қалаларын салады. Екинши бир бөлеги Әмиўдәрья дельтасының оң тәрепине келип жергиликли қәўимлер менен ҳәм әсиресе Хорезмлилер менен араласып Кердер мәдениятын пайда етеди. VI әсирде, Сырдәрья бойында жасаўшы: жети асар, угор, қаңлы, огуз ҳәм басқада этнослардың миграцияға ушыраўы, сиясий жағдайлардың себебинен ҳәм әсиресе Арал бойларын түрк қағанатының жаўлап алыўына байланыслыда болыўы керек. Сырдәрьяның төменги бойынан олардың миграцияға ушырап келиин дәлилейтуғын нәрсе Кердер мәдениятының Жети асар халықларының мәдениятына жүдә уқсаслығы болады. Бул уқсаслықлар қалаларының планларынан, әсбап ыдысларынан да ҳәм хожалық турмысында да көринеди. Сонлықтан, Кердер мәдениятын пайда еткен халықлардың тарийхый мийрасларын үйрениў Жети асар қәўимлериниң келип шығыўын билиўге де жәрдем етеди. Ол XI әсирлердеги араб–парсы тарийхый–географиялық мийнтлерде Кердер (курдер, кардар) атамасы көп ушырасады. Кердер ўалаятының бас қаласыда Кердер деп аталған. Ол ўәлаяттың каналыда Кердер ҳәм Арал теңизде Кердер көли деп аталған.

Кердер мәдenияты илимде еки дәўирге бөлинеди. Бириншисине VI-VIII эирдиң орталары жатады. Бул дәўирдеги естеликлерине Төк қала, Гәўир қала (Хожели жанындағы) Күйик қала, Қырық жигит қала, Қырантаў , Ҳайўан қала, Бағдат қаласының төменги мәдений қатламы, Ақжарма ҳәм Совет қудық мәкан жайлары киреди. VI-VIII әсирге тийисли «ўақытша» мәўсимлерде аң аңлаўда барған орынлар, Арал теңизиниң батыс тәрепинде ҳәм Үстирттиң шығыс жаға кеңисликлеринде ушырасады. Кердерлилердиң биринши дәўириндеги материаллық мәденияты, Сырдәрья алабындағы Жети асар, Шаш (Ташкент) оазисиндеги Қаўыншы ҳәм Қаратаў етегиндеги түрк қәўимлериниң мәдениятына көп уқсас болып келеди.

Екинши дәўири VIII әсирдиң ортасы XI әсирдиң орталарына шекемги ўақытты да өз ишине алады. Кердер мәденияты Хорезмлилерге уқсайды. Бул дәўирде саманийлер мәденияты таралады. Кердер мәдениятының 2- дәўириндеги естеликлерине Дарсан (Төк қала), Кердер (Ҳайўан қала), Миздахкан, Вардараг (Қыран-


www.ziyouz.com kutubxonasi

тaў), Дары қала ҳәм Көкше қалалары киреди. Керделилердиң сол дәўирдеги материаллық мәдениятында қоңсы хорезмлердиң мәдениятына жақынлығы көп сезиледи. Бул Кердерлилер арасына хорезмлилердиң көплеп араласқаны нәтийжесинде болады.

Кердерлилрдеги феодаллық жәмийеттиң дүзимниң тийкары аталар басқарған үлкен шаңарақлардан турған. Руўшылық дүзимниң көплеп күшли сақланған, үлкен шаңарақлар бирге қонысласып ҳәм 4-5 бөлмели жайларда турған. Дарсан ҳәм Ҳайўан қала естеликлерин қазып изертлегенде жайлардың дийўалларының бир-бирине жабыстырып салынғаны анықланды. Турақ жайлардың дийўаллары ҳәр тәрепи 27- 30 см ҳәм қалыңлығы 5-6 см болған қам гербишлерден өрилген. Дем алатуғын өжирелерде дийўал қапталында адамлар отырыў, жатыў, дем алыў ушын сыпа ҳәм турақ жайлардың ортасында ошақ болған. Жайдың үлкен бөлмелериниң мүйешинде тандыр-ошақ ҳәм дигирманлар орнатылған.

Турақ жайлардың кирер есигиниң бир қапталында қол жуўып ҳәм дәрет алатуғын орын (ташнаў) жайласқан. Қол жуўатуғын орынға түби тесилген үлкен қум-ыдысларын бириниң үстине екиншисин төңкерип орналастырып ҳәм оларды шуқырға көмип қоятуғын болған. Кумның аўзын-ортасын дөңгелик арнаўы тесилген тас-гербиш пенен жаўған. Қол жуўғанда, пайдаланған суў қақпақ гербиштиң арнаўлы тесиги аркалы,қумлардан өтип ҳәм жерге сиңип кететуғын болған. Кердерлилр жайлардың полына жеке шыпта, олардың үстине кийиз, алаша ҳәм гилем төсеген гейде пискен гербишлерди полға төсеген. Жайлардың төбеси қамыс ҳәм шеңгеллер менен бастырған. Қазып изертлегенде, биз айтқан затлардың қалдықлары жайлардың полларынан табылды. Жайларда қыздырыў ушын «сандалдан» да пайдаланған.

## § 13. Хожалығы

Кердерлилердиң экономикасының баслы тараўы дийханшылық болады. Олар Әмиўдәрья дельтасы бойларын, Шортанбай, Қуўаныш жарма жағаларын салыстырып, бийдай, жүўери, арпа, мәш ҳәм тары егеди. Аўыл хожалық мийнет қураллары гүнде, бел, кетпен, орақ, балта ҳәм басқа әспаблар болған. Мийўе


www.ziyouz.com kutubxonasi

ағашларынан ерик, шабдал, шийе ҳәм палыз егинлеринен қауын, ғарбыз, асқабақ ҳәм басқаларды еккен. Әмиўдәрья дельтасы алабында жүзимгершиликте раўажланған. Ҳайўан қала ҳәм Дарсан қала естеликлериниң мәдений қатламларынан табылған мийўе ағашларының шаңғалақлары ҳәм жүзим дәнелери биз айтқанымыздың дәлийли болады.

Қубла Арал бойы қалаларында еки рет болған саяхатшы Абу Ҳәмад ал-Гартани (1135-1136 жж.) «Қубла Арал бойында (Хорезмде) мазалы ақ ҳәм қызыл жүзимлер көп, оларды қыста асып сақлайды. Алма, алмурт ҳәм анар қала базарларының көркин шығарып турады. Қубла Арал бойы халықлары арасынан атақлы журтқа танылған алымлар, шайырлар шыққан» деп жазып қалдырады. Саяхатшының бул пикири, әлбетте Кердер ўәлаятынада тийисли.

Хожалықтың баслы тараўларының бири-мал шарўашылығы. Маллар ушын Әмиўдәрьяның дельта алабы, көл жағалары, Қызыл қум етеклери, Үстирт кеңислиги ҳәм Арал дөгерегиндеги қалың шөпли тоғайлықларынан пайдаланған. Кердер ўәлаяты естеликлериниң мәдений қатламларынан табылған мал сүйеклериниң басым көпшилиги қой-ешкилердики. Екинши орында ири шақлы қара маллар тутады. Булардан басқа, кердерлилер хожалықта шошқа, жылқы, түйе ҳәм қус асыраған. Олар жейран, қулан, қоян, түлки, порсық ҳәм басқада ҳайўанларға аңшылық еткен. Олар қымбат бахалы қамар терилерин қоңсы еллердиң базарларына шығарған. Хожалықтың тийкарғы тараўларының бири балықшылық болып, оларды шанышқы, қазы ҳәм аў қурып услаған. Кердер қалаларындағы жайлардың мәдений қатламларынан табылған балық сүйеклери, қабыршақлары ҳәм сүйектен исленген қуралларда балықтың сүўретлериниң салыныўына қарағанда балықшылық кәсиби жақсы раўажланған. Табылған балық сүйеклерине қарағанда кердерлилер сазан, сыла, сүўен, шортан, ылақа ҳәм шабақларды аўлаған.

## § 14. Өнерментшилик

Өнерментшилик баслы тараўларының бири гүлал ыдысларын ислеў болады. Кердерлилер VI-XI әсирлерде гүлал ыдыс-


www.ziyouz.com kutubxonasi

ларын үлкен қумбыз-печлерде ҳәм тандыр-ошақларда таярлаған. Ыдыслардың сапасын жақсылаў ушын арнаўлы саз ылайларға майда қум, майда тас ҳәм гүлал ыдыслардың сынықларын унтап қосатуғын болған. Қумбызларда таярланған гүлал ыдыслардың мойны, аўзының жийеги ҳәм сыртқы ернеги ҳәр түрли геометриялық нағыслар менен безеледи. Сырты көкшил-сары ҳәм қызғыш болып келеди. Қолда, шаркта таярланған гүлал ыдыслардың тутқалары, қақпақлардың устағышлары түйе, қой, қасқыр ҳәм басқа ҳайўанлардың мүсинлери менен безеледи.

X-XI эсирдеги қалалардың мәдений қатламларынан табылған табақлардың, түбеклердиң, кеселердиң, басқада ыдыслардың иши, ал гейде сырты жылтыр (лоазурь) етип боялады. Нәтийжеде гулал ыдысларының сапасы артады. Буның ушын өнерментлер темир, мыс ҳәм гүмис еритпелерин бояўларға араластырып пайдаланады.

IX-XI эсирлерде, Кердер ўәлаятында ислам дининин таралыўы менен жанлы мақлуқлардың сүўретин салыўды қадаған етиўине қарамастан, өнермент усталары, антик дәўирдеги көркем өнер традициясын даўам етеди. Ҳайўан қаладан табылған сырланған бадия табақ ишине бүркиттиң аяқ тырнақлары менен қысып жыланды көтерип ушып баратырған көринисин салған. Екинши ыдыста, кептер қустың тумсығында гүлдиң көринисин берген. Усы дәўирдеги, ыдыс- буйымларда, ҳәр түрли геометриялық нағыслар ҳәм арабша жазыўлар ушырасады. Гүллшылықтан басқа темиршилик, зергершилик, тоқымашылық ҳәм шийше ислеў өндирислериде өседи. Усы дәўирде пахтадан ҳәм жүннен гезлеме кийимлер ислеген. Кийиз басқан. Қазып тексериўлерде темирден исленген пышақ, орақ, бизлер ҳәм басқа буйымлар табылды. Қалаларында бронзадан сырға, билезик, жүзик, өңирге тағатуғын затлар, белбеў ҳәм жағалары исленген. Қурал- жарақ сапларын ҳайўанлардың сүйегинен ислеген. Әсиресе суўынның, ешкиниң ҳәм қошқардың шақларын пышқы менен кесип хожалыққа керекли буйымлар ислеўге таярлап қойған бөлимлери ушырасады.

Орта эсирлерде Кердер қалалары арқалы өткен кәрўан жолы, қалалардың өсиўине жағдай туўғызды. Қала халқы тек хожалық буйымларын өндирип ғана қоймастан, сол өндирген затларын


www.ziyouz.com kutubxonasi

базарларда сататуғын болған. Қалалар арқалы ўәлаятлар, қала халқы менен дөгерегиндеги елатлар, көшпели шарўа қәўимлери тығыз экономикалық ҳәм мәдений байланыс жасайды.

Хорезмниң Гургандж ҳәм Қыят қалаларынан шыққан гүзар кәрўан жоллары Миздахкан, Дарсан, Кердер, Күйик қала, Қорғанша арқалы, Аралдың шығыс жағалары менен Сырдәрьяны бойлап өтетуғын «Уллы жипек жолы»на тутасқан. Нәтийжеде, Кердер ўәлаяты Ферғана, Бухара еллери, Янгикент, Тараз ҳәм Отрар арқалы Қытай менен саўда байланысында болған. Миздахканнан Тан империясы дәўирдеги Қытай теңге-пулының табылыўы, сырт еллерден келген таў хрусталынан исленген моншақлардың ушырасыўы Византия теңгесиниң табылыўы Кердер қалаларының халық-аралық саўда байланыста болғанын дәлилейди.

## § 15. Теңгелери

Кердер ўәлаятының теңгелери VII-VIII әсирлерден баслап белгили, VIII әсирдиң басында, ғәрезсиз Кердер ўәлаятының ҳәкими Хосраўдың теңгеси басылады. Теңгениң оң тәрепинде басына қос өркешли түйениң көринисиндеги таж кийип отырған ҳәкимниң сүўрети ҳәм теңгениң екинши тәрепинде шанышқы тәризли тамға салынған. Оннан басқа VIII әсирдиң орталарына жататуғын мыс теңгеде алдыңғы оң аяғын көтерип турған аттың сүўрети берилген. Оның үстинде атанақ тәризли белгиси бар. Бундай теңгелер ушырасады. Бундай теңгелер Кердер қалаларында ушырасады. Кердер естеликлеринде Миздахкан естелигинде ҳәм Азкацвар- Чаган ҳәм Савашфан теңгелериде гезлеседи. IX-XI әсирдеги жайлардың мәдений қатламларында аббасид халифлериниң мыс фельслери көп ушырасады. Теңгелердиң көплиги, Кердер ўәлаяты социаль-экономикалық жақтан раўажланғанын ҳәм олардың қала базарларында ақша қатнасығының өскенин дәлиллейди.

VII-XI әсирлерде кердерлилерге түрк жазыўы менен бир қатарда хорезм жазыўыда кеңнен таралады. Хорезмлилер, Кердер ўәлаятына араласып ҳәм оның қалалары арқалы саўда жүргизеди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 16. Кердерлердиң байрамлары

Барлық түрк тиллес халықлар сыяқлы Кердерлерде зыялы руўхлардан сақланыў ушын, балаларда кийимлерине жылан бас, тумар, ҳәм асықларды тағып жүреди. Олар темирлердиңде кәрматлығына исенип ҳәм майда дөңгелик темирлерди кийимлерине таққан. Кердерлердиң баслы байрамларының бири жаңа жылнаўрыз болған. Жаңа жылдың келиўи, суўық түнниң, жыллы бәҳәрдеги күн менен алмасыўы ҳәм жаманлық үстинен жақсылықтың жеңиси деп түсинген. Жаңа жылдың келиўи менен кердерлилер отларға сыйынған, дәрья, канал жағаларына барып сейиллер өткерген ҳәм суўларға жуўынып тазаланған. Ҳәр бир шаңарақ ошақ дөгерегинде байрам дәстурханларын жайып, таза кийимлер кийген, пал аштырып, жақсылық күткен, жети өсимликтиң тухымын алып ҳәм жаңа жылда дийханшылық өниминиң қандай болатуғынын болжаған. Жигитлер өз-ара күш сынасқан, атлар шабыстырып, түйелер жарыстырған ҳәм жигитлер оқ жайлардан оқ атып жарысқа түскен. Қала кварталлары арасында қурылған әткеншеклерде ушқан. Жигитлер жақсы көрген қызларға гүллер берген. Адамлар, тәнирден шаңарақ саўлығын, өнип-өсиўин, бахытлылық, тынышлық, аўыз биршилик, дийханшылықта өнимдаршылық, суўдың мол болыўын ҳәм мал басының көбейиўин тилеген.

Жаңа жылда ески ыдысларды сындырып ҳәм оларды жаңалаған. Қаланың мәдений қабатынан сынық ыдыслардың көплеп табылыўы усы дәстүрге байланыслы. Адамлар бир-бирине саўғалар берген, мәйеклерди бояп балаларға үлестирген ҳәм өйткени қалада мәйек қабыршақлары да көп ушырасады. Сүмелеклер, гөжелер писирип, қәўим урыў болып дәм татқан. Атызларға, биринши рет гүндеге қос жегип тұқым сепкен. Молшылық болсын деп өгизлердиң шақларын ун менен сыйпаған ҳәм май жаққан. Кердерлилер өгиздиң кәраматлылығына исенген. Жаңа жылдың келиўи менен қубла Арал бойы ҳәм басқада Орта Азия халықларының ойынлары болған. Олардан: қошқар урыстырыў, беллесип гүресиў, ат шабыстырыў, ылақ ойынлары, қораз урыстырыў, бурын Грецияда өткерилген олимпияда ойынларына ҳәм Римдеги гладиаторлардың урысларына уқсайды. Бул еллерде


www.ziyouz.com kutubxonasi

де ойынлар, жаңа жылға арнап ҳәм бәҳәрдиң келиўи менен өткерилген.

## § 17. Кердер алымлары

1219-жылы Мавереннахрда болған орта әсирдеги араб географы Йакут ал-Ҳәмауи ар-Руми, «Кердер, Хорезмниң түрклер менен шегарасындағы елат. Олардың тили түркше-де, хорезмше де емес. Кердер ўәлятында көп санлы аўыл-елатлар бар. Кердерлилерде маллар көп, олар молшылықта жасайды» деп жазып қалдырды. Археологиялық материаллар VI-VIII әсирлерде, кердерлилердиң хорезмше ҳәм түрк тилинде сөйлегенин дәлиллейди. Егер Дарсан ҳәм Миздахканнан табылған оссуариядағы жазыўлар шығыс Иран тил шақапшасында болса, ал VI-VII әсирде Жети асарлардың Алтан асар қаласынан табылған жазыў түркше жазылған. Әлбетте, Йакут Кердер ўалаятында болмаған ҳәм ол туўралы Кусам ал-Хибли деген алым адамнан еситкен. Орта әсирде Кердер ўәлаятында өнерментшилик, мәдений, илим ҳәм саўда жоқары дәрежеде раўажланған. IX-XI әсирлерде Сырдәрья алабында огуз-қыпшақлардың қаласы Янгикент, Отрар, арқа-батысында түрклердиң дәрўазасы деп аталған Гургандж ҳәм қубласында Хорезм патшалыгының 995 жылға шекем пайтахты Қыят қалалары жайласқан. Бул қалалар сиясий- басқарыў илиммәдений саўда орайы болған. Отрардан ал Фараби ҳәм Қыяттан ал Беруний қусаған дүньяға белгили алымлар өсип шыққан. Гургандже «данышпан үйи» деп аталған «академия» ислеп турған. Усы орталықта жайласқан Кердер данышпанлар қаласы да илимий- мәдений ҳәм саўда орай болған. Орта әсирде Кердер қаласында дүньяға белгили болған алымлар өсип шыққан. Йакут, Кердер ўәлаятынан: Эбд ал-Гафур бин Лукман бин Муҳәммед Абу Муфахир ал-Кердери деген алымның шыққанын ҳәм Эбу Таңир Муҳәммед бир Муҳәммед бин Эбд Аллах ас-Санджи ал Маруазиден еситкенин жазып қалдырады. Бул жерде ал-Кердери лақаб болып ҳәм адамның сол халықтан ямаса жасаған каласынан шыққанын аңлатады. Йакут сөз еткен ал-Мәруази Кердери, XI-XII әсирдиң басында жасаған оқымыслы алым ҳәм атақлы шыпакер болған Эбд ал-Гафур ал-Кердери XI әсирде өмир сүрген. Эбд


www.ziyouz.com kutubxonasi

ал-Гафур Кердери, Багдад ҳәм Дамаск қалаларына барып оқып билим алған. Орта шығыста IX-XI әсирлерде Бағдад қаласы мусылман дини илиминиң орайы болып ҳәм ондағы халиф Мамун сарай жанында илимий мектепте ислеген. Әбдал-Гафур Кердери араб халифатының Халаб қаласындағы ал-Худдадий медресесинде жасларды оқытқан ҳәм устазлық еткен.

Кердер қаласының мәдений қабатынан табылған ҳәр түрли формадағы шийше ыдыслардың көбиси, IX-XI әсирлерде шыпакерлик ислери ҳәм химиялық тәжирийбелер өткериў ушын пайдаланған. XIII-XV әсирдиң басында жасап өз хызметлери арқалы дүньяға белгили болған алымлар қатарына Муҳәммед ал-Кердери ҳәм Хафиз ад-дин Муҳәммед ал-Кердерлилер киреди.

1317-жылға тийисли Едил бойындағы Булгар қаласынан табылған эпиграфиялық (эпитафия) жазыўда Муҳәммед Шейх аль-Кердари аты ушырасады. XIII-XV әсирлерде жасаған, орта шығыс еллери алымлары қатарына Муҳәммед ал Кердери ҳәм Хафиз ад-дин Муҳәммед ал-Кердерлилер киреди. Булар ислам дининиң тәлийматларын жаксы билген ҳәм шәриятқа байланыслы түрли мәселелерге түсиник берген. Кердери лақаплары; Әмиўдәрья дельта алабындағы (жердиң атынан алынған қубла Арал бойында ҳәзирги Қарақалпақстан аймағындағы қала, канал ҳәм теңиз болган. Кердер қаласы (Ҳайўан қала), Кердер каналы (Шортанбай –Кегейли) ҳәм Кердер теңизи (Арал теңизи) деп аталған. Кердер руўлары қарақалпақларда, казақларда ҳәм башқуртларда сақланған жеринен, Кердер руўлардан шыққан, жеринен шыққан оқымыслы улама- алымлардың аты, олардың мийнетлери ҳәм немец тарийхшысы К.Брокельманның 1898-жылы шыққан «Араб әдебиятының тарийхы» деген мийнетинде жазылған.

## § 18. Руўхый мәденияты

Кердерлилер тийкарынан тәбият қубылысларының сырларына түсинбей, олар оттың кәраматлылығын, аспан тәңирине, тотемизм ҳәм шаманизм динлерине сыйынған. Түрк тиллес қәўимлер сыяқлы олар, жокарыдағы көк аспан, төмендеги қара жер ҳәм бул екеўиниң арасында адамлар жасайды деп түсинген. VI әсирдиң ақыры-VIII әсирдиң орталарына шекем кердерлилердиң бир



www.ziyouz.com kutubxonasi

бөлеги, әсиресе қалаларда жасаўшы халықлары, хорезмлилердиң мәдений тәсиринде болып ҳәм зардуштийлик динди қабыл етеди. Зардуштийлик тәлиймат бойынша, пүткил әлем, от, суў, жер ҳәм ҳаўадан турады. Оларға патас нәрселерди таслаўға қадаған етилген. Ҳәттеки, марқумлардың денесин жерге көмиў, суўға таслаў, отқа жағыў ямаса көк-жасыл өсимликлер үстине қалдырыў қадаған етилген.Сонлыктан, кердерлер өз өликлерин зардуштийлик дини дәстүри бойынша алебастрадан, ылайдан қумбызда күйдирилип исленген астаданларға ҳәм тастан ислеген қутышаларға салып екинши рет жерлеген. Гейде, адам сүйеклерин гүлал ыдыслары болған гүзе, хум ҳәм басқа ыдысларға салып жерлеген. Бундай жерлеў дәстүрлери Дарсан, Миздахкан, Кердер, Күйик қала ҳәм басқада естеликлерден табылған. Дарсан ҳәм Миздахкан қалалары қойымшылықларынан табылған оссуариялардың қақпағына ҳәм қапталына қара тушь пенен жазылған. Ерте орта әсирдеги Хорезм жазыўы ҳәм марқумды қайғырып жылап отырған адамлардың сүўрети сызылған. Гейбир оссуарияларға реңли қара бояўлар менен айдың, қуяштың ҳәм ийттиң сүўретлери сызылған. Өлилерди жылап аза тутыў кердерлилерде, Согдалыларда ҳәм түрклерде кең таралған. Кердер ўалаятында зардуштийлик динди қабыл етпегенлер, бурынғы өз ата-бабаларының дини дәстүрлерине садық болып, көк тәңири, умай-анаға, суўға ҳәм тәбият қубылысларының кәраматына сыйыныўды даўам етеди. VI-VIII әсирлерде Күйик қала ҳәм Қыран таў халықларының бир бөлими өз марқумларын ата-бабаларының дәстүри бойынша қәбирлерге жерлеген. Өлилердиң басын арқа, арқа-батыс тәрепке қаратып қойып, олардың қәбирлерине ҳәм адамлардың тири ўақтында пайдаланған ыдысларына аўқат салып қойған. Ҳаял-қызлардың қәбирлеринде, безениў буйымлары: билезик, сырға жүзик, моншақлар ҳәм тағалар ушырасады. Ер адамлардың қәбирлеринде, темирден исленген оқ жай ушлары, қанжар, пышақ, қайыс таға ҳәм теңгелер ушырасады. Марқумларды бундай етип жерлеў, олардың диний дәстүрлеринен ҳәм үрп-әдетлеринен келип шыққан. Сондай етип VI-VIII әсирлерде Кердер қалаларында (Күйик қала, Қыран қала) еки түрли динге исенип ҳәм еки тил шақапшаларында сөйлеген этнослар жасаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

VIII эсирдиң ақыры–IX эсирден баслап қубла Арал бойы халықлары арасында ислам дини тарала баслайды. Бирақ, соған қарамастан, кердерлилердиң руўхый турмысында бурынғы руўшылық жәмийетлик дүзим дәстүрлери ҳәм диний исениўлер узақ сақланады.

VI-IX эсирлерде қубла Арал бойына христиан диниде таралады. Усы дәўирде Сириядан көплеген миссионерлер «уллы жипек жолы» арқалы келеди. V эсирдиң I-ярымында шығыс Рим империясында христианлар арасында дин хызметкери Несториан басшылығында аўкам (секта) пайда болады. Олардың пикиринше: Марияның баласы қудай емес, Мария Христостың анасы, ол қудайда емес ҳәм ал Христос деген адамның баласын дүньяға әкелген. Бул пикир 325-жылы христианлардың Никей соборында қабыл етилген: «Христос адам менен қудайдың бөлинбейтуғын бирлиги» деп есаплайтуғын диний түсиникти бийкарлайды. Несторианның пикири 431-жылы Эфес соборында айыпланады. Усыдан кейин оның тәрептарлары қуўдаланады. Олар шығыс еллерине кетиўге мәжбүр болады. VII-VIII эсирлерде христианлардың несториан бөлеклери орайлық Азия калаларында пайда болады. Миздахканның кәбирлеринен табылған оссуариялардың сыртындағы христианлардың атанақ тәризли белгилери Кердер ўәлаятынада христианлардың несториан ағымының таралғанын дәлиллейди.

X-XI эсирлерде Гургандже (Үргенште) мусылманлар менен христианлардың жасағанын Хорезмли алым Берунийде өз мийнетлерине жазып қалдырады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# VI БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАННЫҢ ОЯНЫЎ ДӘЎИРИНДЕ (РЕНЕССАНС) X-XIII ӘСИРЛЕР

## § 1.Сиясий жағдайлары

Орта Азия халықлары VIII әсирден баслап араб халифатының сиясий бийлигин мойынлайды. Орта Азия пукаралары араблар тәрепинен орнатылған жерден алған өнимниң ярымына шекем хараджы салығына төлеген. Усыған қосымша жан басынан ҳәм малдан салық-закат төлеўге мәжбүр болған. Тағыда, жергиликли халық халифат тәрепинен алып барған үлкен қурылысларға, жаңадан қорғанлар салыўға, көпир қурыў, канал-арналарды қазыў ҳәм оларды тазалаўға қатнасыўға мәжбүр болған. Бундай аўыр жумыслар, социаллық теңсизликлер пуқаралардын жий-жийи наразылықларын келтирип турған. Солардың ишиндеги социаллық теңсизликлерге қарсы пуқаралардың үлкен көтерилиси 776-783-жыллары Муканна басшылығында моввераннухрда болып өтти. Кердерлилерде 712-728-жыллары түрк қәўимлери менен биригип ири көтерилислерге катнасты. Бундай үзликсиз болған халық наразылықлары араб халифатының ҳәлсиреўине әкеледи. Нәтийжеде IX әсирдиң басларынан баслап Орта Азияда жергиликли феодал–аристократлары елди басқарыўға жигерли қатнаса баслайды.

821-жылы тахирийлер династиясының негизин салыўшы Тахир ибн Хусейин Хорасанды өзинше басқарыўға ериседи. Тахирийлер Хорасанды Нишапур қаласында турып басқарады. 828-845-жыллары Абдаллах ибн Тахирдың тусында тахирийлер мәмлекетине мавераннахр ҳәм Хорезм қарайды.

873-жылы саффарийлер династиясының негизин салыўшы Якуб ибн Лейсе әскерлери топылған тәрепинен тахирийлер жеңиледи. Олар Нишапурды ийелейди. Нәтийжеде тахирийлердиң Орта Азия ҳәм шығыс Иран жерлери ушын саффарийлер менен урысына Хорезмде қатнасады. Мәселен, Мерв қаласының басқарыўшысы тахирийлер әўлады Хусейн, Хорезм әскерлерине сүйенип, саффарийлер менен урыс алып барады. Ол жеңилип қалды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Орта Азияда жергиликли саманийлер династиясы басшылығында IX әсирдиң басында дүзилген феодаллық мәмлекет X әсирдиң ақырына шекем даўам етеди. Саманийлер династиясының тийкарын салған Афганистанның арқасындағы Балхтан шыққан үлкен жер ийеси «дийхан-аристократ» Саман худад болады. Ол исламды қабыл етип ҳәм оның 4 ақлығыда Хорасандағы халиф Мамунға жаслығынан хызмет етеди. Олардың халифке ҳадал берилип ислеген хызметлери ушын Нух-Самарқанд, Ахмад-Ферғана, Яхья-Шаш ҳәм Иляс-Герат ҳакими етип таярланады. Нәтийжеде Саманийлер Мавараунназрды бийлейди. Мәмлекеттиң дүзилиўине ҳәм оның шегараларының кеңейиўине Исмайл ибн Ахмедтың (874-904) хызмети үлкен болды. 900-жылы оның әскерлери саффарийлер үстинен жеңиске ериседи. Буннан соң Хорасан, Иранның шығыс ҳәм арқа ўәлаятлары Саманийлер қурамына өтеди.

Саманийлер мәмлекетине (874-999) Мавераннахр, Хорезм, Түркменстанның бир бөлими ҳәм Сырдәрья бойлары жерлери қарайды. Исмайлдың басқарыўына шекем Бухара оазисин көшпели қәўимлердиң топылысларынан қорғап турыў ушын дийханшылық оазиси менен саҳра шегарасы бойлап «уллы Қытай дийўалы» на уқсаған бир неше онлаған шақырымға созылған қорғаныў дийўалы-«дийўалы Кемпирак» салынған еди. Бул қорғаныў дийўаллардың бурылған жерлерин қайта тиклеў халықтың мойнына жүкленеди. Исмайл күшли нөкер дүзип, көшпелилерге соққы бергеннен соң, Бухара оазисиниң халқын бул аўыр мийнеттен азат еткен ҳәм ол өзин «мен тири болсам өзим Бухараның қорғаныман» деп жәриялаған.

Сол дәўирдиң ири феодал-аристократы болған Исмайл жергиликли феодал ақ сүйеклердиң, саўдагерлердиң мәпин қоллап ҳәм оларға сүйенип сиясат апарған. Саманийлер дәўиринде феодаллық қатнаслар буннан былайды раўажланады. Жер ийелеў менен бирге феодаллық жеке меншиктиң мүлк, иқта ҳәм ўақым түрлери пайда болады. Саманийлер әўладларының меншик жерин қураған мийрас жерлери (мүлк) ҳәм мусылман мешит қәўимлериниң меншиги (уақым) көпшилик жағдайда атадан-балаға өтетуғын мийраска айланған. Феодал-аристократлардың шәртли түрде пайдаланатуғын жерлери (иқта) болған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

X эсирде саманийлер тусында мусылман дин ийелери жәмийетте үлкен орын ийелеген. Шығыстағы мусылман еллериндегидей Арал бойы халықлар арасында араб тили, диний ҳәм мәлекетлик тил болып есапланған. Бизиң пикиримизше жергиликли түрк тилиде өз әҳмийетин жоғалтпаған. Көпшилик жағдайда әдебий ҳәм илимий шығармалар араб тилинде жазылады. Муҳәммед ибн Мусса ал- Хорезмий (780-863), ал Фарабий (870-950), Саалибий ҳәм ал-Ферғаний (IX ә.) өз мийнетлерин араб тилинде жазған.

Саманийлер тусында жазба мағлыўматларға қарағанда дарий ямаса фарси-дарий ҳәм тәжик тиллерин пайдаланған. Абу Абдуллах Жафар Рудаки, шайра Рабиа, Абу Мансур Муҳәммед ибн Ахмад Дакики ҳәм басқалар өз китапларын фарси тилинде жазған. Бухара усы дәўирде илимий, мәдений ҳәм диний орайға айланады. Саманийлер дәўиринде Абдулқасым Фирдаўсий (940-1020) өзиниң «Шах-нама» эпосын жазыўға кириседи. Оның китабында әййемги батырлар ҳәм мификалық әпсана патшалар сөз етиледи. Ол узақ ўақытты, 4233 жылды өз ишине қамтып, дүньядағы жүдә үлкен ҳәм баҳалы тарийхый дәстанлардың бири болып есапланады. Түрклер арасында да әдебий шығармалар пайда болады.

XI эсирде Юсуп Баласуғунның «Бахыт әкелетуғын билим» деген мийнети түрк тилинде жазылған. Онда өнерментлердиң ҳәм сәўдагерлердиң мийнетин мақтап жазады. 1074-жылы Махмуд Қашқарий «Түрк тиллериниң сөзлиги» мийнетинде, халықтың турмысы, тарийхы, тили ҳәм үрп-әдетлери туўралы мағлыўмат береди.

Саманийлер басқарған жыллары орайлық ҳүкиметтен бөлинип жасаўға ҳәрекет еткен феодаллық ўәлаятыларға қарсы гүрес алып барады. Исмайл орайлық ҳүкимликтиң сиясий бирлигин сақлап турыў ушын қанша гүресседе феодаллық бөлеклениў даўам етти. Мысалға, Хорезм, Чаганиан, Хутталян ҳәм басқа ўәлаятлар саманийлер мәмлекетиниң қурамына тек көз-абаға қарағаны менен ҳәм ис жүзинде олардың ҳәкимлери өз ўәлятларын ғәрезсиз басқарған. Ҳәтте, Хорезм ҳәкими халықтан жыйналған салықты саманийлер қазнасына тапсырмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

IX-X әсирде, саманийлер тусында Хорезм 2 ўәлаятқа бөлинген еди. Орайы Қыят қаласы болған қубла Хорезмди афригийлердиң әўладлары болған хорезмшахлар басқарады. Пайтахты Гургандж болған арқа Хорезмди (Әмиўдәрья дельтасының шеп тәрепин) саманийлер қойған әмирлер басқарған. Әмиўдәрья дельтасының шығыс тәрепинде Кердер ўалаяты жайласады. Оның пайтахтыда Кердер деп аталып ҳәм сол қаланың қарабаханасы Ҳайўан қала болып есапланады.

996-жылы Хорезмниң ҳәмме ўәлаятларын ҳәм жерлерин Гурганджның әмири Мамун ибн Муҳәммед күшли ҳәм бир мәмлекетке бирлестиреди. Саманийлер мәмлекетиниң шетки ўалаяты болған Хорезмде Орта Азияның орайлық жерлериндегидей феодаллық қатнаслар раўажланады. Бурынғы дийханлар эстелик пенен жерсизленеди ҳәм олар «дийхан»-аристократларға ғәрезли болып қалады. Жергиликли ири жер ийелери қатарында көплеген отырықшы түрк аристократларыда болған.

Халықтың тийкарғы бөлими дийханшылық ҳәм мал шарўашылығы менен шуғылланады. Хорезмде суўғарылып егилетуғын дийханшылық мәденияты жақсы раўажланады. Себеби, жасалма каналлардың тармақларының ҳәм суўғарыў қурылысларының көплиги дийханшылықтың кең түрде раўажланыўына мүмкиншилик туўдырады. Айырым суўғарыў каналлары (Гаухара, Хайканик) жүдә үлкен болған ҳәм ҳәттеки олардан кемелер жүзип жүрген. Оларды өз ара катнасықлар ушын пайдаланған. Әмиўдәрьяның шеп тәрепиндеги егислик жерлерди ири Хазарасп, Қардаранқас, Хейканик (Палўан жап), Мадра ҳәм Бадақ каналлары дийханшылықты суў менен тәмийинлеген. Дәрьяның оң тәрепиндеги Қыят қаласының этирапын суўғарған Гаухара (Пахта арна) оннан төмениректе, дельтаның шығыс тәрепиндеги жерлерин- суў менен тәмийинлеген ҳәм дәрьяның аңғары бойынша қазылған Кердер каналы болған. Оның бойында Кердер (Ҳайўан қала), Бағдат ҳәм басқа елатлар жайласқан.

Х әсирдеги араб географы Истахридиң жазыўынша «Жейхунның (Әмиўдәрья) суўының ҳәмме пайдасын Хорезм көрген». Орта әсирлердеги алым Абу Абдаллах ал-Хорезмий өзиниң «муфатик ал-улум» (илимге гилт) деген энциклопедиялық мийнетиниң бирнеше бөлимлерин суўғарыўға байланыслы ҳәм



www.ziyouz.com kutubxonasi

әсиресе суўдың қәддин көтериў қурылысларына арнаған. IX әсирлерде қубла Арал бойларында, соның ишинде Хорезмде дийханшылықты шығырлар менен жер суўғарыў кең таралады. Олардың суўды көтеретуғын дигирлери-ыдыслары көплеп хумбызларда исленген.

IX-XI әсирлердеги жазба дереклер ҳәм археологиялық қазып қубла Арал бойының халқының хожалығының тийкарғы дийханшылық болғанын дәлилейди. Әдеттегидей, дийханшылықта баслы орынды дәнли егинлерден бийдай, арпа, тары, мәш, техникалық егинлерден пахта ҳәм жоңышқа егилген. Қыят, Хийўа, Хазарасп, Гургандж, Уллы Гүлдирсин, Миздахкан ҳәм басқада қалалардың этирапындағы жерлер бағшылық, жүзимгершилик ҳәм палыз егинлери менен бәнт болған. Мал шарўашылықта қой-ешки көбирек ҳәм ири қара маллар асыраған. Ат, ешек ҳәм өгизлерди күш-көлик ретинде пайдаланған.

IX-XI әсирлерде гүлалшылық өнерментшилик кең раўажланған. Ҳәр қыйлы хожалық егинлери сақлайтуғын үлкен күмлардан баслап кишкене қырмаша- кеселерге шекемги ҳәр қыйлы ыдыслар исленген. Сол ўақытлардағы гүлалшылықта ең сапалы сырлы ыдыслардыда ислеген. Талаптың көп болғанлығынан оларды сапалы етип шығарған. Гүлал ыдыслардың түрли гүңгирт- жасыл, сары ҳәм пил сүйеги сыяқлы реңли болып келеди.

IX-XI әсирлерде гүлал ыдысларды бир қабатлы ямаса көп қабатлы ҳәм мөлдир-шығылтыр түрдеги бояўлар менен жабыў усыллары менен ислейди. Хожалық буйымларында геометриялық сызықлар, араб ҳәриплерине, өсимлик жапырақлары тәризли нағыслар ҳәм ҳәттеки ҳайўанлардың сүўретлериде ушырасады. Гүлал ыдыслардан басқа шийшеден исленген буйымларда көп гезлеседи. Саманийлер дәўиринде саўда байланыслары раўажланады. Мавераннахр арқалы шығыс ҳәм батыс еллерге өтетуғын кәрўан жоллардың қәўипсизлиги сақланады. Түрклерден саманийлерге әкелинген қуллар- әскерлер саманийлер армиясының қатарын көбейтеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 2. Қала мәденияты

IX-XI әсирлерде Хорезм-Қарақалпақстан жеринде Шорахан, Хазарасп, Гургандж, Дарғаната, Кердер, Миздахкан, Қыят өнерментшилиги ҳәм саўда жақсы раўажланған қалалар қатарына киреди. Әмиўдәрьяның шеп тәрепиндеги ири қалалардың бири Дарған болады. Оның қарабаханасы ҳәзирги Дарағаната елатынан онша қашық емес жерде жайласқан. Ол дәрьяның ең баслы өткеллеринин биринде жайласып, Бухарадан Әмиўге (Чаржаўға) ҳәм Хазарасптан Арал бойларына өтетуғын кәрўан жоллардың кесилискен дәрбентинде жайласқан. Гүрганждан Бухараға баратуғын кәрўан жолында үлкен қала Хазарасп болған. Аңыз сөзлерге қарағанда қаланы дәў салған. Ол сол жердеги сүўреттен қанатлы мың тулпарды услап ҳәм олардың қанатларын қырқып қолға үйреткен. Хазарасп «мың жылқы» мәнисин билдиреди. Бирақ, археологиялық қазып изертлеўлер Хазарасп территориясында буннан 2700 жылдай ўақыттан баслап адамлар жасағанын анықлады.

X әсирлерде саҳраның шети менен Гургаджге баратуғын саўда жолының бойындағы онша үлкен емес Хийўа қаласы болған. Ол орта әсирдеги Хейканик (Палўанжап) каналының ақырында, ҳәзирги орында жайласқан. Археологиялық қазып изертлеўлер Хийўа қаласының буннан 2500 жыл бурын салынғанын анықлады.

Хорезм ўәлаятының Шабат районының Манах аўылында жайласқан Военганда орта асир қаласы болып есапланады. Ол орта әсирдеги дереклерде Ардахушмисан қаласы деп аталады. Хийўадан арқа-шығыста ҳәм қара қумның шетинде орта әсирдеги Замахшар қаласының қарабаханасы жайласқан. Орта әсир қалаларында саўдагерлер, гүлалшылар, темиршилер, зергерлер ҳәм басқа да кәсип ийелери хожалықларының имаратлары менен мәҳәлелерге бөлинип ҳәм қаланың рабад деп аталған бөлиминде жасаған. Қаланың сыртқы тәрепи суў толтырылып қойылған терең қандеги бар қорған дийўал менен қоршалған.

Қубла Арал бойларындағы ири сиясий ҳәм саўда-өнерментшилик орайларының бири Гургандж қаласы. Оның этирапында жергиликли феодал ақсүйеклердиң ҳәўлилери жайласқан. Гур-



www.ziyouz.com kutubxonasi

гандж «саўдагерлердиң ағылып келетуғын» ири қаласы деп аталған. Қарақалпақстанның Хорезм қаласының қубла-батысында, орта эсирдиң жазба дереклеринде Миздахкан, ҳэзирги Гэўир қала деп аталатуғын оның қарабақанасы жайласқан. Ал Макдисидиң мағлыўматында «Миздахкан этирапында 12000 қорған феодал ҳэўлиси болған. Миздахкан кең дийханшылық орайы болған» лығы белгили.

Орта эсирлерде Әмиўдэрьяның оң тэрепиндеги Хорезмниң пайтахты Қыят қаласын гейде Ал-Фир (Пил) ямаса Хорезм қаласы деп те аталған. Қала дэрьяның ернегине жақын жайласқанлықтан ол бир неше мэртебе дэрья дегишине ушыраған. Х эсирдиң ақырында қаланың үлкен бир бөлимин Әмиўдэрья суўының жуўып кеткенлигин ҳэм Қыятта туўылып өскен Орта Азияның уллы илимпазы ал-Беруний жазып қалдырған. Оның жазыўына қарағанда, қала қам гербишлерден өрилген ҳэм үш қатар етип салынған үлкен қорғаныў дийўаллары менен қоршалған. Дийўаллардың үстинен Хорезм ҳэкиминиң салтанатлы қорған-сарайы көринип турған. Жазба дереклерде Қыят қаласынан дүньяға белгили болған тарийхшылар, алымлар, илимпазлар, шебер қурылысшылар, сазенделер ҳэм басқада кэсип ийелери шыққаны айтылады. Қалада көплеген саўда базарлары, медреселер, зиндан, минара ҳэм адам бойындай қара таслардан исленген сүтинлердиң үстине қойылған ағаш өрелери бар жума мешити болған. Қыят қаласының арқа-шығысында Гэўхара каналының тармақларын бойлап IX-XI эсирлерге жататуғын көплеген ҳэўлилер ҳэм аўыллық–елатлы бекинис-қорғанлары болған. Олардың қатарына Гүлдирсин, Қабат қала, Наринжан ҳэм басқа естеликлер жатады.

Орта эсирде Әмиўдэрья дельтасының оң тэрепинде Кердер ийелиги жайласқан. Оның жерлерин суў менен тэмийинлейтуғын канал ҳэм ўэлаяттың пайтахты да Кердер деп аталған. Кердер ўалаятының халқы этникалық жақтан Хорезмлилерден айырмашылығы болған. Якуттың «еллердиң сөзлиги» мийнетинде бул ўэлаяттын халқының тили Хорезмше ямаса түркше емес деп жазылған. Демек, XI-XIII эсирлерде Кердерлилер еле тил жағынан толық түрклесип болмаған болыўы мүмкин. Ҳэқыйқатында да, Кердер халқы Арал бойы сак-кангуй, гунн- алан ҳэм жети асар- кангар кэўимлериниң урпақлары болған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

IX-XI әсирлерде Әмиўдәрья дельтасының шығыс тәрепинде, Нөкистиң арқа-батысында жайласқан Дарсан, Хожели жанында Миздахкан, Кердер қалалары ҳәм басқада елатлар болған. Бул қалалардағы мәдений қатламлардан гүлал ыдыслары менен бир қатарда аббасий мыс-фельс теңгелери ушырасады. Қала халықлары саўда, өнерментшиликтен басқа, дийханшылық, шарўашылық, балықшылық ҳәм аңшылық пененде шуғылланған.

## § 3. Саўда байланысы

IX-XI әсирде саўдагерлер арқа-батыстағы славянлар, Хазар, Булгар патшалығы, Арал, Каспий бойларындағы көшпели түрк қәўимлери ҳәм басқа да еллер менен саўда байланысларын жүргизген. Қубла Арал бойлары орайлық Азиядан Иран ҳәм шығыс Европа еллеринен баратуғын саўда жолларының кесиске ҳәм дәрбентинде жайласқан. Сонлықтан, усы саўда жолларын жергиликли халықлар өз қолларында услап ҳәм саўдадан пайда алып турған. Әсиресе Ираннан ҳәм Иpактан шығыс Европаға баратуғын ең қысқа жолдың бойында жайласқан Гургандж ҳәм Миздахкан қалаларының хызмети үлкен. Хазарасп Хорезмге келетуғын саўда жолларының бири Амул (Чарджаў) арқәлы Әмиўдәрьяның шеп жағасы менен Дарсан, Хазарасп ҳәм Хийўа арқалы Гургандж қаласына келген.

Едил алабындағы Болгарлар арасындағы ислам динин таратыў ушын оқымыслы адамларды жебириўди Болгар патшасының өтиниши менен 921-жылы Бағдаттан Сусан ар Расси басшылығында кәрўанлар менен қосылып елшилер шығады. Усы үлкен кәрўанның ишинде алым Ахмед ибн Фадланда болады. Онын жазыўы бойынша саўда кәрўаны Хорезмнен Едил бойларына барыў ушын 922-жылы Гургандждан шығып Үстирттиң шығыс етегин жағалап, Қасқа жолдан көтерилип ҳәм кеңислиги арқалы Жемге жетеди. Оннан жол екиге бөлинип Хазарларға ҳәм Болгарларға баратуғын болған. Ахмед ибн Федлан бул жолды «халықлар дәрўазасы» деп атайды. Хорезм оазисинен Едил бойларына баратуғын ески саўда жолы тек IX-XI әсирлерде пайдаланылып қоймастан ҳәм ол соңғы XII-XIV әсирлерде де кең пайдаланылған. Үстирт Үстирт кеңислиги арқалы өтетуғын



www.ziyouz.com kutubxonasi

кәрўан жолы жақсы үскенеленеди. Жолдың бойларында, белгили аралықлардан тастан, писken гербишлерден өрилген қудықлар, арнаўлы жабық суў сақлағышлар, кәрўан сарайлар, саўдагерлер, елшилер, жолаўшылар ҳәм саяхатшылар дем алатуғын жайлар салынады. Саўда жоллары арқалы почта байланыслары да алып барылады.

XIX әсирде усы жол менен Бухара, Хийўа кәрўанлары (қазақ далалары, Оренбург ҳәм Башқурт жерлери арқалы орыс ярмаркаларына барған. Бухара, Самарқанд қалалары арқалы келген кәрўанлар жүклерин Әмиўдәрья суў жолы ҳәм оның еки бойын жағалап алып барған. Дәрьяның оң тәрепинде кәрўан жол Гурганджден шығып Жумыры таў тусынан дәрьядан өтип, Қыят, Шорахан, Мешикли, Дашқала, Қызыл рабат, Жигит кала ҳәм Ак Рабат арқалы Бухараға жеткен. Дәрьяның шеп жағасын бойлап Гурганждан шыққан жол, Миздахкан, Ардахушмисан (Военган), Хийўа, Алма атысқан, Қала жик, Хазарасп, Даяхатын, Сиңир рабат, Сенгир қала, Амульге келип ҳәм екиге бөлинген. Кәрўан жолдың бир бөлими Хорасанға ҳәм екиншиси Самарқандқа барған.

Хорезмнен арқа-шығыстағы Сырдәрьянын төменги алабындағы елатларға ҳәм гузлардың пайтахты Янгикентке баратуғын жоллардың әҳмийети де үлкен болған. Гурганждан өтетуғын жол Миздахкан, Дарсан ҳәм Кердер арқалы Аралдың шығысы менен Сырдәрья алабынан шығыс еллерине баратуғын «уллы жипек жолы» на қосылған. Араб географы Истахридиң айтыўына қарағанда Хорезмлилердиң алабындағы түрклер менен саўда байланысында болған. Саўда затлары, буйымлары жүдә көп ҳәм ҳәр түрли болған. Хорезмлилер дийханшылық, бағшылық өнимлерин, гүлал ыдысларын, сердолик, тас моншақларды ҳәм тағы да басқа буйымларды шығарған.

Шығыс Европа еллериниң қымбат баҳалы мамық жүнли терилерди, металл буйымларды, Қытайдан жипек таўарларды ҳәм фарфор буйымлары әкелген. Жазба дереклерде Хорезмде қул сатылатуғын базарлар болған. Хорезм ҳәм Кердер базарларында славиянлардан, хазарлардан, ираннан ҳәм басқа еллерден алып келинген қуллар сатылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 4. Илим ҳәм мәдeният

VIII-XI эсирлерде Хорезмде дийханшылық мәдениялы менен бир қатарда мал шарўашылық, өнерментшилик ҳәм саўда жақсы раўажланды. Өнерментлер темир, гүмис, мыс, қорғасын, басқа металлардан қураллар ҳәм безениў затларын ислейди. Қубла Арал бойы қалаларында тоқымашылық, саўда менен бир қатарда мәдений байланыслар өседи. Гургандж, Миздахкан, Қыят, Кердер, Хийўа, Шорахан, басқа қалалар «Уллы жипек жолы» ның арқа шақапшаларында, Ҳиндистан, Қытай, Иран, Византия ҳәм басқада мәмлекетлер менен саўда байланыс жасаған. Дипломатиялық қатнасықлар орнатыўға жол ашылады.

Орта Азия араб халифатына қосылғаннан кейин, араблар өзлери бағындырып алған еллердиң илим ҳәм мәдениятының тәсиринде болады. Мәселен, араб илими, әййемги Грек, Ҳиндистан, Сирия, Иран, әсиресе, Орта Азия халықларының илиминиң жетискенликлери менен байыйды. Илимниң әҳмийетине жақсы түсинген Бағдат халықлары Харун ар-Рашид ҳәм ал-Мамунлар (VII-IX әсирлер) илимди раўажландырыў мәселесине жүдә кеўил бөледи. Халифаттың Бағдат ҳәм басқа қалаларында астрономиялық обсерваториялар салынады. Харун ар-Рашид «даналық үйи» ҳәм «байт ул-хикма» деп аталған дилмашлар орайын дүзген. Үлкен китапхана шөлкемлестирип халиф ал-Мамун тусында бул илимий орай мәмлекетлик қәўендерликке алынып ҳәм оған жетерли ғәрежет бөлинип шығарылады. Бул илим орайында грек, сирия ҳәм ҳинд тиллериндеги қол жазбалар арабшаға аўдарылады. Тез арада Ҳиндистан астрономларының, Гиппократ, Платон, Аристотель, Евклид, Архимед, Менелей, Аполлоний ҳәм Птоломей сыяқлы грек илимпазларының мийнетлери араб тилине аўдарылып үйренилди.

Орта әсирлер тарийхында Бағдат илим орайына жән-жақтан илимпазлар жыйналады. Ондағы обсерватория менен «даналық үйиниң» илимий орайында Орайлық Азиядан шыққан алымлар ислейди. Олардың ишинде Муҳәммед ал-Хорезмий, Ахмед-Ферғаний, Ахмед Маруязи жәнe басқалардың ислегени белгили. Олардың қатарында орта әсирдеги ойшыл ҳәм уллы улама Абу Насыр ал-Фарабий болған. Оның жазған мийнетлери матема-



www.ziyouz.com kutubxonasi

тикаға, медицинаға, тил билимине, химияға ҳәм географияға арналған. Ол философиялық логиканың, психологияның, этиканың, сиясат пенен социологияның көплеген тараўлары бойынша пикирлер жазады. Ол халықлардың тынышлыкта, дослықта жасаўға шақырып, адамның билимли ҳәм парасатлы болыўын қәлеген алым.

IX-XI әсирлердеги сиясий жағдайлар қубла Арал бойы халықларының, соның ишинде Хорезмниң мәдениятының раўажланыўына қолайлы жағдай туўдырады. Ал-Макдисидиң (X әсир) "олар Хорезмлилер мусылман ҳуқықы-фикка, ҳуқық таныў илими бойынша уқыплы, билимли ҳәм ақкыллы адамлар. Мен илимде фиккаден алға илгерилемеген шәкиртти көрмедим" деп жазады.

IX әсирдиң басындағы белгили Хорезмли илимпаз Абу Джафар Муҳәммед ибн-Муса ал-Хорезмий болады. Ол Хорезмде туўылып шама менен 787- 850 жыллары жасаған. Бала ўақтында дәслеп Хорезмде саўатын ашқан. Соң жақын ҳәм орта шығыстағы белгили Бағдат илимий орайында «байт ал-хикма», «даналық үйинде» узақ жыллар математиканы, географияны ҳәм астрономияны үйрениў менен шуғылланған. Оның аты менен усы ўақытқа шекем «алгоритм» деген математикалық термин сақланған. Ал Хорезмийдиң «китаб ал Мухтасар Фи Хасаб ал жабр вал-мукабала» (алгебраны ҳәм аль- муқабилди есаплаў бойынша қысқаша китап деген мийнетиниң бас жағын алыў менен дүньяда алгебра илиминиң аты пайда болған. Ол география илими бойынша мийнетлер жазған. Академик В.В.Бартольдтиң пикиринше ал-Хорезмийдиң «ал- Китаб сурат ал-арз» ҳәм «әлемниң сүўрети» мийнети араб география илиминиң басламасы болған.

Ал-Хорезмийдиң «астрономиялық таблицалар» (соның ишинде синуслар таблицасы) ҳәм «кун сааты ҳаққында трактат» мийнетлери астрономия теориясы очерклери сыпатында әҳмийети үлкен. Оның илимий мийнетлери XII әсирде латын тилине аўдарылып, тек шығыс еллеринде ғана емес, ал Европа еллеринде ерте әсирлердеги илимниң раўажланыўында үлкен тәсирин тийгизген.

X әсирдиң ақырындағы сиясий өзгерислер, яғный Мамунийлер династиясы басқарған ўақытларда арқа, қубла Хорезмниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

бирлесиўи, елдиң экономикасының, илимниң ҳәм мәденияттың раўажланыўына қолайлы жағдайлар туўғызады. Мамун II ибн Мамунның (999-1017) тусында Гурганжде белгили «Мамун академиясы» дүзилип, онда Қыят (Беруний) қаласында туўылған әжайып илимпаз- энциклопедист Абу Райхан Муҳәммед ибн Ахмад Берунийдиң әтирапына хорезмшах тәрепинен ҳәр қыйлы еллерден шақырылған илимпазлар жәмлескен. Олардың ишинде Берунийдиң өзинен жасы үлкен заманласы уллы илимпаз медик Абу- Али ибн Синаны атап өтиў орынлы. Бул жерде философ Абусахил Масихий, илимпаз–шыпакер Абулхайыр Ҳәммар, математик Абунасыр Аррақ ҳәм басқада белгили илимпазлар ислеген.

Берунийдиң творчествосында белгили из қалдырған математик ҳәм астроном Абу Махмуд Ходжанди де Хорезмде болғаны мәлим. Беруний көплеген илимий мийнетлер жазған, биракта олардың ҳәммесиниң бизге шекем келип жетпегенлиги ашынарлы. Орта әсирлерде жасаған Йакут Мары қаласының мешитлериниң бириндеги ҳүжжетлердиң ишинде Берунийдиң 60 бетлик илимий мийнетлериниң дизимин көргенлигин жазады. XIX әсирдиң орталарында Иракта дүзилген ҳүжжетлерде оның 27 илимий мийнетиниң дизими сақланған. Ол илимде бир қатар жаңалықлар ашады. Оның билим дәрежеси бир қанша болып, ҳәттеки айырым жуўмақлары ҳәзирги илим жетискенликлерине жүдә жақын келеди. Беруний «Индия», «минерология», «хронология», «фармакология» ҳәм басқада көплеген илимий мийнетлерин жазған. Ол «Индия» мийнетинде арқа Индия ойпаты ландшафтлары «хронология» мийнетинде Әмиўдәрья ағысының өзгериў жоллары туўралы дурыс пикир айтады.

«Мамун академиясы» мәмлекеттиң басшысы тәрепинен патша сарайындағы данышпан адамлардың әпиўайы жыйындысы ғана болмастан сол дәўирдин талабына сай дүзилген. Оның зәрүрлигин Хорезмшахы Мамун түсинип, Беруний менен сөйлескенинде «Илим бул ең ҳүрметли тараў, оған ҳәмме талабан, илим ҳәммесинен жоқары ҳәм оннан жоқары ҳеш нәрсе жоқ» деп айтканы белгили.

XI-XIII әсирлердиң басында Гурганждиң, кубла Арал бойы қалаларының жақсы гүллеген дәўири болып, олар сиясий эконо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

микалық, өнерментшилик, мәдений ҳәм саўда орайлары болған. Пайтахта пуқаралардың сыйыныў имаратлары, минара, кәрўан сарайлар ҳәм саўда-өнерментшилик қурылыслары салынған. Ол сол дәўирдеги Шығыстың ең ири қалаларының бири болған. Елдеги сиясий жағдайлар ҳәмме ўақытта илимпазлар ушын бундай қолайлы болмаған. Сонлықтан, олардың айырымлары басқа дөретиўлерде изертлеў жумысларын жүргизиўге қолайлы жағдайлар излеп Хорезмди таслап басқа еллергеде кетиўге мәжбүр болған. Муҳәммед ал Хорезмий елди биротала таслап өзиниң тәғдирин Бағдатқа байлаған. Беруний болса елди үш мәртебе таслап кетиўге мәжбүр болған. Ол 995-жылы Гурганжге қашып барады. 1017-жылы Махмудтың буйрығы менен Ғазна қаласына мәжбүрлеп апарылған ҳәм 1048-жылы сол жерде қайтыс болған.

Хорезмшахлардың, әсиресе Текеш ҳәм Аллауаддин Муҳәммедтиң басқарған жыллары елдеги мәдений турмыстың көтериңкилиги менен сыпатланады. Хорезмшахлар сарайындағы алымлардың ишинде шайырларда бар еди. Солардан шайыр ҳәм проза бойынша Рашид ад Дин Ватват (жарғанат) деген ат пенен белгили. Рашид ад Дин Муҳәммед ал Омари (1114-1116 жылы туўылып, 1182-1183 жылы өлген) еди. Ол билимди ўатанында Балхта, соң тағы Хорезмде, Ватват Хорезмшахы Атсыздың, ил Арысланның ҳәм Текештиң сарайларының жанындағы эпистолярлық (қосық пенен шығарма жазыў) жанрдың ең көрнекли устасы дәрежесине жетискен. Ол «хадаикас сихр фи дана ин эш шир» (поэзия шеберлигиндеги сыйқырлы бағ) деген мийнетин Хорезмшах Атсызға арнаған.

Хорезмнен әдиб Фахр ал Маших Абул Қасым ибн Муҳәммад ибн ал Адиби (1165-жылы өлген) ҳәм Фихр ал Афадил Абу Хафс Омар ибн Муҳәммед ибн Омар (1135-жылы өлген) деген белгили шайырлар шыққан. Әжайып қосықлардың авторы поэт Муаййан аз Дин Абу Сад Ибраҳим ибн Фарис ибн Рустам ал Хорезмий болған. Хорезмшахлар мәмлекетиниң илиминиң, мәдениятының ҳәм жәмийеттиң сиясий өмирдиң ҳәр қыйлы тараўларында белгили из қалдырған атақлы адамлар туўралы жазба дереклер ушырасады. Олардың қатарына 1143-жылы Мазан аўылында қайтыс болған Абу ал Хасан Али ибн Арра Саннари ал Хорезмийди



www.ziyouz.com kutubxonasi

көрсетсек ҳәм ол грамматика тилинде маман болған. Бухарада узақ ўақыт жасап қала шейхларынан ҳәм Фиккадан (дин қағыйдасы) сабақ алған. Соң Гурганджге келген. Оның «шамарих ал дурар фи тафхир ал қуран» (қуранға комментарияның әжайып солқымлары) мийнети белгили. Белгили поэт Абул Хазан ибн Аби Али ибн Мунтаджаб Али ибн Муҳәммед ибн Арслан ибн Муҳәммад ал Хорезмий ал Китаб хорезмшах Атсыздың Мервке әскерий атланысы ўақтында 1141-жылы өлген. Ол «Хорезм тарийхы» деген мийнет жазған.

Жазба дереклерге қарағанда қубла Арал бойлары ҳәмме ўақытта илим менен шуғылланыўшы адамлардың ҳәм данышпанлардың жыйналатуғын ҳәм халық- аралық кәрўанлар тоқтайтуғын Орайлық Азияда ең ири ўәлаят болған. Қубла Арал бойларында билим алған көплеген илимпазлар шығыс мусылман еллеринде оқытыўшылық, устазлық етип ҳәм шәкиртлер таярлаған.

Хорезмшахлар мәмлекетинде белгили улама-алым Шихаб ад Дин Абу Сад ибн Имран ал Хивакий болады. Ол белгили заң таныўшы ҳәм ал шафин бойынша муфти болған. Елде бес медреседе сабақ берген. Ол Хорезмде Шафий мешитиниң жанынан китапхана салдырады. Ондай үлкен китапхана оннан бурында ҳәм соңда бул жерде болмаған. Мударрис хызмети жүдә абройлы болып ҳәм ондай хызметте көпшилик жағдайда демалысқа шыққан жоқары дәрежели ақ сүйеклер исленген.

Жуўмақлап айтқанымызда, антик ҳәм орта әсирлерде қубла Арал бойлары жоқары раўажланған мәдений орайларының бири болып Орайлық Азия халықларының мәдениятына көплеген белгили алымларды, жазыўшыларды, қурылысшыларды, әскерий басшыларды, мурабларды, ирригаторларды, өнерментлерди ҳәм шебер қоллы көркем мәдений хызметкерлерин жетилистирип берген.

## § 5. IX-XI әсирлердеги Арал бойы көшпели шарўалары

Хорезм–Хазарастан әййемги ўақытлардан баслап шығыс Европа ҳәм орайлық Азия еллери менен байланыстырыўшы орайы сыпатында белгили. Орта әсирде Хорезмниң сиясий, экономи-



www.ziyouz.com kutubxonasi

калық турмысында, оның Хазарлар ҳәм Арал бойы көшпели сахра қәўимлери менен байланыслары әҳмийетли орын тутқан. VII әсир орталарында Хазар мәмлекети дүзилип ҳәм ол X әсирдиң ақырына шекем өмир сүрди. Оны қаған басқарған. Дәслеп мәмлекеттиң пайтахты-Семендер «Дагистанда» ҳәм VII әсир басларынан төменги Едилдиң бойындағы Итил қаласы болады. Хазарлар тийкарынан көшпели шарўашылықлы ел болып ҳәм дийханшылық пенен де шуғылланған. Олар иўдей динин ҳәм жазыўын қабыл етеди. Хазарлар арасында ҳәм христиан динлери де тарады. Олар VIII әсирден баслап-ақ Хорезм менен тығыз байланыста болған. Жазба дереклерде хазар халықлары қурамында көплеген көшпели түрк қәўимлери ҳәм Хорезмлилер жасаған. Олар қаған армиясында нөкерлик хызметин атқарған.

Орта әсирлердеги тарийхшылары «Итиль қаласында хазарларға қарағанда славянлар ҳәм хорезмлилер көбирек жасайды» деп жазады. 868-жылдан баслап хазарлар арасында ислам дини тарала баслайды. Хазарларда ислам динин таратыўда хорезмлилердиң хызмети үлкен. Хорезмнен ислам дини Булгар патшалығына да тарады. IX-XI әсирлерде Хорезмде, әсиресе оның пайтахты Үргениште Хазарстаннан көшип келген христианлар, хазарлар, славянлар ҳәм аланлар жасаған. Хазарстан пайтахты-Итиль арқалы Хорезмге ҳәм басқа Орта Азия ўәлаятларына славянлардан қымбат баҳалы терилер ҳәм металлдан исленген қураллар әкелип сатылады.

## § 6. Огузлер

740-745-жыллары Түрк қағанаты ыдыраганнан кейин Түркстанның кең саҳраларында көшпели ҳәм ярым көшпели түрк қәўимлериниң сиясий бирлеспелери қәлиплесе баслайды. Сырдәрьяның орта ҳәм төменги алабында IX-XI әсирлерде огуз қәўимлериниң феодаллық мәмлекети пайда болады. Сырдәрьяның төменги алабындағы Жаңакент қаласы огузлардың пайтахты болған. Олардың мәмлекетин ябғу деген лақап пенен ҳәким басқарған. IX-X әсирлерде огузлардың күшейип, раўажланған ўақтында, оның қурамына Арал-Каспий аралығындағы жергилик-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ли түрк қәўимлери, Жети суў, Сибирь аймакларындағы көшпели карлук, баяндур ҳәм басқада көплеген қәўимлер қосылады.

IX-X әсирлерде огузлардың жәмийетлик турмысында патриархал- феодаллық қатнасықлардың раўажланыўы даўам етти. Огуз ҳәкимлери әскерий демократиялық тәртипте сайланып қойылды. Усы дәўирде олар Сырдәрьяның орайлық, төменги алабында, Каспий теңизиниң арқа ҳәм арқа шығыс кеңислигинде үстемлик етеди. Орта әсирдеги тарийхый дереклерге қарағанда огузлар 24 қәўимнен турған. Огузлар туўралы М.Қашғарий (XI әсир), Рашидаддийнниң (1247-1318) ҳәм Абылғазының (1603-1665) мийнетлеринде жазылған. Олардың басым көпшилиги түрк қәўимлери тутқан, сондай ақ олардың қатарында монғолша (хайы, баят, баяндер), қыпшақша (берендей), печенегше (биджне) ҳәм индо-европалық (дюкер- тохарлар, языр-яслар) қәўим атамалары ушырасады. Арал әтирапындағы огузлар туўралы X әсирде ал-Масуди «түрклер ишиндеги көзлери бирқанша қысық келеди» деп жазады.

Огузлардың хожалығы қурамалы болып, тийкарынан дийханшылык, мал шарўашылық, балықшылық, өнерментшилик ҳәм аңшылық пенен шуғылланған. Олар қалаларда да жасаған. Сырдәрьяның орайлық ҳәм төменги алабында жайласқан Жанакент, Жент, Асанас, Саўран ҳәм Фараб «Отрар» қалалары огуз қәўимлерине тийисли болған. Бул қала базарларында қулларда сатылған. Отырықшы халықтың көпшилиги дийханлар, өнерментлер ҳәм баска да кәсип ийелери қураған. X әсирдеги огузлардың бай адамларының үйир-үйир жылқылары, 10 мың ҳәм пада-пада қойлары, 100 мың басқа шекем жеткен. Огуз қызларының қалың малларын түйелер, жылқылар ҳәм басқа да маллар менен төлеген.

IX-XI әсирлерде Арал бойындағы үстриттиң шығыс жаға-сындағы Қыяжол, Қараўымбет, Пулжай, Кетен қала, Жанпық қала, Куланлы ҳәм басқа да жаңа мәкан-жайлар көшпели огуз қәўимлери менен саўда жасаў орайларына айланады. Бул қала-ларда ҳәм елатларда көшпели түрк қәўимлери қоныс басып ҳәм Хорезм елаты менен араласады. Сол ўақытлардағы Хорезмниң экономикалық, сиясий раўажланыўына шығыс Европа қалалары менен саўда ҳәм мәдений байланыслары бир қанша жақсы болса


www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм оған Огуз саҳрасындағы көшпелилер менен қатнасыда сонша тәсирин тийгизеди. Огузлар тотемизм ҳәм шаманларға сыйынды. Олар көбинесе ислам динин қабыл етеди. Огуз қәўимлери қарақалпақ, қазақ, башқурт, түркмен ҳәм өзбек халықларының қәлиплесиўинде компонентлердиң бири болып есапланады.

## § 7. Печенеглер

Хорезмлилер өзлериниң жақын қоңсысы болған Каспий теңизиниң арқа тәрепинде Жайық дәрьясының төменги алабында жайласып ислам динин қабыл еткен печенеглер менен жақын байланыста болған. X әсирде печенеглер кангар деп аталады. I әсирдиң басында Қытай жылнамаларында, хун қәўимлериниң душпаны кангуйлер болғанын жазады. VIII әсирде олар, Қынлы-кангар аты менен Арал теңизиниң арқасында жасаған. X әсирде печенеглердиң атақлы руўлары кангар деп аталған. Солай етип печенеглердиң қурамында түрк компонентлери болады. IX-XI әсирлерде печенеглердиң қурамында түрк емес, сармат ҳәм угор қәўимлериниң әўладлары болған.

Ерте орта әсирдеги Византия жазба дереклеринде печенеглердиң Едил, Жайық аралықларында, хазар ҳәм огузлар менен қоңсы жасағанлығы туўралы жазылған. 922-жылы араб саяхатшысы ибн Фадлан Хорезмнен Едил бойларына баратырған жолда, Жем (Эмба) менен Жайықдәрьясы аралығында печенеглерди ушыратады. Печенеглер дийханшылық ҳәм мал шарўашылығы менен шуғылланған. Ол ўақытлары печенеглер хазарлар менен жайлаў жерлер ушын урыслар жүргизип турған. Огузлар болса хазарлар менен аўқам дүзип печенеглердиң батыс бөлимин Едилдиң батыс тәрепине қарай қуўады.

X әсирде печенеглер хазарлардан баслап Дунай дәрьясына шекемги аралықтағы рус саҳраларын ийелейди. Печенеглер рус князлериниң сиясий турмысына жигерли қатнасады. Олар 944-жылы князь Игорь тәрепинен Византия ҳәм Болгарияға қарсы урысқа қатнасса, Святославтың тусында ҳәм керисинше Византия тәрепинде болып Киев князына қарсы урысады.

Солай етип, IX-XI әсирлерде печенеглер өзлериниң ата мәканларынан батыс тәрепке жылысып, ол жерде үлкен сиясий



www.ziyouz.com kutubxonasi

күшке ийе болып ҳәм көплеген мәмлекетлердиң сиясий турмысына қатнасады. Биракта, сол дәуирде печенеглердиң бири батысқа қарай көшпеген, олардың бир топары бурынғы жерлеринде жасап қалса, ал бир бөлими огузлар менен араласады. Арал этирапында огузлерге қосылған печенеглер қарақалпақлардың этникалық тарийхында өз изин қалдырды.

## § 8. Қыпшақлар

XI эсирде Қимақ қағанаты қулағаннан соң Сырдәрья алабында сиясий -әскерий бийлик қыпшақларға өтеди. Олар Арал-Каспий аралығындағы огузларды ысырып ҳәм Арал бойларына ҳәкимлик етеди. XI эсирдиң ортасында Иртиштан Днестрге шекемги үлкен кеңисликте тарийхый-географиялық Дешти қыпшақ аўқамы дүзиледи. Олар XI эсирдиң II ярымында Русь, Византия ҳәм Венгрия шегараларына шекем барып қонысласады. Усы кеңисликте жасаған қыпшақлар башқурт, печенег, карлук, огуз, жергиликли кердер ҳәм хорезмлилер менен этно-мәдений байланыста болады.

Қыпшақ этносы келип шығыў жағынан өз-ара туўысқанлық жағынан емес, ал жерлеслик, кәсиплик (мал шарўашылық) байланысы тийкарында бирлескен руў ҳәм қәўимлерден турады. Демек, қыпшаклар аўқамында түрк тиллес қимақ, башқурт, огуз, печенег, қанлы, карлук, кердер тағы басқа қәўимлер болған. Олар Орайлық Азияда ҳәм шығыс Европада көпшиликти тутты. Қыпшақлардын көпшилик бөлеги көшип қонып тиришилик етти. Сонлықтан да, араб географы ал-Омари (XIV эсир), «Қыпшақ ханлары қысқы сарайда жасайды, ал жайлаўлары бурынғы Туран патшалығы сыяқлы Урал таўының етегинде»-деп жазады. Қыпшақлардың бир топары қыста Арал бойында, Әмиўдәрья, Сырдәрья дельта алапларында оты мол, қалың қамыслықларда қысты өткерсе ҳәм жазда арқаға Қазақстан далалықларына көшип баратуғын болған.

XI эсирдиң ақыры- XII эсирдиң басында Сырдәрья алабындағы Жент, Янгикент ҳәм басқа қалаларды қыпшақлар ийелейди. Олардың жәмийетлик дүзиминде руўшылық күшли сақланған феодаллық дүзим болған. Хожалығының баслы тараўы шарўа-



www.ziyouz.com kutubxonasi

шылық болды. Дийханшылықта бийдай, тары, арпа ҳәм жүўери еккен. Балықшылық ҳәм аңшылық пененде шуғылланған. Қыпшақлар Хорезм, Согд еллери менен мәдений ҳәм саўда байланысында болды. XI-XII әсирде ислам дини тарасада, қыпшақлар XII әсирдиң ақырына шекем, тотемизмге ҳәм шаманизмге сыйынып келеди. Арал-Каспий аралығында, Әмиўдәрья, Сырдәрья алабында жасаған қыпшақлар ҳәм олардың этно-сиясий бирлигине кирген түрк тиллес қәўимлери (огуз, кердер, печенег, найман ҳәм басқалар) қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўине қатнасты. Қарақалпақлардың руўлық дүзиминде қыпшақ атының сақланыўы айытқанымыздың дәлийли болады. Олар комплексли хожалық пенен шуғылланған.

## § 9. XI-XIII әсирлерде Хорезм

X әсирдиң ақырында Мавераннахрда саманийлер династиясы ҳүкимети ҳәлсиреп ҳәм мәмлекетте сиясий бөлиниўшилик жүз береди. Орайдан бөлекрениўге урынған ири феодаллардың сиясатынан ҳәм ишки халық наразылығынан пайдаланған түрк әскер басшылары гейде орайлық ҳүкиметке қарсы көтерилисти басқарады. 962-жылы саманийлердиң әскер басшысы түрк Алптегин әскерлердиң күши менен Ғазна қаласын басып алып ҳәм оны ғәрезсиз мәмлекет деп жәриялайды. Саманийлерден бөлинип шыққан ғазнаўийлер мәмлекетиниң ең күшли раўажланған ўақты Себук- Тегин (977-997) басқарған дәўирге туўра келеди. Ғазнаўийлер династиясы түрк қәўимлеринен турады. 999-жылы саманийлер мәмлекети биротала қулайды. 998-1030 жыллары Махмуд Ғазнаўий басқарған дәўирде мәмлекетке арқа Афғанстан,Ираннан бир бөлими, арқа, арқа-батыс Ҳиндистан ҳәм Орта Азия қарайды.

X әсирдиң соңғы он жыллығында саманийлер мәмлекетиниң шығысында Қашғар ҳәм Жетисуў жерлеринде түрк қәўимлериниң қараханийлер династиясынан шыққан ханлар басқарған жаңа мәмлекет дүзиледи. 989-жылы саманийлер мәмлекетине арқа-шығыстан қараханийлер ҳәм қубла-батыстан ғазнаўийлер топылыс жасайды. Қараханийлер мәмлекетинде сиясий бийлик «яғма» ҳәм «чигили» түрк қәўимлеринен шыққан адамларда болды. Қараханийлер династиясының дәслепки ханы болып Сатиқ



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бограхан (915-955)басқарады. Ягма кәуиминиң тотеми «богр» буўра-түйе болган.

Х әсирдиң ақырында қараханийлер Шаш, Ферғана ҳәм Зарафшан оазислерине атланыслар жасады. XI әсирдиң басында Маверауннахр қараханийлер мәмлекетиниң курамына киреди. Әмиўдәрьяның қубла тәрепи Афғанстан ҳәм арка-шығыс Иран жерлери менен қосылып ғазнаўийлердиң қол астына өтеди. Қараханий мәмлекетине қараслы Мавераунңахрды уллы Қадыр (Тамгаш) ханға ярым ғәрезли болған қараханийлердиң элақ ханлары басқарған. Усы ўақытлары түркменлер (түрк-огузлар) жана мәмлекет дүзип ҳәм олардың ири беклеринин биринин аты менен селжуклер мәмлекети деп аталады. Ол Х әсирдиң II ярымында үлкен жерге ийе болып Кавказ арты жерлеринин белгили бөлегине шекем ийелейди. Селжук мәмлекет басшылары халифатка гәрезли болған. Мәлекеттиң пайтахты Мары-үлкен өнерментшилик ҳәм саўда орайына айланады. Түрк ак сүйеклеринин жоқарғы қатламы отырықшы болып үлкен жер ийелерине айланды. Усыған байланыслы иқта атадан- балаға мийрас болып қалған.

996-жылы Гүргандждиң әмири Мамун ибн Мухәммед кубла, арка Хорезмди бир мәмлекетке бирлестирип өзине шах деген атак алып ҳәм Мамунийлер династиясына тийкар салады. Х әсирде Хорезм саманийлер мәмлекетиниң қурамына кирседе, өзинше сиясат жүргизеди. Хорезм экономикалық жаксы раўажланып, көп әскерге ийе болып ҳәм қараханийлер менен ғазналылар тусында да өзиниң сиясий ғәрезсизлигине умтылған. Мамунийлер династиясынан шыққан ҳәкимлер өзлериниң ийеликлерин күшли хәм ғәрезсиз мәмлекетке айландырыўға ҳәрекет етеди. Олар елде үлкен қурылыслар салып ҳәм дәслеп Гурганджди абаданластырыўға кириседи. Онда үлкен сарай, мешит ҳәм медресе салынады. Қала илимий, мәдений ҳәм саўда орайына айланады.

Хорезм Ғазнаға ярым ғәрезли болғаны менен, ис жүзинде өзинше сиясат алып барыўға ҳәрекет еткен ҳәм ол мәмлекетиниң тәғдирине үлкен роль ойнаған. Алтыншаш өлгеннен кейин Хорезмди оның мийрасхорлары ийелеп, олардың басқарыўын ғазналы әмир Масуд жетерли дәрежеде шеклей алмайды. Ол



www.ziyouz.com kutubxonasi

өзиниң баласына Хорезмшах деген атақ береди. Алтыншаштың баласы Харун қараханийлердиң ҳәкими Али-тегин, селжукийлер менен дослық қатнаста болып, 1034-жылы Хорезмди ғәрезсиз мәмлекет деп жәриялайды ҳәм жума намазда ол ғазналы султанның атын атауға тыйым салады.

1034-жылы Али тегин өлгеннен кейин, 1035 жылдың бәҳә-ринде Харун өз әскерлерин Хорасанға атландырады. Бул ҳәре-кетти оның балалары қуўатлап ғазналылар жерине барып киреди. Урыстың дәслепки басланыў дәўиринде Хорун ғазнасы Масудқа сатылған ҳәм өз қуллары тәрепинен өлтириледи. Балалары Самарқандқа қайтып келеди. Масуд енди қараханийлер менен парахатшылық сөйлесиўлер жүргизеди. Нәтийжде, олардың арасында дослық ҳәм туўысқанлық қатнас дүзиледи.

1041-жылы Хорезм огузларға ғәрезли болып, үш жылдан соң селжукийлер тәрепинен жаўлап алынады ҳәм олардың мәмлекетиниң қурамына киреди. Санджар басқарған (1118-1157) бул мәмлекеттиң пайтахты Мары болады. Ол өнерментшилик ҳәм саўда орайына айланады.

Хорезмлилер селжук ҳәкимлигине қарсы ғәрезсизлик ушын гүреслер апарады. XV әирдеги тарийхшы Мирхондтың жазыўына қарағанда Хорезмлилердиң ири көтерилислерин Джаз ҳәм ал-Кафшат басқарған. Олар көп жерге таралғанлығы себепли ҳәм оны басқарыў ушын селжукийлер Хорезмге әскер жибериўге мәжбүр болды. Атланысқа Чагра бектиң баласы Султан Али-Арыслан басшылық еткен. Ол Джаз әскерлерин жеңеди. Гүрести даўам етиў мүмкин болмағанлықтан Кафшат гүрести тоқтатыўға мәжбүр болады. Хорезм сиясий жақтан селжукийлерге ғәрезли болып қалады. Усы ўақытлары селжукийлер менен урыста қараханийлрде сиясий жақтан ҳәлсирейди.

1141-жылы Жети суў аймағында пайда болған қарақытай мәмлекети селжукийлерге соққы береди ҳәм олар Хорезмди ийе-леўге урынады. Мамунийлер тусындағы Хорезмниң экономика-лық ҳәм мәдений жақтан көтерилиўи узаққа созылмайды. Онда жалланып хызмет еткен түрк әскерлериниң ашық көтерилиси нәтийжесинде Мамун ибн Муҳәммед 1117-жылы өлтириледи. Бундай ишки сиясий жағдайдан пайдаланған Ғазна әскерлери



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хорезмге басып кирип ҳәм Хазарасп жанындағы саўашта хорезмлилер жеңилип қалады.

XIII әсирде жасаған араб алымы Ибн-ал-Асар-ал Асир «хорезмлилер ғазналыларға карсы күн ортасына шекем тураклы, жақсы гүрес апарып ҳәм соң қаша баслады» деп жазады. Махмуд Гурганджди басып алыўы менен ел Ғазна мәмлекети қурамына киреди. Хорезмди Махмуд койған ҳәким Алтыншаш, 1017-1132-жыллары басқарады. Орта Азияны басқарыўға қараханийлер менен таласқан ғазналылар Хорезмди өзлериниң сорамына алыў менен күшейеди.

## § 10. Уллы Хорезмшахлар мәмлекети

1141-жылғы қарақытайлылардың селжукийлер үстинен жеңиси ҳәм олардың ҳәлсиреуине алып келеди. Усы жағдайдан пайдаланған Хорезм, сиясий орай сыпатында көтериле баслайды. Династиясының баслаўшысы Ануш Тегин селжукий Малик Шах тусында, Хорезмниң ҳәкими дәрежесине көтерилген еди. Ол өлгеннен соң оның баласы Кутб ад Дин Муҳәммед (1097-1127) хорезмшах деген атақ пенен басқарады ҳәм Султан Санжардың хызметинде болады. Уллы хорезмшахлар мәмлекетиниң тийкарын салыўшы оның баласы Атсыз (1127-1156) еди. Ол ҳәм оның мийрасхорлары ҳәр бир қолайлы сиясий жағдайлардан пухта пайдаланып ҳәм селжукийлер мәмлекетинен ғәрезсизликкеи ерисиў ушын тураклы жумыс апарады.

Атсыз өзиниң басқарған дәслепки жылларында-ақ султан Санжарды мойынлап оның атланысларына қатнасады. Ол Хорезмге қоңсы көшпели қәўимлерди қосып ҳәм бир қанша қуўатлы мәмлекетке айлана баслайды. Ол мәмлекеттиң шегарасын кеңейтип, огузлардан Джендти ҳәм батыстан Мыңкыслаў ярым атаўын жаўлап алады.

1138, 1141-1142, 1147-1148-жыллары өзиниң сиясий жағдайын беккемлеп, Атсыз Санжарға қарсы гүрес апарады ҳәм гүреси сәтсиз тамамланады. 1148-жылы июнь айында Атсыз Селжукийлерге өзиниң бағынатуғынлығын мойынлайды. Соған қарамастан ол Хорезмниң ғәрезсизлиги ҳәм келешектеги уллы хорезмшахлар мәмлекетин дүзиў ушын тийкар таярлаған. 1156-жылы Султан



www.ziyouz.com kutubxonasi

Санжардың өлгенинен соң селжукийлер мәлекети өзиниң бурынғы дәрежесин жоғалтады ҳәм ыдырай баслайды. Шама менен, усы ўақытлардан баслап Орта Азиядағы Хорезмниң екинши душпаны қараханийлер мәмлекетиде сиясий жақтан ыдырай баслайды. Бул жаңа қолайлы жағдайлар Хорезм мәмлекетиниң сиясий жақтан күшейийўине ҳәм жерлериниң кеңейийўине мүмкиншилик туўдырады. Атсыздың баласы Иль- Арыслан (1156-1172) Нисадан қубладағы жерлерди ҳәм Дихистанды қосып алады. Оның аклығы Текеш (1172-1200) Хорезмге Хорасанды ҳәм шығыс Иранды косады. Хорезм жалланған көшпели қыпшақ қәўимлеринен куралған күшли әскерге ийе болған.

1200-1220 жыллары мәмлекетти Текештиң баласы Мухәммед басқарады. Ол да әскерий күшке ийе болып, тез арада Мавераунналрды, Ғазнаны батыс Ирақты ҳәм Азербайжан жерлерин басып алған. Нәтийжеде XIII әсирдиң басында Хорезм шегаралары батыста Азербайжан, шығыста Индияға, арқада Сырдәрьяға ҳәм қублада Персия қолтығына шекем жеткен. 1219-жылы Хорезмде болған араб саяхатшысы Яқут «дүньяда Хорезм жеринен басқа кең жерди ушыратпадым» деп жазады. Усы жыллары Хорезмшахлары елдиң сиясий, экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўына кеўил бөледи. Хорезм Орайлық Азияда үлкен ҳәм қуўатлы елге айланады.

## § 11. Жәмийетлик турмысы

IX-X әсирлерде қәлиплескен феодаллық қатнаслар XIII әсирдиң дәслепки он жыллықларына келип өзиниң раўажланыў басқышына өтеди. Үлкен орайласқан мәмлекеттиң қәлиплесиўи экономиканың, дийханшылықтың, өнерментшиликтиң ҳәм халық аралық қатнасықлардың тез раўажланыўына мүмкиншилик туўдырады. Феодаллық дүзимниң қәлиплесиў дәўиринде, бурынғы афригийлер ўақтындағы қорғанлардан өзгеше ҳәм жаңа түрдеги қурылысларға ийе аўыллық елатлар пайда болады.

Дийхан-аристократлар ҳайўанларының адамлар жасайтуғын бөлимлери үлкен ҳәм қалың қорғаныў дийўалларына ийе болмайды. Олардың сыртқы көринисин, көлеми ҳәм ишки дүзилиси жағынан ерте орта әсирдеги хәўлилерден кескин айырылып


www.ziyouz.com kutubxonasi

турады. Бул дәуирде VII-VIII әсирлерге қарағанда халықтың саны көбейеди ҳәм егислик жерлер кеңейеди. Ол туўралы археологиялық естеликлердиң көплиги гүўалық береди. Әмиўдәртяның оң тәрепиндеги Қабат қала естелиги ҳәзирге шекем сақланған. XII-XIII әсирлерде Қабат қала оазиси гүллеген суўғарыў тармақлары көп ҳәм халық тығыз жасаған мәдений дийханшылық орай болған. Монғоллар жаўлап алар алдында оазисте бир неше дийхан- аристократлар ҳәўлиси ҳәм аўыллық –елатлар болған.

XII-XIII әсирлердеги пуқаралардың турақ жайлары ушын қорған дийўаллар менен қоршалмаған, тек ҳәўли дөгерегиндеги егислик жерлерге мал түспеў ушын ҳәм олар онша бийик емес пахса дийўаллар менен қоршалған. Ҳәўли ишиндеги узынша дәлиздиң дөгерегинде турақ жайлар -өжирелер жайғасады. Ҳәўлилердиң көпшилигинде турақ жайлардан бөлек, дийўалларында көплеген майда текшелери бар арнаўлы өжирелер ушырасады. Көпшилик алымлар оны «кептерхана» ҳәм қонақ жай ушын хызмет еткен деп шамалайды. Текшелеринде кесе-чайнек, қәўын, ғарбыз сақланған деп есаплайды. Басқа алымлардың пикиринше қурылыстың дийўалларындағы текшелер, өжирениң ишиндеги адамлардың–қонақлардың сөйлескен сестин сыртқа шығармаў ҳәм даўысты қайтарыў ямаса пәсейтиў ушын исленген.

X-XIII әсирлердеги археологиялық естеликлерди келешекте тереңирек қазып изертлеў тарийх илиминиң баслы ўазыйпаларының бири.

## § 12. Қала урбанизациясы

XI-XIII әсирлердиң басында қалалардың саны ҳәм оларда жасайтуғын халықтың саны өседи. Орта әсир қалаларына тән нәрсе, орайлық көшелердиң кесискен жерлеринде мешит ямаса жәмийетлик үлкен жайлар жайласады. Усындай дүзилисте дәрьяның шеп тәрепиндеги әййемги Хазарасп бойындағы Хазарасп қурылған. Хорезмниң пайтахты Үргениште көп санлы саўдаөнерментшилик мәҳәллелери жәмлеседи. Жәнеде қалада, ол дәуирде пискен гербишлер менен салынған қала басқарыўшыларының турақ жайлары, сол дәуирдеги абройлы ақ сүйек ҳәм диний адамлардың махбаралары көбейеди. Мысалға, қаладағы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Текеш махбарасын көрсетиўге болады. Хийўа қаласы X-XIII эсирлерде ҳәм VII-IX эсирлерге қарағанда бир канша кеңейеди. Онда саўда-өнерментшилик кварталлары, қала мешити, минарет ҳәм басқа да жәмийетлик қурылыслар пайда болады.

Хорезмшахларының басқарған дәўиринде елде суўғарыў тармақлары бир канша узайды. Мысалы: Мамунийлер тусында. Замахшар каласында тамам болатуғын Шерман жап арнасы хәм XII эсирде тағы даўамы 70 шақырымға қазылып созылады. Орта эсирлердеги Субурна қаласы деп аталған, хәзирги Шахсанем естелигине шекем суўы барып жетеди. Сондай-ақ, Әмиўдәрьяның шеп тәрепиндеги Кардаранхас (Каладжик), Хайханок (Палўан жап) хәм оң тәрептеги Гаўхар арналарының бойларындағы жерлер өзлестирилеци.

Археолого-топографиялык бақлаўларға қарағанда XI-XIII эсирдиң басларында ири ҳәм онша үлкен емес излениўлер белгили дәрежеде раўажланады. Ардахуш Мисап калада кәнийгелескен базары болған. Онда 617- хиджре жылының шаваль айында (1219-жылдың декабрь 1220 жылдың январь айы), яғный монғол-татарларының Хорезмге басып келиў алдында араб саяхатшысы Якут ал Ҳәмани болғанда, күн жүдә суўық болған. Ол минип келген кемениң Жайхун дәрьясында муз арасында қатып калғанлығы жазылады.

Гургендж қаласынан 15 фарсақ шығыста Хийўа (Хийвак) қаласы жайласады. Сахрада хәм тәбийғый бийикликте Дарған қала жайласқан. Хазарасп ҳәм Хушмисан (Военген) арасында Савкан (Алмаатысқан) қалашасы орналасқан. Онда үлкен базар ҳәм үлкен жәми мешити болған. Көплеген базарларында саўда қатарлары ислеп турған. Ири қалалардың қатарына Хазарасп киреди. Хазарасп сөзи «бекем қорған» я «сулыў қала» деген мағананы аңлатады. Онда Яқут ал Ҳәмав хиджраның 616 (1219) жылы болған. Булардан басқа сол дәўирде гүллеген қалалардың қатарына Миздахкан, Қыят (Касс), Нузкят, Сабурна, Саракуста, Манғышлак, Жампық қала ҳәм басқада калаларын айтсақ болады. Жазба ҳәм археологиялық мағлыўматларға қарағанда қубла Аралдың аўыллық елатларда егислик жерлерден жақсы пайдаланған. Дийханшылықта дәнли егинлер менен қатар, пахташылық, жоңышка, палыз егинлери ҳәм бағшылык раўажланған. Бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

еллерге саяхат жасаған Яқут «өмиримде Хорезмнен жақсы гүллеген жерди көрмегенмен»-деп жазады.

Жуўмақлап айтқанымызда, қалалардың белгили дәрежеде көтерилиўиниң тийкарғы себеби өндириўши күшлердиң раўажланыўы, аўыл хожалығының раўажланыўы менен оннан өнерментшиликтиң бөлинип шығыўы ҳәм халық-аралық саўданың өсиўи есапланады.

## § 13. Өнерментшилик ҳәм саўда

Өнерментшилик ҳәм саўданың тийкарғы орайы қалалар болған. Қалаларды археологиялық изертлеўлер ўақтында ҳәр түрли өнерментшилик буйымларының түрлери табылған. Әсиресе гулалшылық, темиршилик, шийшасазлық, теңгелер ҳәм басқада табылмалар көплеп ушырасады. Гүлалшылық өзиниң гүллеў басқышына жетеди. Археологиялық изертлеген орта әсир естеликлеринен көплеп гүлалшылық буйымлары табылыўы XI-XIII әсирдиң басларындағы гүлалшылық буйымлардың ылайларын, бояўларын таярлаў, олардың ислениў усыллары, түрлери, келбетлери ҳәм олардың безелиниў жоллары ҳәр тәреплеме өскен. Ҳәр түрли реңли сырланған гүлалшылық буйымлары өндиристе жоқарғы орынды ийелеген. Гүлал ыдыслардың басым көпшилиги ашық жасыл –сары реңде боялған ҳәм бурынғы гүңгирт бояўлы ыдысларда пайдаланылған. Гүңгирт бояўлы ыдыслардың ишинде, сол дәўирде пайда болған сыпатлы ҳәм сулыў көк реңде сырланған ыдысларда көп ушырасады. Бояўсыз исленген гүлал буйымлардың түрлериде өзгерислерге ийе. Оларда жоқары сыпатлы ҳәм нағыслар менен безелген.

Хорезмшахлар дәўириндеги гүлал ыдыслары өзиниң көп түрлилиги менен айырылып турады. Оларға нағысларды түсириўдиң жаңа, көп усылларын пайда еткен ҳәм ыдыслардың түрлеринде бир қанша көбейген. Олар геометриялық сызылмалар, өсимлик тәризли нағыслар, белгилер, жазыўлар, ҳайўанлардың, қуслардың, балықлардың ҳәм фантастикалық жәниўарлардың сүўретлери де салынған.

Өнерментшиликтиң қалай раўажланғаны туўралы шийшеден исленген буйымлар да гүўалық береди. Әсиресе, терезениң



www.ziyouz.com kutubxonasi

айнасын соғыў ҳәм оны турақ жайларда кең пайдаланған. Түтикшеден үплеў жолы менен таярланған терезе айналарының сынған бөлеклери Гәўир қала, Жамбық қала, Хазарасп, Хийўа, Алмаатысқан, Қабат қала, Шахсәнем, Төқ қала, Кердер ҳәм басқада көплеген естеликлерде ушырасады. Шийшеден исленген буйымлардан турмыста пайдаланыў жүдә ҳәр түрли дәрежеде болып, олар асқана ыдысларын, Терезе айналар, химиялық ыдысларды, сыя қуйып қоятуғын дәўетлерди ҳәр түрли жылтырақ безениў затларды соғыўда пайдаланған.

Қала базарларында жергиликли өнерментлер таярлаған затлардан басқа Шығыстан ҳәм Европа еллеринен әкелинген таўарлар сатылған. Қубла Арал бойларынан өтетуғын халықаралық саўда жолларының кесилиспелери бурынғыдай Үргенишке туўра келетуғын еди. Ол жерден аўыл хожалық өнимлери ҳәм айырым өнерментшилик буйымлары сыртқа алып кетилген. Хорезмлилердиң Сырдәрьяның төменги ағысындағы көшпелилер менен саўда байланыслы баслы орынды ийелеген. Хорезм саўдагерлери сырт еллерден келген таўарларды сатып ямаса аўмастырыў жолы менен саўда ислеген. Олардың қатарына сол дәўирдеги Арал бойы естеликлериде көплеп ушырасатуғын Иранда исленген металдың туриндей жылтырайтуғын люстра, реңли эмаль менен сырланған ярым фаянстан исленген минай буйымлары ҳәм қытайдың реңсиз күлрең -көкшил түрдеги фарфор (селадон) ыдыслары киреди.

Бул елде болған араб саяхатшысы Якут, оның хожалықларының жетискенликлерине тоқтай отырып, Хорезмниң гүлленип раўажланған ел екенлигин, бир-бирине жақын жайласқан шексиз кең егислик жерлери, көп аўыллық елатлардың бар екенин сөз етеди. Оның майданларында көплеген жеке ҳайўанлардың ҳәм қорғанлардың ушырасатуғынын жазады. Ол пайдаланылмайтуғын егислик жерлердиң жүдә кем екенин жазып қалдырады. Оның жазыўына қарағанда, елдиң қалалары, көпшилик аўылларында базарлар, дүканлар көп болған. Олардың бәри халық турмысы ушын жүдә қолайлы ҳәм базарсыз аўыллар жүдә сийрек ушырасады.

Қубла Арал қалаларында акша- таўар қатнасы ҳаққында көплеген табылған теңге-пуллар гүўа болды. XI-XIII әсирдиң



www.ziyouz.com kutubxonasi

басында Орта Азияның ҳәмме жерлерине хорезишах Муҳәммед ибн Текештиң теңгелери таралады. Елдиң халық-аралық саўдада ҳәм экономика тараўларындағы табыслары оның XIII әсирдиң басларындағы шығыстағы ең күшли феодаллық державаға айланыўына тийкар болды.

Феодаллық қатнаслардың раўажланыўына байланыслы елдеги социаллық қарама-қарсылық кескинлесип барады. Сол дәўирдеги қүдретли ҳәм гүллеген Хорезм мәмлекетинде әсиресе хорезмшах Муҳәммедтиң тусында пуқаралардың, шарўалардың, өнерментлердиң ҳәм қала халқының турмысы жүдә аўыр болады. Көплеген жалланба әскерлердиң болыўына қарамастан Муҳәммед мийнеткеш халық топарынан әскер жыйнап үзликсиз урыс жүргизеди. Сонлықтан, тек пуқаралар менен қатар қала халқы арасында да нәрийзалық күшейген. 1206-жылы Бухара өнерментлериниң ҳәм 1212-жылы Самарқанд халқының наразылықлары келип шықты. Қубла Арал бойы халқында аўыр турмысқа шыдамай наразылығы болады. Биракта, көтерилислер Хорезмшах нөкерлери тәрепинен өз ўақтында аяўсыз бастырылады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# VII БАП. ХОРЕЗМ ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ЖЕРЛЕРИ XIII-XIV ӘСИРЛЕРДЕ

## § 1. Хорезм ҳәм Қарақалпақстан жерлери XIII-XIV әсирлерде

XIII әсирдиң екинши он жыллығында Хорезмшахлар мәмлекетиниң қурамына Хорезм менен Маверауннахрдан басқа ҳәзирги Аўғанстан ҳәм Иранның үлкен бөлеги кирген. Бирақ, мәмлекет сиясий жақтан онша күшли болмаған. Айырым жергиликли ҳәкимлер, гейде хорезмшахларын мойынлаған менен ис жүзинде өз ўалаятларын өзинше ғәрезсиз басқарыўға ҳәрекет еткен. Айырым әскерий-феодал басқарыўшылар, белгили диний руўханий басшылары шахты мойынлағысы келмеди ҳәм ҳәттеки оған душпан кәйпиятта болды. Усыған қосымша, Хорезмшахтың семья ағзалары арасанда да келиспеўшилик күшейди. Муҳәммедтиң анасы ҳәмелпараз, шаққан Түркан қатын өз баласы Мухаммедтиң сиясатын қолламайды ҳәм сол даўирде белгили әскерий күшке ийе болған патша сарайындағы түрк-қыпшақ басшыларының топарының ҳәрекетлерин қуўатлаған. Усындай сиясат жүз берген жағдайда елге Шыңғысхан басқыншылығында монғол әскерлери басып киреди. Әскер басшыларының сатқыншылығынан қәуипленген Муҳаммед өз әскерлерин онша үлкен емес топарларға бөлип ҳәр жердеги қалаларға жайластырады. Шыңғысхан әскерине ҳәмме күшти бирлестирип соққы бериў усылынан бас тартады.

1218-1219-жыллары монғол әскерлери Жетисуўды, шығыс Түркстанды аңсат жаўлап алады ҳәм хорезмшахлар мәмлекетиниң шығыстағы шегарасына келеди. Бул еки үлкен мәмлекетлердиң арасындағы қатнаслардың эстелик пенен төменлеўине ҳәм кескинлесиўине Орта Азия саўдагерлериниң бир қанша тәсири болады. Олар арқалы Шыңғысхан хорезмшахлар мәмлекетиниң ишки жағдайлары туўралы турақлы түрде мағлыўматлар жыйнаған. 1218-жылы Сырдәрьяның орта ағысындағы Отрар қаласы жанында хорезмшахлар әскерлери Шыңғысханның Орта Азияға жиберген саўда жасайтуғын кәрўанларын «жансызлар» деп қәўипсинип талайды. Кәрўан алтын, гүмис буйымлар, Қытай



www.ziyouz.com kutubxonasi

жипеги, баҳалы ҳайўан терилери, басқада баҳалы затлар жүкленген 500 түйеден ҳәм 450 саўдагерлерден ибарат еди. Олардың арасында Шыңғысханның исенимли адамлары болған. Хорезмшах әскерлери кәрўанды талап затларын алып адамларды өлтирген.

Бул ўақыяны еситкен Шыңғысхан «Отрар апатшылығы» ның шығынын төлетиўди ҳәм «ўақыяға» айыплы деп есапланған сол жердиң ҳәкимин жазалаўды Хорезмшахтан талап етеди. Шыңғысханның талаплары менен Үргенишке келген монғол елшиси Хорезмшах Мухаммедтиң буйрығы менен өлтириледи ҳәм жолдасының сақалы кесилип (екинши бир мағлыўмат бойынша екеўиде өлтириледи) атқа терис миңгизип қайтарылады. Муҳәммедтиң гиж-гижлеў ҳәрекети Шыңғысханның Орта Азияға топылысын тезлетиўге себепши болады.

1219-жылы сентябрь айында монғол әскерлери Сырдәрьяның орта алабындағы Отрарды коршап ҳәм жаўлап алады. Монғоллар қаланың қарсыласқан халқын өлтиреди. Жошыхан басшылығындағы әскерлер Сырдәрьяның бойларындағы Сығнақ, Узгенд, Жанд, Жанакент ҳәм басқада калаларды ийелейди. 1220-жылы февральда Шыңғысханның тийкарғы әскерий күшлери менен Бухараны, кейин 110 мыңға шамалас әскерге ийе Самарқандты жаўлап алады. Усы ўақытта монғоллардан қорыққан Хорезмшах Иран тәрепке, Табаристанға кашады. Соң, монғоллар тәрепинен қуўғынға ушырап Каспий теңизиниң атаўларының бирине қашып барып ҳәм сол жерде көп узамай қайтыс болады.

Монғоллар Бухараны, Самарқандты ҳәм Ходжентти ийелегеннен соң 10 мыңнан аслам сайланды әскерлери менен Гурганджди алыўға атланады. Монғоллар пайтахтты 6 ай даўамында қамал еткен. Қаланы қорғаўшыларда қаҳарманларша гүрес апарған. Гургандж ушын гүрес жүдә аўыр болған. Душпан қаланың ҳәр бир мәҳәллесин ҳәм ҳәр бир көшесин алыўда үлкен шығынға ушырады.

Қаланы ийелеген монғоллар өнерментлерди, балаларды, ҳаял-қызларды қулға айландырды ҳәм халықтың көбисин аяўсыз жазалады. Тағыда, олар өзлериниң үлкен шығынға ушырағанына ызасы келип ҳәм Әмиўдәрьядан қалаға суў келип турған арнаның сағасындағы тарнаўын алып қаланы суўға бастырады. Бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

тарийхый ўақыялардың гүўасы болған араб тарийхшыларының бири ибн ал Асар (1160-1244) былайынша сүўретлейди: «монғоллардың қосымша әскерий күши келгенде, олар қалаға қайта-қайта топылыс жасап оның бир тәрепинен басып ала баслайды. Сонда, тез арада ол тәрепке халық жайласып монғолларға қахарманларша қарсы гүреседи. Биракта душпанды қаладан қуўып шығара алмайды. Сонда да қала қорғаўшылары урысты даўам етеди. Монғоллар болса қала бөлимлерин биринши соң екиншисин жаўлап ала берди. Көп рет рет душпанлар жаңа жерлерди ийелеўине қарамастан ҳәм әтирапындағы орынлардан мусылманлар монғолларға қарсы гүресин даўам етеди. Урысқа ерлер, ҳаял-қызлар, балалар қатнасып өзлери ғалаба қырылғанша ҳәм жаў қаланы талан-тараж етип толық ийелегенше қаҳарманларша гүресин даўам етеди. Соң монғоллар қаланы суў тасыўынан сақлап турған тарнаўды бузып жибереди. Нәтийжеде қаланың ҳәмме жерин суў басады ҳәм көпшилик иматратлар қулайды. Монғоллардың апатшылығынан қаладағы жасаўшылардан хеш ким аман қалмайды».

Монғоллар тәрепинен Гургандж қаласы бузылады. Мәденияттың баҳалы естеликлери, илимниң ҳәр қыйлы тараўлары бойынша бир неше мыңлаған қол жазбалар, китапханалар бүлдириледи ҳәм көбиси жоқ етиледи. Нәтийжеде, қала шағаллар улыйтуғын, байыўлылар ҳәм ғарғалар жасайтуғын бузылған қарабаханаға айланады. Бул бүлгиншиликти археологиялық қазып изертлеўлердиң нәтийжелери тастыйықлайды. Гөне Үргеништеги археологиялық қазып изертлеў жүргизиўлер нәтийжесинде сол дәўириндеги жайлардың мәдений қатламларынан қурылыс материалларының сынықлары, қурал-жарақлар, адамлардың сүйеклери ҳәм өрттиң қалдықлары ушырасады. Күлге айланған мәдений қатламлар Хийўа, Хазарасп, Миздахкан, Гүлдирсин ҳәм Қабат қала естеликлеринде де ушырасады. Хийўаның ҳәм Хазарасптың сол дәўирдеги дийўалларының үстинде адамлардың қәбирстаны пайда болады. Хожели жанындағы Гәўир қалада жасаған халық монғоллар шабылыўынан соң қаланы таслап кетиўге мәжбүр болады. Бул туўралы Қарақалпақ Мәмлекетлик Университетиниң тарийхшыларының соңғы жыллардағы изертлеўлери жаңа мағлыўматлар береди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хорезмшах өзиниң өлер алдында Хорезм шахы етип ортаншы улы Кутбиддин Узлақтың орнына, ең үлкен баласы Жалалатдинди таярлайды. Буннан кейин Жалалатдин Гурганджга келеди. Бирақ душпанлары оны өлтирмекши болып ҳәм аўыз бириктирип Хорезмшахы етип Қумартегинди таярлайды. Буннан кейин Жалаладдин өзиниң жақын досты Темур Малик пенен 300 атлы әскер менен Гурганджден шығып Хорасанға қарап жол алады. Монғоллар 1221-жылы жети ай қамалдан кейин Гурганджды ийелейди. Енди урыс майданы Хорасанға көшеди.

Хорезм мәмлекетиниң патшасы, Жалаладдин Хорасанда әскер жыйнап өз елин душпаннан азат етиўди ойлайды. 1221-жылы Жалаладдин досты Темур Малик пенен 300 атлы әскерге басшылық етип, Ниса қаласы жанында монғоллардың 700 адамнан аслам әскерине тосыннан топылып ҳәм оларды саўашта жеңип ерлик көрсетеди. Тарийхшы Шахобиддин ан Насавий: «мусылманлардың қылышы усы жерде биринши рет монғол қаны менен боялды» деп жазады. Жалаладдин Нисадан Нишапурға келип, душпанға қарсы «ғәзаўат» жәриялап, дөгерегине ҳәм өз тәреплерин жыйнай баслады. Жалаладдин өз әскерлери менен Ғазнаға қарап жол алып, Кандаган жанында монғоллардың бир топар әскерлерин жеңип ҳәм көп олжаға ийе болады. Буннан қәўипсинген Шыңғысхан енди өз әскерлериниң үлкен бир бөлимин Жалаладдин менен урысыўға буйырады. 1221-жылы бәҳәрде Жалаладдин Ғазнаға келеди. Халық оны монғоллардан құтқарыўшы деп исенип оның дөгерегине әскерий күшлер-адамлар топлана баслайды. Жалаладдин әскерлери Валян қаласын қамалға алып отырған монғолларға топылып оларды жеңеди. Монғоллар саўашта жеңилип Панж дәрьясы арқалы өтип қашыўға мәжбүр болады. Бул ўақыялардан кейин, Шыңғысхан Жалаладдинге қарсы Шики Кутуку Нойон басшылығында 45 мың әскер жибереди. Жалаладдин монғол әскерлери менен Паруан жанында ушырасып, саўашқа түседи. Әскерлердиң оң қанатын Әмир Амин ал Мулк, шеп қанатын Агракхан ҳәм ал орайлық бөлимин өзи басқарады. Бул саўашта ол әскерий талантлылығы менен өзин корсетеди. Монғолларға қарсы оның әскерлери аттан түсип пияда урысады. Саўаштың үшинши күни дем алған атларға минип ҳәм монғол әскерлерин жеңилиске ушыратады. Монғоллардың



www.ziyouz.com kutubxonasi

Паруан жанындағы жеңилиси, мусылманлардың руўхын көтереди. Бирақ Жалаладдинниң әскер басшылары арасында душпаннан алған олжаларды бөлисиў ҳаққында қарама-карсылық келип шығады.

Шыңғысхан Жалаладдинди ең қәўипли душпан есаплап, оны Ғазна дөгерегинде қамап ҳәм өзин бенде етип алыўды буйырады. Ол Ғазнадан 50 км шығыста, Гардиза деген жерде Ғазнаға киятырған монғол әскерлерине топылып оларды да жеңеди. Енди Шыңғысхан барлық кушлерин Жалаладдинниң әскерлерине қарсы жибереди. Ол өзинен бир неше артық болған Шыңғысхан әскери менен Синд дәрьясы жағасында ушырасады. Урыс үш күн даўам етип ҳәм Шыңғысхан Жалаладдинди тирилей услап алыўға буйырады. Саўашта өз әскерлериниң сан жағынан аз болыўына қарамастан Жалаладдин арысландай душпан менен урысып ерлик көрсетеди. Бирақ, душпанның қолына тирилей түсиўди қәлемей, өзиниң анасы, ҳаялы, балалары ҳәм хызметкерлерин дәрьяға таслаўға буйрық береди. Жалаладдинниң өзи бийик таў үстинен өзи аты менен дәрьяға секирип түседи. Оның бул қаҳарманлық ҳәрекети Шыңғысханды таң қалдырады ҳәм жанындағы өз балаларына қарап: «атаның усындай уллары болыўы керек» дейди.

Жалаладдин тез арада Синд дәрьясынан өз аты менен жүзип өтеди. Келеси жылы монғоллар Жалаладдинди жеңиў ушын Ҳиндистанға 20 мың әскер жибереди. Бирақ олар ыссыға шыдай алмай кейин кайтады. Жалаладдин өз аты менен Синд бойындағы секирген жерди ҳәзир де «ат секирген» орны деп атайды. Жалаладдин Ҳиндистанда 3 жыл турады. Бирақ оның жүрегинде, ол жерде күш жыйнап, Ўатанды монғоллардан азат етиў әрманы турады. Бирақ, Арқа Ҳиндистандағы сиясий жағдайлар, өз-ара феодаллық урыслар Жалаладдинниң Ҳиндистанды таслап кетиўге мәжбүрлейди. 1224-1231-жыллары Әзербайжан ҳәм Иракта ҳәкимшилик етеди. Буннан кейинги жыллары да монғол әскерлерине бир неше рет соққы береди. Бирақ, Жалаладдин монғоллар менен урыс ҳәрекетлерин Мауерауннахр ҳәм Хорасан аймағына әкеле алмады. Себеби, оның жетерли әскерий күшлери ҳәм имканияты болмады. Буған XII-XIII әсирлердеги өз-ара феодал-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лық сиясий гүреслер кесент етти. Жалаладдин Мангуберди 1231-жылы сентябрьде Курдистан таўларында қаза тапты.

Монғоллардың Хорезмди жаўлап алыўының нәтийжесинде жүдә жаман дәрежеде болды хожалықтың раўажланыўы үзилиске түседи, Қабат қала оазисиндеги қалалар ҳәм аўыллар қараба-қаналарға айланады. Халықтың саны азайып кетеди. Монғоллар тәрепинен бузылған дийханшылықтың суўғарыў тармақларын қайта тиклеўге мүмкиншилик болмайды. Сонлықтан, дәрьяның оң тәрепиндеги жерлер суўсызлықтан экологиялық жағдайға байланыслы бурынғы, гүллеген мәдений оазистиң жерлери қаңырап ҳәм босап қалады. Тек айырым елатларда ғана аз муғдарда халық жасап турады. Олардың қатарына Миздахкан, Жампық қала, Қыят ҳәм Наринжан киреди. Дәрьяның шеп тәрепиндеги каналлардың ҳәм жәрдемши суўғарыў тармақлары-ның бузылыўы нәтийжесинде Әмиўдәрья әййемги аңғары бойынша Сарықамыс көлине барып қуяды.

Шыңғысхан империясының жерлерин балаларына бөлип бергенде қубла Арал бойлары Шағатай ҳәм Жошыхан улыслары-на өтеди. Қубла Хорезм қалалары Қыят, Хийўа, Хазарасп Шағатай улысына, арқа Хорезм қалалары Үргениш, Миздахкан ҳәм Кердер Жошы улысына қарайды. Жошы баласы Батый тәрепинен Алтын орда дүзилгеннен соң Хорезмниң арқа бөлеги усы мәмлекеттиң қурамына өтеди. Шағатай менен Жошы улыс-ларының шегарасы Үргениш пенен Қыят қалаларының арасынан өтеди.

Қубла Арал бойлары Алтын орда қурамына өтиўи менен, XIII әсирдиң II-ярымынан баслап оның экономикасы ҳәм қалалар турмысы жақсылана баслайды. Елдиң суўғарыў тараўлары бурынғы қәддине болмасада қайта тикленеди. Өнерментшилик, дийханшылық ҳәм саўда өседи. Бул жерлер арқалы шығыс еллеринен Европаға қарап халық-аралық саўда жоллары өтеди. XIII-XIV әсирлердеги белгили естеликлердиң қатарына Гөне Үргениш жатады. Оның майданы- 400 га. XIII әсирге шекем қала Гургандж деп аталған. Алтын Орда дәўиринде қалада шығарыл-ған теңгелерде «Ховаризм» деп жазылған. Оған саяхатшы сыпатында келген ибн Батута, оны Хорезм қаласы деп атайды. XIV әсирдеги рус жылнамаларында ел Оргенчь деп жазылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

XIV эсирдиң 30–жыллары Үргениш ең жоқары гүллеў дәрежесине жетеди. Ол туўралы ибн Батута: Үргениш атақлы базарларға бай, кең көшели, көплеген сайланды ҳәм гөззал иматратлары бар түрк қалалары ишиндеги ең үлкени, белгили ҳәм сулыў қалалардың бири. "Оның базарында халқының көплигинен теңиздиң толқынындай шайпалып турады" деп жазады. Орта Азияның басқа қалалары сыяқлы, ол тек ири саўда орайы болып қалмастан, Үргениш сиясий басқарыў, мәденият, илим ҳәм өнерментшилик орайы болған.

Сол дәуирдеги қаланың қарабаханаларында бизиң дәуиримизге шекем сақланған түрли реңлер менен сырланған ойма нағыслар бар хожалық буйымлары, тақтайшалар, Алтын орда дәуириндеги Хорезмниң ҳәкими Темирдиң буйрығы менен салынған бийик минары, Нажимиддин Қубраның махбарасы, Қутлық Темир ҳаялы Төребек ханымның салдырған мешит-махбарасы, кәрўан сарайдың дәрўазасы ҳәм басқада естеликлер сақланған. Пайтахтың қайта гүллениўи менен қатар оның этирапындағы аўыллық жерлериниң қайта тиклениўи туўралы ҳәр қыйлы майданға ийе аўыллардың ҳәм қалашалардың қәлиплесиўи гүўалық береди. XIV эсирде дәрьяның шеп тәрепинде Үргеништен басқа, Хийўа, Хазарасп, Ардахушмисан (Военган), Савкан (Алмаатысқан), Шемаха, Шихрлик, Замахшар ҳәм Ярбекр қалалары қайта тикленеди. Хийўада XIV эсирде салынған Алеуитдин махбарасы сақланған.

1984-1990-жыллары Хийўада М.Мамбетуллаев басшылығындағы Қарақалпақстан археологлары изертлеўлери нәтийжесинде қала халқының антик дәуирине, орта эсирге тийисли иматратларын, өнерментшилик буйымларын, Темур ҳәм Темурийдлер дәуириндеги гүмис теңгелерин тапты. Хийўа қаласының 2500 жылылқ жасқа ийе екенлиги анықланды.

Үстирттиң қубла-шығыс шетинде жайласқан Шемаха қалада қазып изертленди. Онда XIII-XIV эсирлерге тийисли дийўаллар, қала өнерментлери кварталларының жайлары, гербиш төселген көшелер ҳәм мешити үйрениледи. Археологиялық қазып изертлеў нәтийжесинде қалалардың мәдений қатламларынан гүлалшылық, темиршилик, шийше буйымлар ислеў ҳәм басқада тараўларға байланыслы хожалық затлары табылды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңа қалаларда пайда болады. Олардың қатарына Үргеништен 90 шақырым қубла-батыста жайласқан Шахрлик киреди. Майданы 15 га. Естеликти изертлегенде қала мәҳәллелериниң мәдений қатламларының хожалық буйымлары, тауар қалдықлары ҳәм безениў затлары табылды.

Қарақалпақстан қалаларының ишинде Миздахкан естелиги жүдә қызықарлы. Оның қурамында Гәўир қала, тарийхый-архитектуралық естелик Назлымхан сулыў Ханака-махбарасы ҳәм қала қәбирстаны (б.э.шекемги V әсир XIV әсир) ҳәм Гәўир қала менен олардың ортасында жайласқан Алтын орда дәўириниң қала мәҳәллелери киреди. Шығыс төбешикте Назлумхан сулыў, Жуммарт қассаб, Қырық-шопан, Халфе Ережеп, Жума мешити ҳәм басқада жәмийетлик сыйыныў орынлары жайласқан. Дәрьяның оң тәрепинде Қыят қала, Қабат қала, Наринжан қала, Жампық қала ҳәм Бағдат қалаларда халық жасаған.

Солай етип археологиялық изертлеўлер, XIII-XIV әсирлерде қубла Арал бойында қала ҳәм аўыллық елатлардың көп болғанлығы дәлиллейди. Бирақ соған қарамастан монғоллар шабылыўынан кейин көплеген бурынғы аўыл хожалығында кең пайдаланылған өнимли жерлердиң көпшилик бөлими дийханшылық ушын пайдаланбай қараўсыз жерлерге айланып қалғаны анықланды. 1333-жылы Хорезмнен Бухараға баратырып саяхатшы ибн Батута жолда бирде аўылды ямаса қаланы гезлестирмедим деген гәпи тастыйықлайды. Әлбетте, ол дәрьяны жағалап Қызыл қум арқалы кетип ҳәм елатты ушыратпаўы мүмкин. Деген менен елде тиришилик даўам еткен. Қоңсы еллер менен ески байланыслар қайта орнатылады. Әсиресе, Орайлық Азия, Дешти Қыпшақ сахрасындағы көшпелилер, Едил алабындағы халықлар менен саўда байланысын тиклейди.

Қубла Арал бойлары шығыс Европа халықлары менен байланыстыратуғын, Үстирт арқалы өтетуғын жолдың ҳәр бир 30-40 шақырымнан қудығы ямаса суў сақлағышы-сардабасы бар кәрўан сарайлар салынады. Хорезм әҳмийетли халық-аралық саўда жолларының дәрбентинде жайласып ҳәм оннан көп пайда көреди. Буны Флоренция саўда фирмасының ўәкили Пеголоттидиң 1340-жылы «Европаның базары ушын керек тауардың ҳәммеси Үргениш базарынан табылады» деген мағлыўматы



www.ziyouz.com kutubxonasi

толықтырады. Орта әсир дереклеринде елдиң мазалы шийрин қаўынлары Ҳиндистанның ҳәм Қытайдың ең алыстағы жерлерине шекем сатыў ушын апарылғанлығы жазылған. XIV әсирде Хорезм Алтын орданың ең бай, мәдениятлы елатларының бирине айланып ҳәм оның мәдениятының өсиўинде баслы орынды тутқан. Сол дәўирдеги халықлардың мәдениятында Хорезмниң тутқан орны А.Ю.Якубовскийдиң мийнетлеринде толық жазылған.

1340-жылы моңғоллардың соңғы ханы Узбек хан өлгенинен соң Алтын Ордадағы сиясий турақсызлықтан пайдаланып, олардың Хорезмдеги ҳәкими Кутлуғ Темир елдиң экономикалық қуўатына сүйенип, 60-жыллардан баслап Алтын ордаға бағыныўдан бас тартады ҳәм Хорезмди ғәрезсиз басқарыўға ериседи.

## § 2. Темур ҳәм Темуридлер дәўири

XIV әсирдиң орталарында Алтын Орданың сиясий үстемлигиниң ҳәлсирей баслағанынан пайдаланып Гурганджидиң ҳәкими Қутлық Темур өз алдына ғәрезсиз болыўға ашықтан-ашық ҳәрекет етеди. 1357-жылы Алтын орда ханы Жәнибектиң өлтирилиўи менен, 1380-жылға шекем сиясий турақсызлық ҳәм 25 ханның өзгерилиўи мәмлекеттиң ҳәлсиреўине алып келди. Нәтийжеде дәслеп Хорезм, соң Астрахан ордадан бөлинип шығады. Алтын орда ҳәм Шағатай улысларының сиясий жақтан турақсызлығынан пайдаланған түркий қоңырат руўынан шыққан Хусейин суўпы басшылығындағы қубла ҳәм арқа ўәлаятлар бирлестирилип Хорезм патшалығы дүзиледи. Ол Шағатай улысына қараслы Қыят, Хийўа, Хазараспты ҳәм елатларды 1357-жылы жаўлап алады. Хусайнниң бул ҳәрекетлери орынсыз екенлигин, елатлардан тонап алынған байлық-олжаларды қайтарып бериўди ҳәм басып алған қалалардан нөкерлерин алып кетиўди Шағатай улысының әмири Темур Хусейиннен талап етеди. Темурдиң 1370-жылғы бул талабы орынланбайды. Тағыда, Хусейин Шағатай улысын мойынламайды. Бул сөйлесиўлердиң парахат жол менен мәселениң шешилмейтуғынына көзи жеткен әмир Темур Хорезмге әскерий жүрис жасаўға мәжбүр болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1371-жылы жазда әмир Темур әскерлери Қыят қаласын Хусейн суўпы нөкерлеринен азат етеди. 1372-жылы 5-январьда Хусейин суўпы Үргениш қамалында қайтыс болганнан соң, оның орнына Хорезм ҳәкими болып Юсуф суўпы отырады. Әмир Темур Хусейинниң туўысқаны Юсуф суўпы менен ақ пәтия–имамнама дүзисип, Адақ суўпының қызы, Өзбек ханның ақлығы Суйинбийкеайым малика ханзаданы өзиниң улы Жәҳәнгирге ҳаял етип алыўға келиседи.

Темурдың Самарқандқа қайтыўы менен Юсуф суўпы ўәдеден бас тартады ҳәм қызын Самарқандқа жибермейди. 1372 – жылы гүзде Қыят қаласын басып алып ҳәм халқын тонайды. Бул, сумлықлы хабар Темурдиң жәнe Хорезмге атланыўын тезлетеди. 1373 –жылы оның киятырғанын еситкен Юсуф суўпы, өзиниң ислеген ислеринен пүшайман жеп ҳәм Қыяттың Шағатай улысына тийисли екенин мойынлайды. Юсуф суўпы елшилери Темур ләшкерлерин Қызыл қум арасында ушыратып ҳәм оның улысы қалаларына атланыс жасағанына кеширим сорайды. Бурынғы шартнамаларды орынлаймыз деп, Темурди исендирип ҳәм оның нөкерлерин кейинге қайтарады. Юсуф суўпы Ханзаданы көп олжалар менен түйеге мингизип ҳәм салтанат пенен Самарқандқа жибереди. Алтын орда ханы Өзбек ханның ақлық қызы Ханзадаға үйленген Муҳәммед Жәҳәнгир өзиниң әкеси Темур сыяқлы «Гураган» ханның күйеў баласы деген атақ алады. Жәҳәнгир 1375-жылдың ақырында қайтыс болады. Елдиң дәстүри бойынша ағасының ҳаялын инисине атастырып ҳәм Ханзада екинши рет Темурдиң екинши перзенти Мираншахқа турмысқа шығады.

XIV әсирдиң соңғы шерегиниң басында Қоңырат суўпылары, Темур мәлекетиниң арқа- батыс шегараларына қәуип туўғызады. 1375-жылы июнь-июльлерде Темур әскерлери Үргенишке бет алады. Олар Султануайс таўынан өтип, Қос минарға келгенде Самарқанд қаласы Темурге қарсы топардың Сары Буғы ҳәм Әдил шах басшылығындағы ләшкерлер тәрепинен қамал етилгени ҳаққында хабар келеди. Нәтийжеде Темур Үргенишке жетпей, изине қайтыўға мәжбүр болады ҳәм ол жердеги топаланды бастырады. Көтерилис басшылары көшпели қыпшақлар арасына кетип паналайды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

1377-жылы Темурдың Сырдәрья орта алабында душпанларына қарсы гүресип жүргенинен пайдаланған арқа Хорезм ҳәкими Юсуф суўпы Бухараны талайды. Қудасынын бундай, жарамас қылығына наразы болған Темур Жалаладдин Баҳадыр басшылығында Үргенишке елши жибереди. Келген елшилердиң Юсуф суўпы аяқ-қолларын кисенлеп ҳәм оларды зинданға таслайды. Буны еситкен Темур, Юсуф суўпыға төмендеги мазмундағы хат жоллайды. «Елшилер қол қатылмайтуғын адамлар. Оларды өлтириўге, қамаўға ҳәм иркип қойыўға болмайды. Елшилердиң хызмети, өзине тапсырылған ўазыйпаларды жеткизиўден ғана ибарат. Сонлықтан мениң елшилериме жәбир- қысым көрсетилмей қайтарылсын».

Юсуп суўпы әмирдиң хатын алып келген шабарманларды да қамап таслайды. Булда аздай, Туй-буғы басшылығында бир топар қарақшыларды жиберип, Бухара әтирапындағы өзбек ҳәм түркмен аўылларының мал-мүлкин талатады. Булардың бәри, Темурдиң қәҳәрин келтиреди ҳәм Үргенишке тез атланыўына себеп болады.

1378-1379-жыллары әмир Темур арқа Хорезмниң бас қаласы Үргенишке әскерий жүрис жасайды. Пайтахтқа жақын жердеги саўашта Юсуп суўпы жеңиледи. Темур ләшкерлери Үргеништи үш ай даўамында қамал етеди. Қамал ўақтында сиясий бийлик ушын Қоңырат суўпылары арасында өз-ара тартыслар келип шығады. Бунда, Юсуп суўпы ҳәм Май суўпы еки тәреп болады. Бирақ, Юсуп суўпы мезгилсиз қайтыс болады. Үргеништиң дәрўазасы Темурди қоллаған Хожа Алақбий тәрепинен ашылды. Қала алынғаннан соң, Темур өзиниң туўылған жери Шахрисабзде сарай салдырыў ушын Қубла Арал бойларынан уста-өнерментлерди, сүўретшилерди, архетекторларды ҳәм улама- алымларды алып елине қайтады. Әмиў бойы топырағында камалға келген шебер усталардың уллы сәркардаға бағышлап 1380-жылы қурылған дүньяға даңқы жеткен ақ сарайы ҳәзирге шекем адамлардың ақылын ҳайран қалдырып келмекте.

1383-жылы Гурганиш ҳәкими Сүлайман суўпы Алтын орда ханларының сиясий үстемлигин мойынлап ҳәм Тохтамыс хан аты менен теңгелер шығарады. Барып-барып арқа Хорезм Алтын



www.ziyouz.com kutubxonasi

орданың Темурге қарсы гүрес алып баратуғын орайына айланады.

1387-жылы қыста Тохтамыс Үргениш хәкими Сүлайман суўпының жәрдеми менен Темурдиң Мавераунназрда жоқлығынан пайдаланып Бухара хәм Самарқанд әтирапындағы елатларды талайды. Суўғарыў тараўларын бузады. Персияда атланыста жүрип бул сумлық хабарды еситкен Темур хәм 1388-жылы февральда асығыс түрде Самарқандқа қайтады. Усы жылы Темур Хорезмге соңғы (бесинши) рет атланыс жасайды. Самарқандтан шығып, Бухара арқалы, Әмиўдәрья бойындағы ески сепая жолы менен Қыят қаласына жетип хәм Үргенишке қарай бағдар алады. Буны еситкен Сүлайман суўпы, Шыңғыс әўлатларынан болған Иль-Игмыш Оғлан хәм тағы басқа хәмелдарлар Үргеништи таслап қашады. Олардың изинен Темур баласы Мираншахтың басшылығында әскерлер жибереди. Сүлайман суўпы, Иль-Игмыш Оғлан Дашти Қыпшақ даласына қашып қутылады. Сүлайман нөкерлери Үстирттеги Кумкенд қаласындағы (Шемаха) саўашта жеңилип хәм тутқынға алынады.

Солай етип, узақ жыллар даўамында Темур дүзген Мавераунназр мәмлекетинен ғәрезсиз жасаўға хәрекет еткен қоңырат суўпыларының династиясы таратылады. Темур Хорезм хәм қарақалпақ жерлерин мәмлекетине қосып хәм Хорезмге хәким етип Мусаканы таярлайды. Ол 1391-жылы Темурдин пәрманы менен Үргеништиң бузылған орайлық бөлимин қайта тиклейди.

Әмир Темур 1395-жылы Алтын ордаға әскерий атланыс жасап оның Едил (Волга) дәрьясы дельтасындағы пайтахты Сарайы- Беркени басып алады. Соң Индияға хәм киши Азияға жүрислер жасайды. Нәтийжеде, ол Орта Азиядағы феодаллық пытыраңқылықты сапластырып қоймастан түрк халықларының ата-бабаларының жасаған ўәлаятларын өз қарамағына қосып күшли, орайласқан мәмлекет дүзеди хәм оның шегараларын беккемлейди.

Темур өлгеннен кейин Хорезм бир қанша ўақыт Темурийлер қарамағында болады. 1406-жылы Алтын орданың әмири маңғыт руўынан шыққан Едиге қубла Арал бойларын өз мәлекетиниң қурамына қосып алады. 1413-жылы Хорезм қайтадан Улуғбектиң исенимли адамы Шахмаликтиң басқарыўында хәм Темурийлер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

диң қараўына өтеди. Темур ҳәм Темурийлер ўақтында қубла Арал бойы қалалары Қыят, Миздахкан, Хийўа бурынғыдай мәдений ҳәм саўда орай болып қалады.

XIV әсирдиң ақырында Алтын орданың ҳәм басқада монғол улысларының қулаў дәўиринде Арал бойы сахраларында жаңадан көшпели қәўимлердиң ири сиясий бирлеспелери пайда болады. Сырдәрья алабында ҳәм Дешти- қыпшақ даласындағы көшпели «өзбеклер» XV әсирдиң 20-жыллары Хорезм оазисине бир-неше рет басып киреди. 1431–жылы олардың ханы Шайбанийлер династиясының дәслепки, белгили ўәкиллериниң бири Абылхайыр (1428-1468) Хорезмге атланыс жасап қысқа мүддетте оның арқа тәрепин ийелеп турады. XV әсирдиң ақырында оның ақлығы Муҳәммед Шейбаный Хорезмге әскерий жүрис баслайды. Биракта оның Үргеништи басып алыўы ҳәм улыўма Хорезмди бағындырыўы 1505-жылы ғана әмелге асады. Қубла Арал бойларында Орта Азияның басқа еллери сыяқлы толық көшпели өзбек ҳәкиминиң қурамына өтеди.

Тез арада Орта Азияда ғәрезсиз өзбек ханлықлары пайда болады. XVI әсирдиң 60-жылларынан баслап Шайбанийлердиң басқарыўында Бухара ханлығы пайда болады. 1753-1758-жыллары Бухараны маңғытлардан шыққан Муҳәммед Рахим басқарады ҳәм бул династияның ўәиллери әмирликти 1920-жылға шекем ийелейди. Шайбаний 1510-жылы өлгеннен кейин Хорезм Иранның шахы Исмайлдың қараўына өтеди. 1511-жылы Хорезм қайтадан Шайбанийлердиң тағы бир алыс әўладлары Берке султанның балалары Елбарыс пенен Байбарыс қолына өтеди. Елбарыс хан деп жәриялады. Ол Арал менен Каспий арасындағы түркменлерди, арқа Иран ҳәм арқа Афғаныстан жерлерин қосып алады. Хорезм ханлығының пайтахты дәслеп Уазир, кейин Үргениш, соңырақ Хийўа болады.

Көшпели өзбек қәўимлери Орта Азияның дийханшылық оазисиндеги жергиликли халықлар менен араласып, отырықшы болып, Хийўа ҳәм Бухаралардың сиясатына араласады. Сахрадағы көшпели өбзек руўлары Маверауннахр ҳәм Әмиўдәрьяның төменги алабындағы отырықшы халықларына араласып, олардың мәдениятын ҳәм хожалық тәжирийбелерин өзлестирип алады. Көшпели өзбек қәўимлерин қарақалпақлардың халық болып


www.ziyouz.com kutubxonasi

кәлиплесиўине қатнасады. Қарақалпақлар XV әсирдиң ақыры-XVI әсирдиң басында көшпели «өзбеклерден» бөлинип, олардың этикалық аўқамы Арал-Каспий аралығында, Әмиў хәм Сырдәрьяларының төменги алабында хәм Хорезм өзбеклери менен иргелес халық болып жасаўын даўам етеди.

XV-XVI әсирлерде қарақалпақлардың этносиясы, бирлигине Арал бойында бурыннан жасап киятырған огуз, печенег, қыпшақ, кердер, қаңлы, қыят, қоңырат, маңғытлар кирсе, ал XIII әсирде монғоллар менен найман, жалайыр,қалмақ хәм басқа қәўимлер қосылады. Маңғытлар XVI әсирде көшпели «өзбек» қәўимлери менен жәнe көплеп араласып, XV әсирдиң ақыры XVI әсирдиң басында қонсы еллерге қарақалпақлар деген ат пенен белгили болады.

## § 3. Қарақалпақлардың этногенези хәм этник тарийхы

Қарақалпақлар Арал-Каспий аралығында, ески Окс, Яксарт дәрьяларының төменги алабында хәм Туран ойпатында бурыннан турақлы жасап киятырған түрки тиллес халықлардың бири. 1897-жылы Арал әтирапында 115 мыңнан көбирек қарақалпақлар жасап, соннан 93215 Әмиўдәрья бөлиминде, 20 мыңы Хийўа ханлығының аймағында жасаған, 1926-жылғы есап бойынша 15 мыңға шамалас қарақалпақ, Аўғаныстанның Мазари-Шериф ўәлаятында бар болған. 1979-жылғы есап бойынша республикамыздың территориясында жасаған қарақалпақлардың саны 303 мыңнан артық болды. 1996-жылғы мағлыўмат бойынша Қарақалпақстан халқы 1 млн. 516 мың адамнан көп, соннан 36% қарақалпақлар, 33 %өзбеклер, 22% қазақлар, 6% түркменлер хәм қалған 0,6% басқа миллет ўәкиллерин қурайды. 1959-жылғы есап бойынша, Бухара ўәлаятында 5950, Ферғанада 4704, Хорезм ўәлаятында 523, Түркменистан хәм Ташаўыз ўәлаятында 2548 қарақалпақлар жасаған. Хәзир қарақалпақлардың айырым майда топарлары Бухара, Андижан, Наманган, Самарқанд, Ташкент хәм Сурхандәрья областларында жасайды. Олардың бир топарлары Қазақстан, Қырғызстан, Астрахань, Урал, Сибирь жерлеринде турады. Биз сөз еткен бул қарақалпақлар көбинесе басқа миллеттеги халықлар арасында киши-гирим, шоқ-шоқ, бөлек болып


www.ziyouz.com kutubxonasi

жасап, кейин ала сол отырған жердеги халықлардың хожалық-мәдений тәсирине берилип, олардың тилин ҳәм мәдениятын қабыл еткен. Бирақ бул қарақалпақлардың антропологиялық ҳәм физикалық келбет түринде елеге шекем қарақалпақларға тән монголоидлық белгилер басым болғаны сезиледи..

Қарақалпақ халқының келип шығыўы ҳаққындағы мәселе, илимпазларды XIX әсирдиң биринши ярымынан баслап қызық-тыра баслады. Илимпазларды көбирек (рус жылнамаларындағы) рус аймағындағы, руслардың шығыс шегараларында жасаўшы, орта әсирлердеги Киев князлигине қараған печенег-огуз түрки қәўимлериниң сиясий бирлигин дүзген қарабөриклилер «черные клобуки» ҳәм және Алтын орда қыпшақларының қарамындағы «қара бөриклилер» (бул ҳаққында Эн-Нувейри жазады) деп аталған қәўимлердиң атмасының қарақалпақ атына уқсаслығы қызықтырды. 1818-жылы «черные клобуки» лердиң аты қарақал-пақ атамасына байланыслы деген пикирди рус тарийхшысы Н.М.Карамзин айтты. Усы пикирди биз Н.И.Березинниң, В.Тизенгаузенниң мийнетлеринде де ушыратамыз. 1836-жылы сырт ел илимпазлары Доссон ҳәм Хаммер –Пургштал XV әсир-деги Рашид ад-Диниң мағлыўматларына сүйенип,қара бөрикли-лер атамасы қарақалпақ атына жүдә уқсас деп Н.М.Карамзинниң пикирин қуўатлады. Академик В.В.Бартольд, тюрколог И.А.Фалеев ҳәм М.А.Чапличка қара бөриклилер атамасын қара-қалпақ аты менен байланыстырыўға еле айтарлықтай материал жоқ деген жуўмаққа келди. Көпшилик илимпазлар қарақалпақ халқының этногенезин (келип шығыўын) тек бир ғана ата-түпкиликли атаға байланыстырыўға ҳәм халықтың келип шығыўы ҳаққындағы мәселени тек этнонимлер семантикалары-ның (халық атамаларының) уқсаслығына тийкарланып шешиўге ҳәрекет еткен. Ховорос ҳәм П.Рычковлар қарақалпақларды ноғайлар деп, ал Т.Миллер маңғытлар, Н.А.Аристов печенеглер ҳәм академик И.Георгийев қарақалпақды қара қыпшақлар деди. Шығыс Европаның кең сахра далаларында орта әсирлерде жасаған көшпели түркий қәўимлердиң естеликлерин изертлеген москвалы илимпазлар Г.А.Федоров-Давидов, С.А.Плетнева «черные клобуки» лердиң рус жерлериниң шегараларына ҳәм Днепр дәрьясының Поросъ тармағы бойларына орта әсирлерде


www.ziyouz.com kutubxonasi

Азия еллеринен келип қоныс басқан түркий қәўимлердиң сиясий бирлигиниң атамасы деп көрсетти. Тарийхшы П.П.Ивановтың пикиринше қарақалпақлар Сырдәрьяның орта ҳәм төменги ала-бында Арал әтирапында бурыннан жасап киятырған жергиликли қәўимлердиң тийкарында пайда болған. Бирақ оның «Қарақалпақлар тарийхы очерклери» (1935) мийнетинде тек қарақалпақлардың орта әсирге тийисли этникалық тарийхы сөз етиледи. П.П.Иванов огузлердиң топылысына қарамастан Едил (Вольга), Жайық (Урал) аралығында отырықшы болып қалған және шығыстан келген қыпшақлар менен араласқан ҳәм IX-XI әсирлердеги печенеглердиң шығыс (түрк) урпақларының қарақалпақлар этногенезиндеги әҳмийетли белгилерден де есаплайды. Ол печенеглердиң батыс (хазар) урпақларының да қарақалпақ этногенезинде баслы орынды ийелейтуғынын көрсетеди.

Қарақалпақ этногенезин үйрениўде С.П.Толстовтың басшылығында Хорезм археологиялық-этноггрconsidering бафиялық экспедициясы айтарлықтай үлес қосты. Бул экспедиция Арал бойындағы халықлардың этникалық тарийхын тас дәўиринен баслап ҳәм жаңа дәўирге шекем изертлейди. Хорезм экспедициясының Т.А.Жданко басшылық еткен қарақалпақ этнографиялық отряды 1946-жылдан баслап қарақалпақлардың келип шығыўы бойынша көп ғана материаллар жыйнап, баҳалы мақала ҳәм мийнетлерди баспадан шығарды. Этнографиялық изертлеўлердиң нәтийжесинде қарақалпақлардың урыў-тайпа қурамы, олардың этноними бойынша алынған мағлыўматлар, қарақалпақ халқының анаў ямаса мынаў бөлеклериниң көшип қоныў жоллары ҳаққында баҳалы аңызлары олардың материаллық, руўхый мәденияты ҳәм семьялық қатнасықларын үйрениў бойынша жыйналған материаллар қарақалпақлардың этногенезин үйрениўде үлкен орын тутады. Қарақалпақлардың этногенез мәселесин үйрениўде тарийхшы этнографлардан Т.А.Жданко, С.К.Камалов, Л.С.Толстова, А.С. Морозова, Қ.Е.Есбергенов, археологлардан Я.Н.Ягодин, М.Мамбетуллаев, тарийхшы О.Юсупов ҳәм басқалар өз үлеслерин қосты. Қарақалпақлардың келип шығыўы мәселесин бир-бирине байланыслы илимлердиң ўәкиллери де Н.А.Баскаков, Е.Е.Малов, Т.К.Ходжаев ҳәм К.Мәмбетов қозғады. Көп жыллық археологиялық ҳәм этнографиялық изертлеўлерге ҳәм басқа да


www.ziyouz.com kutubxonasi

илимлердиң мағлыўматларына тийкарланып, С.П.Толстов қарақалпақ халқының келип шығыўы ҳәм қәлиплесиў мәселесин Арал бойы халықларының узақ даўам еткен ҳәм өз-ара биригиў нәтийжесинен келтирип шығарады.

Соңғы он жыллықларда қарақалпақлардың келип шығыўы тарийхына қызығыўшылық кемейип кетти. Соған қарамастан археологиялық, этнографиялық, антропологиялық, тил ҳәм әдебият бойынша изертлеўлер нәтийжесинде усы мәселеге байланыслы бир қанша жаңа материаллар топланды. Усы топланған материаллар тийкарында қарақалпақлардың келип шығыў мәселесине көпшилик оқыўшыларды ҳәм оған қызығыўшылардың дыққатын және бир мәртебе аўдармақшымыз.

Қарақалпақлардың келип шығыў тарийхы узақ даўирлерди өз ишине алады. Себеби ҳәр қандай халық өзиниң узақ даўам еткен тарийхый раўажланыў барысында ҳәр қыйлы рүў-қәўимлерди ҳәм ҳәр қыйлы халықлар топарларын, жергиликли халықлардың ҳәм сырттан келгенлердиң топарларын өз қурамына сиңистирип алыў арқалы пайда болады. Дүньяда келип шығыў жағынан ҳеш қандай таза халық болмайды. Мине усындай жағдайда қарақалпақ халқы да халық болып қәлиплесиўинде узақ дәўирлерди өз басынан кеширди. Сонлықтан қарақалпақлардың этникалық жақтан қәлиплесиў тарийхын бир неше дәўирлерге бөлиўге болады.

## § 4. Биринши дәўир: ең әййемги дәўирден – б.э.шекемги III әсирлер

Арал-Каспий аралығында адамлардың ең әййемги қоныс орынлары б.э.шекемги 87-50 мыңыншы жылларға жатады. Бул дәўирде Арал-Каспий әтирапында географиялық жағдай әййемги адамлардың турмыс кешириўлерине қолайлы болған. Адамлардың усы дәўирге жататуғын қоныс мәканлары археолог илимпазлар тәрепинен Үстирт кеңислигиндеги Барса келмес шорының қубла-батысынан табылды (Есен 1-2). Бул дәўирде адамлар аңшылық етип, жабайы өсимликлердиң мийўелерин терип ҳәм тамырларын қазып алып жеп тиришилик еткен. Әййемги тас дәўириниң соңғы басқышларында яғный б.э.шекемги 35-10



www.ziyouz.com kutubxonasi

мыңыншы жыллары Арал әтирапындағы қәўимлер Үстирттиң кең жазық далаларын ҳәм Қызыл қумның орайлық бөлимлерин кеңнен өзлестире баслайды. Б.э.шекемги VI-III мыңыншы жыллары, яғный жаңа тас дәўирине тийисли, қубла Арал әтирапында, Қызыл қумда, Сары қамыс бойларында, Үстирттиң кең жазық далаларында аңшылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланған адамлардың қоныс мәканлары көплеп ушырасады. Бронза дәўирине келип б.э.шекемги II мыңыншы жыллары Қубла Арал аймағында жасаўшы Тазабағжаплылар дийханшылық ҳәм мал шарўашылығы менен шуғылланған. Б.э.шекемги XIV-XII әсирлерде Арал бойы халықлары, қубла Түркменстан территорияларындағы, Сурғаб дәрья алабындағы дийханшылық, өнерментшилик пенен шуғылланған отырықшы қәўимлер менен мәдений ҳәм саўда байланыста болады.

Б.э.шекемги III-II мыңыншы жыллары қубла Арал бойы қәўимлери Едил ҳәм Жайық дәрьяларының алапларында, Сибирь, Қазақстан далаларында жасаған түрк тилиниң ҳәр түрли шақапшаларында сөйлеген көшпели Андронов шарўа қәўимлер менен этникалық жақтан жақын болып, олар менен экономикалық ҳәм мәдений байланыста болады. Ол қәўимлердиң бир топары Арал бойы қәўимлери менен араласады. Б.э.шекемги II мыңыншы жыллары қубла Арал бойында жасаған Тазабағжап ҳәм Суўжарған мәдениятын пайда еткен қәўимлер арасына алдыңғы Азия ҳәм арқа Иран еллеринен бир бөлек этникалық топарлар миграцияға ушырап келди. Усы сөз етилген қәўимлердиң өз-ара араласып, жақынласыўы нәтийжесинде келешек Хорезм өзбеклери ҳәм қарақалпақлардың келип шығыўының ең дәслепки басқышлары қалана баслайды. Б.э.шекемги VIII-IV әсирлерде де Хорезмниң арқа-батыс, арқа –шығыс шегараларында көшпели, ярым көшпели шарўа сак-массагет ҳәм савромат-сармат қәўимлери қоныс басады. Саклардың қоныс мәканлары, қәбирлери Қызыл қумның арқа жағаларынан, Султануайс таў орайынан, Сырдәрьяның үлкен аңғарлары болған Жаңадәрья менен Инкар дәрьяның төменги алапларынан ҳәм Узбой етеклеринен табылып изертленди. Арал бойы сак қәўимлери урыў басшыларының ҳәм көсемлериниң қәбири үстине махбаралар салған. Олардың естеликлерине Тагискан, Уйғарақ қойымшы-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лығы, Ширак-рабат ҳәм Бабиш мола қалалары, Узбой етегиндеги Күйусай ҳәм Султануайс тауы төбесиндеги қәбир орынлары киреди.

Б.э.шекемги V әсирге жататуғын сак қәуимлеринин көсеминиң «иссық» аталған қәбиринен табылған әййемги жазыў илимпазлардың пикиринше ерте түрк тилинде жазылған. Олай болса, биз Окс ҳәм Яксарт алапларында буннан 2500-30000 жыллар бурын прото түри қәуимлери жасаған деген жуўмақ шығарамыз. Бул саклар көшпели, ҳәм отырықшы болып турмыс кеширеди. Б.э.шекемги VII-V әсирлерде Әмиўдәрьяның ески тармағы Узбой жағаларында ҳәм Сарықамыс бойларында сак-массагет қәуимлеринин топарына киретуғын ярым көшпели Күйиўсай қәуимлери қоныс басады. Б.э.шекемги VI-III ҳәм б.э.I-III әсирлеринде Едил ҳәм Жайық алапларында, Арал теңизинин арқа-батыс жағаларына савромат- сармат қәуимлери миграцияға ушырап келип ҳәм қоныс басып мал шарўашылығы менен шуғылланады. Олар Аралдың батыс жағалары менен Үстирттиң шығыс етеклери арасындағы мол отлы жайлаў жерлерди өз малларының ушын жайлаў ретинде пайдаланады. Көпшилик савромат-сармат қәуимлери Хорезм ели менен экономикалық, экомәдений ҳәм саўда байланыста болады. Олар қыс айларында Хорезмниң арқа, қубла-батыс шегараларына келип ҳәм Әмиўдәрьяның дельта алабындағы қалың қамыслық жерлерге қоныс басып пана табады.

Үстирттиң шығыс етегинде жайласқан Жанпық қала-Айбүйир қала, Дәўкескен қала сак-сарматлар менен хорезмлилердиң саўда орайларына айланды. Бул саўда орайларда шарўашылық өнимлери болған: жүн, мал, иримшик, терилерди, өзлерине керекли бийдай, арпа, тарыға ҳәм өнерментлердиң буйымларына аўмастырған. Б.э.шекемги I әсирде жасаған, грек тарийхшысы Стробонның айтыўына қарағанда массагетлер Каспийдиң шығыс тәрепиндеги кеңисликте ҳәм Аралға шекемги аралықта жасаған. Ҳақыйқатында да массагетлердиң қабирлери Узбой етегинде, Устрит далаларында көп ушырасады. Демек б.э.шекемги VI-V әсирлерде массагетлер Әмиўдәрьяның ески саласы Узбойдың кең алапларында, Үстирттиң шығыс жағаларында қолайлы мал жайлаўларында мәкан еткен. Б.э.шекемги 530-жылы Иран ахемений-


www.ziyouz.com kutubxonasi

лериниң патшасы Кир II Арал бойы еллерин жаўлап аламан деп нийетленгенде ҳәм Әмиўдәрьяның дельтасы Узбой бойында ҳаял патша Тумарис басқарған массагетлерден жеңилип қаза тапқан. Сонлықтанда Геродот, саклардың ишиндеги eң күшлиси ҳәм көпшилиги массагетлер деп жазады. Жаңа дәрьяның төменги бойында жайласқан Тегискен, Үйгарақ қусаған саклардың қәбирлеринде қурал-жарақ, ат жүўенлери ҳәм тас алтарлар менен жерленген ҳаял-қызлардың сүйеклери ушырасады. Массагетлердиң патшасы Тумаристиң ер жүрек, батырлық ислери, қарақалпақлар арасында кеңнен таралған «қырық қыз» дәстанының қаҳарманы Гүлайым образын елеслетеди. Ҳақыйқатында да қарақалпақлардың турмысында ҳаял-қызлардың белгили роль ойнағаны дәстан ҳәм шежирелерде көп айтылады. Мәселен, қарақалпақлардың қыят, муйтен урыўларының уранлары ҳаяллар болған. Бердақ Ғарғабай улы өзиниң шежирелеринде:

«Қыят ураны Арыўхан,
Мүйтен ураны Ақшолпан
Ҳаял уран болған екен» -деп жазады.

Ҳаяллар уран болған урыўлар қазақларда да ушырасады. Олардың сүйиндик урыўының ураны Жолбийке. Бурыннан түркий халықларына аналарды қәдирлеў тән болған, ҳәттеки ҳәм оларды культке айландырған. Қазақларда гейбир урыўлар ҳаяллардың аты менен аталады. Мәселен, Енең урыў (рас аты Ботей), Дулат, суан урыўлары гейде Домалақ енең деп аталады. Көшпели түрк қәўимлеринде Тумарис ҳәм Теркен деген ел басқарған ҳаяллардың болғаны белгили. Ал, Батуханның ҳаялы Барықшының, өзбекханның ҳаялы Байеллиниң, Хорезмшах Текештиң ҳаялы Теркен катунның ел басқарыў ислерине айтарлықтай араласқанын халық әпсаналарында ҳәм гейпара тарийхый дереклерде айтылады. Алтын орта ханы Жәнибектиң ҳаялы Тайдула хан атынан саўдагерлерге буйрық берген. Усы жерде айтып өтетуғын нәрсе, көпшилик жағдайда тарийхый ўақыяларға байланыслы ушырасатуғын ҳаял-қызлардың ерликлерин көпшилик илимпазлар тек матриархатлық пенен байланыстырады. Бизиңше ҳаял-қызлардың тарийхый ўақыяларда сөз етилиўи, олардың душпанға қарсы гүреси, көшпели, ярым көшпели түркий халықларға бурыннан тән болып ҳәм олардың күн кешириўи



www.ziyouz.com kutubxonasi

күнделикли турмыс қәлпинен-дәстүрлеринен келип шыққан. Аналық урыў дәўиринде де, ерлер қәўимниң қәўипсизлигин қорғаған ҳәм урысқа қатнасып душпанлар менен урысқан. Қәўим ағзаларын асыраўға азық-аўқат пенен тәмийинлеген. Демек аналық урыў ўақтында да ерлердиң орны үлкен болған. Бирақ, олар тек өз аналарын таныған, аналар өз балаларына, урыўдың ғарры, аўрыўларына ғамқорлық еткен ҳәм үй хожалығын басқарған. Үйдиң отына қараған. Балалар анасы арқалы әкесин таныған.

Аналық урыў дәўиринде, ҳаяллардың қәўимлерди басқарып ҳәм жәмийет турмысында үлкен хызмет атқарғанын археологиялық материаллар тастыйықлайды. Әййемги жәмийетлик дүзим ўақтында жөнсиз өз-ара урыслар болып турған. Ер адамлар узақ жерлерге атланып урыста жүрген ҳәм гейде саўашлардан қайтып келмеген. Ҳаяллар, ерлери жоқ ўақтында, қәўим ағзаларын, хожалығын душпаннан қорғап, сақлап қалыў ушын, қолына қурал алып ҳәм урысыўға мәжбүр болған. Усындай урыста ерлик көрсеткен жас ҳаял-қызлардың ерликлери тарийхшылар ҳәм жазыўшылар тәрепинен жазылған. Сонлықтан, халық дәстанларында айтылатуғын ҳаял-қызлардың қаҳарманлық ҳәрекетлерин тек матриархаттың қалдығы деп түсиндириў орынсыз.

Матриархатлық дәўирдеги урысқа қатнасыў, хожалықты асыраў ҳәм азық-аўқат пенен тәмийинлеўди ерлер алып барған. Б.э.шекемги VII-V әсирлерде Арал-Каспий аралығында сак, массагет, дай, апасиак, исседон қәўимлери ҳәм Хорезмлилер менен сиясий-әскерий аўқам дүзеди. Сонлықтан да массагетлерди тарийхта «Үлкен саклардың аўқамы» деп айтады. Массагет қәўимлериниң айырым бөleклери Едил ҳәм Жайық дәрьяларының төменги ағыс бойларында жасаған саврамат-сармат қәўимлери менен байланыса болып, олар менен де сиясий ҳәм мәдений қатнаста болған. Б.э.шекемги VI әсирдиң биринши ярымында қубла Арал бойында пайда болған сиясий, әскерий-демократиялық «Хорезм» патшаларының дүзилиўине сак-массагет қәўимлери белсене қатнасқан. Б.э.ш. II әсирлерде қытайлылар сакларды «се» ямаса «сай» деп атаған.

XI әсирде Махмуд Қашғарийдиң мийнетлеринде саклардың аты: сахсин, сак түринде ушырасады. Б.э.шекемги VI-V әсирлер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

деги сак-массагатлердиң хожалығы XIX эсир ақыры XX эсир басындағы қарақалпақлардың хожалығына усап, көп шақаплы болған. Саклар дийханшылық, мал-шарўашылық, өнерментшилик, аңшылық ҳәм балықшылық пенен шуғылланған. Хожалықтың бул түрлери ҳәзирдиң өзинде де қарақалпақларға тән. Көп эсирлерден бери киятырған хожалықтың бул тараўларының қарақалпақларда сақланыўы, сақ, массагет, сармат, дах ҳәм дай қәўимлериниң қарақалпақлардың келип шығыўына қатнасығының бар екенин дәлиллейди. Қарақалпақлардың қыят, ашамайлы урыўында, ертедеги саклардың аты, «саху» (сак-ыў) тийреси сыпатында сақланыўы, сармат аты, мүйтенлердиң самат урыўы түринде, ал сарматлардың сирак қәўиминиң аты, маңғыт ҳәм қолдаўлы урыўларында қара-сыйрақ тийреси сыпатынла гезлеседи. Мүйтен қарақалпақлардағы ески урыўдың аты. Митан аты Иран ҳәм Орта Азия халықлары арасында көп ушырасады. Митан (мүйтен)лердиң этногенези ҳәзирге шекем еле толық үйренилген жоқ. Айырым илимпазлар грек тарийхшылары Гародот, Страбон, Полибийлердиң мийнетлериндеги ушырасатуғын матиенди Мессопатомия ҳәм Иранда жасаған материаллар деп аталған халықтың әўладлары деп түсинеди. Қарақалпақ мүйтенлери бурын үлкен ҳәм киши урыўларға бөлинген. Митен этнотонимлери Хорезм ўәлаятында да ушырасады. Мысалы, Хазарасп районындағы бир елаттың аты Митан ҳәм Гүрленде Матанла түринде айтылады. IX-XIII эсирлерде Хорезм Ардакушмисан, Рахушмисан ҳәм Мадамин деген елатлар ҳәм қалалар болған.

Илимпаз В.А.Шишкин, З.Думимовлар митан этнонимин Соғд тилине байланыстырып, парсыша maetxana «турақ жай» ҳәм «урыў» мәнисин билдиреди деп есаплайды. Мүйтен (митан) атамасының Орайлық Азияда таралыўы олардың өзбек ҳәм қарақалпақ халықларының халық болып қәлиплесиўине катнасқан урыў екенлиги сөзсиз.

Арал этирапындағы жасаған сак-массагет, сармат қәўимлериниң қарақалпақлардың ең әййемги қатламына қатнасыўының гүўасы. Сак-массагетлердиң қарақалпақлардың этногенезине байланыслы олардың дәстүрлеринде, үрп-әдетлеринде сезиледи. Массагетлердиң сыйынған ең баслы қудайы қуяш болған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Массагетлердиң патшасы Тумарис ханым ахеменийлер династиясының патшасы Кирге –«массагетлердиң әменгери қуяш атынан ант етемен, мен сендей ашкөз қанхорға қан ишкиземен»- деп ҳәм оның менен саўашқа түскен. Қуяшқа, айға, отқа сыйыныў бурын түрк халықларында ҳәм соның ишинде қарақалпақларға тән болған. Оттан атлатыў, от пенен аласлаў, ошаққа суў төктирмеў, «от ағасы», «ошақ басы» ҳәм «ошақтан от сөнбесин» деген сөзлер ертеден киятырған дәстүрлерди аңлатады. Сак-массагетлер қазаланған урыў ҳәм қәўим басшыларының сүйегин –денесин «ағаш атларға» салып көтерип апарып өз қәўим қойымшылығына жерлеген. Оларда ата-бабаларына зиярат етиў ҳәм олардың руўхына сыйыныўна қарағанда хорезмлилердиң өзлери массагетлердиң топарына кирген. Сак-массагетлер қазақ, өзбек, түркмен ҳәм қырғыз халықларының келип шығыўына да қатнасқан. Себеби олар Арал бойларынан баслап Қазақстан далаларында, Памир таўының жағаларында, Жети суў, Монғолия, Алтай, Қаратеңиз ҳәм Дон дәрьяларының жағаларына шекем тарап мәкан еткен.

Б.э.шекемги VII-IV әсирлерде Арал бойы халықлары келбетине монғолоид белгилер сезиле баслайды. Скиф-саклардың қарақалпақ пенен этникалық байланысы олардың турмыс кәлпиниң уқсаслығында сезиледи. Б.э.шекемги V әсирде жасаған грек тарийхшысы Геродоттың скифлер кийиз (қара) үйлерде турады, гөшти малдың қарнына салып гөмбе етип жейди ҳәм басларына кийизден тигилген басы шошақ малақай кийеди. Жаўға атланған батыр ер–жигитлерди, үйге келин болып түскен қызды, бесикке баланы бөлегенде ҳәм жаңа қоныс орнын от пенен аласлайды. Оттың күлин болса, адамға зыяны тийеди ҳәм кийели болады деп баспайды. Ананы жүдә қәдирлейди. Туўысқан өлгенде ҳаяллар бетин тырнап, шашын жайып жылайды. Өлген адамның минип жүрген атының суўлығын тартып босатып қойып жибереди. Өлген адамның жылы толса, садақа берип оны еске алады деген қатарлары түрки халықлары соның ишинде ҳәм қарақалпақлардың да турмыс кәлпине сәйкес келеди. Бул консерවативлик ески дәстүрлер бизиң дәўиримизге шекем сақланып келген. Сак қәўимлериниң өнерлерине тән болған «ҳайўанат стили», «қошқар мүйиз», «атанақ», «ромба», «пирамида» уқсаған



www.ziyouz.com kutubxonasi

нағыслар ҳәзирдиң өзинде қарақалпақ, өзбек, түркмен халықларының қол өнерлеринде, гилем ҳәм кийизлеринде ушарасады. Бундай гилемлердеги, кестелердеги нағысларды Кавказдың айырым халықларының, соның ишинде Дағыстанлылардың нағысларында ҳәм Триполья алдыңғы Азияның әййемги естеликлеринде көриўге болады.

Орайлық Азия ҳәм сак қәўимлери арасында таралған «ҳайўанат стили» кердерлилердиң де көркем өнеринде ушырасады. Бул мысалы қарақалпақ этногенезине тек сак-массагетлердиң ғана емес, ал алдыңғы Азия еллериниң халықларының да қатнасы бар екенлиги сезиледи. Әййемги дах, дай қәўимлериниң атамасы, қарақалпақлардың қият урыўындағы «тақай» ҳәм қазақларда «адай» түринде сақланған. Қарақалпақлар этногенезине хорезмлилердиң де тиккелей қатнасы бар. Сак қәўимлериниң топарына кирген хорезмлилердиң, қарақалпақлар менен хожалық-мәдений байланыслары олардың ағаш ойыў менен зергершилик өнерлеринде ҳәм кийимге нағыс салыў дәстүрлеринде көринеди. Қарақалпақ ҳаял-қызларының бас кийими болған сәўкеле б.э.шекемги I әсирдеги Хорезм патшаларының тажыларына жүдә уқсаслығы усы этникалық байланысты дәлиллейди.

Б.э.шекемги VII-V әсирлердеги Жаңадәрья бойында жасаған сак-аристократларының (ақ сүйеклериниң) атанақ тәризли салынған Тагискен махбарасының, буннан 2500 жыл бурын салынған Хорезм патшаларының сыйыныў орайы болған Қой қырылған қала ҳәм XIV-XVIII әсирдеги қарақалпақлардың, Хорезмлилер махбараларының формаларына өз-ара жүдә уқсаслығы, усы узақ дәўирден киятырған этникалық ҳәм тарийхый мәдений жақынлықлардың гүўасы болады. Антропологлар Т.А.Трофимова ҳәм Т.К.Ходжаевлардың пикиринше усы дәўирлерден баслап Арал бойы сакларының антропологиялық келбетинде монголоидлық белгилер анық сезиле баслайды. Солай етип қарақалпақлардың этникалық жақтан биригиўиниң дәслепки қатламында сак-массагет, савромат- сармат ҳәм дай қәўимлериниң катнасы басым болған. Демек, қарақалпақлар сол Евразияда жасаған әййемги скиф–сак-массагет, савромат-сармат-апасиак, дай қәўимлериниң ҳәм Хорезмлилердиң өз-ара араласқан урпақлары болып есапланады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 5. Екинши дәўир: Б.э.шекемги III әсирден-эрамыздың V әсири

Б.э.шекемги III әсирде Орайлық Азияда: Монголия, Тибет, Алтай, Жетисуў регионларында хунн қәўимлериниң күшли сиясий аўқамы дүзилип, шығыс Түркстан, ишки Монголия далаларында жасап атырған көшпели юечжи- тохарлар ҳәм гунн қәўимлериниң жерлерин басып алады. Б.э.шекемги 176-174-жыллары көшпели хуннлардан жеңилген тохарлар өзлери жасап атырған жайлаў жерлерин таслап батысқа қарап көшип кетиўге мәжбүр болады. Бул көшип жүрисинде, олар жол-жөнекей өз қатарына көп санлы түркий қәўимлерин қосып ҳәм өз топарын көбейтип барады. Б.э.шекемги 139-129-жыллары юечжи-тохарлар Орта Азиядағы Грек-Бактрия патшалығына топылыс жасап оның орнына көшпели кушанлар басқарған патшалық дүзеди.

Кушан мәмлекетиниң қурамына Орта Азия, Индия ҳәм Аўғаныстанның арқа ўәлаятлары киреди. Хорезм, Кушан патшасынан өз ғәрезсизлигин сақлап қалады. Кушан патшалығын ең дәслеп Куджула Кадфиз басқарады. Кушан мәмлекети б.э.шекемги II–эрамыздың IV әсирлеринде өмир сүрди. Көшпели тохарлар басқарған көшпелилердиң бир топары Арал бойында соның ишинде Хорезм елине араласады. Б.э.шекемги II әсирде Хорезм өнерментлериниң ислеген ыдыс-буйымларында көшпелилерге тән нағыслар ҳәм ыдыслардың қақпақ устағышларында ҳайўанат мүсинлери менен безеў ушыраса баслайды.

С.П.Толстовтың пикиринше тохарлар массагетлердиң аўқамына кирип, олардың бир топары шығыс Түркстанда, ал екинши бөлеги Сырдәрьяның ески саласы Қуўандәрьяның төменги ағыс бойларында жасап ҳәм б.э.шекемги III-II әсирлерде Хорезмге араласады. Г.А.Пугаченкова юечжилерди тохарлар дейди. Қытайлылар тохарларды юечжилер деп түсинеди. Юечжи тохарлардың басшы топарлары кушанлар деп аталады. Юечжи көшпелилердиң Орта Азиядағы Грек-Бактрия патшалығын қулатыў ушын жасаған топылысына, Арал этирапында жасаған ассий, пасианий, сакаров ҳәм хунн қәўимлери де қатнасады. Усы дәўирде қубла Арал бойындағы Төк қала, Айбүйир, Ишан қала, Қой қырылған қалаларда тиришилик ўақытша тоқтайды. Бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

көшпели қәўимлердиң топылысы нәтийжесинде апасиаклардың Инкардәрья бойындағы Ширик-рабат қаласы қарабаханаға айланады. Бул дәўирде Аралдың арқа-шығыс этирапында, Сырдәрьяның орта ағыс бойларында жасаған халықлардың тарийхында кангюй деп аталған көшпелилердиң сиясий бирлеспесиниң пайда болыўы белгили әҳмийетке ийе болды. Кангюй қәўимлериниң көпшилик бөлими түрк тилинде сөйлеген. Кангюйлердиң бийлиги туўралы Фирдаўсийдиң «шахнама» поэмасында айтылады.

Б.э.шекемги II-I әсирлерде Сырдәрьяның орта алабында пайда болған кангюйлердиң сиясий аўқамының белгили бир басқышында, Согд ҳәм Хорезм еллери кирген. Анағурлым раўажланған ўәлаят сыпатында, шамасы, Хорезм бул аўқамда белгили орында болған. Қуўандәрьяның төменги алабында жасаған жети асарлылар кангюй мәмлекетиниң қурамына кирген. Кангюйлер Сырдәрья бойында өзлериниң қалаларына ийе болды. Б.э.шекемги II-I әсирлерде Сырдәрья бойы көшпели түрк қәўимлеринен шыққан ҳәким Хорезмди басқарып өз теңгесин шығарды. Олардың мәмлекет басқарыўшы топарларының сарайы Отрар қаласында жайласты. Усы дәўирде Сырдәрьяның төменги ҳәм орта алабында жасаған халықты кангюйлер, кейинирек кангарлар-кенгереслер деп атаған. Көплеген түрк қәўимлери кангар қаңлылар қурамында болып, солардың аты менен атала баслаған. Кангар-кенгерес деген түрки қәўимлериниң атлары болып ҳәм олар ертедеги түркий- руний жазыўларында ушырасады. Бурын Сырдәрьяны Канк деп атаған. X әсирде печенег қәўимлериниң бир бөлеги кангарлардан турған. Ўақыттың өтиўи менен бул қәўимлердиң өз-ара ҳәм басқа қәўимлер менен биригиўи нәтийжесинде ертедеги кангюй атамасы кангар ҳәм кейин қаңлы түрине айланған. Ҳәзирги қарақалпақлардағы қыпшақ урыўындағы қаңлы тийресиниң аты ҳәм ертедеги кангюйлердиң атынан сақланған.

Бизиң эрамыздың II әсиринде Аралдың арқа бойларынан баслап Жайық дәрьясының аралығында түрк тиллес гунн қәўимлериниң бир бөлеги жасаған. Б.э.шекемги III-II әсирлерден баслап Арал бойы еллери арасына түрк қәўимлери көбирек араласа баслайды. Түрк сөзи V әсирдеги Қытай жылнамаларында ту-гю деген қос иероглиф пенен берилген. Ол күшли құдиретли,


www.ziyouz.com kutubxonasi

қарыўлы ҳәм көпшилик деген мәнисте болған. Түрк қәўимлериниң көпшилиги тийкарынан Монголия менен Алтайдың кең сахра далаларында ҳәм Орайлық Азия аймағында қоныс басқан. Буннан түрк қәўимлери V-VI әсирлерде пайда болды деген жуўмақ шығарыўға болмайды. Соңғы археологиялық табылмалар түрк этносының Орайлық Азияда ҳәм Арал бойына араласыўы бронза дәўиринде басланганын көрсетеди. Б.э.шекемги III әсирлерде түрклердиң саны көбейе баслайды. Байкалдан Тибетке дейинги аралықта жасаған түрк қәўимлери хунн қәўимлериниң дөгерегинде, гунн, теле ҳәм гаогюй қусаған түрки-монғол қәўимлери жәмлесип Орайлық Азияға қонысласады.

IV-V әсирлерде Рим менен Константинопольға топылыс жасаған тарийхый дереклерде белгисиз жабайылар деп аталған сол түрк қәўимлериниң бири гуннлар еди. III-V әсирлерде гуннлар батыс Европа еллерине атланысында көплеген түркий, басқа тиллерде сөйлейтуғын қәўимлерди жол жөнекей өзлериниң топарына қосып алып ҳәм олар менен араласып барған. Нәтийжеде көплеген жергиликли қәўимлер өзлериниң бурынғы жасаған жерлерин таслап узақ аймақларға көшип кетиўге мәжбүр болған. Қәўимлердиң, өзлери жасап турған жерлерин мәжбүрий таслап кетиўи ҳәм кейинги дәўирлерде де жийи-жийи болып турған. Гунн аўқамындағы түрки қәўимлер, сол өзлери барған жерлердеги жергиликли халықлардың биреўине тилин берсе, екиншисине этнонимин берген ҳәм басқалары менен өзлери араласып оларға қосылып сиңисип кеткен. Мысалы, Дунайдың орта ағыс бойында жасаған мадьярлар сол жердеги венгерлерге тилин берген. Ал славянлар менен жасаған Дунай булгарлары болса ҳәм болажақ болгар халқына өзлериниң этнонимин береди.

Гуннлардың орнына IV-VII әсирлерде түрк қағанатының пайда болыўы, олардың сиясий бирлигине түрки тиллес қәўимлердиң көп болғанын дәлиллейди. Түрклердиң келип шығыўына байланыслы айтылған генеологиялық аңызлар қытай жылнамаларында жазылған. Хуннлардың елин жаў алғанда тири қалған 9 жасар жалғыз баланы қасқыр асырайды. Кейин сол баладан 10 ул өнип өседи. Аңызға қарағанда усы он ул ең әййемги түрклер болады ҳәм кейин олардың әўладларынан түрк халқы көбейип кетеди. Сонлықтан да түрклер қасқырды кәраматлы (тотем) деп


www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм оның атын атамай көбинше оны бөри дейди. Түрклер жайлап, жасаған жерлерде Бөри, Бөрибай, Бөрихан деген жер, суў атамалары ҳәм адам атлары көп ушырасады. Орта әсирлерде қасқырдың тиси ҳәм жүнин адамлар аўырыўға ем ретинде пайдаланған.

Қарақалпақларда айырым урыў атлары тотемлерден келип шыққан. Мысалы, айтеке, ешкили, кийикли, бозтай, ешбуға, қарлы марал ҳәм басқада урыў атлары бар. Бундай ҳайўан атларына байланыслы этнонимлер Хорезм ўәлаятында да ушырасады. Мәселен, кийикши, ғарға, тайлақ (боталақ), бөри, өгиз, түйеши, ал түркменлерде ақ-коюну ҳәм қара- коюну (ақ қой ҳәм қара қой) ҳәм теке урыў атлары бар. Орта әсирлерде ҳайўанлардың аты менен аталған урыўлар түрк қәўимлерине тән болған. Түрки этноними сөз болғанда, б.э.шекемги I мыңыншы жылларда жазылған зардуштийлик дининиң кәраматлы «Авеста» китабында шығысқа қарап қанатлы ат пенен ушып жүретуғын елдиң атының «тур» деп аталыўы ҳәм олар қоныс басқан жердиң «Туран» (Арал-Каспий әтирапы) деп аталыўы адамды ойландырады. Туранлардың патшасы Мифика Афрасиаб болған. Турлар Иран дереклеринде сак деп аталады. Греклер сакларды скифлер деген.

Арал әтирапында түрки тиллес қәўимлердиң араласыўы б.э.шекемги II мыңыншы жылларына туўра келеди, ал б.э.шекемги III-II әсирлерде түрк тиллес қәўимлердиң саны көбейе баслайды. Мәселен, «Авестодағы» Урву-Ургениш гуннларының қаласы депте айтылады. III-IV әсирлерде гуннлар, оларға қосылған басқа түрк ҳәм Иран тилинде сөйлеўши қәўимлердиң Арал әтирапындағы еллерге араласыўы нәтийжесинде Қуўан дәрья бойында жасаған жети асарлылар өз жерлерин таслап, арқа Кавказ, Ферғана ўәлаятларына, Согдиана ҳәм Бактрия жерлерине көшиўге мәжбүр болады. IV әсирде Қытай жылнамаларындағы Аралдың шығыс бойы Яньцай деп аталған жерлер гуннлар тәрепинен басып алынады. Көшпели гуннлардан жәбир көрген жети асарлылар Хорезмниң арқа-батыс шегараларына келип ҳәм Сарықамыс дөгерегинде пана табады. III-IV әсирлерде Сырдәрья бойларынан келген бир топар ярым көшпелилер Канга, Гөне уаз, Ясыгер елатларына қоныс басып ҳәм хорезмлилер менен мәдений байланыста болады. Олар үрип-әдетлерин ҳәм диний дәстүрлерин



www.ziyouz.com kutubxonasi

қабыл етеди. Хорезмлилер менен Сырдәрья бойынан келген ярым көшпелилердиң өз-ара мәдений байланысларының излери Жети асар, Кара асар, Ақ төбе, Гәуир қала, Күйик қала, Төк қалалардың материалларында ушырасады.

II-IV әсирлерде Каспийдиң арқа далаларында, Аралдың арқа-батыс бойларында, Сырдәрьяның орта, төменги алабында асс, аорс ҳәм алан қәуимлери жасаған. Ҳәзирдиң өзинде Аралдың дөгерегинде, Сырдәрья бойларында, Хорезм оазисинде, Ясса, Асанас, Асар, Үстирт кеңислигинде Алан қала ҳәм Ассаке қусаған жер атамаларының атлары сақланған. Хорезм ўәлатяында да Алан яб, Ас, Ас қала, Аслар, Бес алан, Асса, Үш бай асса деген жер ҳәм канал атамалары ушырасады. Хорезмде бурын алан руўларының жасағанлығын тарийхшы Абулғазы да еслеп өтеди. Республикамыздың Әмиўдәрья районында жасаўшы қыпшақ руўының бир тийреси ҳәзирде асс деп аталады. Түркменлердиң бир руўы алон аты менен белгили. Олар Хорезмди өзиниң ўатаны деп есаплайды. Арал әтирапында жасаған асс, алан, абдал деп аталған парсы тилинде сөйлеген қәуимлердиң бир бөлеги хорезмлилер менен араласса ҳәм бир топары кейин қыпшақларға қосылып кетеди. XI-XII эсирлерде асс ҳәм аланлар түрклеседи. Этнограф Х.Есбергеновтың мағлыўматына қарағанда Қоңырат районында жасаўшы қарақалпақлар арасында ҳәзирге шекем асслар урыўы сақланған. Берунийдиң (973-1048) жыллары айтыўына қарағанда алан-асслардың тили хорезмлилер менен печенеглер тилиниң бирикпесинен турған. Бул жерде алан, асслар Арал әтирапында печенеглерге иргелес жасап ҳәм олардың түрклесе баслаған дәуири сөз етилип отыр. Биз келтирген мағлыўматлар қарақалпақлардың ҳәм хорезмлилердиң этникалық жақтан биригиўиниң екинши қатламнда түркий болмаған, асс ҳәм алан қәуимлеринде жетерли орны бар екенин дәлиллейди.

IV әсирде жужаньлардың ушыраған уйғырлардың этногенезине қатнасы бар теле қәуиминиң бир топары Арал-Каспий әтирапына қонысласа баслайды. Бул сөз еткен уйғыр ҳәм теле қәуимлери де қарақалпақлардың келип шығыўына қатнасқан. Буған мүйтенлердеги тели урыўының ҳәм жаўынғырлардың қурамындағы уйғыр урыўларының сақланыўы дәлил болады. Жетисуў жеринде жайласқан усынлардың аты үйсин қоңырат



www.ziyouz.com kutubxonasi

елинде деген қатарлары менен Бердақтың шежиресинде гезлеседи. Солай етип қарақалпақлардың этникалық жақтан биригиўиниң екинши этапында түркий: хунн, гунн, теле, уйғыр, уйсун, усун, кангар, қаңлы қәўимлери менен бир қатарда Иран тилиниң шығыс шақапшасында сөйлеген асс ҳәм алан қәўимлери қатнасқан. Екинши қатламда түркий тиллес қәўимлердиң қатарының көбейе баслағанын көремиз.

## § 6. Үшинши дәўир: V-VIII әсирлер

IV әсирде болған Түрк қағанатының қараўында Орта Азияның басым көпшилик жерлери, Қазақстан ҳәм Арал этирапындағы аўыллық елатлардың жерлери киреди. V-VII әсирлерде Орайлық Азияның Арал дөгерегине түрки қәўимлердиң келип араласыўы даўам етеди. Олар әййемги сак, кангюй ҳәм гунн қәўимлериниң әўладлары менен араласады. Түркий қәўимлери Хорезмниң арқа-батыс ҳәм қубла- батыс шегараларына қоныс басып, хорезмлилер менен де араласады. Қубла Арал бойы халықларының физикалық келбетинде монголоидлық түрге өте баслағаны сезиледи. Бул айтқанымызды Шахсәнем, Жекке парсан, Қорғанша, Кердер қалаларынан табылған хаяллардың мүсинлери ҳәм тас тулғалар (тас баба) қусаған материаллар дәлиллейди.

VI-VIII әсирлерде Сырдәрьяның төменги бойындағы Қуўан дәрья, Ески дәрья алабында экологиялық жағдайлардың аўырласыўынан кангюй, гуннлар менен араласқан жетиасарлылар көшип келип ҳәм Әмиўдәрья дельта алабының оң жағалығына Хорезмниң арқа тәрепиндеги Кердер жерине қонысласады. Хорезмниң арқа тәрепиндеги пайда болған Кердер ийелиги ғәрезсиз жасайды. Кердер ийелигинде VIII әсирден басылып шыққан Хосрау теңгеси ҳәм ол теңге бурын Хорезм қалаларында ушраспаған. Оң жағына қарап шеп аяғын көтерип турған атлар көриниси бар теңгелер 1995-1996 жыллары Кердер ҳәм Хожели жанындағы Гяур қалаларынан табылды. Бул ўәлаятта кердерлилер Ток қала, Гяўир қала, Күйик қала, Қорғанша, Ҳайўан қала, Порлы таў қусаған қалаларды ҳәм елатларды салады. Кердерлер өнерментшилик, дийханшылық, мал шарўашылық, балықшылық



www.ziyouz.com kutubxonasi

пенен шуғылланып, қоңсы Хорезм менен экономикалық, мәдений ҳәм саўда байланыста болған. Жети асарлылар VI-VII әсирлерде түрки тилинде сөйлеген. Себеби олар жасаған қалалардың биринен түркше жазыў табылды. Жазыў қәнийгелердиң анықлаўына қарағанда ерте орта әсирлерде Азияда кеңнен таралған руний-калық ески түрк жазыўлары қатарына киреди. Кердерлилер Арал әтирапында жасаған кенгерес, теле, гунн, угор қәўимлери менен араласқан жетиасарлылардың, усы территорияда Иран тилиниң шығыс диалектинде сөйлеген асс, алан ҳәм хорезмлилер менен араласыўынан пайда болған халық. Орта әсирлерде Кердер атлы қала болған ҳәм Арал теңизин кердер көли деп те атаған. Кердер қаласының орнына ҳәзирги Нөкис районындағы Кердер атындағы бирлескен дийхан хожалығы жериндеги Ҳайўан қаланың қарабаханасы туўра келеди. Қарақалпақлардың келип шығыўына кердерлилердиң тиккелей байланысы бар. 1930-жылы профессор Н.А.Баскаков, қаты қулақ, елдиң тарийхын жақсы билетуғын ғаррылардан жазып алған мағлыўматына қарағанда қарақалпақлардың мүйтен урыўының бир тийреси бурын кердерли деп аталған. Буны Н.А.Баскаков жазып алған:

Кердерлиниң қызлары,
Гезеген келеди.
Кеште жүрген жигитлерге,
Гүллер береди деген қосық қатарлары тастыйықлайды.

Тарийхшы О.Юсуповтың мағлыўматына қарағанда XIX –XX әсирлер басына шекем Кердер руўы Бухара қарақалпақларының арасында сақланған. Бул кердерли руўларының атлары VI-XI әсирлерде Әмиўдәрья дельтасының оң тәрепиндеги өмир сүрген Кердер ўәлаятының атынан алынған болыўы керек. Кердери қазақлардың киши жүзи руўының аты. Башқуртларда да кердери деген руў аты сақланған. VII-VIII әсирлердеги Ток кала (Дарсан), Қорғанша қала ҳәм Ҳайўан (Кердер) қалаларда табылған гүмис теңгелердеги тамғалар ноғайлардың қаңлы руўларының тамғаларына жүдә уқсас келеди. Демек, кердерлилер қарақалпақлардан басқада қазақ, ноғайлар ҳәм башқуртлардың да келип шығыўына қатнасқан.

1219-жылы араб саяхатшысы шакут бақлаўынша кердерлилердиң тили Хоерзмше де ҳәм түркше де болмаған. Кердер-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лилердиң ата-бабаларының жасаған Қуўандәрья, Ескидәрья бойларынан VI әсирге жататуғын түркий тилинде жазыўдың табылыўына қарағанда VI-VIII әсирлерде кердерлилердиң хорезмлилер менен араласыўы нәтийжесинде өзгеше диалекте, яғный түрки- парсы аралас тилде сөйлейтуғын болыўы керек. VI-VIII әсирлерде хорезмлилердиң бир бөлеги Кердер ўәлаятында жасады. Кердерлилер Сырдәрья көшпелилери менен Хорезм қалалары арасындағы саўда жолларын қолларына услап турған. Хорезмлилер, түрк қәўимлери менен экономикалық, мәдений қатнаста турмыс кеширди хәм кердерлилердиң олар менен араласыўы бул өз нәўбетинде хорезмлилердиң түрклесиўине алып келеди. Қубла Арал бойында, соның ишинде Хожели, Беруний районлары аймағында керийт, карийт, керайит Әмиў-дәрья хәм Қоңырат районларында Қарийтаўыл этнотопонимлер ушырасады. Кердер сөзиниң мәниси қала дегенди аңлатса керек хәм себеби қала-арабша карья деп аталған.

Кердер ўәлаятының қалаларынан табылған мийнет қураллары, бийдай, арпа, тары дәнлериниң қалдықлары, балық сүйеклери, қабыршақлары, ири мал менен қой-ешкилердиң сүйеклери олардың хожалығының басла тараўлары дийханшылық, балықшылық хәм мал шарўашылық болғанын тастыйықлайды. Хожалықтың бул түрлери қарақалпақларға бурыннан тән болған. Кердерлилердиң қаласы Дарсан менен Миздахканнан табылған оссуариялардың сыртында, өлген адамларына жылап хәм кеўил айтыў дәстүрлериниң көриниси берилген. Қытайдың тарийхый дереклери бойынша өлилерге жылап кеўил айтыў VI әсирлерде түрклерге тән болған. Берунийдиң айтыўына қарағанда бундай дәстүр Согдианада хәм Хорезмлилерде ушырасқан. Өзиниң жақын адамлары қазаланғанда жылап узатыў қарақалпақларға тән. Демек, VII-XIII әсирлердеги кердерлилер менен қарақалпақлардың үрип-әдет хәм дәстүрлериниң укаслығы олардың арасында өз-ара этникалық мәдений байланыстың сақланғанын дәлиллейди.

Кердерлилердиң қарақалпақларға жақынлығы олардың қол өнериндеги нағыслардың жүдә уқсаслығында да көринеди. Мәселен, Кердерлилердиң пайдаланған хожалық ыдыс-буйымларында: мүйиз, қус тырнақ, баўырсақ (ромба), қумырысқа бел, үш мүйеш,



www.ziyouz.com kutubxonasi

атанақ нағыслары қарақалпақлардың қол өнерлери болған текимет, алаша, үй бас қуралларына ҳәм ағаш қуралларына көп ушырасады. Қарақалпақлардың этногенезине Кердерлилердиң қатнасының бар екенин антропологиялық материалларда тастыйықлайды. VII-XI әсирлердеги Кердер қалалары болған Күйик қала ҳәм Төк қалаларда жасаған халықлар этникалық жақтан бир қыйлы болмаған. Антрополог Т.К.Ходжаевтың анықлаўына қарағанда, Кердерлилердиң үлкен бөлеги киши-бетли жүзи узын европоид типиндеги турған халықлар болса, екинши бөлеги жалпақ бетли, бир қанша монғолоидласқан түр болып, булар қубла Арал бойына кейин келип араласқан. Солай етип Кердерлилер қоспалы этникалық бөлимлерден турған, қарақалпақлардың келип шығыўында да тийкарғы еки рассалық сыпатлылық бар. Бирինши-европоид типи. Бунның тийкарғы бронза ҳәм ертедеги темир дәўиринде жасаған қубла Арал бойындағы турғын халық.. Екинши, буннан 3000 ыншы жылдан баслап, монголоид типи басым болған көшпели шарўа қәўимлердиң араласыўынан пайда болған түрлер. Қарақалпақлар тийкарынан Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья аралығында жасаўшы көбирек монголоидласқан қазақлар менен кем монголоидласқан европоид типи басым болған Хорезм өзбеклерине салыстырғанда орталықта турады. Солай етип, VII-XI әсирлерде Кердер халқына тән болған қоспалы қарақалпақлардың физикалық түр келбетине сақланып келгенин көремиз.

VII-VIII әсирлерде Дарсанда жасаған кердерлилердиң физикалық келбети, азырақ монголоид түриниң қосымтасы бар европоидлық түрде болған. Бул физикалық түрлер қарақалпақларда ҳәзирдиң өзинде де сақланған. VI-IX әсирлерде Кердерлилер этникалық жақтан огузлерге жақын болады. Себеби VI-VIII әсирлерде-ақ түрк қәўимлери Хорезмге қонысласып отырықшы болып ҳәм усы дәўирде Арал әтирапы халықлары түркий тилде көбирек сөйлей баслайды. VI әсирде Арал бойында түркше жазыў пайда болады. Қарақалпақлардың келип шығыўының үшинши қатламында түрк тиллес жетиасарлалырдың, әсиресе, кердерлилердиң орны көбирек сезиледи.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 7. Төртинши дәўир: VIII-XIII әсирдиң басы

VIII-X әсирлерде аййемги сак-массагет, савромат-сармат, кангюй, хунн-гунн, асс-алан, кердер ҳәм кангар қәўимлериниң аулат атлары узақ ўақыт даўамында өз-ара араласып ҳәм биригиўинен Арал этирапында огуз деген ат пенен үлкен сиясий бирикпе дүзиледи. Огуз қәўимлериниң сиясий аўқамының бир топары кердерлилерден турады. Оларды Ябғу деп аталған ҳәким басқарады. Сырдәрьяның төменги ағыс бойында жайласқан Жаңакент огузлардың бас қаласы болады. А.Н.Кононовтың пикиринше огуз сөзи, қәўим ҳәм қәўимлер бирикпесин аңлатқан. О.Мадрахимовтың жазыўынша, огуз атамасы дәслеп, түрк қәўимлериниң диний түсинигинше огуз-тотеми атынан пайда болып, кейин окс-огуз гидроним түринде қолланылып ҳәм соң түрк қәўимлер сәрдары Угуз ханның аты менен алмасып айтылған.

М.Қашғарий огуздың 22 урыўдан турғанын жазып ҳәм урыў атларын атап өтеди. Мине сол огуз урыўларының атлары баят, оннар, биджаник, йуиры (жумры) жувендыр ҳәм басқалар. Хорезм ўәлаятында сақланған. Огузлар аўқамының этникалық қурамы 24 тен артық қәўимнен турған. Олардың көпшилиги түрклер болып, қалғанлары қайы, баяндер-монғол руўлары, ал дюкер-тохар ҳәм языр-ясар индоевропа бөлимине киретуғын қәўимлер еди. Демек огузлар жергиликли Арал бойында жасап келген түрк тиллес қәўимлердиң урпақлары менен араласқан әййемги индо-европалық қәўимлер менен биригиўинен пайда болған.

IX-XI әсирлерде Сырдәрья бойындағы ислам динин қабыл еткен огузлар өзлери түркменлермиз деп атаған ҳәм олар Орта Азияның мусылманларына араласқан. X әсирдеги рус жылнамаларында огузлер «торклер» деп аталған. Қарақалпақлардың шежирелеринде, түркменлердиң салар руўының арасында қарақалпақлар менен түркменлердиң Сырдәрья бойларында ҳәм Түркстан қаласы этирапында бурын бирге жасағаны сөз етиледи. Булар, қарақалпақ пенен түркменлердиң этногенезине қатнасқан огузлердиң, IX-XI әсирлерде Сырдәрья бойлары сыртқы душпанлардың топылысының себебинен таслап кеткени ҳаққындағы


www.ziyouz.com kutubxonasi

болған ўақыяларды елеслетеди. X-XI эсирлердеги түркий қәўимлердиң мәдений излери Үстириттиң шығыс етеклеринде жайласқан Қыяжол, Пулжай, Бограхан, Куланлы, Топырақ қала ҳәм Хожелиниң жанындағы Гяўир қалаларда сезиледи.

Қарақалпақлардың этникалық жақтан қәлиплесиўине огузлардың қатнасын төмендеги мысаллар дәлиллейди. Мәселен: огузлардың ҳәкиминиң лақабы Ябгу деп аталған. Бул атақ I эсирде усынларды ҳәм IX-XI эсирлерде карлук қәўимлеринде де болған. Қарақалпақлардың қыпшақ рууларындағы Ябы- жабы деген тийресиниң аты менен бизге жеткен. Қоңырат районының территориясында Огуз аўыл деген ат елеге шекем сақланған. Мүйтенлердиң кеңтанаў руўының атамасын, Т.А.Жданко, Сырдәрьяның төменги алабындағы огузлардың пайтахты Жаңакент қаласының аты менен байланыстырады. Түркмен, өзбек ҳәм қазақлардың келип шығыўына огузлардың қатнасқаны сөзсиз.

VIII-IX эсирлерде огузлар менен бир қатарда Аралдың арка этирапында печенег қәўимлери жасайды. Олардың бир бөлеги хорезмлилер менен араласып, отырықшы болып қалады. Үлкен топары VII эсирде Арал бойындағы кангар- кенгерес кәўимлери печенеглердиң ата-бабалары деп аталған. VIII-IX эсирде Қуўан дәрья, Инкар дәрья бойларындағы түркий кәўимлерге, Жетисуў тәрепинен келген көшпелилердиң араласыўынан печенег, кангарлардың сиясий бирлиги дүзилип, бул уйымға қубла Арал бойында жасаған наукарде, мадьяр ҳәм башкурт қәўимлери де киреди.

IX эсирдиң 80-жыллары хазарлар менен огузлар биригип ҳәм печенеглерге топылады. Печенег-кангарлар Арал-Каспий аралығын таслап кетиўге мәжбүр болады. Олардың топары Балқан ярым атаўы Византияға шекем аралықта қоныс басады. Печенеглердиң қурамындағы беджана, наукарда ҳәм баджгард қәўимлери башқуртларға қосылады. 922-жылы ибн Фадлан Хорезмнен Болгарларға барар жолында печенеглерди Жайық дәрьясынан узақ болмаған Челкар дөгерегинде ушыратады. Печенеглер 8 қәўимнен ҳәм 40 урыўдан турған. IX эсирде печенеглер екиге бөлинген: биринщиси-батыс Хазар-печенеги ҳәм екиншиси шығыс- печенеглер. Арал этирапында көшпей жасап қалған шығыс печенеглер огузлар менен араласады. Печенеглердиң бир топары Сарықамыс пенен Арал теңизи арасында қоныс


www.ziyouz.com kutubxonasi

баса ҳәм екинши бөлеги Хорезм елине араласып отырықшы халыққа айланады. Үшинши бөлеги Сырдәрьяның төменги алабында огузлар менен араласып жасайды. Х әсирде батысқа қарап кеткен печенеглердиң үлкен бир топары Русьтың қубла шегараларына қоныс басады. Печенеглердиң және бир бөлеги Дунай бойлап, Болгарияға ҳәм мадьярлар (венгерлер) жерине барып қонысласады. Русь шегарасына жақын қонысласқан печенеглер, руслар менен әскерий аўқам дүзип ҳәм олардың сиясий турмысына жеделли араласады. Буннан печенеглердиң барлығы ҳәм бурынғы өзлери жасаған жерлерин таслап кетти деген жуўмақ шығарыўға болмайды.

Печенеглердиң Едил, Жайық ҳәм Арал әтирапында Х-ХI әсирлерде огузлар менен сиясий аўқам дүзип бирликте болған бөлеги үлкен әҳмийетли орын ийелейди. Огузлар қурамында бир бөлек печенеглер «беченег» деп аталған. Мәселен, огуз аўқамы басқарыўшылардың шеп қанатындағы еки беттиң биреўи абыройлы ҳәм басшы «биджне» қәўиминен сайланған. Көпшилик илимпазлардың пикиринше усы огузлар менен тығыз байланыста болған печенеглердиң усы шығыс топарларының ҳәм IX-XII әсирлердеги қарақалпақ халқының қәлиплесиўинде айтарлықтай орны болған. Печенеглер менен қарақалпақлардың гейбир урыўларының атының уқсаслығы буны дәлиллейди. Мысалы: қабасан, кабукси, абас ҳәм абаз-печенегше. Хорезмниң Бағат ҳәм Янгиарық районларында печенег аты биджанак деп этноойконим[1] түринде сақланған. Демек печенеглердиң бир бөлими Хорезм оазисинде жасап қалған.

XI-XIII әсирлердиң басларында батыс ҳәм орайлық Қазақстан далаларында көшпели қыпшақ қәўимлери жасайды. Қыпшақлар киймақлардан бөлинеди. 1064-жылы қыпшақлар өз нәўбетинде Арал бойы ҳәм Сырдәрья алабындағы огузларды қуўып ҳәм олардың жайлаў жерлерин басып алады. Днепрден Аралға шекем ҳәм оннан батыс Сибирь аралығындағы қыпшақлар жасаған кең сахра далалық тарийхта Дешти қыпшақ ямаса қыпшақлар даласы деп аталады. Қыпшақлар Қытай жылнамаларында «кюеше» деген ат пенен белгили. Қыпшақлар тийкарынан бурын Алтайда

[1] Этноойконим- грекше- сәйкес- үй, яғный турақ жай сөхинен алынған болып, буған аўыл ҳәм поселкалардың аты киреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

жасаған. Батыс динлериниң бир бөлеги болып есапланады. Қыпшақлар аўқамында Дешти қыпшақтың кең сахра даласындағы бурыннан жасап атырған көп ғана көшпели түрк қәўимлери киймек, куман, печенег, башқурт, огуз, бурын Иран тилинде сөйлеп ҳәм кейин түрклескен қәўимлер болған. Нәтийжеде қыпшақлардың жергиликли Арал бойы қәўимлери менен аралас сыўы басланған. Қыпшақлар Европада куман, Киев ҳәм Византия еллеринде половец деп аталған.

X-XIII әсирлерде Хорезм оазисинде жайласқан ең ири қәўимлердиң қатарына қаңлы- қанжығалы, шонқоралы- түекли, үйшун-обрат, тама-балғалы кирип ҳәм этнографиялық мағлыўматларға қарағанда «сегиз урыў қыпшақ» деп аталған (К.Л.Задыхина). Илимпазлар арасында қыпшақ этник атының пайда болыўы ҳаққында ҳәр түрли пикирлер бар. Н.Аристовтың пикиринше рус жылнамаларында «куман» атын «куба (н)»-этнонимии түринде қарап, оны ертедеги түркий қәўимлердиң бири-қуў яғный «ақ қус» қәўиминиң қалдықлары деп «курбанды» ямаса «куманды» ҳәм «қуў-адам» атлары менен байланыстырады.

А.Абдрахманов бул сөзди еки бөлекке ажыратып қып-куб бөлимин «сары» мәнисиндеги қубан (куман) ҳәм куба сөзлери менен байланыстырады. Ал шақ (чақ) сөзин киширейтиў аффикси деп түсинеди. Демек, олай болса: кубан-куман-куба(н) шақ- куб(а) шақ кубашак-купшак- қыпшақ дегенге туўра келеди. Қуман сөзиниң мәнисин төмендегише бөлип қараўға болады. Кум-ман «қумлы» ҳәм «сары». Усы пикирди Д.Е.Еремеев қуўатлайды.

К.Ш.Шаниязовтың пикиринше қыпшақлар батыс Европа еллери арасында ҳәр қыйлы ат пенен белгили болған: греклерде «певияни», поляк, чехларда- «плавцы», немецлерде «флеви» ҳәм «палон» деп аталған. Бул атамалардың бәри рус тилиндеги айтылып келген половец сөзине барып тақалады. Половец атамасы рус тили арқалы батыс Европа еллерине таралып, ол еллерде половецлерди «куманы» ямаса «комони» ҳәм венгерлер «куманы» деп аталған. Демек половец атамасы «кубан» ның аўдармасы болады. А.Пономаревтиң пикиринше, русша «половы» ҳәм түркше «куба(н)» сөзлериниң мәниси бирдей. Кейинги сөз қатары түркий халықлар тилинде «ақшыл», «ақ-сары» деген реңди ямаса



www.ziyouz.com kutubxonasi

түрди аңлатады. Қыпшақ этноними, тийкарынан куб (қып) тамырының мәниси «сары» болып ша (ча) киширейтилген аффикси, ал «к» болса көплик қосымтасы болады. Олай болса қыпшақ сөзиниң мәниси «сары шашлылар» ямаса «сары баслылар» деген мәнисти аңлатады. Бул пикирди К.И.Петров, С.Атаниязов ҳәм А.Отажановлар қуўатлайды.

XI әсирде қыпшақлар топылысына ушыраған огуз ҳәм печенеглердиң бир топары Арал, Сырдәрья бойларын таслап ҳәм Едилдиң батыс жағаларына қарап кетиўге мәжбүр болады. XI-XII әсирлерде Сырдәрья бойларындағы қыпшақлардың ҳәкимлери Сығнақ ҳәм Жент қалаларында турады. Печенеглердиң бир бөлеги қаңлы деп аталып ҳәм қыпшақлар аўқамына киреди. Қыпшақлар Хоезм мәмлекети менен келисип жасап көбинше ҳәм оган сиясий жақтан ғәрезли болып турған. Қыпшақ ҳәм қаңлы урыўынан шыққан ақ сүйеклердиң Хорезм патша сарайларында тәсири күшли болған. Олар көбинше әскердеги басшы орынларды ийелеген. Олардың әскерлери тийкарынан қыпшақ-түрк гвардиясынан турған. Қыпшақ, басқа түрклерден турған әскер басшылар тек өзиниң семья ҳәм қәўимлери менен келип хызмет еткен. Шах Мухаммедтиң анасы Туркен хатунның түрк гвардиясынан турған он мың әскер хызметинде болған. Туркен хатун болса қыпшақлардың уран ямаса баяут урыў аристократия семьясынан шыққан.

Арал бойы халықлары қыпшақлар менен араласыў нәтийжесинде қыпшақ тилиниң тәсирине өткен. Түрк тилиниң қыпшақ шақапшасы Дешти қыпшақ территориясында халықлар арасында кең таралған. Бул қыпшақ шақапшасына қарақалпақлардың, қазақлардың, қырғызлардың тиллери ҳәм өзбек тилиниң бир қатар диалектлери (Хорезм өзбеклери) киреди. Ал қыпшақ тил бөлимине Орта Азиядан тысқардағы ноғай, башқурт, татар, қумық, карачай, балкар ҳәм басқада тиллер киреди. Усы аты аталған халықлардың көпшилигинде XIX-XX әсирдиң басында қыпшақ деп аталатуғын урыўлар сақланған. Бул мысал, усы халықлардың келип шығыўына қыпшақлардың қатнасының бар екенин дәлиллейди.

XI-XIII әсирлерде қыпшақлардың ураны токсоба, яғный тоғыз урыў деп аталады. Рус жылнамаларында бул урыў токсо-



www.ziyouz.com kutubxonasi

бичи деген ат пенен белгили болған. Токсоба қарақалпақлардың қыпшақ урыўының ураны. Башқуртлардың усерген урыўының ураны да токсоба. Усергенлер қыпшақлардың қурамында болып ҳәм сол уранды алған болыўы керек. Демек, бул уранның қарақалпақлардың қыпшақ урыўында ҳәзирги күнге шекем сақланыўы ҳәм қыпшақлардың қарақалпақ халқының қалиплесиўинде орта әсирлердеги тийкарғы уйтқысы болады.

IX әсирдиң ортасында қыпшақ тәрепинен жәбир көрген огуз ҳәм печенег қәўимлериниң бир топары Киев Русының қубла шегарасындағы Днепр дәрьясының саласы болған Поросъ дәрьясының алабында келип мәкан басады. Орта әсирде Дешти қыпшақ, Арал бойларынан көшип барған түрк қәўимлери болған печенег, төрк, берендей, каепчи, коуи, түрпе ҳәм тағы басқалар сиясий-әскерий аўқам дүзеди. Бул аўқам рус жылнамаларында қара бөриклилер (черные клобуки) деп аталады. Бул түрк қәўимлери рус князьликлерине сиясий жактан ғәрезли болған. Қара бөриклилердиң қарақалпақ этнонимине еситилиўи жағынан уқсас болыўына қарап ҳәм олардан қарақалпақ аты келип шықты деўге болмайды. Олардың қарақалпақларға байланыслы материаллық ҳәм мәдений жақтан тастыйықлайтуғын дереклер еле жеткиликсиз. Қара бөриклилердиң өли көмиў дәстүрлерине сер салсақ, орта әсирлерде, олар өз марҳумларының қәбирлерине қуўыршақ салып көмсе ҳәм XII әсирде қуўыршақлардың орнына қазаланған адамды ат пенен бирге жерлейтуғын болған.

XIII әсирдиң 30-40 жыллары Қара теңиз ҳәм Едилдиң төменги алабындағы еллерди монғоллар жаўлап алғаннан кейин, қара бөриклилердиң аты рус жылнамаларында сөз етилмейди. Қара бөриклилер қайда кеткен. Олардың бир бөлеги Едил бойларына көшип келип, монғолларға хызмет етсе, екинши бөлеги бурынғыдай Киев Русының қубла шегараларында жасап, славянларға араласады ҳәм бир бөлеги гагаузлердиң келип шығыўына қатнасады. Демек, қара бөриклилердиң сиясий бирлигине кирген түрк қәўимлери руслардың, гагузлардың ҳәм басқа этнослардың этикалық қурамына киреди.

99-176 жыллары жасаған, араб тарийхшысы Абул Фазил Бейхакидиң мағлыўматларына қарағанда XI әсирдиң биринши ярымында Хорезмшахтың түрклерден турған гвардиясының



www.ziyouz.com kutubxonasi

әскер басшысының биреўиниң аты- Қалпақ. Илимпаз П.П.Иванов бул пикирге түсиник берип ҳәм бул жерде гәп әскер басшының аты ҳаққында емес, ал сол әскер басшы басқарған атлы әскерлер топары яғный түрк қәўимлерден «қарақалпақлардан» қуралған әскерлер отряды ҳаққында болыўы керек деген пикир айтты. Абул Фазил Бейхаки ғазнавийлер мәмлекети мәкемесинде 25 жыл ислеп, Хорезм шахлардың топарының, әскерлердиң жағдайын ҳәм басқарған ҳәкимлердиң атларын жақсы билген. Бизиңше, қалпақ ләшкерлер басшысының лақабы болыўы керек. XI-XIII әсирлерде қарақалпақлар деген этникалық бирлик болмаған. Орта әсирде феодаллық мәмлекетте ләшкер басшылардың сиясий жақтан тәсири күшли болған. Хорезм шахлар әскерлерге сүйенип сиясат алып барған. Ләшкер басшы «қалпақ» қыпшақ ҳәм басқа түрк урыўларынан бирлескен әскерлер топарын басқарған болыўы керек. Себеби, хорезмшахлардың гвардиясы түрк қәўимлеринен ҳәм көбинше қыпшақлардан турған. Ҳақыйқатында да көпшилик жағдайларда белгили адамлардың атын, оның шыққан этникалық топары ямаса туўылған жериниң аты ҳәм лақабы менен атаў шығыс авторларға тән болған.

П.П. Ивановтың пикиринше XI әсирде Арал әтирапында «қарақалпақ» этнонимии белгили болған. Қарақалпақ терминин қысқартып ҳәм қалпақ деп қолланыў тарийхый фольклордан белгили. Мәселен, Бердақтың шежиресинде:

«Мәликтиң уғлы Разықақ,
Яшлығында қойды ғулпақ,
Кийген екен қарақалпақ,
Шундан қалпақ болған екен».

Шежиреде қарақалпақ халқының келип шығыўын ҳәм оларды бириктирип, елге басшылық еткен ҳәм Маликтиң улы деп айтылған. Арабларда ел басқарыўшыларға патша, Персияда шах ҳәм ҳәкимге Мәлик деген атақ бериў дәстүр болған. XI-XIII әсирде Хорезмде 10 мың атлы ләшкерлердиң басшысы Мәлик деп аталған. 954-жылы саманийлер мәмлекетиниң басында ал-Амир ал-Муаид ал-Малик турған. XII әсирде Хорезмшах Атсыздың Малик деген атағы болған. 1041-жылы Хорезм мәмлекети ҳәм Сырдәрья бойындағы огузлар басшысы Шах Маликтиң қолына өтеди. Огузлардың қарақалпақ халқының келип шығыўына



www.ziyouz.com kutubxonasi

қатнасқаны сөзсиз. Сонлықтанда қарақалпақ халқының қәлиплесиў уйтқысына қатнасқан түрк қәўимлеринен белгили ел басшыларының аты, атақлары, лақабы ҳәм халық аңызларында шежиреде айтылыўы тәбийғый нәрсе. Шежиреде Малик улыўмаластырылып алынған ат, орта әсирде Малик патшалардың атағы болып, ол қудай тәрепинен, патша туқымларына берилген бахыт ҳәм дәўлет деп есапланады.

Бейхакейдиң айтыўына қарағанда қалпақ атамасы X-XI әсирлерде пайда болған. Бирақ ол еле этникалық мәниске ийе болмаған. Қарақалпақ этнонимии ҳаққында илимпазлар арасында белгили пикир жоқ. Бир бөлек илимпазлар қарақалпақ атамасы олардың бас кийиминиң түрине қарап айтылған десе (С.П.Толстов), екинши топар илимпазлар қарақалпақларда жас балаларға бир тутам айдаршаш ҳәм тулымшах- қулпақ қойыў дәстүр болған. Қара шашлы қара қулпақлыдан қарақалпақ деп аталған (Д.Айтмуратов) дейди. Бул пикирлер қарақалпақ атамасының келип шығыў мәнисин жүдә әпиўайы, аңсат шешиўден басқа ҳеш нәрсе емес. Сонлықтан бундай үстиртин ҳәм бул жуўаплар көпшилик илимпазлар тәрепинен мақулланбады. Ҳақыйқатында да тарийхта бас кийимлердиң түрине қарап аталған урыў ҳәм халықлар болған. Мәселен, XVI-XVII әсирлерде персиянлылар бурын қызыл басы, қазақлардың бир урыўлары қызыл бөрикли ҳәм қоңыр бөрикли деп атаған. Бирақ бул атамалар кейин миллет атына айланбаған.

Қарақалпақларды, олардың бас кийиминиң түрине қарап аталды деп айтыў бизиңше дурысқа келмейди. Олар қой-ешки, баспақ, түлки терилеринен бөрик малақай, кийизден тигилген қалпақлар кийген ҳәм басларына орамал тартып жүрген. Олардың бас кийимлери ҳәр қыйлы реңде ҳәм ҳәр қыйлы формада болған. Орта әсирлерде түркий қәўимлерден дүзилген ләшкерлер, әсиресе, олардың басшылары ҳәм батырлары саўашларға темир қалпақ кийип урысқа шыққан. Егер биз қарақалпақ халқының тийкарын қурайтуғын урыўларды еске алсақ, олардың ҳеш қайсысы бас кийимлеринин түрлери менен, формасы менен айырылмаған, ямаса удайына қара малақай ҳәм қоңыр қалпақ кийип жүрмеген. Улыўма қарақалпақ халқының бас ҳәм үст кийимлери қоңсы өмиринше бирге иргелес жасап келген Арал



www.ziyouz.com kutubxonasi

бойы халықларының кийимине жүдә уқсас болған. Ал ғулпақ қойыў болса, бурыннан Орта Азия халықларына тән болған ырым. Әсиресе жас балалары турмаған шаңарақлар баласына узақ өмир күш-қуўат тилеп, көз тиймесин деген нийет пенен айдар-шаш ҳәм тулымшақ-ғулпақ қойған. Бала 6-7 жасқа жеткеннен кейин той берип, айдарды ҳәм ғулпақты алдыратуғын болған. Сонлықтан қарақалпақ атамасын қулпақ сөзи менен алмастырыўға болмайды.

Қарақалпақ атамасы жуп сөзден турады. Биринши қара сөзи түрк тилинде көп ушырасады. Бул сөз унамлы ҳәм унамсыз мәнисте қолланылады. Теңиз, суў, жер атлары менен бир қатарда, қара сүйек, пуқара халық, қара басы, жеке адам деген мәнисте айтылса, орта әсирлерде қара сөзи түрк қәўимлериниң, ҳәкимлериниң лақабы, атағы ретинде ҳәм гейде олардың атларына қосып айтылған. Мәселен, Х әсирде қараханийлер династиясының басшысы Қарахан, киши Азия сельджуклер басшысы Қараарыслан деп аталған. Түрк қәўимлери бүркитти қара қус деп атаған. Қара қус деп Юпитер планетасын да атаған. Бул жерде қара қус деп оның түриниң қоңыр ямаса қара болғанлығына емес, ал сол қустың қырағы, алғыр, ушқыр, ғайратлы ҳәм қуўатлығы ушын айтылған. Олай болса Қарахан, Қушлихан, Қараарыслан, қүдиретли мәрт арыслandай қуўатлы ҳәм қүдиретли басшы деген мәнисте болады. Сонлықтан, орта әсирлерде түрк қәўимлери қара сөзин қуўатлы, қүдиретли, күшли басшы, көпшилик ҳәм көп санлы халық мәнисинде түсинген. Демек XI-XII әсирдеги «черные клобукилер» -«қара бөрикли» атамаларын көп санлы күшли-қүдиретли түрк қәўимлериниң сиясий бирикпеси деп түсиниў керек.

VII әсирдеги түрклердиң тарийхына сер салсақ, олардың сары ҳәм қара болып екиге бөлингенин көремиз. Сарыдан түрклердиң ел басқарыўшысы аристократлары шықса ҳәм қара түрклер тийкарғы көпшилик пуқара халық деп есапланған. Буннан басқа биз тарийхта қара огуз, қара хазар, қара уйғыр, қара қытай,қара татар, қара қаңлы ҳәм қара қыпшақ деген қәўим атларын урыўлардың бир бөлеклери болғанша көремиз. Әлбетте, булардың бәри бас кийиминиң қара ямаса қоңыр түринде болғаны ушын айтылмаған. Бул қәўимлердиң басқаға қарағанда



www.ziyouz.com kutubxonasi

көпшиликти қурағаны ушын ямаса социаллық жағдайына қарап айтылған.

Лингвистлердиң пикиринше, көп ғана этнонимлер реңин, түрин билдириўши сөзлер тийкарында пайда болған. Мәселен, қубла Арал бойларында усындай тийкарда келип шыққан этнонимлерге ақманғыт, ақ ноғай, көк ғарға, қызыл аяқ, сары тон, қара қаңлы, қара қыпшақ, қара қулан ҳәм басқада атлар киреди. Бул атамалар реңлерине қарап пайда болса да олардың өз-ара мәнислери арасында парқы бар.

Н.А.Аристовтың пикиринше этнонимди аңлататуғын сары рең шығыс еллериниң патшаларының ақ сүйек ҳәм жоқары дәрежедеги социаллық топарларға қолланылған. Н.А.Баскаков қырғыз этнонимниң мәнисин (этимоны) дичуи оиу –«қызыл угузлар» яғный қубладағы огузлар деп түсиндиреди. Бирақ айырым рең түрлерди билдиретуғын сөзлердиң биреўлери өз мәнисинде пайдаланады. Мысалы: қараман-«брюнет» ямаса «қарапәрең» адам. Сары сөзи болса половец ямаса қыпшақ этнониминиң көриниси болады. Себеби, қыпшақлар сары шашлы болғаны ушын айтылған. «Көк» сөзи «орманлар», «тоғайлар» мәнисинде аңлатып, яғный көк түрк «тоғайлы түрклер» деп аталған.

К.Ш.Шаниязов болса қара, қызыл, көк, сары ҳәм ақ этник атларының тийкарынан пайда болғанын айтып, былай жазады. Әййемги дәўирлерде Алтай ҳәм қубла Сибирьде жасаған түрк қәўимлери арқа, қубла, шығыс ҳәм батысы реңлердиң түрлери менен атаған. Қара рең арқаны, қызыл рең қубланы, көк рен шығысты, ақ рең батысты ҳәм сары рең орайды аңлатқан. Белгили бир бирикпеде болған қәўимлердиң сол тәреплерге қарай жайласыўы ҳәм ўәқыттың өтиўи менен рең- түр атлары урыўлардың этноними болып қалған. Демек, ҳәзирги ўақытта реңди аңлататуғын сөзлердиң урыў- қәўим алдында келиўи ҳәм ол реңлер бурын тәреплерди аңлатыў ушын қолланылған.

Қубла Арал бойында көп ғана этнонимлер «қара» сөзин қосыў арқалы жасалады: қара қытай, қара маңғыт ҳәм қара қыпшақ. З.Дусимов бул атларға қара компоненти көпшилик мәнисте қолланылатуғынын айтады. Мәселен қарашыбындай басты,қара қумырысқа қандай басса, сондай, қара тер басты, қара



www.ziyouz.com kutubxonasi

мийнет етеди ҳәм басқа дегенде қара сөзиниң көпликти ямаса асыра мәнисте қолланылатуғыны мәлим. Егер мәселени усы мәнисте қарасақ, қарақалпақ атамасының биринши бөлеги, көп санлы, көпшилик, ерикли, қүшли, дүркин-дүркин, түрк-қәўимлериниң бирлигин аңлатса, екинши қалпақ сөзи адам атына уқсайды, ямаса қәўимлердиң сиясий бирлигин басқарған ел басшысының лақабы. Демек, қарақалпақ көп санлы, дүркин-дүркин, күшли, қуўатлы бирликтеги «қалпақ-ҳәким» басқарған улыс. Сонлықтан да XI әсирдеги тарийхшы Абул Фазил Бейхакий Хорезмшахтың ләшкер басшыларының бири «қалпақ» болды деп бийкар айтпаған.

XI-XII әсирлерде Хорезмшах ләшкерлери бөлек-бөлек урыўлардан турғанын есапқа алсақ, қалпақ басқарған ләшкерлер көплеген қыпшақ, огуз, қаңлы, печенег ҳәм басқа келешектеги қарақалпақлардың тийкарын қураған урыўлардан турған болыўы мүмкин. Өзлериниң басшыларының аты менен урыўларды атаў, печенеглерге тән болған. X-XI әсирлерде ҳәр бир қәўим өзиниң аты менен белгили болған. Сонлықтан да қарақалпақлардың этникалық бирлиги еле дүзилмеген. Бирақ усы дәўирде қарақалпақлардың этникалық жақтан биригиўге умтылыўлары сезиледи. X-XII әсирлерде Арал этирапында қарақалпақлардың этникалық бирлиги огуз, печенег, кердер, қыят, ашамайлы, қоңырат, қаңлы, кенегес, ханжығалы ҳәм қыпшақлар арасында салына баслады. Бул бирликте қыпшақлардың роли басымырақ сезиледи. Сонлықтан да илимпаз Н.А.Баскаков «түрк тиллеринде қыпшақ тилине ең жақыны қарақалпақ тили»-деп бийкарға айтпаған. Орта әсирдеги қыпшақлардың адам атлары Алтунапа, Арыслан, Асен, Тоқсабоши қарақалпақ ҳәм басқа да түрки тиллес халықларда да ушырасады. Қыпшақ урыўы қазақ, өзбек, башқурт халықларында да гезлеседи. IX-XI әсирлерде қубла Арал бойларына түркеш, карлук (үш огуз) жаңа урыўлары араласады. Огуз, печенег қәўимлери тил жағынан қыпшақласып ҳәм отырықшы Хорезм елатлары менен араласады. Хорезм елатына да қыпшақ тили тарала баслайды.

Қарақалпақлардың этникалық жақтан биригиўиниң төртинши дәўиринде огуз, печенег, кангар (кенегес), қыпшақ, қоңырат қәўимлериниң ҳәм отырықшы хорезмлилердиң роли күшли



www.ziyouz.com kutubxonasi

болады. Олардағы ең үлкен урыўлардың бири қоңырат (қоңрат) болады. Бул атама Хорезм ўәлаятының Жаңа базар районында шийрин қоңырат ҳәм Хазараспта қоңыратлы түринде сақланған. Түрк филологиясында бул этнонимниң этимологиясы ҳаққында түрли пикирлер бар. Қоңыратлар IX-XII әсирлерде қубла Арал бойында қоныс басқан ески қәўимлердиң бири. Қоңырат атамасы XI-XII әсирлердеги қытай жазба дереклеринде ушарасады. З.Ш.Навширванов қоңырат сөзин екиге бөлип қоңырат- қызғыш-лаў рең мәнисинде ҳәм ат монғолша көплик эффикси деп қарайды. С.Абрамзон ҳәм А.Абдирахмановлар қоңырат сөзин сол қәўимниң қоңыратларға минип урысқаны менен байланыстырады. А.Абдирахмановтың пикиринше, өтмиште ҳәр бир қәўим басқа қәўимлерден ажыралып турыў ушын ҳәр қыйлы атларға минип урысқан. Түркий халықлар шежиресинде ала ат ҳәм қоңыр ат урыўлардың аты. Бул атамалар олардың минген атларының реңине ямаса түрине қарай аталған.

С.Аманжолов болса қоңырат сөзи ертедеги түрк этник атамасы болып ҳәм тотемлик мәниске ийе деди. Т.Нафасов, қоңырат сөзин халық этимологиясы деп қарап, ол ертедеги түрк сөзи болып ҳәм оның этинозими ғарға мәнисин аңлататуғын монғолша керек сөзи менен байланыстырады. Демек, оның пикиринше қоңырат этнотопониминиң рең билдириўши қоңыр сөзине байланысы жоқ. Ол қоңырат сөзи монғолша күн керей қара ғарға, қара адам сөзлериниң бирикпеси, яғный күн+керей + т- хункерейт -хункират- кунгират –қоңырат деп түсиндиреди. Сөздиң ақырындағы «т» аффикс болса кисилер (адамлар) топарының бирикпесин билдиреди. Тарийхшы О.Юсупов та қоңырат атамасын күн- күнгрит (қурт)- қасқыр -бөри мәнисте яғный тотем атларынан келип шыққы деп дәлиллеўге урынады. Бизиңше, қоңырат этнонимии реңди билдириўши сөз бенен байланыслы болыўы керек. Қоңырат қәўимлери түркий халықларының этникалық қурамында, соның ишинде өзбек, қазақ, қырғыз, ноғай, башқурт ҳәм қарақалпақ халықларының қурамына кирген.

Төртинши дәўирде көшпели ҳәм отырықшы түрклескен қәўимлерге жаңадан тюргеш, карлук урыўлары қосылып ҳәм қарақалпақлардың этникалық жақтан биригиўирне тийкар салынады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 8. Бесинши дәўир: XIII-XVI әсирлер

Монғоллар Орта Азияны жаўлап алғаннан кейин (1219-1221-жыллары) Дешти-қыпшақ далаларындағы урыўлардың жайласыўында үлкен өзгерислерге ушырайды. Қыпшақ, огуз қәўимлери өзлериниң көшпели турмыс қәлпин сақлап қалса да қыпшақлар бурынғы ата-бабаларының ҳүрмети ушын салып келген тас бабаларды қойыўды тоқтатады. Монғоллар менен бирге келген қара қытай, карлук, тангут ҳәм басқа этникалық бөлеклер Орта Азия халықларына кеңнен араласа баслайды. Монғоллардың мәмлекетлик ислерине уйғырлардың араласыўы нәтийжесинде XIII-XIV әсирлерде Орта Азияда уйғыр этносы кең таралады. Усы дәўирде Орта Азияда карлук, тюргеш, уйғыр, қыпшақ, маңғытлар ҳәм қоңыратлар ири қәўимлерге айланады. Монғоллар басып алған жерлердеги қәўимлерди ҳәр жерге көширип апарыў сиясатын алып барған. XIII-XIV әсирлерде бир бөлек көшпели қәўимлер Қырымға, бир топары Қара теңиздиң арқа жағаларына, Азов бойларына, қалған бөлеклери Сибирь, арқа Кавказ ҳәм Молдавия жерлерине шекем жылысып жасап қалады.

Усы дәўирде Арал-Каспий аралығында қубла Арал бойларында қыпшақлар менен бир қатарда маңғыт, қыят, қоңырат, найман ҳәм қаттаған урыўлары көбирек көзге түседи. XV әсирде қыпшақ даласында бурынғы көшпелилер өз-ара араласып жаңадан көшпели мәмлекетлерди пайда етеди. Бул жаңа пайда болған мәмлекетлердиң шегаралары XIII-XIV әсирдиң I ярымында Алтын орда дәўириндеги улыслардың шегараларына туўра келмейди.

XV әсирдиң II-ярымында Дешти-қыпшақ далаларындағы көшпели түрк- монғол қәўимлери улыўма ат пенен өзбеклер деп аталған. XV әсирдиң ортасында бул территориясындағы бирлеспелер майда бөлеклерге бөлинген. Олардың конфедерациясынан қазақлар, қарақалпақлар ҳәм маңғытлар ажыралады. Маңғытлар кейин ала көшпели Ноғай ордасын дүзеди. Арқа-шығыстан Ноғай ордасы Сибирь ханлығы менен шегараласады.

Маңғытлар да ертеден бери Монғолия ҳәм Дешти- қыпшақ далаларында жасап келген түрк-монғол қәўимлериниң бири. Олар бир қанша ири ҳәм майда урыўларға бөлинген. Маңғыт-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лардың урыў атлары Хорезм ўәлаятыныда да сақланған. Мәселен: ақ маңғыт, тамғалы маңғыт, ашмаңғыт, шала маңғыт хәм басқалар.

А.Ишаевтиң пикиринше маңғыт сөзи еки бөлимнен турады. Биринши маң, мәң созлери қытайша халық, қыт сөзи түркий тилинде аз санлы, кишкене мәнисте, демек мәңқыт аз санлы халық мәнисинде деп түсиндиреди.

Д.Базаров мингот- монғол қәўими оның аты минген сөзи менен келип шыққан, сонлықтан хәм ол мың (минг) мәнисте деп жазады. Ҳақыйқатында айырым түрк қәўимлериниң атлары сан бирлигинде айтылады: жүз,қырық, мың (минг), дўрман (төрт), найман (сегиз) хәм басқалар. А.Ишанвтың пикиринше маңғыт сөзиниң мәниси бурят- монғолша: мангаад- мыңлық (минглар) болып, мың (минг)- 1000 хәм ат- көплик аффикслери деген жуўмаққа келди. Бизлерде А.Ишаевтиң маңғыт атамасына берген пикири бир қанша хақыйқатлыққа жақын деп есаплаймыз.

XIV әсирдиң ақырында ноғай ордадан хәм маңғыт журты бөлинеди, оның басында түрклескен монғол қәўими маңғытлардан шыққан Едиге турады. Ноғай Орданың қурамына кенегес, арғын, керейт, (қарайит), қоңырат, найман хәм қыпшақ қәўимлери кирген. XVI әсирдиң ортасында Ноғайлылардың бир бөлеги Едилден Иртыш хәм Каспийден-Арал аралығындағы жерлерде жасаған. Сол әсирде өз-ара сиясий-феодаллық урыслар нәтийжесинде ноғайлар үлкен хәм киши болып екиге бөлинген. Усы дәўирде бир бөлеги қазақларға, бир бөлеги өзбеклерге, және басқа бөлими қарақалпақларға хәм башқуртларға араласады.

XVI әсирдиң екинши ярымында үлкен ноғайдан бир бөлек урыўлар бөлинип, Каспийдиң арқа-батыс бойларында жайласып хәм олар қара ноғайлар деп аталады. Киши ноғай ордасы Қара теңиз, Қырым хәм Кавказ далаларында көшип жүреди. XVII әсирдиң басында Едил алапларын қалмақлардың жаўлап алыўы менен бир бөлек арқа-батыс Каспий бойы ноғайлары Кавказ жерлерине көшип қонысласады, хәзирги Ставропольдағы хәм Дағыстандағы ноғайлардың тийкарын салады. Қарақалпақларды ноғайлардан ямаса маңғытлардан шығарыўға болмайды. Пүтин халық бир урыўдан келип шықпаған. Ал «ноғай»-ийт мәнисин билдиретуғын хәм монғолдың тохас сөзинен алынған. Бул



www.ziyouz.com kutubxonasi

этноним Хорезм оазисинде қубла Арал бойларында ҳәм төмендеги жерлерде ушырасады. Хожели ҳәм Әмиўдәрья районларында ноғай аўыл, Хожелиде ақ ноғай, Қоңырат районларында Қобланды ноғай, Шағанақлы ноғай ҳәм басқа жерлерде белгили. Демек, булар ноғайлардың қубла Арал бойы халықларынын этногенезине қатнасы бар деген сөз.

XIV-XV эсирлерде Дешти-қыпшақ даласында, Арал этирапында көшпели, ярым көшпели түрк қәўимлеринин жаңадан сиясий ҳәм этникалық аўқамы дүзиле баслайды. XIII-XIV эсирлерде Орайлық Азиядағы қәўимлердиң майдаланып өз-ара қосылыўы, бурынғы жергиликли отырған қәўимлерге жаңа этникалық қәўимлердиң араласыўы тийкарында, XV эсирден баслап, Алтын орданың батысында татарлар, шығысында өзбек, қарақалпақ, қазақ ҳәм ноғай халықларының сиясий этникалық бирлиги қайта қәлиплеседи. Жаңа пайда болған көшпели, ярым көшпелилердиң сиясий, этникалық аўқамы бурынғы майда бөлекшеленген урыўлардан турса да ҳәм көпшилик түрк қәўимлери өз урыўларының атларын жаңа бирикпелер арасында сақлап қалған. Соның ушын да қарақалпақ урыўларының атлары қазақ, башқурт, ноғай ҳәм өзбеклер арасында көп ушырасады.

XIV эсирдиң екинши ярымында Дешти- қыпшақ даласының үлкен бир бөлиминдеги Ақ орда ҳәм Шейбаний улысы аймағында көшип-қонып жүрген түрк-монғол қәўимлери қоңсы еллерге «өзбеклер» деген ат пенен белгили болады. XV эсирде «өзбеклер» деп аталған қәўимлер арасында бүркит, қыят, қоңырат, танғут, найман, шымбай; қарлуқ, кенегес, дурман, маңғыт, нөкуз, уйғыр, қытай ҳәм басқада урыўлар болған.

XVI эсирдиң басында Дешти-қыпшақ даласындағы көшпели өзбек қәўимлеринин 1,5 миллиондай, бир бөлеги экологиялық жағдайлардың кескинлесиўинен Муҳәммед Шейбани хан басшылығында Орта Азияға басып кирип ҳәм Маверауннахр-Өзбекстан территориясына орналасды. XVI эсирден баслап «өзбек» атамасы халық атын билдиретуғын этникалық атамаға айланады.

Буннан өзбек халқының келип шығыўы XVI эсирдиң басланады деген жуўмақ шықпайды. Бул жерде өзбек деген сөздиң бир этноним сыпатында пайда болып таралыўы ҳаққында сөз болып отыр. Ал, өзбекстан территориясында, ҳәттеки бронза


www.ziyouz.com kutubxonasi

дәўиринен баслап көп ғана түрк тилиниң хәр түрли диалектинде сөйлейтуғын қәўимлер жасаған, олар дийханшылық оазислеринде, қала ҳәм өнертментшилик мәдениятын дөреткен. Бирақ, Өзбекстан ўәлаятын XVI әсирдиң басында басып алған көшпели өзбек аты менен белгили болған түрклер тийкарынан Мавераун-нахрдың бурынғы отырықшы түрк тилинде сөйлейтуғын халқы менен араласып ҳәм оларға тек өзлериниң «өзбек» деген атын берген. Солай етип, көшпели Дешти-қыпшақ өзбеклер, өзбек халқының сиясий, этникалық бирлигин қурыўға ҳәм халық болып бирлесиўиниң соңғы дәўиринде қатнасқан.

XIV әсирдиң ақыры – XV әсирде Дешти-қыпшақ кеңислигинде қыпшақлардың сиясий бирлиги көзге түседи. Тарийхый дереклерде, бул сиясий уйымға кирген түрк тиллес қәўимлер 92 баўлы қыпшақлар ҳәм кейин ала 92 баўлы өзбеклер ямаса 92 баўлы елатлар деген ат пенен болады. 92 баўлы өзбеклердиң қурамында көплеген түрк руў- қәўимлери болған. Бул, 92 баўлы өзбек-түрк қәўимлердиң Орта Азиядағы халықлардың келип шығыў мәселесине бизиң тарийхшыларымыз айтарлықтай кеўил әўдармай атыр. Сонлықтан да қарақалпақлардың келип шығыўын, ноғайлар-маңғытлардан бөлинди деп әпсана гәплерге тийкарланып ески пикирди қайталамақта.

XVI әсирде Сайфуддин Ахсикенди жазған «маджму-ат-таварих» ҳәм «тарийхтың жыйнағы» -деген қол жазбада 92 баўлы өзбек қурамында қарақалпақлардың аты келтириледи. Демек, 92 баўлы көшпели ҳәм ярым көшпели өзбеклердиң бирлигинде қарақалпақларда өз аты менен белгили болған. Тарийхшы О.Юсупов Россия илимлер академиясы Санкт- Петербургтағы тарийх институты архивинен белгисиз автордың 92 баўлы өзбеклер атлы қол жазбасында, қарақалпақлар 23-қатарда жазылғанын анықлады. Т.И.Султановтың мийнетинде, XVI әсирде, Арал бойында жасаған қарақалпақлар 92 баўлы өзбеклер қурамында 70-қатарда турғанлығын айтады. Бунда биз Арал бойында, Әмиўдәрья ҳәм Сырдәрья алабында жасаған 92 баўлы өзбек қәўимлеринен XV әсирдиң 40-50 -жыллары қарақалпақлардың бөлинип шыққанын байқаймыз.

XV әсирдиң биринши шерегинде көшпели өзбеклердиң бир бөлеги ҳәзирги Қазақстанның батысында, қубла ҳәм батыс



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сибирьде қазақ ханлығын пайда етеди. XV эсирдиң ақыры -XVI эсирде қазақ ханлығы, өзбек ҳэм ноғай –маңғытлар менен бир қатарда қарақалпақлар да өз аты менен өз улысын пайда етеди. Сонлықтанда, Бердақ «Шежиресинде», бэри алты урыў қарақалпақ өзбектен айырылған екен деп бийкар айтпаған. Демек, Бердақ атамыз өзиниң шежиресин жазғанда 92 баўлы өзбек деген қол жазба менен таныс болған. Бердақтың шежиресинде:

«Қарақалпақ халқының,

Өзбек пенен Ноғайдың,

Түп атасы Майқы бий» деп аталыўы, булардың келип шығыўында бир-бирине жақынлығы олардың, этникалық бири-гиўинде ҳэммеге бирдей болған қэўим ҳэм урыўлардың ушырасыўы болады. XV эсирде қарақалпақ улысы қазақ, ноғай, маңғыт, өзбек ханлықлары менен тығыз сиясий-экономикалық ҳэм мэдений байланыста болған. Усы дэўирлерде көшпели түркий қэўимлердиң кең территорияда емин-еркин көшип-қонып жүриўи, урыўлардың өз-ара араласыўы ҳэм ҳэттеки биригип қосылыўы олардың хожалық турмысының улыўма уқсаслығын пайда етеди. Бул улыўма уқсаслықлар олардың дэстан, эпсаналарында, аңызларында, қосық ҳэм жылнамаларында айтылады.

Қарақалпақлардың дэстанларында, шежиресинде, олардың Жайық, Едил, Арал ҳэм Қара теңиз бойларында жасағаны сөз етиледи. Бул эпсаналарда толғаўларда: Жэнибек, Орыс бий, Орманбет бий, Майхы бий қусаған адамлардың атлары жийи-жийи гезлеседи. Бул тарийхта болған басшылар басқарған елде, қарақалпақлардың белгили бир урыўлары кирип ҳэм оларды өз адамлары етип қабыл етип туўысқан қэўимлерине таратады. Арал-Каспий этирапындағы, Жейхун ҳэм Сейхун дэрьялары алабындағы түрк қэўимлериниң турмыс қэлпиниң улыўма уқсаслығынан бир қэўимге тийисли дэстанлар екиншисине тез таралған. Бул дэстанлар қарақалпақлардың пүткиллей ноғай, қазақ, өзбек ханлықларының қараўында болғанлығынан емес, ал бул халықлардың бир-бири менен иргелес жасағаны, олардың тили бир, мэденияты жүдэ жақын болғанлықтан эпсана, дэстанлар улыўмалық болған ҳэм миллетлер арасына тез таралған. Бул мэдений жақынлықлар усы халықлардың аталаслығының ҳэм



www.ziyouz.com kutubxonasi

орта әсирдеги тарийхый турмыс орталығының укаслығының көринислери болады.

Солай етип, XV әсирдиң ақырында Дешти-қыпшақ саҳра даласында қазақ ханлығы дүзилсе ҳәм XV әсирдиң ақырында XVI әсирдин басында Сырдәрья менен Әмиўдәрьяның орта ағысы бойларында Шейбаний басқарған өзбек ханлығы дүзиледи. XV-XVI әсирде қарақалпақ улысы дүзилди. Усы дәўирде қарақалпақ халқы қәлиплеседи. Олар Арал әтирапында Жайхун ҳәм Сейхун дәрья алабларында Туран ойпатында, Хорезм оазисинде кең территорияда халық болып биригип, өз территориясына, тилине ҳәм мәдениятына ийе болады. Хорезм оазисинде Жейхун ҳәм Сейхун алапларында антропология илими де қарақалпақлардың қәлиплескенин тастыйықлайды. Антрополог А.И.Ярхоның мағлыўматларында қарақалпақлар Орта Азиядан узақ территорияда емес, ал оған жақын жерде Орта Азияның басқа халықлары қәлиплескен сол этникалық ҳәм расалық орталықта пайда болғанлығын көремиз.

Антропологлардың анықлаўына қарағанда, қарақалпақлардың физикалық келбети еки этникалық қатламды қамтыйды. Биринши европоидлық түр, өзиниң келип шығыўы бойынша бронза ҳәм әййемги дәўирди Орта Азия халықлары менен байланыста болған. Тийкарынан шығыс Жер орта теңизи түрине жататуғын жүдә ертедеги тип. Екинши монғолоид түр, бул Орайлық Азия (Алтай, Монголия, Жетисуў, Сибирь) ўәлаятыларынан орта әсирлерде ҳәм соң келип қосылған көшпели қәўимлердиң араласпасынан келип шыққан. Ҳәзирги қарақалпақлар европоид элементлери менен қубла Сибирь антропологиялық типинде жатады ҳәм өзиниң антропологиялық пишими бойынша өзбеклер менен қырғызларға уқсас келеди. Бесинши дәўирде қарақалпақлардың тийкарын қурайтуғын қәўимлер монғоллар жаўлап алғаннан кейин Алтын орда қурамында болып кейин Дешти-қыпшақтағы көшпели өзбеклерден бөлинип ҳәм қарақалпақлар өз улысын дүзеди. Усы қатламда өз этникалық мәнисине ийе болған қарақалпақ халқы бөлинип шығады. Солай етип қарақалпақ халқы Орта Азиядағы басқа түркий халықлар сыяқлы, өзиниң халық болып қәлиплесиў дәўиринде узақ даўам еткен, этникалық процесслерди өз басынан кеширип, Арал бойларында


www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм Хорезм оазисинде қәлиплескен халық. Бирақ, сыртқы қолайсыз сиясий жағдайлардың тәсиринен ҳәм экологиялық жағдайдың төменлеўинен қарақалпақлардың айырым майда бөлеклери Арал бойларын таслап кетиўге мәжбүр болған. Бул топарлардың гейбир бөлеклери Хорезм оазисине қайтып келип те турған.

1678-жылы бир топар қарақалпақлар Бухара ханлығының қараўына өтип, Сығнақ, Түркстан қалаларының дөгерегинде жасаса, екинши бөлеги Ферғана тау, Зарафшан ойпатлықларында жасайды. Ферғана оазисинде ҳәзирге шекем қарақалпақ даласы деген жер аты сақланған. 1613-жылғы дереклерде қарақалпақлардың түркмен, қазақ, башқурт, ноғайлар менен бирге араласып Бухара, Самара, Жайық ҳәм Эмба бойларында жасағанлығы айтылады. Кейинги дәўирлерде бул аз сандағы көшип кеткен қарақалпақлар барған жерлеринде түркий тиллес халықлар арасында сиңип ҳәм олар менен қосылып кетиўге мәжбүр болады. Көпшилик ўақытларда сиясий ўақыялардың қолайсыз болыўынан, әсиресе 1743-жылғы жунгарлардың топылысынан кейин, қарақалпақлардың бир топары Арал бойларын таслап ҳәм басқа халықлар менен араласып күн кешириўге мәжбүр етти. Соған қарамастан қубла Арал бойында ҳәм Әмиўдәрья алабында жасаған қарақалпақлар өзлериниң этникалық бирлигин сақлап қалды. 1578-жылы Бухараға хан етип, қарақалпақлардан Шейхим султанды, 1582-жылы Барақты ҳәм 1604-жылы Абзал Гаппарды таярлайды.

«Тарийхый Шайбанийнама» қол жазбада қарақалпақлардың Бухара әмирлигине өз ўәкиллерин отырғызыўға ҳәрекет еткени сөз етиледи. XVI ҳәм XVII әсирлерде Бухара әмириниң сиясий ислерине жигерли қатнасқанын, олардың шоқ-шоқ қәўимлер болып ҳәм аўызбиршиликли жасағаны сөз етиледи. XVII-XVIII әсирлердеги тарийхый дереклерде, Түркстаннан Үргенишке шекем аралықтағы жерлер қарақалпақ Ядгарханның бийлигинде болғаны ҳәм қарақалпақлардың бирлигин қоңсы еллердиң сөзсиз мойынлап турғаны айтылады. Ядгархан Хийўа ханлығын Әбулғазы төртинши деген лақап пенен басқарған. Хийўа тарийхшылары Мунис ҳәм Агаҳий жазған Фирдаус-уль-икбал деп аталған тарийхый мийнетте Хийўа тахтына хиджирийдиң 1217-жылы Абулғазы бесинши деген лақап пенен Ядгорхан уллы хан болып



www.ziyouz.com kutubxonasi

көтерилгенлиги белгили. XVIII-XIX әсирлерде қарақалпақ жерлери ушын қазақ ханлығы менен Хийўа ханлығы арасында өз-ара гүреслер барады. Қарақалпақлар өз ғәрезсизлиги ушын ҳәм өз жерлери ушын сыртқы душпанларға қарсы гүрес алып барады.

XIX әсирдиң екинши ярымында қарақалпақлар Хийўа ханлығының пуқаралығына өткен. 1873-жылы Әмиўдәрьяның оң жағасындағы қарақалпақлар рус патшалығына қараған. Ал Әмиўдәртяның сол тәрепиндеги қарақалпақлар әдеттегидей Хийўа ханлығының қурамында 1920-жылға шекем қалған. 1924-жылы Орта Азияда миллий шегара өткергеннен кейин, 1925-жылы 16-февральда Қарақалпақ автономия область болып Қазақстан қурамына өткен. 1930-жылы РСФСР қурамына кирип, 1932-жылы 20-мартта Қарақалпақстан автономиялы Кеңес социалистлик республикаға айланады. 1936-жылдың 5-декабринен баслап Қарақалпақстан Өзбекстан республикасы қурамына киреди. 1991-жылы 14-декабрьден Өзбекстан қурамында Қарақалпақстан суверенли республика деп жәрияланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## VIII БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН XVI-XVIII ƏСИРЛЕРДЕ

### § 1. Сиясий жағдайлар

XIV əсир ақыры - XV əсир басында Алтын орда ханлығы қулағаннан соң ҳəм оның орнында бир-неше майда мəмлекетлер пайда болады. 1391-жылы Əмир Темур Алтын орда ханын урыста жеңгеннен кейин Евразия кеңислигинде ҳəм Едигениң басшылығында Ноғай ханлығы дүзиледи. Ноғай ханлығына Волга (Едил)- Кама дəрья аралығы, Орал (Жайық) бойлары, Орал таў етеклери ҳəм Хорезм оазисине шекем жерлер қарайды. XIV əсир ақырынан XVI əсирдиң екинши ярымына дейин-қарақалпақлар Ноғай ханлығының қурамында болады, ханлығының сиясий ислерине қатнасып ҳəм өз ҳəкимликлерине ийе болған. Қарақалпақ фольклорында Едил (Волга), Жайық (Орал) Ноғай ханы Едиге ҳəм Ноғай мырзалары: Орысбий, Ормамбет бийлерге байланыслы толғаў-қосықлар ҳəм ертеклер көп ушырасады.

XV-XVI əсирлерде, қарақалпақлардың тили ҳəм мəдениятының тийкарғы белгилери қалиплеседи. XV əсирде Едил ҳəм Орал дəрья аралығында Астрахан ҳəм Қазан ханлықлары пайда болады. Қазан ханлығының батысында Қырым ханлығы өмир сүреди. Алтын орда қулағаннан соң Хорезм мəмлекети Темурийлер мəмлекетине қосылады. Ноғай ханлығының шығысында, XV-əсирдиң бирииши ярымында Шыңғыс ханның баласы Жошының киши баласы Султан Шейбанийдиң əўлады Абулхайырдың (1428-1468-жыллары) басшылығында Қыпшақ даласында өзбек ханлығы пайда болады. Өзбек ханлығының аймағына, Сырдəрьяның орта бөлиминен, Арал теңизиниң арқа жағына дейинги жерлерди, батыс тəрепи Оралдан Тобольға шекем, арқа-шығыста Иртыш дəрьясынан Сузақ ҳəм Алатаўға дейинги жерлер кирген. Бир топар қарақалпақлар, өзбек ханлығының қурамында жасаған, олар шок-шоқ болып белгили аймақта жасап ҳəм өзлерин-өзлери басқарыў тəртибине ийе ел болып жасаған. Өзбек ханлығының қурамына кирген халықлар, Н.А.Баскаков, С.К.Камаловлардың пикиринше түрк тилиниң шығыс, батыс шақапшасында сөйлеп, олар яғный өзбеклер, қарақалпақлар, қазақлар ҳəм ноғайлар бир-бириниң сөзлерине жақсы түсинген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

1468-жылы Абулхайыр хан қайтыс болғаннан соң, ол басқарған өзбек ханлығы бөлшекленип, XV эсирдиң ақырында Шу ҳәм Талас алабында, Жәнибек пенен Кереў басшылығында қазақ ханлығы пайда болады. Қазақ ханлығы кем-кемнен өсип ҳәм өз жерлерин Сырдәрья бойларынан Аралдың арқа тәреплери есабынан кеңейиткен. Тәўке хан тусында (1680-1718-жыллары) қазақ ханы күшейип, қырғыз ҳәм қарақалпақлар менен аўқамда болады. XVI-XVIII эсирдиң басларына шекем қазақ мәмлекети үш ордаға бөлинип (киши, орта ҳәм уллы жүз) жасады. XV эсирде Қыпшақ даласындағы өзбек ханлығының ыдыраўына байланыслы оның қурамындағы қарақалпақларда өзбек ханлығынан бөлинип шығады. Бул ҳаққында Бердақ шайырдың шежиресинде:-«Бәри алты урыў- қарақалпақ өзбектен айрылған екен» деген қатарлары өзбек ханлығынан бөлинип шыққанын тастыйықлайды.

XVI эсирдиң орталарында Россияның Астрахан ҳәм Қазан ханлықларын жаўлап алыўы, сондай-ақ ноғай мырзаларының арасындағы өз-ара тартыслар ханлықтың сиясий ҳәм экономикалық жақтан төменлеп кетиўине алып келди. Нәтийжеде ханлықтағы көпшилик халықлар соның ишинде қарақалпақлар XVI эсирде Сырдәрья бойларына қарай жылысады. XVI эсирдиң екинши ярымында Едил бойларындағы, ноғай ханлығы қурамындағы қарақалпақлардың тийкарғы бөлеги өзлериниң бурынғы ата-журты қубла Арал бойына ҳәм Әмиўдәрья дельта жағаларына қайтып келе алмайды. Себеби XIV-XVI эсирлерде Әмиўдәрья өз бағытын батысқа қарап өзгертип, Узбой арқалы Қарақамыс көлине ағып турады. Бундай суўсызлық жағдай XVII эсирдиң басларына дейин даўам етеди.

Сырдәрья бойларындағы қарақалпақлар XVI эсирдиң екинши ярымынан- XVIII эсирдиң екинши ярымына дейин Аралдың күн шығыс жағаларынан Сырдәрьяны бойлап Түркстан қаласына дейинги аралықта жайласқан. Булар Түркстан қарақалпақлары деп аталады. Тайрийхшы илимпаз, Б.А.Ахмедовтың пикиринше, қарақалпақлар 1578-1582 жыллары Бухара ханлығындағы сиясий гүреслерге белсене қатнасқан. Академик С.К.Камалов бул жыл сәнесине, яғный 1578-жылдың үлкен әҳмийетке ийе екенлигин көрсетеди. Ол биринши жағынан



www.ziyouz.com kutubxonasi

қарақалпақлардың Ноғай ханлығынан, ондағы 1557-1558 жыллардағы ўақыялардан соң ҳәм кешикпей Сырдәрья бойларында жасағанын көрсетеди. Екинши жағынан, ол П.П.Ивановтың қарақалпақлар аты менен шығыс дереклеринде 1598-жылдан бурын ушыраспайды деген, 60 жылдай даўам еткен пикирине өзгерис киргизеди. Бул қарақалпақ тарийх илиминдеги үлкен жаңалық бәлким келешекте қарақалпақлар аты 1579 -жылғы бурынғы жылларға тийисли шығыс дереклеринде де ушырасып қалыўы мүмкин. Үшиншиден, бул дерек Сырдәрья бойындағы айырым қарақалпақлардың Бухара ханлығының қол астында болғанлығын көрсетеди.

Қарақалпақлар XVI әсирдиң екинши ярымынан баслап қазақлардың киши жүз ҳәм орта жүзиниң ханларына сиясий жақтан ғәрезли болған. Оларға салық төлеп турған. Усы дәўирде де қарақалпақлар өзлериниң мәмлекетине ийе болған. Тарийхый дереклер бойынша 1694-жылы Тәўке ханның балаларының бири Табарчук Султан қарақалпақ ханы болған. Сондай-ақ усы дәўирде хан кеңесин басқарған қарақалпақ Сасақ бий белгили адам болған. Ол туран халқын басқарыўда ислам дининиң қағыйдаларын тийкар етип алған. «Жети жарғына» (ата заңын) жазыўға қатнасқан. 1684-жылы хан кеңесинде бекиттирип рәсмий түрде Туран елине усынған адам.

1709-жылы Табарчук Султанның баласы Ғайып султан қарақалпақларға хан болған. 1720-жыллары қарақалпақлардың ханы Ишмухәмед болған. Олардың орайлық қаласы Сырдәрья бойында жайласқан Жанакент қаласы еди. XVIII әсирде қубла Арал бойларындағы қарақалпақларда өз ханларына ийе болған. Бул ханлардың биразы өзлерин араллы-қоңырат ханы деп атаған. Мәселен, 1700-1703-жыллары Арал ханы болып аталған Шәнияз ҳәм ал буннан кейинги Муўса хан (1703-1712) тарийхта қарақалпақ ханы сыпатында мәлим. Бирақ усы жылы Даўқара бойына көшип келген. Ешим Муҳәммед Султан қарақалпақлардың ханы болып ҳәм 1724-жылға шекем бийғәрез хан сыпатында ҳәрекет еткен. Бул дәўирде қарақалпақ ханлығы екеў болған деген шешимге келемиз. Бири, Түркстан қарақалпақлары ханлығы болса ҳәм екиншиси Әмиўдәрья дельтасы төмениндеги жайласқан қарақалпақ ханлығы болып есапланады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

XVII эсирде қарақалпақлар, Хорезм оазисине келген көшпели өзбеклер менен араласып ҳәм бирге Хийўа ханлығының арқа жағында Арал мәмлекетин дүзеди. Оның орайы дәслеп Қоңырат қаласы болған. Оннан соң Шымбай (Шахтемир) қаласы болады. Арал бойы қарақалпақлар ҳәм Араллы өзбеклер XIX эсирдиң басларына дейин өзлери -өзлерин басқарып Хийўа ханларынан ғәрезсиз жасайды. XVIII эсирде қарақалпақлардың Ғайып ханнан басқа Маман батыр, Оразақ батыр ҳәм Мурат шейх деген үлкен белгили ел басшылары болған.

1747-1810-жыллар Жаңадәрья бойы қарақалпақлары менен араллы өзбеклер, Әмиўдәрья бойы қарақалпақлар арасында оғада тығыз сиясий ҳәм экономикалық мәдений байланыс орнайды. Ҳәтте, олар биригип кетип Әмиўдәрьяның төменги жағы менен Жаңадәрьяның арасы қарақалпақ ели деп аталады. Бул еки топар қарақалпақлар Арал мәмлекети деп аталған бир ханлыққа биригеди. Олар биригип 1750-1770-жыллары қазақ, Бухара ҳәм Хийўа ханларының атланысларын табыслы түрде қайтарып турады. Бул дәўирлерде қарақалпақлардың арасында да Шахтемир ханнан басқа, Маман бий, Орын бий, Бегис, Мыржық, Есенгелди, Айдос бий ҳәм Араллы өзбеклерде Төре бий деген атақлы басшылары болған.

Қарақалпақлар өз алдына қоңсы еллер менен саўда- сатық жумысларын жүргизген. 1700-жылы Арал ханы Шахнияздың елшиси Достек Баҳадыр Россия менен байланыс жасаўға ҳәрекет еткен. 1721-жылы Ишмуҳәмед хан Россияға мың түйеден ибарат кәрўан жибереди. Қарақалпақлар әсиресе башқуртлар менен тығыз байланыста болған. Қарақалпақлардың орыслар ҳәм қоңсы халықлар менен саўда-сатық, мәдений байланыслары ҳаққында белгили илимпазлар С.К.Камалов, М.К.Нурмуҳәмедов ҳәм тағы басқалардың мийнетлеринде жазылған.

Қарақалпақлардың XIX- XX эсирдеги тарийхый жағдайлары әдеўир изертленген. Ал XVII-XVIII эсирдеги қарақалпақлар тарийхы Түркстан, Бухара, Хорезм тарийхы менен байланыслы ҳәм бул дәўирлер толық изертленип жазылған емес.

XVII эсирден-XVIII эсирдиң ортасына дейинги қарақалпақлар Сырдәрьяның орта ҳәм төменги ағысына тийисли жерлерди жайлаған. Олар киши жүз қазақлары менен жақын қоңсы болып



www.ziyouz.com kutubxonasi

турған ҳәм экономикалық жәнe сиясий жактан олардың ханларынан ғәрезли болған. Қарақалпақларды қазақ ханы Тәукениң (1680-1718) тусында оның балаларының биреўи басқарған. 1694-жылға тийисли орыс ҳүжжетлериниң биринде қарақалпақларға Табарчук султан басшылық еткенлиги жазылған. 1709-жылға тийисли ҳүжжетте оның баласы Қайып султан қарақалпақларға хан болған. 1722-жылы қарақалпақлардың Ешмуҳәммед хан болады. Ал 1730-1740-жылларда қарақалпақлар киши жүз қазақ ханы Абылхайырдың қарамағында жасайды.

Қарақалпақлар қазақ ханларына жылма-жыл дәнлей салық төлеп турыўға, атлы әскер жыйнап бериўге ҳәм өзлериниң жеринен өтетуғын кәрўанлардан бажы пул жыйнап берип турыўға мәжбүр болған. Қарақалпақ-орыс байланыслары саўданың раўажланыўының нәтийжесинде XVIII әсирдиң бириншн шерегинде қарақалпақлардың Бухара ҳәм Хийўа мәмлекетлери менен байланысы күшейе баслайды. Қарақалпақлар Башқуртлар менен тығыз саўда- мәдений байланыста болған. Бул байланысты орнатыўға себеп: биринщиден, экономикалық раўажланыўы Россия менен қатнасықты жақсылаўды талап еткен. Екиншиден, бул ўақытлары қарақалпақлар өзлериниң қоңсылары қазақлардай жонғарлардың топылысының қәўпи астында тур еди. Сонлықтан қарақалпақлар Россиядан жәрдем күткен. Россия империясыда қарақалпақлар менен қатнасық орнатыўға талапланған. Себеби: 1715-1716-жыллары Петр I Сырдәрьяға экспедиция жиберип ҳәм онда (бронза) алтын өндирилип атырғанлығы менен қызыққан. Буннан тысқары орыслардың Орта Азияға баратуғын кәрўан жоллары қарақалпақлардың жасап атырған жерлеринен өтетуғын еди. Сонлықтан орыс кәрўанларының қәўипсизлигин сақлаў ушын орыс ҳүкимети қарақалпақлар менен байланыста болыўға қызыққан.

1721-жылы қарақалпақларға Уфа дворяны Д.Т.Вершинин жибериледи. 1722-жылы қарақалпақлардың ханы Ешмуҳәммед Петр I ге жарлық жибереди. Бунда өз-ара қарым-қатнасты жақсылаўды мақсет етип қояды. Қарақалпақлардың орыслар менен беккемленип киятырған бул байланысына 1723-жылғы жонғарлардың топылысы үлкен зыян тийгизеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақлардың бир бөлеги қазақлар менен бирге Сырдәрьяның жоқары тәрепине ҳәм ал олардың тийкарғы бөлеги Сырдәрьяның төменги етегине Арал теңизине қарай жылысады. Усылайынша қарақалпақлар «жоқарғы» ҳәм «төменги» болып екиге бөлинеди. «Жоқарғы» қарақалпақлар жонғарлардың қол астына түседи. «Төменгилер» 1743-жылға дейин ҳәм бир бөлеги 1762-жылға дейин Киши жүз қазақларына ғәрезли болады.

Жонғарлардың 1723-жылғы топылысы қазақ ҳәм қарақалпақлардың экономикалық ҳәм сиясий жағдайына жаман тәсирин тийгизеди. Соның менен бирге, ол қарақалпақлардың XVIII әсирдиң басында пайда болып киятырған миллий биригиўшиликке умтылыўын босаңластырып жиберди. Бул қыйыншылықлардан шығыў ушын қарақалпақ ҳәм қазақлар Россия менен байланысты қайтадан тиклеўге ҳәрекет етеди. Нәтийжеде 1724, 1726-жыллары қарақалпақлар ҳәм қазақлар Россия менен байланысты орнатыў ушын сөйлесиўлер жүргизеди.

Усыған байланыслы 1731-жылы патша ҳүкимети Абулхайырға өзиниң елшиси Мамбет–мырза Тавкелевты жибереди. Нәтийжеде қазақ ҳәм қарақалпақлар Россия пуқаралығына өтеди. Сондай-ақ 1732-жылы Оразақ батырдың ҳәрекети менен, Арал ўәлаятының ханы Шахтемир ҳәм оның халқыда рус пуқарашылығын қабыл етеди.

1734-жылдың басында қазақ ҳәм қарақалпақ елшилери Петербургтағы император сарайында қабыл етиледи. Пухаралыкқа қабыл етилгенлиги ҳаққындағы жарлықлар қазақлардың ханы Абылхайырға ҳәм қарақалпақлардың сол ўақыттағы ханы Қайып ханға жибериледи. Қарақалпақлардың ҳәм қазақлардың Россия қарамағына өтиўи олардың жерине Иран шахы Нәдирдиң топылыўынан қутқарды.

1741-жылы Елизавета Петровнаның патша болыўына байланыслы қарақалпақлардан қайтадан ант алыўды шөлкемлестириў мәселеси турады. Усыған байланыслы 1742-жылдың сентябрьде Гладышев қарақалпақларға келип сөйлесиўлер жүргизеди. Нәтийжеде 1743-жылдың августында Маман бий басшылығындағы елшилер император тәрепинен қабыл етилип ҳәм онда орыс пухарашылығына өткенлиги айтылады. Усыған байланыслы қарақалпақлар салықты патша ҳүкиметине төлеў керек еди. Бирақ



www.ziyouz.com kutubxonasi

буған қазақ ханы көнбегенликтен қарақалпақларға шабыўыл жасайды. Патша ҳүкимети қарақалпақларды қорғайман деген өз ўәдесин орынламады. Ол ҳәтте қарақалпақ ҳәм қазақ басшыларын жарастырыўғада талапланбайды.

## § 2. Хожалығы

Қарақалпақлар Сырдәрьяның бойларында жайласып, дийханшылық, мал шарўашылығы, балықшылық, өнерментшилик ҳәм саўда менен шуғылланған. Қарақалпақлардың дийханшылықты жақсы билетуғыны ҳаққында 1740-жылы усы жерде болған Гладышевта 1950-1960-жылларда изертлеў жүргизген С.П.Толстовта баҳалы мағлыўматлар береди. Олардың дийханшылық районлары Сырдәрьяның төменги бөлегин, оның теңизге қуяр жерине, Қуўандәрья ҳәм Жаңа дәрьялардың алапларын өз ишине алған. Дийханшылықта бийдай, тары, жүўери, мәш ҳәм гүриш еккен. Қарақалпақлар қыста қыслаўда отырып ҳәм бәҳәр келиўи менен жазлаўға егислик жерлердиң ямаса малға қолайлы қамыслы көллердиң басына көшип барып отырған. Жазы менен дийханшылық пенен шуғылланып, гүзде ғәллелерди ҳәм малларға от жыйнап алғаннан соң қыслаўға көлкен. Қыслаўда көп үйлер топланып, шабыўылдан қорғаныў ушын топланған үйлердиң сыртынан топырақтан қайшы қойып ҳәм қорған етип шыққан. Буны қарақалпақлар қала ямаса қорғанша деп атаған.

Қарақалпақлардың хожалығында өнерментшилик, аңшылық ҳәм саўда баслы орын тутқан. Олар бириши гезекте қазақлар менен саўда етип турған. Олар Бухараның қазақлар менен саўда ислениўинде дәлдәлши ролин атқарды. Олардың өзлери Бухара, Хийўа ҳәм Араллы өзбеклер менен тиккелей саўда жүргизди. Қарақалпақ саўдагерлери рус қалаларына барып саўда ислеген. Абулхайыр ханның Сырдәрья бойы қарақалпақларға топылысы ҳәм олардың жаңадәрья бойларына өтиўин тезлеткен. 1746-1747-жыллардың қысында қарақалпақлар тағыда Орта жүздиң султаны Абылайдың топылысына ушырайды.

XVIII әсирдиң 60-жылларында Султан Ералының қараўындағы қазақ феодаллары қарақалпақларға жийи-жийи топылыс жасап турды. Усы топылыслардың салдарынан қарақалпақлар



www.ziyouz.com kutubxonasi

биротала Сырдәрьяның бойларын таслап, жаңадәрья ҳәм қуяндәрья бойларына өтиўге мәжбүр болды. Қарақалпақлардың Жаңадәрьядағы жерлерди өзлестириўи оғада қыйын шараятларда өтти. Бир жағынан тынымсыз жаўгершилик ҳәм екинши жағынан бурын өзлестирилмеген тың жерлер дийханшылықты алып барыў ушын үлкен қыйыншылық туўдырды. Қарақалпақлардың Жаңадәрья бойындағы суўғарыў қурылысларының қалдықларын С.П.Толстов «қарақалпақлардың ата-бабаларының мийнетте қаҳарманлықларының оғада уллы гүўасы» деп атады. Қарақалпақлардың Жаңадәрья бойында жасаған дәўиринде, олар өз алдына экономикалық ҳәм сиясий жақтан ҳеш кимнен ғәрезсиз жасады.

Жаңадәрьяда қарақалпақлар биринши гезекте өзлериниң XVIII әсирдиң басларынан берли байланыслы болған араллы өзбеклер менен қатнаста болды. 1740-жылға келип көп ғана қарақалпақлар олар менен бузылмастай болып бириги́п кеткен еди. Қарақалпақлар Араллылар менен аўқамласып, қазақ ханларынада, Хийўа ханларынада өз азатлығы ушын қарсы гүрес жүргизди ҳәм XIX әсир басларына дейин өз ғәрезсизликлерин сақлап келди.

XVIII әсирдиң екинши ярымынан -XIX әсирдиң басларына дейин қарақалпақлардың жерлери барлық Қуяндәрья ҳәм Жаңадәрья бассейнин өз ишине алды. Сырдәрья бойларындағыдай Жаңадәрьядада қарақалпақлардың хожалығында дийханшылық жетекши ролди атқарған. Соның менен бирге мал шарўашылығы да үлкен ролге ийе болған. Хожалықта ири шақлы қара маллар, қой-ешки, жылқы ҳәм түйе асырайды. Усы заманларда да қарақалпақлардың қазақлар, өзбеклер менен мәдений ҳәм руўхый байланыслары үзилмеген.

## § 3. Қарақалпақлар ҳәм Хийўа ханлығы

Қарақалпақлар XVIII әсир даўамында Хийўа ханлығында болған сиясий ўақыяларға жигерли қатнасады. Араллы өзбеклер менен аўқамласа отырып ҳәм қарақалпақлар Хийўа ханлығының езиўшилик сиясатына бир неше мәртебе қарсы шықты. 1714-жылы Арал өзбеклери Хийўа ханы Ядгар ханға қарсы көтерилис



www.ziyouz.com kutubxonasi

жасап оған бағынбай ҳәм Аралға жәрдемге келген қарақалпақлардың ханы Ешмуҳәммедке ант ишип бағынған. 1728-жылы Араллы өзбеклер, қарақалпақлар Хийўа ханы Шерғазы ханға (1715-1728) қарсы көтерилис жасап ҳәм Шерғазыхан усы көтерилисте өлтириледи.

Сонлықтан Хийўа ханлары ҳәмме ўақыт қарақалпақларды бағындырыў ушын биринши гезекте оның аўқамласы болған араллы өзбеклерди бағындырыўды нәзерде тутқан. Бир неше әсирлер даўамында Араллы өзбеклер тәғдийириниң аўыр бөлеклерин қарақалпақ халқы менен бирге бөлискен. Хийўа ханларына қарсы қарақалпақ халқының қайсы бир ҳәрекетлери болмасын оған араллылардың қатнаспай қалған жери жоқ.

XVIII әсирдиң биринши ярымының ақырында Хийўа ханлығында сиясий жағдайы бир қанша өзгереди. Өзбек ҳәм түркмен басшылары арасындағы үзликсиз урыслар елди терең феодаллық бүлгиншиликке ҳәм хан ҳүкиметиниң дағдарысқа ушыраўына алып келди. XVIII әсирдиң 60 -жылларында Қоңырат урыўынан шыққан Муҳәммед- Амин инақ көзге көринип, ханлықты өз қолына алып ҳәм ханлықта орайластырыў сиясатын жүргизеди. Муҳәммед Әмин инақ, Хийўа ҳүкиметин беккемлеў менен бирге ҳәм ханлыққа қандай бир себеплер менен бағынбай жүрген шегарасындағы халықларды да Хийўа ханлығына бағындырыў ушын үлкен ҳәрекет етти. Ол ең алды менен Хорезмниң арқасында жайласқан араллы өзбеклер менен қарақалпақларды бағындырыўды көзде тутады. Ол көп ўәде берип айырым халықты күшли ҳәм абыройлы қәўим баслықларын өз тәрепине өткериўге урынады.

Муҳәммед Әмин инақ өлгеннен кейин, Муҳәммед Рахим хан (1806-1825) ўақтында ҳәм 1806–жылдан баслап Әмиўдәрья бойларында жасаўшы қарақалпақларды бағындырыў ушын күшли атланысларды баслайды. Бунда ол атланысты қарақалпақларғада ҳәм араллы өзбеклерге де теңдей алып барады. Ол ўақытлары араллы өзбеклердиң басында Төремурат суўпы турып ҳәм ол өзи өлгенге дейин Муҳәммед Рахимге қарсы гүрес жүргизеди.

1810-жылы Муҳәммед Рахим хан еки мәртебе Әмиўдәрьяның шеп тәрепинде жасаўшы қарақалпақларға топылыс жасады. Усы еки атланысында, Хийўа ханы Әмиўдәрья бойларында



www.ziyouz.com kutubxonasi

жасайтуғын барлық қарақалпақларды биротала бағындырды. Енди ханның алдындағы ўазыйпа Жаңадәрья бойындағы қарақалпақларды жаўлап алыўдан ибарат болды. 1810-жылы Әмиўдәрьядағы қарақалпақларды бағындырып болғаннан соң, Муҳәммед Рахим хан 1811-жылы көп нөкерлер менен Қоңыратты жаўлап алады ҳәм барлық араллы өзбеклерди бағындырады. Солай етип Хийўа ханы қарақалпақлар менен араллы өзбеклердиң сиясий ғәрезсизлигин тыйым салды.

## § 4. Мәдений турмысы

Қарақалпақлардың XIX әсирдеги жәмийетлик дүзиминиң тийкары XVIII эсирге уқсап, феодаллық ҳәм патриатхал-феодаллық қатнасықлардан ибарат болды. Бул дәўирге келип қарақалпақлардың ишинен бир жағынан ири жер ийелери ҳәм екинши жағынан тек мийнет ҳақысынан күн көретуғын жарлылар бөлинип шықты. Қарақалпақлардың турған жеринде ханлықта сақланып келген жер ийелеўшиликтиң үш түри болды. Биринши мәмлекетлик жерлер, екинши мүликлик ҳәм үшинши ўақым жерлер.

XIX әсирдиң екинши ярымында қарақалпақларда бас ҳәкимлик әмел-бий, жүзбасы, мураб, қазы ҳәм раис болған. Усы барлық ҳәкимлик әмелге Хийўа ханы тәрепинен қойылып барған. Тийкарғы ҳәкимлик әмелдиң бири- бий бурынлары халықтың өзиниң сайлаў жолы менен белгиленетуғын еди. Хийўа ханларының дәўиринде хан тәрепинен белгиленетуғын болды. Бийлер өзиниң қәўими ямаса руўынан хан ушын салық жыйнаў менен адамлардың арасында пайда болған жәнжеллерди шешиў менен шуғылланған. Мураблар өзек-жаплардағы сууды бөлистириў менен шуғылланған. Соның менен бирге қазыў жумысларын басқарып барған. Қазы ҳәм раислик жумысларға мусылман руўханыйларының ўәкиллери алынған.

Қарақалпақларды бағындырғаннан кейин Хийўа ханы олардан салық талап етип отырды. Салық Хийўа ханлығында үш түрли болды. Биринши ақшалай салық, бул жерден ҳәм малдан алынды. Екинши затлай салық ғәлле, мал ҳәм басқалар менен төленеди. Үшинши жер салығы яғный жерди ислетип алыў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақлар ушын ең аўыр ўазыйпалардың бири ханның 2 мың нөкерин бағыў ҳәм Хийўа армиясына нөкер жыйнап бериўден ибарат болды. Оның үстине халық ҳәр жылы қазыў ушын 6 мың белдар шығарыўы керек болды. Олардың ҳәммесиниң ғәрежетлери халықтың есабынан болды. Усы салық ҳәм ўазыйпалар менен бирге басқада майда төлемлерде көп болды.

Әмиўдәрья дельта бойларында жасаған қарақалпақлар хожалығында дийханшылық жетекши орын ийелейди. Олардың қаҳарманлық мийнетиниң нәтийжесинде XIX әсирдиң биринши шерегинде Қәлликөл, Қусхана таў ҳәм Кегейли–дийханшылық оазислери пайда болады. XIX әсирдиң екинши ярымында қарақалпақлар жайлаған жерлерде еки ири Шымбай ҳәм Қоңырат дийханшылық хожалық районы пайда болды. Кейин Таллық ҳәм Хожели районы бөлинип шығады. Улыўма алғанда, XIX әсирде қарақалпақлардың хожалық турмысы бес-Шымбай, Дәўқара, Таллық, Қоңырат, Хожели ҳәм Шорахан хожалық районларында өтеди. Сондай ақ мал шарўашылығы, балықшылық, өнерментшилик, бағшылық ҳәм аңшылық пенен де шуғылланған. XIX әсирдиң ортасында Хийўа ханлығында саўда қатнасының раўажланыўына байланыслы қарақалпақлар да саўдаға белсене қатнаса баслады.

Қоңырат, Хожели, Шымбай, Шорахан саўда жағынан үлкен әҳмийетке ийе болды. Қарақалпақстан арқалы Сырдәрья бойларына, батысқа ҳәм Үстирт арқалы Волга бойларына кәрўанлар жүрип турды. Базарларда ҳәптесине еки мәртебе саўда жүргизилип турылды. Базардың халық ушын экономикалық жақтан тысқары мәдений жақтанда әҳмийети үлкен болды. Саўда ислеў менен бирге адамлар көп жаңалықларды базарда еситетуғын еди.

XIX әсирде халықта тийкарынан қарақалпақлар менен қазақлар, өзбеклер, түркменлер жасап ҳәм олардың өз-ара қатнасы дослық сыпатта болды. Өйткени олар биринши гезекте өз-ара экономикалық саўда жағынан тығыз байланыслы еди. Хийўа ханлығы халықларының арасында мәдений байланыс күшли болды. Қоблан, Алпамыс, Гөруғлы, Ахмед Юсип, Ғарип ашық, Қыз жипек ҳәм тағы басқа дәстанлар қарақалпақлардың, өзбеклердиң, қазақлардың ҳәм түркменлердиң араларында теңдей таралған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 5. Хийўа ханы зулымлығына қарсы азатлық гүреслер

XIX эсирдиң екинши шереги көп санлы урыс ҳәм хийўа ханлығында ишки ала аўызлықтың күшейиўи менен сыпатланады. Ханның басып алыўшылық атланыслары Хийўаның мийнеткеш халықларын посыўға ҳәм бүлгиншиликке ушыратты. Бул жағдай 1827-жылы қарақалпақлардың көтерилис шығарыўына алып келди. Бул көтерилиске Хийўа ханлығынан азат болып ҳәм қарақалпақлар өз мәмлекетшилигине ийе болыўды мәселе етип қояды. Бул ҳәрекетке Айдос бий басшылық етеди. Көтерилис жеңилис пенен тамамланады. Бирақ 1827-жылғы көтерилис тарийхый әҳмийетке ийе, өйткени сол социаллық езиўшилерге қарсы шығыўға халықтың удайына таяр екенлигин билдиреди.

XIX эсирдиң ортасында халықта удайына жаўгершилик көп болады. Оның ушын урысқа ғәрежетлер қатты күш пенен өндирип турылды. 1850-жылға халықтың бүлгиншилиги шегине жетеди. 1851-жылы Хийўа ханлығында ашаршылық ҳәм аўырыўшылық басланып, бир неше жыл даўам еткен. Буннан тысқары салық ҳәм үзликсиз жаўгершилик қарақалпақ халқын шыдамсыз аҳўалға алып келеди. 1855-жылдың гүзинде қарақалпақлар арасында үлкен көтерилис келип шығады. Көтерилисти Ерназар алакөз басқарып ҳәм қарақалпақлар өзлерине хан етип Зарлық төрени сайлайды.

Ерназар алакөздиң қарақалпақлардың ғәрезсиз ханлығын тиклеўи өз тәрепине барлық руўларды ҳәм бийлерди топлаўға мүмкиншилик берди. Көтерилисшилерге түркменлер, қазақлар ҳәм қоңыратлы өзбеклер қосылады. Бирақ сыйлық бериў, басқа түрли жоллар менен түркмен ақсақалларын өзине қаратып, оларды өз әскерлерине қосып алған Сейдмуҳәммед, 1856-жылдың февралының ақырында Хожелиде, қарақалпақлар, түркмен, өзбек ҳәм қазақлардың бирлескен күшине қатты соққы береди.

Көтерилистиң мақсети Хийўа езиўинен қутылыў ҳәм феодаллық миллий қарақалпақ ханлығын дүзиў болды. Ол көтерилис Хийўа ханлығы үстемлигине қарсы ҳәм миллий езиўшиликке қарсы бағышланған халық азатлық ҳәрекети болып сыпатланады. Хийўа ханының қойған адамлары тәрепинен, оларды ҳәдден тыс салық, бүлгиншилик ҳәм зорлық-зомбылық қоңыратлыларды



www.ziyouz.com kutubxonasi

шыдамаслық жағдайға алып келди. Бул жағдай 1858-жылдың гүзинде Қоңыратта көтерилис ханның қойған ҳәкими Қутлымуратты өлтириў менен басланады. Қоңыратлыларға дәрьяның шеп жағасындағы қарақалпақлар, қазақлар ҳәм түркменлер қосылды. Бирақ көп узамай Қоңыраттың ишиндегилерде алааўызлық туўып екиге бөлинип ҳәм көтерилистиң жеңилиўине мүмкиншилик туўғызды.

1858-1859 жылғы көтерилис тез сапластырылған менен оның үлкен тарийхый әҳмийети бар. Бул Хийўа ханлығындағы халықлардың дослығының аўыз-биршилигинин гүўасы, өйткени өзбеклер, қарақалпақлар, түркменлер ҳәм қазақлар өзлериниң алдына ханларлықтың езиўинен қутылыўды анық мақсет етип қойды.

Қарақалпақлар XVIII әсирдиң барлық даўамында Хийўа ханлығында болған сиясий ўақыяларда белгили роль атқарды. Араллы өзбеклер менен аўқамласа отырып олар орайлық ханының сиясатына бир неше мәртебе қарсы шықты. 1714-жылы Арал өзбеклери Хийўа ханы Ядгар ханға қарсы көтерилис жасап оған бағынбай ҳәм оларға жәрдемге келген қарақалпақлардың ханы Ешмуҳәммедке ант ишип бағынған.

1728-жылы Араллы өзбеклер ҳәм қарақалпақлар Хийўа ханы Шерғазы ханға (1715-1728) қарсы көтерилис жасап ҳәм Шерғазыхан усы көтерилисте өлтириледи. Сонлықтан Хийўә ханлары ҳәмме ўақыт қарақалпақларды бағындырыў ушын биринши гезекте оның аўқамласы араллы өзбеклерди бағындырыўды көзде тутқан. Бир неше әсирлер даўамында араллы өз-беклер тәғдийирдиң аўыр бөлеклерин қарақалпақ халқы менен бирге бөлискен. Хийўа ханларына қарсы қарақалпақ халқының қайсы бир ҳәрекетлери болмасын оған араллы өзбеклердиң қатнаспай қалған жери жоқ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# IX БАП. ПАТША РОССИЯСЫНЫҢ ХИЙЎА ХАНЛЫҒЫН ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫ ЖАЎЛАП АЛЫЎЫ

## § 1. Патша Россиясының Қарақалпақстандағы колониялық сиясаты

Патша Россиясы империясында капиталистлик қатнасықлар менен крепостнойшылықтың сақланып киятырған қалдықлары арасындағы кескин қарама-қарсылықларды жумсартыў ушын патша ҳүкимети жаңа жерлерди басып алыўға сөзсиз түрде ҳәрекет етиўи тийис болды. Орта Азияның рус патшалығы тәрепинен жаўлап алыныўының басланыўы Англияның наразылығын келтирип шығарды.

Әлбетте бунда оларды Орта Азия ханлықларының тәғдири емес, ал олардың базарынан айырылып қалыў тынышсызландыратуғын еди. Россияның Бухара әмирлигиниң аймақларын бағындырып алыўы, ал Хийўа ханы Сейдмуҳәммед Рахимди Россиядан қашып келген қазақ султанларын, Россия пухарашылығындағы Үстиртте, Эмбада ҳәм Сырдәрья линиясындағы жасап атырған қазақларға топылыс жасаўында пайдаланды.

Үзликсиз топылыслардың нәтийжесинде, Хийўа ханлығын Россия менен татыўластырыў мақсетинде Бухара әмири, Кауфманға еки жақты татыўластырмақшы екенлигин айтады. Бирақ буннан ҳеш қандай нәтийже шықпағаннан кейин, әмирдиң елшиси Бухараға қайтып келеди. Рус ҳүкимети Хийўаны жаўлап алыўға таярлық көриўди даўам еттирди ҳәм 1871-1872-жыллары Хийўаға алып келетуғын барлық жолларды барлап шығыў жумысларын питкерди.

Рус әскерий бөлимлериниң алға илгерилеў кәўипи барлығын сезип, Хийўа ханы патша ҳүкимети менен қатнасықларды баслаўға мәжбүр болады. 1872-жылы, Хийўа ханы Россияға–Кавказ бенен Петербургқа еки елшилер топарын шөлкемлестиреди. Кавказға баратуғын елшилерди Хийўаның бас ийшаны Мухаммед Амин, ал Петербургқа жиберилген елшилерди қарақалпақ Ерназар аталық басқарады. Бирақ бул еки елшилер топарыда усынылған усыныслардың хан тәрепинен орынланбайтуғынын


www.ziyouz.com kutubxonasi

билиўи алдына қойылған ўазыйпаларды толық орынламай Хийўаға қайтады.

Хийўа ханы 1872-жылы март айында Авганистан менен Ҳиндистанға елшилер жиберди. Бундағы мақсети Англияның әскерий ҳәм дипломатиялық жәрдемине сүйенип орыслардың жүрисин тоқтату еди. Елшилерди Қабулда Авған әмири Шер Әлий қабыл етеди ҳәм Хийўа ханының қоллап қуўатлайтуғынын билдиреди. 1872-жыл май айының ақырында елшилер Ҳиндистанның Пешавар қаласына барады. Онда оларды вице-король Нортбурк қабыл етеди. Ол Англия ҳүкиметиниң атынан Россия менен жәнжеллесиўге сылтаў боларлықтай жағдайға жол қоймаўды мәсләҳәт етеди.

Усы жыллары Хийўаға Россиясының тәсириниң көбирек тийип турған жери ханлықтың арқа күн-шығыс жағы яғный Даўқара аймағы еди. Россия туўралы түрли гәп сөзлер биринши гезекте усы жақтан таралып турды. Орысларға өтип кетиўшилер де дәслеп усы жерге жыйналып алатуғын еди. Сонлықтан усы жердеги бурын қурылған қорғаншаға қосымша 1872-жылы Қаракөлге Ўәйснама қорғанын салды. Орысларға өтип атырғанларды услап алыў ушын, Дәўқара аймағына жүз әскер қояды. Бирақ бул ҳәрекетлер өз-ара жәнжеллерди тоқтата алмады. Солай етип, Хийўа ханының Россия менен қатнасықларды орнатыў илажлары нәтийже бермеди. Оның үстине бул дәўирде ханлықтың ишки сиясий жағдайы жақсы емес еди.

Хийўа ханлығының қалаларды ҳәм аўылларын орыслардан сақлаў ушын Матмурат дийўан басы ханнан Россияға қарсы шешиўши илажлар көриўди талап етти. Буларды кенегес Ерназар ағалық басшылығында бир топар қарақалпақларда қоллап қуўатлайды. Оларға қарама-қарсы топарлар Россия менен қатнасты тез жөнлеп, экономикалық, саўда байланысты раўажландырыў тәрепинде болды. Олар көбинесе жаңа Үргениш Ханқа, Хожели, Шымбай, басқа да қалалардағы саўдагерлер ҳәм өнерментшилер топарлары еди.

Хийўа ханлығын жаўлап алыўдың әскерий режелери Россия ҳүкимети тәрепинен 1872-жылы декабрде үзил-кесил мақулланып ҳәм ол патша тәрепинен тастыйықланды. Патша ҳүкимети Хийўаны басып алыў ушын өз күшлерин 1873-жылы февралында


www.ziyouz.com kutubxonasi

таярлай баслайды. Патша әскерлериниң халыққа қарсы атланысы үш тәрептен шөлкемлестирилип, атланысқа 13 мың әскерлер жолға шықты. Хийўа ханы Сейдмухәммед Рахим II душпанға соққы бериў илажларын көрди. Ташкенттен Чаржуй арқалы ҳәм Әмиўдәрьяның оң тәрепинен Хийўаға киятырған Кауфманға қарсы Мәтмурат дийўанбеги, генерал Веревкинге соққы бериў ушын Елтезар инақ таярланды.

1873-жылы 18-майда генерал Кауфман әскерлери Әмиўдәрьядан өтип, Хазарасып қаласын басып алды ҳәм Хийўаға жүреди. Бул ўақытта генерал Веревкин әскерлери де Қоңырат қаласын басып алған еди. Қоңыраттағы Хабибнияз бий, Сайдбай, Тажимуратбай ҳәм басқалардың рус әскерлерин тоқтатыў ушын ҳәрекетлери нәтийже бермеди. Генерал Веревкин әскерлери қаланы талады, соң Хожели қаласын ийелеп ҳәм Манғыт тәрепке қарай жүреди. Орыс әмирлери манғыт ҳәм оның этирапындағы аўылларды талайды, ол ҳаққында Муҳәммед Юсуп баянатында: Маңғытта қатты урыс болды. Веревкин буйрығы менен ерлер, ҳаяллар, ғаррылар ҳәм балалар қырып тасланды. Бесиктеги балалар шырқырап жылаў менен қалды, қала жер менен жексен етилди ҳәм өртеп жиберилди, -деп жазады.

29-май күни патша әскерлери Хийўаға ҳүжим жасаў ушын оның этирапындағы қолайлы орынларды ийеледи. Усыған байланыслы Сейдмуҳәммед Рахим II ири әмелдарлар менен ойласып Елтезер инақты Кауфманға жиберип, оған ханлықтың тәслим болып ҳәм шәртнама дүзиўге қарар берди. Бирақ Кауфман ханның озиниң келиўин талап етеди, бул ўақытта қаланы қорғаў ушын күш топлаў мақсетинде, қаладан шығып кеткен Сейдмуҳәммед Рахим II қалаға қайтып кире алмай ҳәм түркменлер арасында қалып қойған еди. Атажан төре, Матмурат дийўанбеги ҳәм басқалар Кауфманнан Хийўа қаласын ўайранламаўды сорайды. Бирақ Хийўаны ийелеген Кауфман әскерлери, қаладағы байлықларды талан-тараж етип, хан сарайындағы барлық байлықларын, бийбаҳа китаплар, хан ғәзийнеси, тахты ҳәм тажын алып Петербургқа жибереди. Кауфман сөйлесиўлер жүргизиў ушын Сейдмуҳәммед Рахим ханды Хийўаға әкелиўди талап етеди.

Солай етип, патша Россиясы әскерлери Хийўа ханлығын жаўлап алады, оның баслы себеплери Хийўа ханының қуралды

www.ziyouz.com kutubxonasi

күшлери сан жағынан да ҳәм тәжирийбеси жағынан да Россия әскерлерине қарағанда төмен еди. Оның үстине Хийўа ханның асығыс пенен жыйнаған нөкерлериниң урыс алып барыўға тәжирийбеге ийе емес еди.

1873-жылдың 2-июнда К.П.Кауфманның талабы бойынша Сейдмуҳәммед Рахим II шақырып алынады ҳәм қайтадан тахтына отырғызылады. 1873-жылдың 6- июнинде генерал К.П.Кауфман менен Хийўа ханы арасында сөйлесиў болып, ханлықты басқарыў бойынша ўақытша режеге ·қол қойылады. Админисративлик, финанс жумысларын басқарыў кеңестиң қурамына Россияның үш пухарасы ҳәм үш Хийўалы киреди.

1873-жылы 12-августта Хийўа ханы Муҳәммед Рахим менен патша ҳүкимети атынан сөйлесиўлер жүргизген генерал Кауфман арасында питимге қол қойылды. Ол тарийхта Гендимиан питими деп аталады. Бул келисим Хийўаның ҳәм ханлықтағы барлық халықлардың ғәрезсизлигин жоқ еткен әдил емес питим болды. Гендимиан питими қысқаша кирисиўден ҳәм 18 пункттен ибарат. Питимниң биринши пункити бойынша Хийўа ханлығы, патша Россияның ярым колониясы болды, ал хан өзин «Императордың мәмлекет хызметкерлери» деп мойынланады. Соның менен бирге, хан сиясий ҳуқықларынан айрылды ҳәм өзинше сыртқы сиясатты жүргизе алмайтуғын болды. Питимниң екинши ҳәм үшинши пунктлери қарақалпақлар ушын оғада аўыр, қолайсыз ҳәм қайғылы жағдайды пайда етти. Себеби ханлық қурамында бир тутас жасап атырған қарақалпақлардың жерлери екиге бөлип тасланды. Олар енди Хийўа ханына ҳәм патша Россияның үстемлигине ғәрезли болып қалды. Рус ҳүкимети қурамына жаңадан 76 мың кв.км. аймақтағы жерлер өтти. Гендимиан шәртнамасынан кейин Хийўа мәмлекетиниң аймағы бир неше мәрте қысқарды.

Ал, Гендимиан питиминиң төртинши пункти оң жағалықтағы жерлердиң бир бөлимин Бухараға бериўди де нәзерде тутқан еди. Бесинши ҳәм оныншы пунктлер руслардың Хийўа ханлығындағы саўда, транспорт ҳәм басқада мәселелериндеги артықмашлығы тастыйықланды. Енди руслар Хийўада еркин ҳәм закатсыз саўда ететуғын болды.

Питимниң алтыншы ҳәм жетинши пункти бойынша Хийўа ханы руслардың ханлықтағы қәлеген жеринен пристан, селад,

www.ziyouz.com kutubxonasi

дүкан ҳәм басқа да саўда орынларын салып, ийелеўине ҳуқықлы еди. Питимниң 8,9 ҳәм пунктлери бойынша рус саўдагерлери Хийўа арқалы товар алып өткенде баж төлеўден ҳәм басқада салықлардан азат етилип, еркин саўда жүргизиў ҳуқықына ийе болды ҳәм олар ханлықтағы қәлеген қалаларында өз адамларын сақлаўға ҳуқықлы болды. Сондай-ақ руслардың жер, суў транспорты, ханлықты қозғалмайтуғын мүлк сатып алыў ҳуқықы берилип ҳәм оннан салық алыў мәселесин Әмиўдәрья бөлиминиң баслығы шешетуғын болды. Хийўа ҳәм рус саўдагерлери арасындағы өз-ара келисимде дүзилди. 14 ҳәм 15 пунктлерде рус ҳәм Хийўа пухараларының арзаларын қарағанда руслардың артықмашылық жағдайларын көрсетилди. 16 пункт бойынша хан ҳүкимети ханлыққа Россиядан ҳәр қыйлы себеплери менен қашып келгенлерди қабыл етиўге миннетли болды.Нызамға муўапық жынаятшы болып жасырынып жүрген рус пухараларын патша ҳүкиметине тутып бериўи керек еди. 17 пункт ханлықта қулшылық мәңгиге сапластырылатуғыны тастыйықланады. Питим дүзилгенге шекем ханлықта ҳәм ҳәр қыйлы себеплер менен қул дор аталатуғын қырық мыңға шамалас адамлар болған. Питимниң ең соңғы 18 пункти Хийўаның басып алғандағы патша Россиясының шығынын төлеўге арналды. Ол 20 миллион 260 мың манат еди, оны 20 жыл мүддетке төлеп қутылыў белгиленди, соңынан бул мүддет және он жылға созылып ҳәм 1901 жыл ноябрьге шекем төлеў мүддети белгиленди.

Солай етип бул әдалатсыз питим бойынша бир халық қарақалпақ жери екиге бөлинеди. Хийўа ханлығы ишки ҳәм сыртқы сиясат тараўында ғәрезсизлигинен айрылды. Патша ҳүкиметиде бурынғы ханлықтағы камбағалларды ҳеш қашан қолламады. Қайта бурынғыдан да қаттырақ эксплуатация ҳәм талаў сиясатын жүргизди.

1873-жылы жазда патша Россиясының ўәкили ҳәм Хийўа ханы гиндимиан шәртнамасына сәйкес Әмиўдәрьяның оң жағы, барлық халықлары менен Россия қол астына өтип, бул жерде Әмиўдәрья округи дүзилди ҳәм кейин Әмиўдәрья бөлимине айланды. Әмиўдәрья бөлими 1886-жылға шекем тиккелей ҳәм ал 1886-жылдан кейин Сырдәрья областы арқалы Түркстан генерал губернаторлығына қарады. Әмиўдәрья бөлиминиң орайы Петро


www.ziyouz.com kutubxonasi

Александровск ҳәзирги Төрткүл қаласы болды. Ол қала принц Лейтехтенбергский усынысы бойынша император Петр I ҳәм Александр II лерге естелик ушын Петро-Александровск деп аталды. Кауфманның қаланы бул жерден таңлаўының баслы себеби, Хийўаға жақын, дәрья бойына жайласып ҳәм Бухарадан Мойнаққа шекемги Россияға бағындырылған халықларды бақлап турыўға қолайлы болыўы еди.

Әмиўдәрья округи административ басқарыў жағынан үлкен территорияға ийе болып ҳәм Шымбай бөлиминен турды. 1874 жылы Әмиўдәрья округи Әмиўдәрья бөлимине, ал Шымбай ҳәм Шорахан бөлимлери участкаға айландырылды. Басқарыўдың әўели жыллар рус администрациясы үлкениң сиясий, экономикалық жағдайын терең үйрениўге шекем, бурынғы басқарыў дүзимине суд ҳәм салық алыў сиясатына бирден өзгерис киргизиўди зәрүр деп санамады. Сонлықтан еле бул дәўирде руў басшыларының орны үлкен болды. Рус администрациясы буларды өз мақсетинде пайдаланыўға тырысты. Рус ҳүкимдарлары жаўлап алынған үлкениң экономикалық мүмкиншиликлерин үйрениў ушын Хийўа ханлығының пайтахты басып алғаннан кейин ҳәм олар қарақалпақлар территориясын кең түрде изертлеўге киристи.

Усы мақсетти 1875-жылы Әмиўдәрья бөлимине полковник Носивичтиң басшылығында астында шөлкемлестириў комиссиясы жибериледи. Комиссияның алдына қойған ўазыйпасы жерди, суўды пайдаланыўды тәртиплеў ҳәм салық алыў системасын белгилеў ҳәм басқада мәселелер турды. 1877-жылы қарақалпақлардағы жер салығы бурынғы 2 манат 75 тийиннен 5 манатқа жетти. 1875-1876 жыллары шөлкемлестириў комиссиясының усынысы, қадағалаўы менен Әмиўдәрья бөлиминдеги еки участка баслықларға ҳәм ал болыслықлар ақсақалларға бөлинди.

Булардың барлығы Россияның колониялық сиясатын жүргизиўши чиновниклер болып ҳәм соларға патша режимине бериллген адамлардан сайланды. Патша администрациясы колониялық ҳәкимиятты күшейтиў, беккемлеў мақсетинде, ақсақал ҳәм басқада ҳәмелдарларға айлық пул беретуғын болды. Солай етип ҳүкимети дәрьяның оң жағалығындағы Қарақалпақстан жеринде колониялық мақсетке муўапық басқарыў тәртибин орнатты.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонлықтанда шөлкемлестириў комиссиясының 1877-жылғы жумысының тийкарында Әмиўдәрья бөлиминдеги жер дүзилиси ҳаққында рәсмий реже қабыл етилди. Усы режеге муўапық барлық жер мәмлекетке қараслы деп белгиленди ҳәм жерди турақлы пайдаланыў ҳуқықы тийкарында дийханларға бекитилип қойылды. Патша администрациясы үлкени толық колонияластырыў ҳәм халық арасында өз тәсирин беккемлеў мақсетинде шеп жағалықтағы диний меккелерге тийисли ўақым жерлерди мәмлекетлик меншик деп таныды. Салық, тек жери бар дийханлардан емес, ал жери жоқлардан да алынды. 1874-жылы патша ҳүкимети 660 урал қазақларын әскерий хызметтен бас тартқаны ушын Әмиўдәрья бөлимине жер аўдарып әкелди.

XIX -әсирдин 80-жылларынан баслап Қарақалпақстанда пахта егиў кең тарала баслады. Буған себеп, Россия тоқымашылық санаатының Орта Азия пахтасына болған талабының өсиўи болып есапланады. Түркстанның басқа ўалаятындағы сыяқлы, Қарақалпақстанда патшашылықтың раўажланыўы, суўғарып егилетуғын егислик жерлердиң улыўма майданының өсиўи есабынан емес, ал ғәлле, от-шөплик егинлердиң ҳәм егислик майданларын қысқартыў есабынан әмелге асты. Бурын бийдай, арпа ҳәм тары егилген жерлерге енди пахта егилетуғын болды. Пахташылықтың раўажланыўына өзинен де бурын рус санаат капиталы мәпдар болды, өйткени бул оның халық аралық базарда бәсекелесиўшилик жағдайын жеңиллестиретуғын ҳәм үлкен пайда алыў мүмкиншилигин ашып беретуғын еди. Сонлықтанда пахта, гезлеме ислеп шығаратуғын капиталистлик санааты ийелериниң ўәкиллери патша ҳүкиметинен сырт еллерден гезлеме алып келиў зәрүрлиги болмайтуғын дәрежеде, Россияда пахта гезлемесин жетистириў ушын Орта Азияда ҳәм Кавказда пахташылық районларын дүзиўге бағдарланған илажлар көриўди өтиниш етеди. Қарақалпақстанда пахта егилетуғын жерлер 1898 жылғы 3000 десятинадан, 1910-жылы 5000 десятинаға өсти. Биринши жер жүзлик урыстың алдында пахташылық Қарақалпақстанның экономикасында тийкарғы орынды ийелеп баслады. Хожалықтың барлық финанслық тәрепи тийкарынан усы егинниң кең еңгизилиўине тығыз байланыслы болды. XX әсирдиң басында товарлы егин ретинде жоңышқа тухымы үлкен

www.ziyouz.com kutubxonasi

орын ийелейди. Қарақалпақ жоңышқасының тухымы халық аралық базарда да ең жақсыларының бири деп есапланды. Европа бөлимине ҳәм сырт еллерге жөнететуғын саўдагерлер пайда болды. Олар Қарақалпақстанның экономикасы есабынан өз капиталларын көбейтип отырды. Елде пахташылық пенен жоңышқашылықтың раўажланыўы санаат кәрханаларының пайда болыўына алып келди. Бирақ пахташылық Қарақалпақстанды рус санааты өнимлерин сатыў базары ретинде ҳәм капиталистлердиң фабрикалары менен заводларына зат жеткерип бериўши ретинде күш пенен сақлап турыўға ҳәрекет етти. Россия саўда- санаат капиталы бул жерде тек аўыл хожалық шийки затын ҳәм биринши гезекте пахтаны дәслепки қайта ислеўши кәрханалардығана дүзди. Биринши пахта тазалаў заводы 1880 жылы қурылып, олардың саны 1907 жылы 18 ге жетти. Ал 1913-1914-жыллары Әмиўдәрья бөлиминде пахта заводы, Хийўа ханлығының қарақалпақлар үлкесине караслы қыпшақ, маңғыт, Хожели ҳәм Қоңырат бекликлеринде 10 ға шамалас пахта заводлары болған. 1878-жыл Әмиўдәрья бөлиминде биринши былғары заводы ҳәм 1887-жылы Шымбайда май заводы иске түскен. Бул кәрханалардың барлығында майда ҳәм техникалық жақтан төмен еди.

Солай етип, бул дәўирде Қарақалпақстан халқының социал-экономикалық турмысында әдеўир өзгерислер орын алды. XX-эсирдиң басында аўыл хожалығы өнимлери менен саўда жасаў кең раўажланды, ишки ҳәм сыртқы саўда өсти санаат кәрханалары раўажлана баслады. Патша Россиясының колониялық сиясаты нәтийжесинде халықтың аўҳалы төменледи. Дийханлардың мәжбүрий төлейтуғын салық муғдарлары көбейип кетти. Миллий колониялық езиўшилик сиясий, экономикалық ҳуқықсызлық ҳәм Қарақалпақстан мийнеткешлердиң социаллық турмысын төменлетти. Түркстан генерал губернаторы тәрепинен дүзилген шөлкемлестириў комиссиясы, 1875-жылы Әмиўдәрья бөлиминдеги халықлардың жерлерине өлшеў жүргизди ҳәм үй хожалықлардың дизимин алды. Рус патшалығының колониялық мақсетин беккемлеў ушын өткерилген бундай илажлар қарақалпақ дийханларының наразылығын келтирип шығарды. Дийханлар ҳәрекетлериниң орайлары Шахаббаз-Валий менен Бийбазар болыслығы болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 2. XIX әсирдиң ақыры - XX әсирдиң басында Әмиўдәрьяның шеп тәрепиндеги қарақалпақлардың социал-экономикалық жағдайы

XX әсирдиң ақырында Хийўа ханлығында 20 мыңнан көбирек қарақалпақлар жасаған. Қарақалпақлар көбинше ханлықтың Қоңырат, Шоманай, Хожели бекликлеринде ҳәм Гөне Үргениш әтирапында жасаған. Ханлықтың басқа бекликлеринде жасаўшы қарақалпақлар аз санда болған.

Хийўа ханлығының жәмийетлик сиясий дүзими, 1873-жылдан кейин, патша Россиясы қол астында болған ҳәм оң жағалықтағы Әмиўдәрья бөлимине қарағанда оғада аз өзгерди. Хийўа ханы еледе басқарыў тәртиплерин сақлап қалыў ушын барынша ҳәрекет етти. Нызам шығарыў, басқарыў ҳәм суд бийлиги тийкарын ханның өзи қолында услап турды. 1910-жылы Муҳәммед Рахимхан II дүньядан өтти ҳәм оның орнына болған Асфандияр хан дәўиринде ханның бас ўәзири Исламхожа бир қатар реформаларды иске асырыўға киристи. Бирақ, ол Хийўадағы жаңалықларға карсы топарлар тәрепинен өлтирилди. Ханның баслы ҳәмелдарлары- қусбеги, метер ҳәм дийўанбеги болды. Олар қаржы жумсаў, салық жыйнаў, ҳәм нөкерликке адам алыў мәселелерин шешти. Бул ҳәмелдарлардың ҳәр бириниң кеңеси ҳәм бир неше хатшылары болды. Булардан кейинги ҳәмелдарлар-ҳаким (бек) ҳәм найып есапланды.

Ханлықтағы, қарақалпақлар өзлериниң руў басшылары арқалы басқарылған. Оларда руў басшылары, аталық ҳәм бий деп аталған. Бий өз руўларын басқарған. Олар аталыққа бағынған. Ал аталық әдеўир көп санлы ҳәм бир неше руўларды басқарған. Аталық өз гезегинде беклер беги де бағынған. Олар қарақалпақтың баслы руў бирикпелериниң басында турған. Беклер беги ҳәкимге (бекке) бағынған. Хийўа ханлығында қарақалпақларда, қазақларда ҳәм түркменлерде руў басшыларының хызмет орыны мийрас болып атадан балаға өтип отырған. Бирақ атасының орнына баласы хызметке өтиў ушын ханның тастыйықлаўы керек болған. Қарақалпақларды басқаратуғын ханның адамы дәслеп дийўанбеги Мәтмурат ҳәм оннан кейин Юнус жасаўыл басы болған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

1873-жылға шекем қарақалпақларда «жүзбасы» қараўында жүз адамнан ибарат қураллы нөкерлери бар жүдә үлкен хәмел еди. 1873-жылдан кейин хан әскерлериниң таратылыўына байланыслы «жүзбасы» хәмели тоқтатылды хәм оның орнына хәкимниң (бектиң) қараўында 10-15 адам полиция хызметин атқарған. Хийўа ханлығында төменги басқарыў хәмелдарларының ишинде мурабларда белгили орынды ийеледи. Олар жаплларды каналларды қазыў хәм суў бериў жумысларын шөлкемлестириў жумыслары менен шуғулланды.

Жерден пайдаланыў формасына қарай Хийўа ханлығының халқы жер салығын хәр қыйлы дәрежеде төледи. Патшалық жерде ислеген дийхан мәмлекетлик жерди ижараға алған адам иретинде хызмет етти. Олардан алым (өним) егилген жердиң көлеминен алынбады хәм ал жыйналған өнимине қарай алынды.

Барлық мүлк жерлер, алым мәселесинде үш түрге бөлинген. Жарлықлы мүлк, мүлк хәм атайы мүлк. Жарлықлы мүлк хәм мүлк жерлери-жеке меншик жерлери болып есапланады. Жарлықлы мүлк-деп хан алдында қандайда бир атқарған унамлы хызмети ушын патшалық жердиң есабынан өмир бойы пайдаланыўға ханның жарлығы бойынша жеке адамларға берилген жерлер аталған. Бундай хүжжетлер хан хәм қазы қаланың мөри менен тастыйықланған. Бундай хүжжеттиң ийелери жарлықлы мүлкдар деп аталған. Патшалық жердиң есабынан көрсеткен иси ушын жер алсада көп адамлар жарлық алыўға ақша төлемеген. Бундай адамлар тек ханның есап дәптерине жазылып қойыла берген. Бундай жер ийелеўшилер мүлкдар деп аталған хәм ал жери мүлк жер деп аталған.

Атайы мүлк жерлер- туқым қуўып атадан балаға киятырған жерлер. Бул жерлерди ийелеўшилерде барлық мүлкдарлардай үш түрге бөлинген. Бирақ, басқа мүлкдарлардай олар ақшалай жер салығын емес, ал ақшалай хожалық салығын төлеген. Хийўа ханлығында жер ийелеўдиң үшинши формасы ўақым жерлер болды. Ўақым жерлер тәртип бойынша 1/10 есабынан жерсиз дийханларға ижараға берилди. Ўақым жерлерден жыйналған барлық алым (өним) тәртип бойынша толығы менен диний мекемениң қараўына берилиўи тийис болған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

1873-жылдан кейин ханлықтағы қарақалпақлардан алынатуғын барлық салық системасы өзгерди. Бурынғы «салғурт кесме» орнына натурал алым ҳәм ақшалай салық алынатуғын болды. Соның менен бир қатарда Хийўа қарақалпақлары сол ўақытта 40 малдан бир мал закат төледи. Бул салықлар усы күйинде халықтан 1890-жылға шекем алынды. Усы жылдан баслап, хан натурал алымды «шаңарақ пулы» менен аўмастырды.

Хийўа ҳүкимети ҳәр үш жылдан «шаңарақ пулы» салығының муғдарын 5 есеге көбейткен. Олардың есабы бойынша усы ўақыт ишинде қарақалпақлардың хожалығы 1/20 есе өсиўи тийис болған. Бул қосымша салық елдиң бийи арқалы бөлистирилген. «Шөп пулы», патшалық жерге мал жайғанлардан алынады деп айтылса да, ҳәтте малы жоқтан да алынған. Барлық натурал алымның ишинде ең аўыры суўғарыў тармақларынан алынатуғын алым болған. Суўғарылып егилетуғын жердиң базасы қарақалпақлардың айырым руўлары тәрепинен қазылатуғын ҳәм суўғарыў каналларының көплеген тараўлары болған. Баслы каналларды тәртипке салыў ҳәммеге тең натурал- алым патшалық қазыў жолы менен белгиленген. Патшалық қазыў қарақалпақлардың аймағында Шоманай, Қыят жарған, Бегжап ҳәм Хан жапларда жүргизилген. Бул жаплардың қазыўы хан тәрепинен басқарылған. Соның ушын да патшалық қазыў деп аталған. Патшалық қазыўды шөлкемлестириў ушын хан өзиниң ҳәмелдарын жиберген, ол сайыпкер деп аталған. Сайыпкердиң қараўында жасаўыл, шыбықшы, мураб ҳәм ҳәр бир белдар келетуғын аўылдың бийи болған. Қарақалпақлар, патшалық қазыўға ҳәр бир үш хожалықтан бир белдар жиберген.

Булардан тысқары саўдагерлер ҳәм қалада жасаўшылар базарға шығарып сатқан буйымлары ушын зәкат төлеген ҳәм базарда саўда етиў ҳуқықы ушын кесим «тәкижай» төлеген.

## § 3. Хожалығы

Әмиўдәрьяның шеп жағалығындағы Хийўа ханлығындағы жасаўшы қарақалпақларды ҳәм бул дәуирдеги хожалығының түрине қарай еки топарға бөлиўге болады. Суўғарып егиўге қолайлы жерлерде жайласқан қарақалпақлар негизинен дийханшы-

www.ziyouz.com kutubxonasi

лық пенен шуғылланған. Теңиз жағалаўында, дәрья әтирапында жасаўшы қарақалпақлардың хожалығы көп тармақлы болып, шарўашылық, балықшылық ҳәм дийханшылық пенен шуғылланған.

Олардың дийханшылығында егистиң еки түри болған. Ақ егис ҳәм көк егис. Ақ егиске жазлық бийдай, гүзлик бийдай ҳәм арпа киреди. Егинниң қалған түрлери көк егиске жатады.

Жаптың сағасындағылар менен аяғындағыларды суў менен тең тәмийинлеў ушын «әспек» усылы қолланылған. Әспектин тәртиби: жап бир неше участкаларға бөлинген. Аўыллардағы мураблар жаптағы суўды гезеклестирип участкаларға бөлип берген. Әспектиң мүддети үш күннен бес күнге шекем созылған.

Шарўашылық аўыл хожалығының әҳмийетли тараўының бири болып есапланған. Мал бурынғы заманлардан баслап қарақалпақларда, олардың турмысының жағдайын ҳәм бай-жарлылығын белгилеўши өлшемли болып есапланады. Қарақалпақлардың барлық жыйнаған тергени, азық-аўқаты ҳәм басқа затларының баҳасы малдың саны менен белгиленген. Ҳәтте, Шоманай дийханшылық оазисиниң қарақалпақлары да Хийўа ханлығын қара мал менен тәмийинлеўшилердиң бири болған. Дийханшылық ҳәм шарўашылық пенен бир қатарда Хийўа қарақалпақларының хожалық турмысында балықшылықта үлкен орын тутқан.

Хийўа қарақалпақларында XIX әсирдиң ақыры- XX әсирдиң басында саўда оғада жақсы раўажланды. Аўыл хожалық өндирисиниң өнимлери жүн, тери ҳәм бир қатар қол өнер затлары менен саўда жасалған. Жергиликли саўдада майда алып сатарлар менен бир қатарда, бул ўақытта қарақалпақлар ортасында жоңышқа тухым, кептирилген мийўе, жүн ҳәм балық пенен көтере саўда жасайтуғын ири саўдагерлер де пайда болды. Балық сатып саўда жүргизиўшилер Қоңырат, Қазалы, Оренбург ҳәм Әмиўдәрья менен Чаржаўға барып, оннан арман темир жол арқалы Россияның орайлық районларынан бояў, қант, шай, тоқымашылық затларын әкелип, саўда ислеген.

Хожели, Қоңырат, Гөне Үргениш, Жаңа-қала (Шоманай беклигинде) Хийўа қол астындағы қарақалпақлардың саўда орайлары болған. Базарлар қарақалпақлардың жәмийетлик турмысында үлкен орын тутқан. Қарақалпақ аўылларының күнделик

www.ziyouz.com kutubxonasi

турмысындағы жаңалықлар ҳәм турмыста зәрүрли болған барлық мәселелер усы жерде талқыланған. Усының менен бирге базар қарақалпақлар менен ханлықта жасаўшы басқа халықлардың экономикалық қатнасын күшейтиўге бирден-бир орай болған.

## § 4. Қарақалпақстаннан тысқары аймақларда жасаўшы қарақалпақлар

XVIII-XIX әсир даўамында қарақалпақлардың тарийхый тәғдири Бухара, Қоқанд ханлығы менен Орта Азияның көплеген жерлери менен, сондай-ақ Едил, Жайық ҳәм басқа жерлер менен тығыз байланысқан. Тарийхый дереклер, усы аты аталған жерлерде қарақалпақлардың бөлек-бөлек болып, басқа қоңсы халықлар менен сиясий ҳәм мәдений байланысларға қатнасықлығы туўралы мағлыўматлар бар. Гейпара тарийхый дереклердиң берген мағлыўматлары бойынша қарақалпақлардың Орал дәрьясының бойларында, Волга дәрьясының төменги ағысында ҳәм Астрахан губерниясында жасағанлығы туўралы жазба мағлыўматлар сақланған. Қарақалпақлардың бул аймақларда жасаў тарийхы узақ дәўирлерди өз ишине алып ҳәр қыйлы тарийхый жағдайларға байланыслы болған. Әсиресе XVIII әсирдеги жаўгершиликлер Орайлық Азия жерлерине Жунған қалмақларының басып кириўи, Бухара ҳәм Хийўа ханлығын Иран шахының басып алыўшысы Нәдир әскерлериниң шабылыўы негизги себеплерден болған.

Урал ҳәм Волга дәрьясының аралығындағы кеңисликте жасаған қарақалпақлар ҳәм қазақлар туўралы рус изертлеўшиси А.Харузин, I әсирде бираз мағлыўматлар жазып қалдырған. Бул жердеги қарақалпақларда, Астрахан губерниясындағы қарақалпақларда шоқ-шоқ болып жасаған. Олардың тарийхый тәғдири қарақалпақлардың негизги топары болған Әмиўдәрья, Арал теңизиниң бойында жасаған қарақалпақлардан бөлек раўажланған. 1917-1918 жылларға шекемги дәўирде тек бир рет ғана 1897-жылы Россия империясы халқының улыўма есабы алынды. Онда бир қатар кемшиликлер болып ҳәм халықтың миллий қурамы жеткиликсиз изертленген. Ал, 1926 жылғы ҳәм кейинги жылларда халықтың бурынғы аўқамлық есабы материаллары бойын-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ша ҳәм бурынғы аўқамда барлығы болып 173 мыңға шамалас қарақалпақтың бар екенлиги анықланды. Буннан тысқары қарақалпақлар Қазақстанның Уралда 1147 адам, Сырдәрьяда 505, Жетисуўда 240, Ақмолада 119 ҳәм Ақ төбе губерниясында 45 қарақалпақ жасаған. Ал Түркменстанда 1537 қарақалпақ есапқа алынған. 1847-жылы Астрахан губерниясында 305 қарақалпақ болған. 1959-жылғы халықтың пүткил аўқамлық есабын алыўдың материаллары бойынша ҳәм бурынғы аўқамда 172556 қарақалпақ жасаған:

1926-жылғы халықтың пүткил аўқамлық есабын алыў материалларына қарағанда 1959-жылғы халықтың пүткил аўқамлық есабын алыўдың материалларында Хорезм оазисинен шетте жасаўшы қарақалпақлардың саны ҳәм областлары менен районлардың саны әдеўир қысқарған. Олар өзбек ҳәм қазақлар миллетлери биригиў процессинде қарақалпақлардың көплеген аз саны группалары өзлериниң әтирапындағы өзбек ҳәм қазақлар менен тәбийий ассимляцияласып жәнe қосылысып кеткен. 1970-жылғы халықтың есабын алыў мағлыўматы бойынша аўқамда барлығы болып 423520 адам қарақалпақлар болған. Соннан: РСФСР да 6155, Украинада 273, Белоруссияда 152, Өзбекстанда 411878, Қазақстанда 1387, Грузияда 82, Азербайжанда 102, Литвада 42, Молдавияда 27, Литвада 7 ҳәм Эстонияда 5 қарақалпақлар жасаған. Сондай-ақ 1926 жылғы есап бойынша Ауганстан аймағында 15000 қарақалпақлар жасағанлығы белгили.

Ҳәзирги Өзбекстан қурамындағы қарақалпақлар өзиниң тарийхында Бухара ханлығы менен тығыз байланыста болған. Қарақалпақлардың көплеген топарлары Бухара ханлығының аймағында жасап ҳәм ол жердеги тарийхый сиясий ислерге қатнасқан. Қарақалпақлар Бухара әмирлигиниң Зарафшан, Сурхандәрья ҳәм Қашқадәрья әтирапларында жасаған. Бул ҳаққында рус этнографы Гребенкинниң жазған миннетлеринде мағлыўматлар бар. Сондай-ақ Нурата, Мианкөл ҳәм Жиззақ далаларында қарақалпақ аўыллары көп болған. Нурата аймақлары қарақалпақлар тилинде таў ели деп аталған. Гейпара қарақалпақлардың Шахрисабз беклигинде жасағанлығы ҳаққында А.Кун мағлыўматлар жазып қалдырған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақлардың тарийхы Қоқанд ханлығы менен де тығыз байланыста болған. Олардың үрим-путақлары ҳәзирги Ферғана ойпатында бар. Олар тарийхый дереклерде «қарақалпақ даласы» деген атама менен белгили. Илимпаз Л.С.Толстованың көрсетиўи бойынша қарақалпақлардың Қоқанд ҳәм Бухара ханлығына жайласыў ўақты XVIII әсирдиң басларына туўра келеди. Қоқан ҳәм Бухара ханлығының қурамында жасаған қарақалпақлар ҳәм бул жердеги халықлардың сиясий турмысына белсене қатнасқан. Олар бул жерде қоңсы халықлар менен бирге дийханшылық, шарўашылық, балықшылық ҳәм басқа да хожалық ислери менен шуғылланған. Қарақалпақлар, Қоқанд ханлығында үлкен ирригациялық ислерди қазыўға қатнасқан.

Қарақалпақлардың тарийхын үйрениўге қызығыўшылық ҳәм қарақалпақлар жөнинде материаллар излеў Россияның Орта Азияны басып алғаннан кейин артты. 1917-1918-жылларға шекем Түркстан генерал губернаторлығының қараўында ислейтуғын бир рус илимпазы қарақалпақлардың улыўма санын билиўге қызыққан. Ол жөнинде Орта Азияның түрли ўәлаятларының, сондай-ақ қазақ, татар ҳәм башқурт арасынан материаллар жыйнап «Каспий жазыўлары» деген ҳәм бир баспа табаққа жетер жетпестен китапша жазған. Онда Андижан ўәлаятында 30000, Наманганда 15000, Қоқандта 10000, Ош ўәлаятында 20000, Ферғана да 17000, Ташкент оазисинде 50000 нан аслам, Самарқандта 27000, Бухарада 13000 ҳәм Хийўа ханлығында 100000 нан аслам қарақалпақлар болғанын жазады. Бул цифрлар ҳәзирги қарақалпакстан аймағын қоспағанда 1920-жылғы пүткил аўқамлық жан есабын алыў ўақтында Ферғандан 18520 қарақалпақ көрсетилсе, буннан тысқары қарақалпақ даласында 30000 үйли қарақалпақ көшип жүрген. Ферғана қарақалпақларының айтыўынша бул аймақтағы қарақалпақлар әлле қашан ақ миллионнан асқан. 1926 жылға жан есабын алыўда Өзбекстанда 26664 қарақалпақ есапқа алынған.

Ал Қарақалпақстанның тысқарысында соңғы статистикалық есапларға муўапық 26000 қарақалпақлар жасайды. 1959-жылғы есап бойынша, Бухара ўәлаятында 5950, Ферғанада 4704, Хорезм ўәлаятында 523, Түркменстан ҳәм Ташаўыз ўәлятында 2548 қарақалпақлар жасаған. Ал 1989-жылғы есап бойынша Андижанда 118, Бухарада 15729, Жиззахта 71, Қашқадәрьяда 197, Наман-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ганда 90, Самарқандта 782, Сурхандәрьяда 97, Сырдәрьяда 89, Ташкент ўәлаятында 941, Ферғана да 383, Хорезмге 684 ҳәм Ташкентте 3621 қарақалпақлар жасаған. Өзбекстан Республикасы қурамында 1925-жылдың 22- февралындағы орайлық шөлкемлердиң қарарына сәйкес Нурата уездиндеги қарақалпақлар жасайтуғын сорамды өз алдына район, ал Кенимех орайы етип бериллген еди. Кейиншелик бул район қазақ-қарақалпақ автономиялы районы болып қайта дүзилип ҳәм тиккелей Өзбекстан Республикасының орайлық шөлкемине бағындырылды. Бухара областына 1943-жылдың 2-августында Өзбекстан республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының қарары менен Қарақалпақстан Республикасының Тамды районы қосып жибериледи. Улыўма алғанда Қарақалпақстаннан сырта жасаған қарақалпақлардың тарийхы сол жасаған жерлериниң тарийхы менен тығыз байланыста раўажланып ҳәм олардың негизги топарлары менен де байланысып турған. Бул байланыслар 1917-жылғы аўдарыспақ дәўирине шекем даўам еткен. Кейин ҳәр қыйлы жағдайларға байланыслы тоқтап қалған. Ҳәзирги ғәрезсизликке ерискен заманда бул үзилип қалған мәдений –саўда байланысларымыз сыртта жасаўшы қарақалпақлар топары менен тағы да қайта тикленбекте.

## § 5. Қарақалпақлардың колониялық сиясатқа қарсы азатлық ушын гүреси

Патша Россиясының үстемлик еткен дәўиринде колониялық езиўшилик ҳәдден тыс күшейип жергиликли халық оғада аўыр турмыста жасады. Үзликсиз көбейип барған салықлардан басқа мәжбүрий төленетуғын ҳәр қыйлы төлемлер ҳәм миннетли түрде ислеп беретуғын жумыслар қарақалпақлардың турмыс аўҳалын төменлетип жиберди. Әсиресе, үлкедеги халықлардың тийкарын қурайтуғын дийханлар ең аўыр колониялық жағдайда жасады. Олар канал, жапларды қазыў тазалаўдан баслап ҳәм дийханшылық жумысларының барлығын дерлик өзлериниң қол-күшлери менен исследи. Бул жумыслар ушын патшашылық тәрепинен ғәрежет бөлинбеди. Буның үстине аўыл хожалық жумысларына тийисли қураллар дийхан хожалықларында жетиспейтуғын еди. Булардың барлығы халықтың, патша Россиясы сиясаты-


www.ziyouz.com kutubxonasi

на наразылықларын пайда етти. Наразылықлар бир неше түрде болып өтти. Патша ҳәкимшилигине жеке, жәмәәтлик арза бериў, қарсылық көрсетиў, салық, алымларды төлеўден бас тартыў, және де ҳәр қыйлы миннетли ислеп бериўлерге, жергиликли сайлаўлардағы әдилсизликлерге қарсы шығыў ҳәм қураллы көтерилис түринде болды.

Әсиресе, Түркстан генерал-губернаторы тәрепинен жиберилген шөлкемлестириў комиссиясы 1875-1877-жыллары, Қарақалпақстанда колониялық басқарыў, жер ҳәм салық мәселесин белгилеп атырған ўақытта да халық наразылығы болып турды. Оны усы комиссияның баслығы полковник Носович ҳәм Шымбай участкасының приставы мойынлап, наразылықлар ҳәм әсиресе қарақалпақлардың дәрьяның шеп тәрепине көшиў ҳәдийселери бар екенлиги ҳаққында билдириў жазды. Сол жыллары Шымбай участкасынан шеп жағаға 2 мыңға жақын дийханлар көшкен. Әмиўдәрья бөлиминиң баслығы, көшип кеткенлерди мәжбүрий түрде қайтарыў ушын илаж көрди. Оларға жер берилмейтуғынлығын дағазалады ҳәм салық салыў тапсырылды. Және де Әмиўдәрья бөлиминде жайлаўдың от-шөбинен пайдаланғаны ушын салық жыйналатуғыны да ескертилди. Патша ҳәкимшилигиниң бул тәртибине дийханлардың наразылығы күшли болды. Солай етип, халықтың патша ҳәкимшилигине қарсы ҳәрекетлери барған сайын күшейди. Бундай ҳәрекетлер барған сайын өсип ҳәм патшашылықтың колониялық үстемлигине қарсы көтерилис дәрежесине шекем жетти.

XIX әсир ақырында патша Россиясының колониялық сиясатына қарсы халық ҳәрекетлери ишинде Шорахан участкасының Шейх-аббаз-ўәлий болыслығынан шыққан Баба Гөклен Отыз улы басқарған дийханлар көтерилиси айрықша болды. Халық арасында ол Гөклен батыр деп аталды. Көтерилис үзил-кесил 10 жылға шамалас (1881-1891-жыллары) даўам етти. Ол тек Шейх-аббаз-ўәлий (Шаббаз-ўәлий) ҳәм Бийбазар болыслығы емес, ал Нөкис болыслығы ҳәм басқа да жерлерге таралды. Баба Гөклен Отыз улы басқарған дийханлар ҳәрекети, әсиресе 1883-1884-1888 ҳәм 1891-жыллары күшейди. Оның топарында булардан басқа, Петро-Александровск түрмесинен ҳәм Сибирь сүргининен қашып келгенлерде болған. Баба Гоқленниң ең белгили жигитлери Сары


www.ziyouz.com kutubxonasi

Непесов, Бегим Ишанбетов ҳәм басқалар болған. Гейпара мағлыўматларға қарағанда, бул көтерилиске қатнасқанлар түркмен, өзбек, қарақалпақ ҳәм қазақлардан ибарат болған. Баба Гөклен топары патша ҳәкимшилигиниң ҳәмелдарлары үйине ҳәм мәкемелерине қураллы топылыслар жасаған.

Патша ҳәкимшилиги Баба Гөкленге қарсы оны бастырыўға көп ҳәрекети күшейди. Олар Қара таўда ҳәм аўыл арасында бир неше әскерий операциялар жүргизди. Тек 1891-жылы ғана Баба Гөклен усланып ҳәм оның жигитлери менен бирге Петро- Александровскте азаплап өлтирилди. Бул көтерилис, қарақалпақлардың колониялық езиўге қарсы гүрес тарийхында әҳмийетли орын тутады. Патша ҳүкиметиниң халыққа қарсы ҳәр қыйлы зорлық – зомбылықлары дийханлар ҳәрекетлериниң тағыда күшейиўине алып келди.

Колониялық ҳәкимлердиң зорлық-зомбылықларына қарсы халық массасынын наразылығы, олардың ең әпиўайы сиясий ҳуқықлары ушын гүреси патшалықтың аўыллық ҳәкимлигиниң-ақсақал ҳәм болыслықларды сайлаўда айрықша көзге түсти. Мысалы, 1899-жылы март айының басындағы Шымбай участкасындағы Таллық болыслығы халқының қозғалаңы болды. Усы қозғалыстың басшылары ретинде баслы айыплы деп есапланған 19 адамды қамаққа алды ҳәм олар әскерлердиң бақлаўы астында Петро-Александровск қамқханасына жиберилди. Бул камақханада олар бес айдан аслам ўақыт жатады. Аўылласларының талабы бойынша олар 1899-жылы 25-сентябрьде қамаўдан босатылып ҳәм полиция бақлаўы астында аўылларына қайтарылады. Бул дийханлардың қозғалаңы бастырылса да, оның қатнасыўшылары Шымбай участкасының приставы Корниловты ҳәм басқа да жергиликли ҳәкимлерди хызмет орнынан босатыўға еристи. Бул қозғалаң халқымыздың колонияллық дүзимге қарсы гүресинде белгили орын алады, сондай-ақ, тарийх ҳәм әдебиятта Баба Гөклен қозғалаңы он тоғыз аты менен белгили.

Патша Россиясының колонияллық сиясатына қарсы гүрес тек дийханлар, шарўалар емес, ал балықшылар ҳәм басқа да кәсип ийелери арасында да болып турды. 1897-жылдың жазында Көк көл болыслығының балықшылары балық кәрханасының старшинасы Поповқа қатаң қарсылық көрсетип, патшашылықтың

www.ziyouz.com kutubxonasi

өндирис ийелериниң балық тапсырыў тәртибин орынламады ҳәм салықларды төлеўден бас тартты. Колонияллық сиясатқа қарсы халық ҳәрекетининң күшейгенин ҳәм ҳәттеки Әмиўдәрья бөлиминиң баслығы Галкинниң өзи де мойынлап «қандайда бир қолайлы жағдай келген ўақытта бул жердиң халықлары ҳәзирги үстемлик етип турған басқарыў тәртибине қарсы ҳәр түрли жынаятлар ислеўи мүмкин» -деп жазды. Солай етип, патша ҳүкиметиниң колонияллық үстемлигине қарсы Қарақалпақстан халықларының наразылық ҳәрекетлери барған сайын өсип барды ҳәм әсиресе XX әсир басларында халықлардың миллий азатлық гүресинде жаңа басқыш басланды.

XX әсирдиң басында Россияның барлық районлары ҳәм Түркстан үлкесинде де патшалықтың сиясатына қарсы наразылықлар күшейип кетти. Үлкедеги Ташкент, Самарқандта, басқа қалаларға ис таслаў ҳәрекетининң өсиўи Қарақалпақстанда да социаллық ҳәм колонияллық езиўге қарсы гүрестиң күшейиўине тиккелей тәсир жасады. Әмиўдәрья флотилиясы устаханасының жумысшылары биринши болып ис таслап ҳәм 8 саатлық жумыс күнин белгилеўди талап етти. Жергиликли халықлардың, соның ишинде қарақалпақ дийханлардың қозғалысы күшейди.

1905-жылдың бәҳәринде халық арасында мәжбүрий қурылыс миннетли жумысларды орынлаўды бастырыўлар көбейип кетти. Әсиресе, ишки, сыртқы канал ҳәм жапларды тазалаў жумысларында ислеп атырған дийханлардың наразылығы пайда болды. Каналлардың қазыў жумыслары суўық күнлери ҳәм батпақлы аўыр жағдайларда алып барылады. Сонлықтан көплеген дийханлар бул жумыслардан бас тартқан.

Қоңырат беклигинде 1905-жылдың февралында жарлы дийханлардың қозғаланы басланған. 1905-жылдың гүзинде Петро-Александровскте Сазанов заводының жумыслары мийнет ҳақыларын көбейтиў ҳаққында завод ийеси алдына талап қояды. Еки ай даўамында почта телеграф хызметкерлерининң ис таслаўы даўам етип Қаракалпақстан, Хорезм аймағындағы почта ҳәм телеграф байланысы үзилиске түседи.

Үлкедеги мийнеткеш халықты аяўсыз эксплуатациялағанлардың бири дәлдалши, алып-сатар ҳәм саўдагерлер болған еди. Олардан затларды тәрезиге өлшегенде алдаў ҳәм басқада турпа-

www.ziyouz.com kutubxonasi

йылығы болған. Үлкедеги түрли алымлар ҳәм әсиресе тоғайдан ағаш шапқаны ушын жәрималар 1905 -жылға қарағанда 1906-жыл үш есе дерлик өсти. Социаллық ҳәм колонияллық езиўдиң күшейиўи 1906-жылы Шымбайдағы қозғалыстың тиккелей себепшиси болды.

Қарақалпақстан мийнеткешлериниң 1905-1907-жылларда патшалыққа қарсы болып өткен қозғалаңларына барлық мийнет адамлары: жумысшылар, дийханлар, балықшылар, суў жолы транспорты жумысшылар Әмиўдәрья флотилиясы солдатлары және рус ҳәм украин, белорус сыяқлы баска да халықлардың ўәкиллери қатнасты.

1909-жылы 5-июньде Түркстанда ҳәм Кавказда пахташылықты раўажландырыў бойынша жыйналыс болып өтти. Усаған байланыслы Түркстан үлкеси халықларының артқы жерлерин алыў ҳаққында нызам қабыл етиўине байланыслы ҳәм бул үлкениң жергиликли халықларынын жерлерин тартып алыў ғалаба күшейип кетти. Артық жерлерди белгилеў мақсетинде Әмиўдәрья бөлиминен бир нешше топарлар жиберилди. Олар тәрепинен 1912-1913-жылларда Шымбай ҳәм Шорахан участкаларында тексериў жумыслары жүргизилип бир неше десятина муғдарында артық жерлер белгиленди. Бул жерлер жер қорының қараўына алыныў тийис болды. Бул илажлар колониялық тонаўшылық сыпатына ийе болып, патша ҳүкимети қонысландырыў жер қорларын көп күш талап ететуғын партаў жерлерди өзлестириў есабынан емес, ал жергиликли халықлар тәрепинен әлле қашан өзлестирилген жер участкаларын алыў есабынан дүзилди.

Колониялық езиўшиликтиң ақыбети 1911-1912-жылларындағы ашлық ўақтында айрықша көзге түсти. Бул аянышлы жыллар Қарақалпақстан тарийхында «ақ қапшық» атақ алған. Себеби Россия қалаларынан әкелинип сатылған ун ҳәм бийдай ақ қапшықларда әкелинген.

1910-жылы ноябрь айында Түркстан үлкесиниң түрли орынларында қатты боран суўық болып, ол Әмиўдәрья бөлиминде қамтыған еди. Бурын болып көрилмеген қатты суўықтан ҳәм Әмиўдәрья суў мезгилинен бурын қатты. Усының нәтийжесинде Чаржаўдан Петро-Александровск кеңеси жиберилген ең зәрүрли жүклер, соның ишинде азық-аўқат затлары жолда бир қыс даўа-

www.ziyouz.com kutubxonasi

мында иркилип ҳәм пайдаланыўға пүткиллей жарамай қалды. Усы қыста, дерлик барлық гүзлик бийдайды суўық урып кеткен. Шорахан участкасында 1700 адам (598 хожалық) ҳәм пүткил Әмиўдәрья бөлиминде 5 мың үй апатшылыққа ушыраған. Мийнеткеш халықтың бундай аўыр жағдайынан үстем топарлар өз мәплерине пайдаланды. Капиталистлер, феодаллар ҳәм байлар камбағалласқан дийханлардың егис жерлерин оғада төмен баҳа менен сатып алған. Дәнге мүтәжлик көбейип, ашырқаған адамларға мәмлекетлик топарлардың ўәкиллери Әмиўдәрья бөлимине дән алып келип ҳәм оны қымбат баҳа менен сатады.

Рус- Азия банки тәрепинен Оренбургтан 10 вагон ун, Ашхабат, Мары ҳәм Чаржаўдан 50 вагон бийдай сатып алынған. Айырым байлар тәрепинен Чаржаў арқалы 100 мың пуд ғәлле жиберилген. Ашаршылық дийханлардың аўҳалын оғада қыйынластырды. Әмиўдәрьяның жоқары жағына қарап талап излеп кетиў көп болды. Бирақ Әмиўдәрья бөлиминде ҳәм Хийўа ханлығында орналасқан санаат, саўда ҳәм транспорт кәрханалары барлық талапкерлерди жумыс пенен тәмийин ете алмады.

Усындай аўҳалларға шыдамаған халықлардың колониялық езиўшиликке қарсы гүреси кем-кемнен күшейип барды. Патша ҳүкиметиниң қатал тәртип орнатыўына қарамастан, тек дийханлар емес ҳәм ал солдатлар менен матрослар арасында да наразылықлар күшейди. Усы жыллары халық қозғалаңлары шешиўши түс алғанлықтан, жергиликли ҳәкимлер оларға қарсы көпшилик жағдайда ҳәтте, әскерлерди де пайдаланған. 1910-жылдың өзинде Әмиўдәрья бөлиминдеги ҳәкимлер 852 рет куралл жәрдем шақырыўға мәжбүр болған. Әлбетте, халықлардың колониялық езиўшиликке қарсы азатлық гүресиниң раўажланыўында алдыңғы қатардағы ой-пикир ийелериниң үлеси айрықша болды. Олар халықты азатлыққа руўхландырды. Қарақалпақ халқының уллы шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омар, Аннақул, Сыдық, басқалар өз шығармаларында халық мәпин жырлады ҳәм азат ел ушын гүрес алып барыўға шақырды.

Солай етип, ХХ әсирдиң басындағы аўыр мийнет, көп санлы салықлар ҳәм толық ҳуқықсызлық Қарақалпакстан халықларын патшашылыққа қарсы ашықтан-ашық азатлық ҳәрекетлерин жүргизиўге ийтермеледи. Патшашылықтың колониялық езиўине

www.ziyouz.com kutubxonasi

қарсы халық ҳәрекетлери барған сайын күшейип барды. Сонны да айтыў керек, Россиядан Әмиўдәрьяның төменги тәрепине революциялық кейиптеги сүргинге жиберилгенлерде болды ҳәм бирақ олардың идеялары ҳәр қыйлы себеплерге (жергиликли тилди билмеўи ҳәм басқа себеплерге) байланыслы кең халық массасына тарала алмады. Азатлық, ғәрезсизлик идеялары халқымыз санасына тийкарынан жергиликли прогрессив ой-пикир ийелери- жадидлер ҳәм жас хийўалылар арқалы еңгизилип барды.

XX әсирдиң басында мәмлекетлер бир-бирине қарсы еки топарға бөлинип, олар үшлик аўқамға ҳәм үшлик келисимге-Антантаға бириккен еди. Биринши жер жүзилик урыстың баслы себеби басқа еллерди өзлерине бағындырыў ҳәм өзлериниң сиясий- экономикалық дағдарысынан қутылыўдан ибарат еди. Ҳақыйқатында да, усы дәўирде Россияда, әсиресе оның колониясы болған Түркстанда дағдарыс күшейип ҳәм халық наразылығы кескинлескен еди. Орыс патшалығы менен Хийўа ханлығының тусында мийнеткеш халық жерден ҳәм суўдан керегинше теңликте пайдалана алмады. Қарыздар, жерсиз адамлар көбейип ҳәм олар күнликшилерге айланды. Россия санаатында жүдә зәрүр болған пахта егисин көбейтиў ушын Түркстан, соның ишинде қарақалпақ үлкеси халықларының «артық» жерлерин алыў ҳаққында нызам қабыл етилиўине байланыслы бул үлкениң жергиликли халықларының жерлерин тартып алыў массалық түринде күшейди.

Бул жыллары жергиликли санаатта ислеўшилердиң турмыс жағдайы да жүдә төмен еди. Сондай-ақ мийнеткеш халық бурынғы салықларга қосымша, биринши жер жүзилик урыс дәўиринде әскерий салық, темеки салық ҳәм урысқа керекли мүтәжлер ушын ҳәр қыйлы салықлар төледи. 1915-жылдан баслап азық-аўқат затларына баҳа 3-4 есе жоқарылады, ал кийим –кеншек затларына баҳа 200-300 процентке көтерилди, урылар ҳәм баспашылар көбейди. Бул жағдайлар мийнеткеш халықтың әбден ҳәлсиреўине алып келди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 6. Қарақалпақлардың Хийўа ханлығының сиясатына қарсы гүреси

Көтерилиске белгили татар ийшаны Исаматдин басшылық еткен еди. 1916-жылы январьда патша ҳүкимети Хийўа ханлығын сапластырып ҳәм оны Россия қурамына бириктириў мәселесин жаңадан көтерген еди. Бул мусылман мәмлекетин дүзиўге умтылған Исаматдин ийшанға ҳәм Жунайд ханға унамады. Исаматдин ийшан усыған байланыслы, Хийўа ханлығын сапластырып, оны Россия империясына бириктириўге қарсы өзине тәбия адамлар менен бирге ҳәм халық арасында үгит-нәсият жумысын жүргизе баслады. 17-январьда көтерилисшилер Хийўаға жақынласты. 18-январь күни азанда көтерилисшилер өзлериниң шағым арзаларын айтыў ушын ханның сарайына қарай жүрди. Бирақ бул ҳәрекетти Хийўадағы патша әскерлериниң күши менен үзилиске түсирди. Көтерилиске қатнасыўшылардың социаллық қурамының биргелкили болмаўы ҳәм олардың шешиўши түрде ҳәрекет жасаўына кесент келтирди.

Солай етип, 1916-жылғы Хийўадағы көтерилистиң келип шығыўына, социал-турмыс кескинлесиўи, салықлардың аўырманлығы ҳәм сиясий езиўдиң күшейиўи тийкарғы себеплер болды. Көтерилис ҳүкиметке ҳәм феодаллық тәртипке қарсы бағдарланды. Оның тийкарғы ҳәрекетке келтириўши күшлери дийханлар ҳәм қала халқы болды. 1916-жылғы халық көтерилиси жеңилис пенен питип, оның қатнасыўшыларынан бираз адамлар дарға асылып ҳәм Сибирьге жиберилди. Бул көтерилистиң әҳмийети оның халық азатлығы ушын болғанлығында, халық ар-намысын қорғап ҳәм турмыс абаданлығы ушын гүрескенлигинде.

Биринши жер жүзилик урыс жыллары мийнеткешлер ҳуқықларының күтә шеклениўи наразылықларды тағы да күшейтип жиберди. Халықлардың өзлериниң социаллық- экономикалық, ҳуқық еркинлиги ҳәм теңлиги ушын қозғалаңлары 1916-жылы ашықтан-ашық шығыўларға алып келди. Хийўа ханлығында жер-суў қатнасықларының тағы да кескинлесиўи, салықтың аўырманшылығының күшейиўи ҳәм Хожели беклигинде көтерилистиң келип шығыўына себепши болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көтерилисшилердиң мақсети Хийўа ханы Асфандиярды тахттан түсириў, оның орнына халықты аўыр салықтан, жерсизликтен қутқарып ҳәм халықтың ар намысын қорғайтуғын хан сайлаў еди. Бирақ бул мақсетке жетиў ушын олардың дурыс ис бағдары, халық ҳәрекетин орайластырыўшы сиясий шөлкеми ҳәм басшысы болмады. Көтерилисшилер ҳәмелдарлардың Хийўа ханы, оның хызметкерлериниң, яўмыт баспашыларының ҳәм пуқаралардың намысына тийиў ҳәрекетлерин шеклеўди талап етти. Хожели қаласы ҳәм әтирапындағы қарақалпақ, өзбек, қазақ ҳәм түркмен халықларының барлық қатламлары дерлик бул көтерилиске қатнасқан. Олардың арасында дийханлар, санаатта ислеўшилер, өнерментлер, айырым байлар ҳәм ийшанлар болған. 1916-жылы 14-январьда 500-600 адамлық көтерилисшилер отряды Әўезжан хожаның басшылығында Хийўаға қарай бағдар алды. Жол жөнекей көтерилисшилерге дийханлар, өнерментшилер қосылып ҳәм отрядтың саны 2000-3000 адамға жетти.

Биринши жер жүзилик урыс жыллары турмысы тағы да аўырласты. Әмиўдәрья бөлиминдеги пахта тазалаўшы кәрханалар урыс мүтәжи ушын өним өндириўге тартылды. Завод ийелери мийнет өнимлигин арттырыў мақсетинде ҳәм жумысшылардың мийнетин қадағалаўды күшейтти. Ал, ис ҳақы бурынғыша қала берди ҳәм бул жағдай Қарақалпақстан халықларының жасап турған тәртипке наразылығын күшейтти. Мийнеткешлердиң наразылық ҳәм қозғаланлары 1916-жылға қураллы көтерилиске өсип жетисти. 1916-жылы июльде Қарақалпақстанның оң жағалығында миллий-азатлық ҳәрекети басланды. Оның баслы себеби колониялық дәўириндеги халықтың аўыр турмысы еди. 1916-жылы 25-июньдеги патшаның «басқа халықлардың» ер адамларын урыс болып атырған районларда қорғаныў қурылысларына сондай-ақ мәмлекет ушын зәрүрли болған басқада жумысларына жумсаў ҳаққындағы пәрманы сылтаў болды. Онда басқа халықлардың 19 жастан 43 жасқа шекемги адамлары урыс даўамында тыл жумысларына тартылатуғынлығы атап көрсетилди.

Түркстан үлкеси ўәлаятларына тыл жумысларына шақырылатуғынлардың дизимине муўапық Әмиўдәрья бөлиминиң 5149 адам жиберилиўи тийис болды. Олар «мардикар» деп те аталды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Тыл жумысына адам алыўға бир хожалық бир адамнан бөлип шығарыўы тийис деп дағазалады. Усыған байланыслы халық арасында түсиник жумысларының жүргизилмеў ҳәм сондай–ақ тәртипсизлик ҳәрекетлердиң өсиўи наразылықлардың күшейиўине алып келди. Бундай ҳәрекетлер Шорахан сорамындағы Мыңбулақ, Тамды, Бийбазар болыслықларында кең ен жайды. Ал 26-июльде Шымбай қаласын өзинде басланып, оған мыңлаған адамлар қатнасты. Көтерилис барысында участка приставы өлтирилди. Шымбай көтерилиси, Мойнақ ярым атаўында, Үргиде, Тербенбесте ҳәм басқада районларда күшли қозғалаңларды келтирип шығарды. Патша ҳәкимлери қураллы күш қолланыў арқалы ғана Әмиўдәрья бөлиминдеги халықтың қарсылығын бастырыўға еристи. Көтерилиске қатнасыўшы 103 адам, соның ишинде 18 ҳаял Шымбайдағы ҳәм Петро-Александровскийдеги қамақханаға қамалды. Көтерилис басшыларының бир бөлегин әскерий трибуналардағы асып өлтириў жазасына буйырды, ал қалғанларын ҳәрқыйлы мүддетке қамаўға ҳәм Сибирьге сүргинге ҳүким етти.

Бирақ көтерилистиң жаңадан көтерилиўинен қорыққан патша ҳүкимети судтың қарарын өзгертиўге мәжбүр болды, нәтийжеде өлим жазасы 20 жыл ҳәм өмирлик сүргин 10 жыллық сүргин жазасы менен алмастырылды. 12 адам ақланып шықты. Қарақалпақстандағы 1916-жылға көтерилис халық миллий азатлық сыпатқа ийе болды. 1916-жылғы халық қозғалаңлары жеңилиске ушыраганы менен Россия колонияллық ҳәкимиятын ойланыўға мәжбүр етти. Нәтийжеде пүткил Түркстан үлкеси бойынша урыс арты жумысларына адамларды жибериў ҳаққындағы патша пәрманының орынланыўы мүддетин кейинге қарап созыў ҳәм мәрдикарға алынатуғынлардың санын 250 мыңнан 220 мың адамға шекем қысқартыў ҳүкимет алдына мәселе етип қойылды. Әмиўдәрья бөлими бойынша да мәрдикарға алынатуғынлардың саны азайды. Атап айтқанда Әмиўдәрья бөлиминдеги пүткил халықтан 3112 адам мәрдикарға жиберилди.

Патша ҳәкимшилигиниң көрген илажлары халықлардың наразылықларын тоқтата алмады. Көтерилистиң шөлкемлескен түрде болмағанлығы ҳәм пытыраңқылығы оның сәтсизлигине


www.ziyouz.com kutubxonasi

алып келди. Бирақ қозғалаңға жергиликли ҳаяллардың белсене қатнасыўы көтерилистиң өзине тән өзгешелиги болды.

Қарақалпақстан оң жағалық бөлегинде узақ даўам еткен 1916-жылғы көтерилис өзиниң характери бойынша миллий-азатлық ҳәрекети болды. Ол патша Россиясының колониялық тутымынан қутылыў, ғәрезсизликке ерисиў ушын жүргизилген азатлық гүреси болды. Бул ҳәрекети патшалыққа, оның жүргизген сиясатына урысқа қарсы қаратылды. Қозғалаң пытыраңқы ҳалда болса да халықтың өз ғәрезсизлиги ушын мудамы гүресетуғынын көрсетти. Елде пайда болған аўҳал Россия империализминиң колониялық тутымына қарсы халықтың миллий азатлық ҳәрекетиниң және өрис алатуғынлығынан ҳәм ғәрезсизлик гүреси жалынының тутанатуғынлығынан дерек берип турды.

## § 7. Мәдений турмыс

Қарақалпақлардың материаллық мәденияты узақ әсирлер даўамында қәлиплескен. Археологиялық- этнографиялық изертлеўи бойынша ерте ўақытлардан баслап ақ қурамалы комплексли хожалық, шарўашылық, дийханшылық пенен балықшылыққа тән болыўына байланыслы, олардың тийкарғы турақ жайлары пахсадан өрилген жайлар ҳәм қара үйлер болған. Қарақалпақлардың тийкарғы бөлеги аўылларда жасаған. Аўыл әдеттегише бир неше онлаған, айырым аўыллар 200 ҳәм оннанда көбирек хожалықлардан турған. Қарақалпақлардың үстки кийимлери айрықша өзгешеликлери менен айырылып турады. Қарақалпақлардың миллий кийимлеринде тек Орта Азия, Қазақстан ханлықларының кийимлери менен уқсаслық көринип коймастан, ал Урал ҳәм Волга бойы халықларының бир қаншаларының кийимкеншеклеринде уқсаслық сезиледи.

Қарақалпақлар кийимлерди үй өндирисиниң өнимлери: пахта гезлемесинен, кендир жип ҳәм жүннен тоқып таярлаған. Олар өзлериниң қолдан тоқылған гезлемелеринен тысқары қазақ, түркмен, өзбек, тәжиклер тәрепинен тоқылған, және Бухара, Хийўадан алып келинген жипек ҳәм ярым жипек гезлемелерди де кең пайдаланған. Сондай-ақ, XIX әсирдиң орталарынан баслап англичан, рус маўытысы, шытқары ҳәм басқада фабрика гезлеме-


www.ziyouz.com kutubxonasi

лерди кең пайдаланылады. Халықтың мәдениятлылық дәрежесин анықлаўда үй-үскене затлары ҳәм қазан-табақ ыдыслары, өнерментшилик буйымлары әҳмийетли орын тутады. XIX әсирдиң екинши ярымы XX әсирдиң басында қарақалпақларда бурыннан пайдаланып келген еллер менен байланыслары және де өседи.

Қарақалпақларда жол- қатнас ушын пайдаланған көликтиң ең көп таралған түриниң бири еки дегершикли арба болды. Арбаларға қосатуғын көликтиң түрине қарап арба, ат арба ҳәм ешек арба деп аталған. Арбалардың барлық түри қурғақта пайдаланған, ал суў қатнасларда жүк тасыўда, балық алыўда кеме ҳәм қыста шана үлкен әҳмийетке ийе болған.

XIX әсирдиң биринши ярымы XX әсирдиң басында билимлендириў иси толығы менен мусылман руўханийлериниң қолында болды. Оқыў орынлары мешитлер мектеп ҳәм медреселер болды. Мектеплер баслаўшы билим берип, оларда қуран оқыў менен ҳәм дин үрп әдетлери үйретилген. Медресе питкергенлер орта мағлыўматқа ийе болып ҳәм ахун деген атақ алған.

1873-жылы Хийўа атланысынан кейин, Қарақалпақстанға полковник А.В.Каулбарстың басшылығында үлкен экспедиция жиберилип, ол Әмиўдәрьяның Аралға қуяр аяғындағы тәбийий жағдайларын, жасаўшы халықлардың хожалықларының ҳәм турмыс салтын изертледи. Олардың мәдений турмысы ҳаққында: Кун, Шкалский, Абданушин, Сабалев, Риза–Қули Мирза ҳәм басқалар көп мағлыўматлар жыйнады. Рус илимпазлары қарақалпақ аўыз еки халық дөретпелерин үйрениў исине белгили үлес қосты. 1902-жылы Ташкент қаласында қарақалпақ ҳәм орыс тиллеринде «Алпамыс» дәстаны басып шығарылды.

Қарақалпақлардың руўхый мәдениятын изертлеўде, Россия тюрколог алымларының орны айрықша. Олардың мәдениятында аўызеки халық дөретпелери, әдебияты, көркем өнерин дөретиўшилер, бизиң заманымызға шекем жеткериўши жыраў, бақсы ҳәм қыссаханлар айрықша орын тутады. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ аўыз еки халық дөретпесин үйренген Ш.Уалийханов: «қарақалпақлар саҳрадағы биринши шайырлар ҳәм қосықшылар болып есапланады», жәнеде қарақалпақларды «саҳра бүлбүллери» деп аталды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

XIX әсирдиң 80 жылларында Әмиўдәрья бөлиминиң баслығы К.И.Розгоновтың тапсырыўы бойынша Жийемурат жыраўдан биринши мәртебе «Алпамыс» дәстаны жазып алынған. Бул дәстанның биринши бөлими Э.Диваев тәрепинең қарақалпақша ҳәм русша 1901 жылы басылып шыққан. Санкт- Петербург университетиниң шығысты изертлеў факультетиниң студенти И.А.Беляев 1913-жылы Нөкистен Шыңғыс хан туўралы аңызда, Қыпшақтан «Қоблан» батырдың поэмасын, Шымбайдан «Едиге», «Тоқтамыс» туўралы әңгимесин ҳәм Қоңыраттан Бердақтың «шежиресин» жазып алған.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# X БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН 1917-1945-ЖЫЛЛАРДА

## § 1. Қарақалпақстан түпкиликли өзгерислер жылларында (1917-1924 жыллары)

1917-жыл 28-февраль күни Россия империясы пайтахты Петербургта демократиялық революция жеңиси нәтийжесинде патшашылық қулады. Қарақалпақстанға патшашылықтың қулағаны туўралы хабар орайдан келген адамлар ҳәм солдатлар ҳәм Әмиўдәрья флотилиясының матрослары арқалы белгили болды. 1917-жылы 7-мартта Петро-Александровск (Төрткүл) горнизоның 737 дружина солдатлары митинг шөлкемлестирди. Бул митингте көпшилик халық, большевиклер, меньшевиклер эсерлер қатнасып ҳәм солдат депутатларының кеңесин дүзди. Оның қурамы солдатлар, матрослар, большевиклер, меньшевиклер эсерлерден ибарат болып ҳәм онда жергиликли халық ўакиллери еле жоқ еди. Сондай-ақ Петро-Александровскде ҳәм Үргениште муғаллимлер менен медиклердиң кәсип аўқамлары шөлкемлери дүзилди. Қарақалпақстанда кәсип аўқамлары ҳәрекетин баслаўшылар Аташов, Балжанов ҳәм басқалар болды.

Петро-Александровсктеги болған ўақыя Әмиўдәрья бөлиминиң басқа да жерлерине тез тарады. Қаладан солдат депутатлары кеңеси тәрепинен Шымбайға солдатлар жиберилди. Солдатлар 10-март күни келиўден дәрҳал патшашылыққа қарсы демонстрация шөлкемлестириў ушын Шымбай қаласының көшесине шықты. Оған қаладағы жумысшылар, батраклар, саўдагерлер ҳәм басқада қала халқы қатнасты. Демонстрантлар Шымбай участкасының приставы М.Унгибаевты хызмет орнынан шетлетти. Митингтен соң жети адам қурамында комитет дүзилип оның баслығы болып жергиликли халықтан Турман Қаржаўбай улы сайланды.

Қарақалпақстанда бул дәўирде кеңеслерге қарсы топарларда көп еди. Олар патшашылық қулағаннан кейин ҳакимиятты ийелеў ушын шешиўши иләжлар көрди. 1917 Жылы 16-апрельде Петро-Александровск калалық думасына ашық сайлаў өткерди ҳәм бул дума ўақытша ҳүкиметти қуўатлаўшы шөлкемге айланды. Қарақалпақстандағы Солдат депутатлары кенесинде, думада


www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм ўақытша ҳүкимет комитетлеринде жергиликли халық ўәкиллерине тийисли орын белгиленеди. Олардың ҳуқықлары ҳәр тәреплеме шекленген, әсиресе мусылман халықларының сол замандағы алдыңғы топарлары болған руўҳаный ҳәм уламалар ҳеш қандай итибарға алынбады. Соның менен бирге ўақытша ҳүкимет үлке халқы ушын айтарлықтай өзгерис ислемеди ҳәм бурынғы колониялллық сиясаты даўам етти. Нәтийжеде ўақытша ҳүкиметтиң Петро-Александровск шөлкемлери менен жергиликли жәмийетлик шөлкемлер ҳәм кеңеслер арасында қарама-қарсылықлар күшейип кетти.

Усындай жағдайда Ташкент қаласында дүзилген «шурай ислам» (ислам кеңеси) тәсиринде Петро-Александровске те де «мусылман аўқамы» дүзилди. Оларда «миллий автономия» бериў ҳаққындағы идеяны қоллап қуўатлады. Бирақ «мусылманлар аўқамы» кейинен бир неше топарға бөлинип, биразлары кеңеслерди, айрым топарлары ўақытша ҳүкиметти ҳәм ал бирқаншалары ғәрезсиз Түркстан тәрептары болды.

Қарақалпақстан халықларының ўақытша ҳүкиметке қарсы наразылығы да күшли еди. Себеби ол бурынғы колониялллық сиясатты даўам етти. Сонлықтан халықтың аўҳалы аўырласып ҳәм ҳәр қыйлы салықлар көбейип кетти. Халық наразылығы қураллы қозғалаң дәрежесине шекем жетип ҳәм олар енди сиясий талаплар қоя баслады. Оған орайлық Россия қалаларынан қайтып келген 5000 нан аслам мәрдикарлар да себепши болды.

Усындай қарсылық ҳәрекетлериниң күшейиўи нәтийжесинде 1917-жылдың 25-октябринде ҳакимият большевиклердиң қолына өтти. Ал 12- декабрде Петро-Александровскте солдатлар басқа да кеңеслер тәрепиндеги революцияшыл күшлер қазақ отрядларын бийтәреплендирип ҳәм қан төгиспесиз-ақ кеңес ҳакимиятын орнатты. Буннан кейин Шораханда, Шаббазда, Бийбазарда соңынан 1918-жылы 1-январьда Шымбай ҳәм Нөкисте Совет ҳакимияты орнады. 1918-жылы январь айының биринши ярымында Мойнақ ҳәм оған жақын ярым атаўларда кеңес ҳакимияты орнады.

Бул ўақытта сол жағалықтағы Қарақалпақстан жеринде кеңес ҳәкимияты орнамады. Себеби сол жағалықтағы қарақал-

www.ziyouz.com kutubxonasi

паклар Хийўа ханлығына қараслы болып ҳәм оларға еле большевиклерге қарсы күшлер басым еди.

Қарақалпақстанда арналған кеңес ҳакимияты ҳақыйқатында да халық ҳакимияты болмады. Хәкимиятшлықтағы ҳәм депутатлар кеңесиндеги басшылықты кеңесин ҳакимияты орнаған күнлерден баслап-ақ большевиклер өзлери ийелей баслады. Кеңес ҳакимиятына қарсы урысқанларды Орта Азияда баспашылар деп атады. Бирақ кеңес ҳәкимиятына қарсы урысқанлардың көпшилиги миллий азатлық тәрепдарлары еди. Қарақалпақстандағы кеңес ҳәкимияты душпанлары да бас көтерди. Олардың бири Жунайдхан болып, 1918 жылы 24-ноябрьде Төрткүл менен Чаржаў арасындағы телефон байланысын бузып ҳәм Петро-Александровскке топылыс жасады. Төрткүл қамалы 11 күн даўам етти. Большевиклерге Ташкенттен қосымша күштиң келиўи менен Жунайдхан әскерлери кейин шегиниўге мәжбүр болды. 1918-жылы 27-ноябрьде 1500 адамнан ибарат Жунайдхан отряды Нөкис қорғанына топылды. Нөкистеги урыс 16 күнге шекем даўам етти. Соң 1918-жылы 13- декабрьде жәрдемге Торткүлден қызыл әскерлер келип Нөкистеги қызыллар менен күш бириктиргеннен соң ғана Жунайдхан әскерлери кейин шегинди. Бул урыста Нөкис қорғанының командири С.В.Синебрюков ҳәм басқалар қайтыс болды. Ҳәзирги гөне Нөкистеги естелик соларға арналған. Сондай-ақ дийханларда кеңес ҳәкимятына қарсы ҳәрекетлерди қуўатлады ҳәм өзлери де карсылық ҳәрекетине қатнасып барды. Усындай ҳәрекетлердиң бири 1919-жылы Ишан қаладағы көтерилиске 300 ден аслам дийхан ҳәм 150 Урал казаклары қатнасты. Бирақ бул да қызыл армия тәрепинен жаўызларша бастырылды.

1919-жылдың бәҳәринен баслап кеңеслерге қарсы ҳәрекет жаңадан күшейе баслайды. Бул ўақытта Шымбай участкасында большевиклерге қарсы кейиптегилер Урал казакларының атаманы Михаил Фильчев отрядына барып қосылды. 1919-жылы 29-июльде Төрткүлге Шымбай участкасына 17 адам қурамында арнаўлы комиссия жиберилди. Олар Түркстан орайлық атқарыў комитетиниң ағзасы А.Н.Христофоров басшылығындағы белгили басшы коммунистлер Косьяненко, Фролов, И.Бринкман, Н.Сладков, М.Юнусов, Шпенов, Ф.Литовский, У.Тынышбаев ҳәм


www.ziyouz.com kutubxonasi

басқалар еди. Олар Шымбайға барып, қалалық атқарыў комитетин таратты ҳәм кеңес тәртибин орната баслады. Және де комиссия аўҳалдың қыйынласыўына байланыслы Төрткүлден Шымбайға жәрдем ушын әскерий отряд сорады. Төрткүлден коммунист Замысляев ҳәм Николаев басшылығында Шымбайға 80 адам қурамында қураллы отряда жиберди. Бирақ атаман Фильчев Шымбайды ийеледи ҳәм айрықша комиссия ағзаларын қыйратты. М.Фильчев отряды Төрткүлден Шымбайға жиберилген қызыл әскерлердиң жолын тосты ҳәм 1919-жылы 15-августта түнде Тазқарада оларға топылды. Буннан кейин М.Фильчев Шымбай участкасы ҳүкиметиниң басшысы деп аталды. Оны Жунейдхан қоллап қуўатлады. Олар бирликте Төрткүлге топылыў ҳаққында кеңес өткерди. Бирақ Чаржаўдан Шайдаков басшылығындағы жаңа күшлер жиберилип, олар Нөкисте кеңес ҳүкиметин орнатты. Ол отряд Әмиўдәрьяның шеп жағалығына өтип 1919 жылы 29-декабрьде Хожелини ҳәм 1920-жылы 2-январда Гөне Үргеништи ийеледи. 1920-жылдың 1-февралында кызыл әскерлер Хийўа қаласына кирди. Солай етип Хийўа ханлығы қулады ҳәм 2-февраль күни Хорезм халық кеңес республикасы дүзилди. Бул ўақытта Фильчевтиң отрядының жағдайы аўырласып ҳәм оларға соққы берилди. Отрядының басшылары қамаққа алынды, айырымлары қашып жасырынып ҳәрекет етти ҳәм көпшилиги кеңес ҳакимиятын мойынлаўға мәжбүр болды.

Кеңес ҳакимияты орнағаннан соң Түркстаннан басқа елатлары сыяқлы Хийўада да жағдай аўырласты. Хорезм, Бухара ҳәм Түркстанның басқа қалаларының әййем заманлардан берли сыртқы дүнья менен даўам етип киятырған саўда байланыслары үзилиске түсти.

1920-жылы орнаған Хорезм кеңес республикасының сиясатына халық наразылығы күшли еди. 1921-жылы 15-23-май күнлери II-пүткил Хорезм қурылтайы шақырылды. Оған 230 делегат қатнасып ҳәм оның 51 депутаты Хорезмниң қарақалпақ районларынан еди. II-пүткил Хорезм қурылтайы бурын ханға тийисли болған 14 мың танап (5,6 мың гектар) жерди конфискациялаў ҳәм дийханларға бөлистириў ҳаққында қарар қабыл етти. Усының ишинде Қоңырат, Қанлыкол ҳәм Хожели аймағындағы бурынғы әмелдарлардың пайдаланып киятырған жерлери де

www.ziyouz.com kutubxonasi

бар еди. Бирақ Хорезм ҳүкиметиниң бул сиясатына наразылықлар пайда болды. Себеби, бириншиден, жер ийелери бул жерлерде неше жылдан берли ийешилик етип ҳәм егислик жер болыўында үлеслери бар еди. Екиншиден, дийханлар мүлк жерлерди арендаға алып үйренисип кеткен еди. Ал патшалық деп аталатуғын ханға тийисли жерлерден дийханлар ата-бабасынан бери пайдаланып ҳәм салығын төлеп киятыр еди. Және де Хорезм ҳүкимети бул жерлердеги жасайтуғын халықлардың өзине тән өзгешелигин есапқа алмады. Әсиресе шарўашылыққа үйренип ҳәм көшпелиликти кәсип етиўши халықларды бирден отырықшылыққа айландырыўға шарўалар наразылық көрсетти. Наразылық қозғаланңлары 1921-жылы жазда Қоңыратта, 1922-1923-жылларда Хорезмде күшли қозғаланлар болды. Бирақ қызыл армия көтерилисшилерди зорлық пенен тарқатып жиберди. 1920-1923-жыллары Хорезм Республикасында жүргизилген кеңеслестириў де наразылықларды келтирип шығарып отырды. Хийўада табысқа ерисе алмаған Жунайдхан өзиниң ҳәрекетин Хожели ҳәм Қоңырат округине қаратты. Сонлықтан да бул жерлерде апўыл хожалығы төменлеп кетти. Бунын биринши себеби Жунайдханнын кеңеслерге қарсы ҳәркетлери, екиншиден, аўыл хожалық қурал- сайманларының жоқлығы, үшиншиден, зәрүрли ўақытта суўдың болмаўы, төртиншиден егиншиликти суў алып кетиўи ҳәм бесиншиден, ертеден суўықтың түсиўи деп түсиндириледи. Сондай-ақ коммунистлер ҳәм комсомоллар Жунайдханнын топылыс жасайтуғын тийкарғы объектине айланды. 1923-жылдың ақырында тек ғана Қоңырат округиниң аўылында 365 адам өлтириледи, 50 ҳаял қызлар алып кетиледи. 1924-жылдың 25- августинде Хожели районының аймағында Торткүлден орайлық оқыў орынларына баратырған 27 жаслар ҳайўанларша өлтириледи. Демек бул жағдай Хожели ҳәм Қоңырат районларында еле кеңес ҳүкиметиниң анық орнамағанын көрсетеди.

1922-жылы июль айындағы III- пүткил Хорезм кеңесиниң қарарына муўапық Хорезм орайлық атқарыў комитети қасында қазақ-қарақалпақ бюросы шөлкемлестирилди. Ол бюро Сарсенбаев басшылығында 7 адамнан ибарат болды. 1923-жылы октябрь айындағы IV пүткил Хорезм қурылтайында Хорезм халық кеңес

www.ziyouz.com kutubxonasi

республикасы қурамында қазақ-қарақалпақ ҳәм түркмен автономиялы ўәлаятлары дүзилди. Қазақ- қарақалпақ автономиялы ўәлаятының орайы Хожели қаласы болды. Бул жыллары қазақ-қарақалпақ автоном ўалаятының тийкарғы халқы қарақалпақлар болып олар 43778 адам болған.

## § 2. Қарақалпақстан тоталитар дүзимниң кәлиплесиў дәўиринде (1925-1941-жыллар)

Кеңес ҳүкимети орнағаннан соң да Қарақалпақстан жери екиге бөлинип қала берди. Әмиўдәрья бөлиминде басқарыўды орайластырыўға ҳәм онда большевиклик үстемликти тамийин етиўге бағдарланған кеңеслик административлик қурылыс басланды. Усы мақсетте Түркстан АССР орайлық атқарыў комитетиниң 1920-жыл 10-октябрьдеги қарарына муўапық ҳәм Әмиўдәрья бөлими бурынғы аймағының көлеминде Әмиўдәрья ўәлаяты болып қайта дүзилди. Төрткүл (бурынғы Петро-Александровск) оның орайлық қаласы деп жәриялады. Әмиўдәрья ўәлаяты Шорахан ҳәм Шымбай уездлерине бөлинди. Әмиўдәрья ўәлаятын басқарыў ушын орайлық атқарыў комитети тәрепинен белгиленген кеңеслик көрсетпелер тийкарында ҳәрекет етиўши ўақытша ўлаятлық-ревком дүзилди. Оның басқарыўшысы болып большевик Солдатов тайынланды.

Әмиўдәрья областының атқарыў комитетиниң шөлкемлестириў мәжлиси 1921-жылдың 30-апрельинде болды. Онда Әмиўдәрья ўәлаятының революциялық комитетиниң баслығы Солдатов, ағзалары Адинаев, Васильев, Козыбағаров, Желябин, Салимов, Лебедов, Митин, А.Пискунов, Шаин, Шляпин, Яблочкин ҳәм Яугашаровлар болды. Ал Әмиўдәрья революциялық комитетиниң составына дәслеп баслығы болып Солдатов, Балжанов, Макеев, Скалов ҳәм Хасановалар- сайланған еди. Съезд жумысына большевиклер басшылық етти ҳәм олар баслы лаўазымларды ийеледи. Кеңес ҳәкимиятының дәслепки жылларынан ақ оның басқарыў органларында партиялық үстемлик әдеўир күшейе баслады.

Кеңес ҳәкимияты 1920-жыллардан баслап санаат кәрханаларын мәмлекет қарамағына алды. Жеке адамлардың киши


www.ziyouz.com kutubxonasi

кәрханалары ҳәм саўда үйлери жумысы үстинен мәмлекетлик қадағалаў орнатты. 1919-жыл 1-июньдеги Түркстан орайлық атқарыў комитетиниң қарарына муўапық ғәлле менен еркин саўда жасаўда қадаған етилди. Және бул қарар бойынша дийханлар ғәллесин жүдә арзан баҳа менен мәмлекетлик таярлаў органларына мәжбүрий тапсырыўы тийис болды. Халықтың аўҳалы бурынғыданда төменлеп кетти. Ҳүкимет экономикалық сиясатын өзгертиўге мәжбүр болды. Орайдың көрсетиўине муўапық, Әмиўдәрья ўәлаяты кеңесиниң 1-съезди 1921-жылы августа жаңа экономикалық сиясатқа өтиў ҳаққында қарар қабыл етти. Буның тийкарғы мәниси экономикаға, халық хожалығына басшылық етиўдиң дәслепки әскерий усылларын бийкарлап ҳәм өндириўшиге әсиресе дийханға бир қатар еркинликлер бериўден ибарат еди.

1930-жылларда Қарақалпақстанда жәмийетлик сиясий турмыс менменлик, буйрықпазлық партия үстемлигиниң беккемлениўи ҳәм жеке адамға сыйыныўдың күшейиўи жағдайында өтти. Халық хожалығының барлық тараўларында ҳәм елдиң сиясий жәмийетлик турмысында партия үстемлиги орнатылды. Адамларды гүнасыз қуўдалаў ҳәм жазалаў басланды. 1929-жылғы «тазалаў мапазы» ўақытанда азғана халқы бар Қарақалпақстаннан 200 адам партия қатарынан шығарылды. Кеңес хожалық мекемелеринен 100, «қосшылар аўқамынан» 1000 ҳәм ҳәр қыйлы аўыл хожалық артеллеринен 500 ден асламырақ адам шығарылды. Адамларды бундай айыплаў, гүнасыз қуўдалаўлар ҳәм жазалаўлар жәмийетлик –сиясий турмысымызда даўам етти, 30-жылларда гүнасыз жазалаў тийкарынан партия, кеңес, хожалық ҳәм әскерий қәнийгелерге қаратылған. 1937-1953-жыллар арасында Өзбекстан республикасынан 100 мыңнан аслам адам қамаққа алынып ҳәм оннан 50 мыңнан аслам адам өлим жазасына ҳүким етилген еди. 1956-жылдан кейин 50 мыңнан 12 мыңнан аслам адам ақланды. Олардың ишинде А.Досназаров, Ә.Кудабаев, Қ.Әўезов, Қ.Ерманов, К.Нурмуҳәммедов ҳәм тағы жүзлеген адамлар болды. Бул адамлар тоталитар дүзимниң аўар жағдайында Қарақалпақстанның раўажланыўына өзлериниң барлық күш-жигерин, ақыл билимин ҳәм пүткил шөлкемлестириўшилик уқыпларын аянбай жумсаған еди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Миллий республикалардың жетик ойлы сиясий искерлигине, руўхый мәденият хызметкерлерине, диний руўханийлерге қарсы мәмлекетлик репрессия ҳәм академик С. К. Камаловтың изертлеўлери бойынша бурынғы аўқамның тарийхында сегиз рет болған. 1930-жылы 20-июльде пүткилаўқамлық орайлық атқарыў комитетиң призидиумы Қарақалпақстан автономиялы ўәлаяты-ның қурамынан шығыўы ҳәм оның РСФСР орайлық органлары-ның тиккелей басқарыўына өтиўи ҳаққында қарар қабыл етти. 1931-жылы 1-августта РСФСР халық комиссарлар кеңеси Қарақалпақстан автономиялы ўәлаяты атқарыў комитетиниң регионда хожалық ҳәм мәдений қурылыслар ҳаққындағы баянаты бойынша қарар қабыл етти. Қарарда Қарақалпақстанда техника-лық егинлерди (пахта, жоңышқа) өсириў, қаракөлшиликти раўаж-ландырыў ҳәм балық санаатын дүзиў зәрүрлиги көрсетилди. Жәнеде пахта тазалаў заводын салыў ҳәм трактор паркиниң қуўатын көбейтиў белгиленди. Пахта егилетуғын жер майданы-ның 35 мың гектарға жеткериў ҳәм шарўа хожалықларды отырықшылыққа көшириў бойынша көрсетпелер берилди. Кадрлар бойынша қарарда Қарақалпақстанға тийисли кәнийгели-ги бар хызметкерлер жибериў керек екенлиги көрсетилди. 1932-жылдан баслап Қарақалпақстанда ветеринарлық, мелиоративлик, ирригациялық, пахташылық ҳәм балықшылық бойынша техни-кумлар ашыў белгиленди. Қарақалпақстанда билимлендириў хызметкерлери менен тәмийинлеў ҳәм онда педагогикалық институты ашыў ҳаққында мәселени ислеп шығыў РСФСР билимлендириў халық комиссариятына тапсырылды. Сондай-ақ саўатсызлықты сапластырыў ҳәм жаңа баспахана қурыў тийисли шөлкемлерге бекитилди.

1932-жылы РСФСР ҳүкимети Қарақалпақстан автономиялы кеңес социалистлик республикасы (ҚҚАССР) етип қайта дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. Бундағы мақсет Қарақалпақстанды РСФСР қурамындағы автономиялы республика етип қайта дүзиў жолы менен оның хожалық ҳәм мәдений қурылысын тезлетиўден ибарат болды. Буннан кейин үлкен шөлкемлестириўшилик жумыслары күшейе баслады. 1932-жылы 25-майда Төрткүл қаласында Қарақалпақстан АССР кеңесиниң 1-шөлкемлестириў съезди салтанатлы жағдайда ашылды. 1932-жылы 29- майда съезд


www.ziyouz.com kutubxonasi

жумысын тамамлады ҳәм ҚҚАССР дүзилгени ҳаққында үндеў дағазалады.

1932 жылы 30- майда жаңадан сайланған орайлық атқарыў комитетиниң биринши сессиясы болып, онда ҚҚАССР ҳүкимети халық комиссарлар кеңеси дүзилди оның баслығы Қ.Әўезов болды. Орайлық атқарыў комитетиниң баслығы болып К.Нурмуҳәммедов сайланды. Солай етип, ҚҚАССР дүзилиўи менен хожалық ҳәм мәдений қурылыс тарўларында ҳуқықлар әдеўир кеңейди. Республика конституциясын ислеп шығыў ҳәм тағы басқа жумыслар ҚҚАССР қараўына берилди. Бирақ, бул жумыслардың алып барылыўы орайдың әсиресе партия аппаратының тиккелей көрсетпеси менен болатуғын еди.

### § 3. Санааты ҳәм аўыл хожалығы

Өзбекстан, Қарақалпақстан халықлары әййемги заманлардан бери бир үлкен аймақта бирге жасап ҳәм сыртқы душпанға қарсы азатлық гүреслерин бирге жүргизген халықлар болып есапланады. Олар бир дәрьядан суў ишеди ҳәм бир сыбайлас қоңсы аймақта жасайды. Олардың экономикалық үрп-әдетлери, тили, мәденияты бир-бирине оғада жақын ҳәм уқсас келеди. Усыған байланыслы Қарақалпақстан автономиялы республикасы 1936-жылы 5-декабрьде бурынғы аўқамның қабыл етилген конституциясына тийкарланып Өзбекстан қурамына қосылды.

Қарақалпақстанның бес жыллық жобаларында мәмлекетлик санааттың раўажланыўына үлкен әҳмийет берилди. Егер Қарақалпақстанның санааты ушын 1917-1928-жыллар аралығында 5 миллион манат жумсалса ҳәм биринши бес жыллықта (1928-1932) 6 миллион манат қаржы жумсалды. Усы жыллары Хожели ҳәм Төркүл пахта тазалаў заводлары қайта үскенеленди. 1931-жылы ноябрьде Шымбай қаласында пахта тазалаў заводы иске қосылды. Шымбай менен Мойнақта жаңа баспаханалар ислейди.

Қарақалпақстанда азық-аўқат санаатында балықшылыққа әҳмийет берилип, Мойнақ өз алдына арнаўлы балықшылық районы болып шөлкемлести. Бул жыллары өнерментшилик санааты қурылыс материалларын ислеп шығаратуғын бирден-бир санаат тараўы болды. 1930-жылы өндирилген қурылыс материаллары

www.ziyouz.com kutubxonasi

өнерментшилик санаатының улыўма өнимниң 32,8% ин қурап, тийкарынан пискен, қам гербиш ҳәм басқада қурылыс материалларын таярлады. Әсиресе пиллешилик, тигиўшилик тараўларында ҳаял-қызлар ислеп ҳәм олардың саны 1932–жылы 480 ге жетти. 1930-жылы транспорт жол қурылысы басқармасы дүзилди. Суў ҳәм ҳаўа транспортында жанланыў ҳәрекети болды.

Қарақалпақстанда санаат раўажланыўы гейпара табысларға қарамастан еле артта еди. Әсиресе, қоңсы республикалар менен салыстырғанда ҳәм санааттың өсиўи жүдә артта қалды. Мәселен, санааттың улыўма өними халықтың жан басына есаплағанда, 1932-жылы бурынғы аўқамда 273 манаттан туўры келсе, Орта Азия республикаларында 71,46 манаттан ҳәм Қарақалпақстанда 36 манаттан туўры келди. 1934-жылы Нөкис қаласында жоңышқа тухым тазалаў заводы пайдаланыўға берилди. Ол бурынғы аўқамдағы бирден –бир кәрхана еди. 1933-жылы Мойнақта жылына 10 миллион банка консерва ислеп шығаратуғын үлкен балық консерва комбинаты қурылысы басланып, ол 1940-жылы питкерилди.

Қарақалпақстанда бул жыллары транспорт ҳәм байланыс раўажланды. 1935-жылы автомобиль, арба, шана транспорты тресты, ол 1937-жылы оның орнына «Қарақалпақ транс» басқармасы дүзилди. Сондай-ақ усы жыллары жол қурылысы, суў ҳәм ҳаўа транспортына итибар берилди. 1937-жылы Хожели кеме ремонтлаў устаханасы иске киристи. Арал теңизи арқалы суў-темир жол жүк тасыўы жақсыланды. Бул республиканың Аўқамының Европа бөлими, Сибирь ҳәм Қазақстан менен экономиикалық байланысларында әҳмийетли орын ийелейди. 1940-жылы ири санаат кәрханаларының саны 89 ға жетти. 1941-жылы 24-мартта Нөкис қаласында радиостанция жумыс ислей баслады.

1920-жылдың ақырында кеңес ҳүкимети аўылда да базар қатнасықларын қысып шығара баслады. Оның орнына коллективлестириў сиясатын жүргизди. Жеке хожалықлар жери ҳәм күш көликлер менен колхозға тартыла баслады. Колхозластырыў дийханлардың ерки менен емес, ал мәжбүрлеў жолы менен алып барылды. Қарақалпақстанда базар қатнасықларына соққы бериў мақсетинде дәслепки совхозлар дүзилди.Дәслепки совхоз 1931-жылы Шаббаз районында пахташылыққа бағдарланған «истемес»


www.ziyouz.com kutubxonasi

совхозы шөлкемлестирилди. Бирақ ол 1933-жылдан кейин шарўашылық хожалығына айланып кетти. 1930-жылы Қарақалпакстанға 30 трактор алып келинди, Шаббаз ҳәм Халқабадта машина-трактор станциялары шөлкемлестирилди.

Аўыл хожалығын коллективлестириўдеги кеңес ҳүкиметиниң жәнe бир баслы мақсетлериниң бири орайлық пахташылық бойынша ғәрезсизлигин тәмийин етиў еди. Сонлықтан да, Қарақалпақстанда басқа миллий республикалар сыяқлы пахташылыққа әҳмийет берилди, оның егислик жер майданы көбейди ҳәм зүрәәтлиги өсти. Пиллешиликке әҳмийет берилип ҳәм тут плантациялары көбейе баслады. Қарақалпақстанда улыўма жер майданы 62 гектар болған биринши мәмлекетлик тут питомниги қурылды.

Қарақалпақстанда 1930-жыллары пахташылық менен тығыз байланыслы жоңышқашылық раўажланды. Бунда әсиресе Шымбай сорты деп аталған қарақалпақ жоңышқасы сол ўақыттағы аўқамда ең жоқары сапалы жоңышқа болып есапланды. Ол көбинше жерди алмасып егиў усылында әҳмийетли орын ийелейди.

1935-жылы республикалық ең үлкен суў тармағы қурылысларының бири 25 шақырым узынлықтағы Қыз кеткен каналы қазылып пайдаланыўға берилди. 1929-жылы Шорахан каналы қайта қазылып ҳәм Пахта арна каналы деп айтылатуғын болды. 1939-жылы 27- майдағы қарарға муўапық аўқамдағы барлық Республикаларда, соның ишинде Қарақалпақстанда да партия кеңес органлары дийханлардың үй қапталы участкаларын өлшеў ҳәм оларды мәмлекетлик фондқа қайтарып алыўға киристи. Және де, аўылдағы ҳәр бир мийнетке жарамлы ер ҳәм ҳаял-қызлар колхозда ислеп мийнет күн табыўдың миннетли муғдары белгиленди.

Орайдың 1939-жылғы Өзбекстанда пахташылықты тағы да раўажландырыў ҳаққындағы қарарына муўапық суўғарыў жумысларына үлкен итибар берилди. Бул жыллардағы суў тармақлары жумыслары «пүткил халықлық қурылыс» деп аталды. 1939-жылы Шымбай ҳәм Қараөзек районларынан мыңлаған колхозшы-дийханлардың күши менен узынлығы 25 шақырым Майжап каналы қысқа ўақытта қазып питилди. Усы жылы дәрьяның сол


www.ziyouz.com kutubxonasi

тәрепиндеги районларда суў менен тәмийин ететуғын узынлығы 128 шақырым болған «Ленин каналы» деп аталған канал қурылысы басланды.

## § 4. Қарақалпақстан екинши жер жүзилик урыс дәўиринде ҳәм олардың урысқа қосқан үлеси

Екинши жер жүзлик урыстың тамамланғанына 65 жылдан аслам ўақыт өтти. Урыстың ауыр күнлери тарийх бетлеринде қалды. Деген менен урыс қарақалпақ халқы ҳәм халық аралық жәмийетшилик ядында өшпес из қалдырды. Әдиўли перзентлерин урыс майданларына атландырып, Қарақалпақстанлылар урысқа жарамлы барлық мийнеткешлер, ҳаял-қызлар, жас өспирим ҳәм жасы үлкенлер халық хожалығында пидәкерлик мийнет үлгилерин көрсетти. Халқымыз қорғаныў қорына өз үлесин аямастан қосты.

Урыс жыллары, Қарақалпақстан шығыс мәдениятының ең жақсы дәстүрлери жолынан барып, миймандослық ҳәм татыўшылық есигин кең ашты. Ўатанынан жүдә болғанлар, қуўғынға ушырағанлар ҳәрдайым елимизден баспана тапты. Жәҳән урысы жыллары халқымыздың ўатанға садықлық, патриотизм сезимлери бурынғыдан да күшейди. Патриотизм жеңиске жол көрсетиўши жулдыз болды. Урыс пенен тылдың бурын көрилмеген жақынласыўы нәтийжесинде ол халықлық урыс болды.

Өзбекстан республикасының президенти Ислам Каримов 1995-жыл 5-май күни Өзбекстан республикасы олий мәжлисиниң екинши сессиясында сөйлеген сөзинде былай деген еди «урыс жыллары-Өзбекстан тарийхының бир бөлими. Биз тарийхымыздан бирде бетин алып тасламаймыз. Бул тарийх- бизики, оны умытыўға ҳеш кимниң ҳаққы жоқ». Урыс басланған ўақытта Қарақалпақстанда 505600 адам болып, соннан 16 жастан 60 жас аралығындағы жумысқа жарамлысы 260733 адам еди. Соннан 50 мыңнан аслам азаматларымыз фронтқа кетти. Олардан 34 мың жаўынгеримиз саўаш майданында қурбан болды ҳәм олардың бир топары хабар атарсыз жоқ болып кетти. Сондай-ақ 20 мыңнан аслам адам тылда, санаат, темир жолларда ҳәм шахталарда хызмет етти. 2400 жигит-қызларымыз Өзбекстан республикасы


www.ziyouz.com kutubxonasi

санаат кәрханаларында хызмет ислесе ҳәм 3000 жас өспиримлер Ташкент ФЗО мектеплеринде билим алды. Жәми 75 400 жигит ҳәм қыз Қарақалпақстаннан тысқарыда өзлериниң ўатан алдындағы азаматлық ўазыйпасын атқарды.

Фашизмге қарсы жүргизилген қанлы саўашта халқымыздың ул ҳәм қызларының көрсеткен ерликлери, ал тылда мәрдана мийнет еткен халқымыздың қаҳарманлары, ер жүреклиги, қыйыншылықты жеңиўге болған қайтпас ерки, ғәрезсизлигин алып, өз раўажланыў жолын тапқан Өзбекстан, суверен Қарақалпақстан республикасы халықларына, оның жас әўладларына жәнеде руўхый күш бағышлайды ҳәм оларға үлги болады.

«Мен тағы да қайталап айтаман, -деген еди президент Ислам Каримов,-екинши жер жүзлик урысты қандай көз-қарастан алып қарасақта, ол қандай сүренлер ҳәм идеялар астында жүргизилсе де, бизлер азатлық ушын жүргизилген, өз ўатанының жарқын келешеги ушын, аспанның бултсыз болыўы ушын саўаш майданында мәртлерше қурбан болған адамларды мәңги есимизде сақлаймыз... урыс дәўириниң ўақыяларын, бизиң жаўынгерлеримиздиң ерликлерин талқылағанда ҳәм тәриплегенде идеологиялық тартысты қойып қарайық..».

Урыстың хабарын еситиўден республикамыздың ақсақаллары, белсендилериниң қатнасыўында қала, район орайларында, мәкемелеринде, оқыў үйлеринде улыўма халықлық митинглер өткерилди. Бул митинглерде қабыл етилген қарарларда Қарақалпақстан халқы бир аўыздан өзлериниң барлық күш-қуўатын фашизмди қыйратыўға арнайтуғынлығын билдирди. Фронтқа барыўға тилек билдириўши арзалар 1941-жылдың 18-июлине дейин 742 адамнан асып кетти. Солардан 125 ҳаял-қызлар еди. Қарақалпақстан халқы жер жүзлик урыстың биринши жылы өзиниң 24,5 мың азаматын фронтқа атландырды, оның үстине 4932 әреби атлар ҳәм 419 автомашина фронтқа жиберилди.

Жергиликли халықлардың басламасы менен Республикамыздың ўәкиллериниң 1941-жылы 3-декабрьде «97-қарақалпақ миллий бригадасы» шөлкемлестирилди. Оның қурамына 5,5 мың жаўынгар өз тилеклери менен жазылды. Ҳәр бир хожалық, мәкеме, жумысшы, хызметкер фронтқа, жаўынгерлерге, душпаннан азат етилген халықларға, әскерий кәрхана хызметкерлерине


www.ziyouz.com kutubxonasi

өз мийнет ҳақысының бир бөлегинен қаржы топлады, кийим-кеншек, азық-аўқат ҳәм «қорғаныў фондын» дүзди. Фронт жаўынгерлериниң аналары, зайыблары ҳәм қарындаслары өзлериниң тағыншақларын «қорғаныў фонды»на берди.

Қарақалпақстан мийнеткешлери урыстың дәслепки еки жылында жеке қәрежетлеринен танк коллоналарын, әскерий самолетлар эксадрильяларын дүзиў ушын 24 миллион 700 мың манат, «қорғаныў фонды» на 5 миллион манаттан аслам ақша жыйнады ҳәм басқа зәрүрли нәрселерди жиберди. Сондай-ақ Қарақалпақстан мийнеткшлери фронттағылардың шаңарақларына, эвакуация етилген жетим балаларға, урыс майыпларына өзлериниң жеке қаржылары есабынан 586.000 манат бөлип шығарыў менен бирге, 6.954 қара мал, қой-ешки, 124,3 тонна ғәлле, 384.685 килограмм овощ, мийўе, 25.800 дана үстки кийим ҳәм аяқ кийим берди. Оларға жәрдем бериў фонды ушын арнаўлы жерлер егилди. Көширилип әкелинген 3.891 адамға баспана берилди. 900 дан аслам хожалық ата-анасынан айрылған жетимлерди тәрбиялаўға алды. Урыстағылардың ҳәм эквакуация етилген адамлардың 20300 баласы балалар бақшаларына орналастырылды ҳәм айырым колхозларда балалар үйлери шөлкемлестирилди. 1941-жылы 25 мың поляк, 1943-жылы мыңлаған қалмықлар ҳәм тағы басқалар Қарақалпақстанға көширилди. Улыўма толық емес мағлыўматлар бойынша 40 мыңнан аслам корец, поляк, украин, қалмықлар ҳәм тағы басқалар Қарақалпақстаннан пана тапты.

## § 5. Экономика ҳәм мәдeнният

Қарақалпақстан урыстың дәслепки дәўиринен баслап жергиликли санаат кәрханаларын қайта қурыўға пахтаны, балықты, гөш, пиле ҳәм дән өнимлерин жетистириўге айрықша әҳмийет берилди. Балықшылық санаатын раўажландырыў, оның өнимлерин қайта ислеп шығарыў ҳәм балық аўлаў ҳәммениң дыққат орайында болды. Аўыл хожалығында 1941-жылы урыс басланыўдан-ақ қатаң жумыс тәртиби белгиленди. Колхозларда ең аз мийнет күн бурынғыдан 0,5 есе көбейди ҳәм ал жас балалар ушын 12 жастан баслап колхозда мийнет күн ислеп табыў белгиленди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Республикамыздың пахтакешлери де үлкен табысларга еристи. 1941-жылдың 28- октябрь күни Қарақалпақстан республикасы ўатанымызға 95,5 мың тонна ҳәм өткен жылға қарағанда 25 мың тонна пахта артық тапсырды. Ғәллекешлеримиз 56 мың тонна дән жетистирди. Пиле, қара мал ҳәм маллардан алынатуғын өнимлерди тапсырыў планы да табыслы орынланды.

Урыс жыллары көплеген Қарақалпақстанлылар басқа қалаларға жиберилди. Онда олар фронт ушын жумыс иследи. Олар Свердлов, Қарағанда шахталарында, Оренбург, Горький, Москва ҳәм басқа да санаат орайларында өз ўазыйпаларын инабат пенен орынлады. Мысалы, Пермь областының Кизловский шахта канинде Қарақалпақстаннан 1000 адам иследи. Сондай-ақ Свердлов областының Луковский ГРЭС иниң қурылысында, Челябинск көмир кәнинде, Губаки қаласы шахта ҳәм заводларында 1648 қарақалпақлар пидәкерлик пенен мийнет етти. Ал, 1943-жылы Бекабад металлургия комбинаты қурылысында Қарақалпақстаннан 400 адам иследи.

1941-1943-жыллар 377 муғаллим таярланды. Соның менен бирге муғаллимлер таярлайтуғын 6 айлық курста 400 адам питкерди. Мектеп оқыўшылары урыс жылларында фронтқа жәрдем фондларын шөлкемлестирип ҳәм екшембиликлерге қатнасты. Жоқары қанигели педагог кадрларды таярлаў мақсетинде 1944-жылы Қарақалпақстан муғаллимлер институты педагогикалық институт болып ашылды. Урыс жылларында бул жерде, Қаракалпақстанға көширип әкелинген илимпазлар профессор Г.Д.Петров, М.В.Породоков, доцентлер С.А.Фишер ҳәм Н.Д.Шепкин студентлерге тәлим- тәрбия берди. Сондай-ақ 240 орынлық сырттан оқыў бөлими ашылды.

Фронтқа атланған бир неше он мыңлаған қарақалпақ халқының улары менен қызлары саўаш майданларында қаҳарманлық ерликлери менен өзлерин халық алдында даңққа бөледи. Олардан 20 жаўынгер бурынғы аўқамның қаҳарманы, ал алтаўы «даңқ» ордениниң толық кавалери атағын алды.

Уллы жеңистиң 50 жыллық байрамы мүнәсебети менен Қарақалпақстан республикасында фашизмге қарсы қанлы саўашта қурбан болған 33900 жерлеслеримиздиң мәртлиги мәңгилик етиў мақсетинде 3 томлық «естелик» китабы басып шығарылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Президент Ислам Каримов айтқанындай «жерде тиришилик болып турғанда бизлер қаҳарманлардың ерлиги, олардың семьялары менен балалары алдында басларымызды төмен ийемиз». Урыс ветеранларымыз Қарақалпақстанның бийғәрезлигин қорғаўда суверенлигин беккемлеў, Республиканы терең дағдарыстан шығарыў ҳәм жас әўладты тәрбиялаў жолындағы әмелий ислерге үлги көрсетип атыр. Халықтың әдеп-икрамлық жактан жаңаланыўында, бизиң ата-бабаларымыздың мақтаныш, ар-намыс болып есапланған әсирлерден берли киятырған байлықларды ҳәм дәстүрлерди қайта тиклеўде урыс ветеранларының роли бийбаҳа.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# XI БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН УРЫСТАН СОҢҒЫ ЖЫЛЛАРДА ЭКОНОМИКАЛЫҚ ӨСИЎИ ҲӘМ МАШҚАЛАЛАР

## § 1. Экономикалық дағдарыс

1941-1945-жыллардағы фашистлерге қарсы урыс жеңис пенен тамамланғаннан соң, Қарақалпақстанда урысқа бағдарланған халық хожалығын парахат жолға салыўдың үлкен машқалалары пайда болды. Урыстан соң Қарақалпақстанда халық хожалығының барлық тараўларын раўажландырыў зәрүрли еди. Бирақ, елдиң қалай раўажланыўы ҳәм онда қәлиплесип қалған партияның тоталитар үстемлигине ғәрезли еди. Усы мақсетте урыстан соң халық хожалығын қайта тиклеў, тағы да раўажландырыў ҳаққында нызам (1946-1950-жыллар ушын), бесинши ҳәм алтыншы бес жыллық жобалары (1950-жыллар ушын) қабыл етилди, 1959-жылы жети жыллық жоба тастыйықланды. Жобаларда республиканың раўажланыўы орай ушын пахта ҳәм басқа да шийки затларды таярлаў ўазыйпаларына тығыз байланыстырылды. Урыстан соңғы жылларда санаат тараўында Қарақалпақстанда тазадан Шаббаз пахта заводын қайта қурыў ҳәм пайдаланыўға бериў планластырылды. Шымбай, Хожели, Қоңырат пахта тазалаў заводларын кеңейтиў, Шымбай, Хожели, Қоңырат май заводларының қурылысын тамамлаў белгиленди. Мойнақ балық-гөш комбинатын кеңейтиў ҳәм басқа да шийки зат таярлайтуғын санаат қурылысларын ашыў көрсетилди.

1950-жылларда Арал теңизи бассейнинде ондатра хожалығы раўажлана баслады. 1957-жылдан баслап Қарақалпақстанның Мойнақ районында баҳалы териси бар ҳайўанларды бағып өсиретуғын фермалар шөлкемлестирилди. 1958-1960-жылларда олар мәмлекетке баҳалы аң терилерин тапсырыўдан 900 мың манаттан аслам пайда алыўға еристи. 1956-жылы Тахиатас ГРЕЭСиниң қурылысы басланды, оның 1961-жылы 10-сентябрьде биринши гезеги иске қосылды.

1958-жылы Республикада 159 ҳәр қыйлы түрдеги кәрханалар болып, оларда 12700 адам жумыс исследи. Олардан 585 адам жоқары ҳәм техникалық мағлыўматқа ийе болды. 1958 жылы


www.ziyouz.com kutubxonasi

турақ жайларда ҳəм өндирис объектлеринде тəбийғый газден пайдалана баслады. Усы жылы Республикалық «Қарақалпақ ресгаз» тресті дүзилди. Урыстан соңғы жыллары Қарақалпақстанда тронспорт раўажланды жаңа жоллар салынды. Хожели- Нөкис ҳəм Нөкис- Шымбай жоллары асфальтланды.

1950-жылға шекем-ақ, Нөкис, Ташкент, Москва арасында телефон байланысы орнатылған еди. Буннан соңғы жыллары басқа да қалалар менен телефон байланысы дүзилди. Нөкис қаласы қалалар, район орайлары ҳəм бир қатар поселкалар менен телефон арқалы байланысты.

Республикадан шийки затларды алып кетиў, керекли машина, үскенелер, басқа да техникаларды əкелиў жумысларында үлкен қыйыншылықлар ҳəм тосқынлыклар бар еди. Сонлықтан да 1947-жылы орай Чаржаў-Қоңырат темир жолын салыў ҳаққында қарар қабыл етти. Бул қарарға муўапық Өзбекстан ҳəм Қарақалпақстан ҳүкимети тийисли илажлар көрди. Бул исти пүткил халықлық қурылыс усылы менен əмелге асырыў зəрүр деп көрсетилди. Қарақалпақстаннан 20 мың адам қатнасыўы тийис болып ҳəм олар 75,2 шықырым жерди ислеў нəзерде тутылды.

Өзбекстанның Хорезм областы ҳəм Қарақалпақстан республикасы ушын жүдə зəрүрли темир жол қурылысында 15 миллеттиң ўəкиллери аўыз биршилик ҳəм дослық пенен мийнет етти. Республика басшылары Н.Жапақов, П.Сейтов, М.Жуманазаров, басқалар колхозшыларды халықлық қурылысқа тартыўды, трассада жумысларды шөлкемлестириўде, көпшилик нəсият ислеринде тиккелей басшылық етти. Узақ жыллар даўамында ел басшысы болған Қ.Камаловта «олар қарақалпақ халқының уллы үш байтереги, туўған елимиз тарийхының бетлеринде атлары алтын сыя менен жазылыўға миясар»-деп олардың ел алдындағы хызметлерин жоқары баҳалаған еди.

1952-жылы 23-июньде Тахиятасқа, 1952-жылы 15-июльде Хожелиге ҳəм 1955-жылы 24-июльде Қоңырат қаласына биринши поезд келди. Хожели- Қоңырат темир жол линиясы 1956-жылы ўақытша пайдаланыўға ҳəм ал 1960-жылы октябрьде толық пайдаланыўға тапсырылды. Чаржаў-Қоңырат темир жолы магистралы Қарақалпақстан республикасының, Хорезм областының

www.ziyouz.com kutubxonasi

экономикасының ҳәм мәдениятының буннан былай раўажланыўы ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.

Урыстың аўыр ақыбетлери Республиканың халық хожалығының барлық тараўына, әсиресе аўыл хожалығына унамсыз тәсир етти. Соған қарамастан 1946-жылы 2-февральда орай тәрепинен «1946-жылы, 1953-жыллары Өзбекстанда пахташылықты қайта тиклеў, оны буннан былайда көтериў жобасы ҳәм илажлары ҳаққында» қарар қабыл етти. Ҳақыйқатында, бул қарар республика халықларының өзине тән өзгешеликлери есапқа алмастан жоқарыдан пахташылықты раўажландырыўға қаратылған тоталитар сиясаттың анық көриниси болды. 1950-жылы 9-июньдеги орайдың қарарына муўапық колхозларды ирилендириў нәтийжесинде Қарақалпақстанда 200 колхоз болды. 1950-жылы пахташылықта ерискен табыслары ушын Шымбай районы Ахунбабаев атындағы колхоздың звено баслығы Ш.Мусаевқа автономиялы республикада биринши рет мийнет қаҳарманы атағы берилди.

1947-жылы ақша реформасы өткерилиўине, азық-аўқат санаат товарларына картошка системасы бийкар етилиўине қарамастан Республикада қымбатшылық даўам етти ҳәм елде ақша инфляциясы қайтадан күшейе баслады. Бул жағдай 1961-жылы қайтадан ақша алмасыўына алып келди. Елден азық-аўқат затлары, санаат товарларының қымбатшылығына байланыслы ҳәм колхозлардың азық-аўқат егинлерин егиў кейпи күшли болды. Бирақ, Орай аўыл хожалығында пахта монополиясы сиясатын даўам етти. Орай тәрепинен «1954-1958-жыллары Өзбекстан да пахташылықты буннан былайда раўажландырыў ҳаққында» қарар қабыл етти. Усы қарарға муўапық 1954-жылы пахтаның егислик майданы 89 мың гектарға көбейтилди. 1954-жылы Қарақалпақстанда ең биринши пахташылық совхозы Хожели районынан «Әмиўдәрья» совхозы шөлкемлестирилди.

Бул жыллары Қарақалпақстанда пахта ушын тың ҳәм партаў жерлерди өзлестириў иске асты. Ал, Шоманай массивинде жерлерди өзлестириў есабынан пахташылық районы пайда болды. 1958-жылы Орай колхоз дүзимин буннан былайда раўажландырыў ҳәм машина-трактор станцияларын қайта шөлкемлестириў ҳаққында қарар қабыл етти. Бул қарарға муўапық МТСлар сап-


www.ziyouz.com kutubxonasi

ластырылып ҳәм оның техникалары колхозларға сатылып берилди. 1950-жыллардан баслап қарақалпақ тилинде «агитатор блокноты» журналы басылып шығатуғын болды. Усы жылдың июль айында Қарақалпақстан жасларының газетасы «жас Ленинши» қайтадан шыга баслады. Буннан басқа республикада бул жыллары республикалық газета ҳәм 14 районлық газеталар шығып турды.

Бул жыллары жәмийетлик-сиясий турмыста адамларды гүнасыз жазалаўлар даўам етти. Егер урысқа шекемги 30-жылларда гүнасыз жазалаў тийкарынан партия, кеңес, хожалық, әскерий қанигелер болса, урыстан соңғы дәўирдеги Қарақалпақстанда «гүнасыз жазалаўлар» миллий мәдeният ҳәм илим кадрлары менен руўханыйлерге қаратылды. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанның раўажланыўына белсене қатнасқан көп ғана мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткерлердиң көпшилиги Сталин ҳәм оның дөгерегиндегилер тәрепинен гүнасыз репрессияға ушыраған еди.

Қарақалпақстан экономикасы 1960-жыллардан соң да бир тәреплеме раўажланды. Себеби аўқамда үстемлик еткен менменлик буйрықпазлық басқарыў тәрепинен орай мәпи ушын исленип ҳәм белгиленип берилген экономикалық сиясат мәжбүрий орынлаў керек болды. Сонлықтанда 60-жыллары да Қарақалпақстанда Орай ушын шийкии зат таярлаў санааты раўажланды. Азық-аўқат санаатында Мойнақ балық- конверва комбинаты әҳмийетли орынды ийелейтуғын еди. Бирақ 60-жыллары Әмиўдәрья ҳәм Арал теңизинде суўдың азайыўына байланыслы балық аўлаў төменлеп кетти ҳәм балық консерваларын жетистириў азайа баслады. Усының себебинен экономикадағы ҳәр жылғы шығын 127 мың манатты қурады. Мойнақ балық консерва заводы дерлик балықсыз қалды. Егер де ўақтында мәмлекетлик сапа белгиси бар 22 өнимге ийе болып ҳәм оның бир бөлеги шет ел волютасына сатылар еди. 60-жылларда миллионнан аслам ондатр терилери таярланып ҳәм бул аўқамда өндирилетуғын баҳалы өнимниң 15-20% ин қурайтуғын еди. Ал Арал теңизиниң суўының азайыўы менен бул қысқарып экономикаға тийгизген шығыны 10 миллион манатты қурады. Сондай-ақ суў транспортыда өз жумысын тоқатты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

1960-жыллары ири курылыска итибар берилди. Усының нәтийжесинде 30 дан аслам ири кәрханалар пайдаланыўға берилди. Олар Султан Уайис таўында тас майдалаў, бөлиў заводы, Халқабад пахта тазалаў заводы, аэровокзал, телевидение орайы ҳәм басқалар болды. 1960-жылы Тахыятас ГРЭС ининң тармақлары тутастырылды ҳәм Өзбекстан энергетика тармақларына қосылды. Бухара-Урал газ магистралы қурылды. Ол Қарақалпақстан аймағынан өтти ҳәм республикамыз тәбийи газ бенен тәмийин етиле баслады. 1963-жылы декабрьде Тахыятас ГРЭС и тәбийий газге өтти, усының нәтийжесинде станцияның жетистиретуғын қуўаты көбейди. Республиканың санаат кәрханалары ҳәм елатлы пунктлери кем-кемнен тәбийий газден пайдалана баслады.

1960-жыллары аўыл хожалығының жаңа траўы болған қанийгелестирилген салыгершилик совхозлар дүзиле баслады. Салының егислик майданы бирден көбейди. Ол егер 1961-жылы 1,9 мың гектар ғана болса ҳәм 1970-жылы 20,9 мың гектарға артты. Сөйтип салыгершилик аўыл хожалығында пахташылықтан кейинги екинши орынды ийелейтуғын ири хожалық тараўы болды.

1960-жыллары мал шарўашылығында өзгерислер болды. Бул тараўда жаңа қәнигелестирилген хожалықлар пайда болды. Гөш, сүт, ҳәм овощ жетилистириў бойынша «Нөкис совхозы», қаракөлшилик бойынша «К.Маркс» атындағы, «Қарақалпақстанның 40 жыллығы», басқа да мал шарўашылық пенен шуғылланыўшы совхозлар ҳәм колхоз аралық хожалықлар шөлкемлестириле баслады.

1970-жылларда Қарақалпақстан халық хожалығының раўажланыўы ушын ири қаржы жумсаў өсти. 1980-жылдың биринши ярымында 30 дан аслам санаат кәрханалары менен цехлар иске қосылды. Олар Нөкис бройлер фабрикасы, Шымбай гүриш заводы, жай қурылысы комбинатлары, гербиш заводлары, темир жол қурылысы ҳәм басқа да бир қанша объектлер бар еди.

1950-жылларда қурылған Чаржаў-Қоңырат темир жолы елдиң талабын буннан былайда қанаатландыра алмады. Сонлықтан Қарақалпақстан ҳәм Хорезм өзиниң халық хожалығын раўажландырыў зәрүрлигине байланыслы 1967-жылы Қоңырат-



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийнеў темир жолының қурылысы басланды ҳәм ол 1973-жылдың ақырында пайдаланыўға берилди.

1970-жыллары Қарақалпақстанның ишинде темир жол қурылысы ен жайдырылды. Тоғызыншы бес жыллық ақырында Тахыятас- Нөкис темир жол тараўы турақлы пайдаланыўға берилди, жәнеде Шымбай қаласына шекем темир жол салынды. Бул жумыслар республиканың халық хожалығының раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болды.

Қарақалпақстанда жаңа жерлер өзлестириў есабынан 1980-жылға келип 17 салыгершилик совхозлары пайда болды. 1970-жылларда Мойнақ, Бозатаў районлары тийкарынан ири қарамаллар өсириўге қанигелести ҳәм ал Үстирт пенен Қызыл қумда қой өсириў хожалықлары шөлкемлестирилди. Бул жыллары Қарақалпақстанның раўажланыўында табыслар менен бир қатар машқалалар ҳәм унамсыз қубылыслар орын алды. Халық өзи өндирген өним табысларына ийелик ете алмады. Қарақалпақстан санаатының пахта тазалаў кәрханалары тек пахтаны дәслепки қайта ислеўден өткерди, ал оның ең қымбатлы, әҳмийетли бөлеги «пахта мамығына» орай ийелик етти. Кеңес ҳакимияты дәўиринде Қарақалпақстанда пахтадан зат ислейтуғын бир де тоқымашылық комбинаты салынбады.

Пахташылықты раўажландырыў ҳаққындағы орайдың қатаң көрсетпесине муўапық мәжбүрий түрде Әмиўдәрья, Сырдәрья суўларын пайдаланыўда жер-суў ресурсларын есапқа алмаў, жерлерди өзлестирип суўғарыў ҳәм халықтың ден-саўлығына зыянлы химикатларды ҳәдден тыс пайдаланыў жумыслары иске асты. Бул жағдай Арал теңизи суўының азайып ҳәм экологияның бузылыўына алып келген себеплердиң бири болды.

1985-жылы орай кеңес жәмийетин қайта қурыў мәселесин ортаға қойды. Оның тийкарғы мазмуны кеңес жәмийетинде демократия ҳәм экономикалық өзгерислер жасаўдан ибарат болды. Бирақ бул ўақыттағы орайдағы басшылар илимге тийкарланған ҳәм сиясий жақтан дәлилленген ҳақыйқый қайта қурыў бағдарламасына ийе емес еди. Сонлықтан да қайта қурыў дәўиринде адамларды қуўдалаў ҳәм жумыс орнынан босатыў сыяқлы ҳәрекетлер күшейди. Усының нәтийжесинде 1988-жылға шекем 17,5 мыңнан аслам адам қамаққа алынды. Бул жыллары Арал


www.ziyouz.com kutubxonasi

кризиси күшейип ҳәм ол пүткил жер жүзлик машқалаға айлана баслады. 1970-1985-жылларда Қарақалпақстанда аўырыўшылық ҳәм өлимшилик бирден көбейип кетти. Бул жыллары республикаға 1200 врач ҳәм соннан аўылға 720 врач жетиспейтуғын еди. Қарақалпақстанда бир де санатория, бир де дем алыс үйлери қалмады. 1973-1982-жыллары Мойнақтағы курортларда ҳәр жылы 20 мың адам дем алды. Арал теңизиниң қурыўы менен бул курортлар өз ислеўин тоқтатты. Усының салдарынан республикаға ҳәр жылы 8 миллион манат шығынға ушырады.

Кеңес мәмлекети узақ ўақыт даўамында Арал апатшылығын жасырып келди. Тек 1985-жылғы жәриялылық нәтийжесинде барлық аўқамға ҳәм сырт мәмлекетлерге белгили болды. Арал машқаласын жәмийетшиликтиң талабы менен кеңес ҳүкимети тез шешиў илажларын көрди. Бурынғы КПСС орайлық комитети ҳәм СССР Министрлер Кеңесиниң 1986-жыл 17-марттағы «Қарақалпақстан АССР ның экономикалық ҳәм социаллық жақтан раўажландырыўды тезлетиў бойынша илажлары ҳаққында» №340 ҳәм 1988 жылы 19- сентябрьде №110 «Арал теңизи районындағы экологиялық ҳәм санитариялық жағдайды түп-тийкарынан жақсылаў, теңиз бассейнинде суў ҳәм жер ресурсларын пайдаланыўдың нәтийжелилигин арттырыў ҳәм оларды қорғаўды күшейттириў иләжлары ҳаққында» қарарлар қабыл етилди. Бирақ буннан кейин де республиканың социал- экономикалық турмысында өзгерислер болмады. Қанигелердиң мағлыўматы бойынша 1990-жылға шекем бул шығын 45 млрд манатты қурады. Ал Арал машқаласын зәрүрли шешиў ушын 100-110 млрд манат керек болды.

## § 2. Қарақалпақстанның мәдений турмысы (1917-1990 жж). Билимлендириў

Кеңес ҳәкимияты орнаған нан соңғы жәмийетлик сиясий ҳәм экономикалық өзгерислер миллий мәдениятқа ҳәр қыйлы тәсир етти. Ол руўхый раўажланыўдың тийкарғы бағдарлары менен келешегин кеңеслик етип белгилеп берди. Кеңес ҳәкимияты динди, руўханый ҳәм диншиллерди шетлетти. Мешитлер жабылды, уламалар, диншиллер тарийхта болмаған дәрежеде қуўда-


www.ziyouz.com kutubxonasi

ланды, аяўсыз жазаланды, олардың көпшилиги қамаққа алынды ҳәм жер аўдарылды. Әсирлер даўамында жасап киятырған халықлардың көп ғана үрп-әдетлери диншиллик деп жоқ етилди. Буның үстине кеңес ҳәкимияты халықтың арабша саўатлылығын мәдениятсызлық деп мойынламады. Тек русласқан саўатлылықты раўажландырыўға айрықша әҳмийет берди. Халықтың саўатсызлығын сапластырыў (ликбез) мапазы еки бағдарда, егеделердиң саўатын ашыў ҳәм жасларды мектеплерге оқыўға бериў жолы менен алып барылды. Егеделердиң саўатын ашыў исине барлық саўатлы адамлар тартылды. Егеделер арасында саўатсызлықты сапластырыў мектеплери мешитлерде, клубларда ҳәм жеке хожалық үйлеринде ашылды. Олар ушын фабрикаларда, заводларда, кәрханаларда ҳәм мекемелерде арнаўлы бөлимлер ажыратылды.

Қарақалпақстанда егеделер саўатын ашыў бойынша дәслепки оқыў 1919-жылы июньда Төрткүлде ашылды ҳәм кейин ала бундай оқыў орынларының саны өсип барды. Ал ҳаял қызлар ушын 1926-жылдан Қарақалпақстанда саўат ашыў мектеплери иследи. 1925-жылы қарақалпақ тилинде дәслепки сабақлықлар басып шығарылды. Олар ишинде «егеделер саўаты әлипбеси» бар болып ҳәм ол С.Мәжитов тәрепинен дүзилди. Елде 1920-жылдың ақыры 1930-жыллардың басында жаңа латынластырылған альфавитти енгизип ҳәм саўатсызлықты сапластырыў ушын атланыс ен жайды. Бул «мәдений атланыс» деп аталды. Халықтың улыўма саўатлылығы 1938-жылға келип 60 пайыз болды. Ал урыстың алдында ликбез мектеплери өз жумысын тоқтатты. Балалар үйин ашыў арқалыда жасларды оқытыў ислерине әҳмийет берилип ҳәм 1919-жылы Төркүлде дәслепки балалар үйи ашылды.

Екинши бес жыллықтың ақырында Қарақалпақстанда ғалаба баслаўыш билим бериўге өтиў тамамланды ҳәм жети жыллық билим бериўге өте баслады. Елдиң мәденияты раўажланыўында жоқарғы ҳәм орта мағлыўматлы қанийгелер әҳмийетли орын ийелейди. Бирақ бундай қәнийгелерди Қарақалпақстанның өзинде таярлаўға дәслепки жыллары мүмкиншилик болмады. Сонлықтан орта қанийгели кадрлар ҳәм әсиресе жоқарғы мағлыўматлылар аўқамдағы басқа республикалардың оқыў орынларында таярланды. 1932-жылы елимизге тек Орта Азиядағы жокары оқыў орынларынан 43 адам питкерип келди. Сондай-ақ РСФСР дан

www.ziyouz.com kutubxonasi

республикамызға жумыс ислеўге жоқары мағлыўматлы қанийгелер жибериле баслады. Булардың ишинде врачлардан Т.А.Никитина, Хожелиде В.В.Восковойников Қоңыратта, Қара доктор Қараөзекте ҳәм басқалар үлкен абройға ийе болды. Олар Қарақалпақстанда турақлы жумыс ислеп қалды. Жоқары ҳәм орта қәнигели кадрлар елимиздиң өзинде де таярлана баслады. 1925-жылы Төрткүлде педагогикалық ҳәм аўыл хожалық техникумлары ашылды. 1935-жылы Төрткүл финанс-жобаластырыў техникумы ашылды, ҳәне усы жылы Төрткүлде медициналық училище ҳәм Шымбайда медсестралар мектеби ашылды.

Қарақалпақстанда билимлендириўдиң раўажланыўы жоқары педагогикалық мағлыўматлы қанигелерге күшейтти. Усыған байланыслы 1931-жылдан-ақ педагогикалық институты ашыў мәселесине таярлық ислене баслады. Нәтийжеде 1934-жылы 1-июльде педагогикалық институт ашылып ҳәм оған сентябрден баслап оқыўшылар қабыл ете баслайды. Бул муғаллимлер институтында еки бөлим физика- математика, қарақалпак тили ҳәм әдебияты бөлимлери болды. Жыл сайын института жаңа қәнийгелер бойынша бөлимлер ашылды ҳәм оның оқыў материаллық базасы жақсыланып барды. Олардан 1936-жылы филология факультети қурамында тарийх бөлими дүзилди, ол 1937-жылы 1-сентябрьден рус тили ҳәм әдебияты бөлими дүзилди.

Сондай-ақ Қарақалпақстанда 1930-жыллары ветеринария ҳәм зоотехникум ашыў, мелеоратив ирригация техникумын, пахташылық техникумын кеңейтиў, балықшылық техникумын ашыў ҳәм 1936-жылдан баслап медицина институтының қурылысын баслаў ҳаққында мәселелер көтерилди. Республика халқына руўхый мәдениятының өсиўине улыўма билим беретуғын мектеплер үлкен орын ийелейди. 1938-жылдан баслап Нөкисте мектеплер ушын сабақлықлар басып шығарыла баслады. Ал 1960-жылдың ақырында 1970-жылдың басында ҳәр жылы 50-55 атамада сабақлық ҳәм 40 атамада оқыў бағдарламалары шығарылып барылған. Сондай-ақ өз ана- тилинде оқыўы ушын өзимизде басылып шыққаннан басқа Ташкенттен, Алма-атадан, Россиядан ҳәм Ашхабадтан оқыў қураллары жобалы түрде алынып турылған. Мектеп ушын муғаллим қанийгелерин таярлаўда муғаллимлер институты менен медициналық училищелер үлкен


www.ziyouz.com kutubxonasi

орын туты. Буннан тысқары муғаллимлер таярлайтуғын алты айлық курслар шөлкемлестирилди. Оларға 1944-жылдан баслап жаслар ушын кешки мектеплер де жумыс иследи.

Урыстан соңғы жыллары миннетли жети жыллық билим бериў енгизилди. Мектеплерде политехникалық билим бериўди иске асырыў бойынша иләжлар көрилди. 1956-жылдың өзинде ақ Қарақалпақстан мектеплеринде 77 устахана ҳәм 300 ге жақын тәжирийбе участкалары болды.

Мектеплер ушын жаңа нызам (1959) қабыл етилди. Нызамға муўапық мектеплер 8 ҳәм 11 жыллық мектеплер болып қайта дүзилди. 1960-жылларда Қарақалпақстан аймағында тек ғана 7 қанигелескен орта оқыў орны бар болса ҳәм 1970-жыллардың ақырына келип олардың саны 25 ке жетти. Бирақ усы жетискенликлерге қарамастан оқытыў тараўында үлкен қәте кемшиликлер орын алды. Көплеген мектеплер, әсиресе аўылларда заман талабына сай емес полсыз, жақтылығы жеткиликсиз, канализация ҳәм водопроводлар жоқ болып ҳәм мектеп гигиенасына жуўап бермеди. Ҳүкимет мектеплер ушын басқа мектеплер менен салыстырғанда жүдә аз қаржы бөлип шығарды. Мәселен 1989-жылғы мағлыўмат бойынша халық билимлендириўи ушын орта есап пенен АҚШ та бюджеттиң 6,0% ти, Европа мәмлекетлеринде 5,0% ти сарп етилсе, бизиң республикада илим, мәдения т, халық билимлендириўи ҳәм ҳәммеси қосып есапланғандағы бөлип шығаратуғын қаржы бюджеттиң 3 процентине шамаласы ғана тутатуғын еди.

1934-жылы дүзилген муғаллимлер институты, 1944-жылы Нөкисте Қарақалпақстан мәмлекетлик бирлескен педагогикалық ҳәм муғаллимлер институты болып қайтадан дүзилди. Бул института қарақалпақ, рус тили, әдебияты, тарийх, физика, математика, тәбият таныў ҳәм география факультетлери бар еди. Института 1950-1951-оқыў жылынан баслап 240 орынлық сырттан оқыў бөлимиде ашылды. 1950-жылдың екинши ярымында бул институт Қарақалпақстан мәмлекетлик институты деп аталды. Ол автономиялы республикамызда бирден-бир жоқарғы оқыў орны болып, жәмийетлик- сиясий ҳәм мәденияттың раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр бир мәмлекеттиң, ҳәр бир республиканың экономикалық, социаллық раўажланыўын тәмийинлеў ушын биринши гезекте сол мәмлекеттиң ҳәм республиканың интеллектуаллық күшлериниң өсиўин тәмийинлеў зәрүрлигин тәжирийбе көрсетип атыр. Демек, усындай адамлар, өз арамыздан өсип ҳәм жетилисип шықпағанша бизде раўажланған мәмлекетлер дәрежесине қарай адым атлаў қыйын екенлиги мәлим. Билим раўажланбай, билимли қанийге, талант ийелери көбеймей ҳәм алға жылжыў мүмкин емес. Сонлықтан да университерт ашып, халық хожалығына керекли кадрларды таярлаўға өтиўдиң бирден-бир туўры жол екени көринип турды. 1966-1967-жыллардан баслап Қарақалпақстанда педагогикалық институт базасында университет шөлкемлестириў иси басланды. Нәтийжеде 1974-жылы 26-февральда «1976-1977–оқыў жылынан баслап Нөкисте techинститут базасында университет ашылсын» деген қарар қабыл етилди.

Кеңес ҳүкимети дәўиринде үлкени илим изертлеў жумыслары даўам етти. Қарақалпақстанның жер суў ресурслары, хожалығы ҳәм мәденияты илимпазларды қызықтырды. Олар бир қатар илим-изертлеў жумысларын жүргизди. 1923-жылы Г.Н.Чарданцев басшылығында Хорезм республикаларында жоба комиссиясы жумыс баслады. Комиссия сол жағалық қарақалпақлар киретуғын Хорезм республикасының халық хожалық жобасын дүзди ҳәм аўыл хожалығы әсиресе пахташылық бойынша бир қатар илимий мийнетлерди пайда етти. 1920-жыллары илимпазлар аўыл хожалығын раўажландырыў суўғарыўсыз мүмкин емеслигин есапқа алды ҳәм бул тараўды изертледи. Бунда белгили илимпаз- ирригатор В.В.Цинзерлинг үлкен үлес қосты. 1925-жылы А.С.Берг Арал теңизи бассейнинде үлкен илимий экспедиция жүргизди. Онда теңизге ҳәм ондағы балықшылықты раўажландырыўға әҳмийетли орын берилди. 1926-жылы Москва университетиниң студентлери Н.А.Баскаков, А.Дәўлетовлар басқарған, этно-лингвистикалық экспедиция жумыс баслап ҳәм оған бир неше жергиликли жас илимпазлар да қосылды. 1920-жыллары Қарақалпақстандағы миллий мекемелер ўәлаятлық халық билимлендириў бөлиминиң илимий- терминология секциясы, үлке таныў музейи, областлық музей, китапхананың илимий бөлими, областлық жер басқармасының экономи-


www.ziyouz.com kutubxonasi

ка кабинети жәнеде метерологиялық станциялар менен Кеңес НИХИ диң тәжирийбе станциялары еди. Бул майда илимий мекемелерди бирлестирип бир комплексли илим изертлеў институтын шөлкемлестириў керек болды. Сөйтип, 1931-жылы 20- августа Қарақалпақстан комплексли илим изертлеў институты ашылды. Института 5 профессор ҳәм 6 доцент ҳәм барлығы 56 илимий хызметкер болды.

Бурынғы аўқамның академиясы тәрепинен 1933-жылы Ленинградта Қарақалпақстанның өндириўши күшлерин изертлеў бойынша биринши конференция орайлық ҳәм жергиликли илимий мекемелердиң республикада жүргизилген изертлеў жумысларының бир қатар жуўмақларын шығарды. Оған көрнекли илимпазлар қатнасты. Конференцияға Қарақалпақстаннан К.Нурмуҳәммедов, Г.Убайдуллаев ҳәм тағы басқалар қатнасқан. Конференцияда 30 баянат болып, соның 10 баянатты Қарақалпақстанлы илимпазлар ҳәм хызметкерлер исследи.

1930-жыллары қарақалпақ тарийхы ҳәм мәденияты изертлене баслады. Онда шығыс халықларын изертлеўши тарийхшы П.П.Ивановтың салмақлы үлеси бар. 1937-жыл белгили илимпаз С.П.Толстов басшылығындағы Хорезм археологиялык-этнографиялық экспедициясы жумыс баслады. Союз НИХИ дың Шымбайдағы зоналық станциясы 1958-жылы Дийханшылық илим изертлеў институты болып қайта дүзилди. Институт илимий хызметкерлери Қарақалпақ хаўа райына қолайлы жаңа өнимли пахта сортларын тапты. 1945-жылы Хорезм археологиялық этнографиялық экспедициясы атақлы илимпаз С.П.Толстов басшылығында өз жумысын қайты баслады. Экспедиция жуўмақлары тийкарында Қарақалпақстанның тас дәўирден XV-әсирге шекем тарийхы қайта тикленди.

1959-жылы Қарақалпақстан комплексли илим изертлеў институтының базасында Өзбекстан илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы дүзилди. 2009-жылы декабрьде Өзбекстан илимлер академиясынан Қарақалпақ бөлиминиң 50 жыллық юбилейи белгиленди. Өзбекстан илимлер академиясы Қарақалпақ бөлими президиумы баслығы болып, М.К.Нурмуҳәммедов, С.К.Камалов, Т.Б.Ещанов, ҳәзирги ўақытта Н.Қ Айымбетов ислеп атыр.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлбетте, илимий мекемелер менен жоқарғы оқыў орынлары Қарақалпақстанның экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўында әҳмийетли орын ийеледи. Бирақ, олар да халық хожалығының басқа тараўлары сыяқлы, тоталитаризм тәсиринен сырта қалмады ҳәм көплеген унамсыз қубылыслар болды. Илим изертлеў жумысларының халық хожалығы менен байланысы айтарлықтай жолға қойылмады. Илимпазлардың Арал кризисиниң алдын алыў ҳаққындағы пикирлери шешиўши түрде есапқа алынбады. Қарақалпақстанда жоқарғы мектеп бир тәреплеме раўажланып ҳәм өндириўши күшлер талабына муўапық жоқарғы оқыў орынлары ашылмады.

## § 3. Мәдениият ҳәм көркем өнер

Бул жыллары руўхый турмыста жеке адамға сыйыныўдың күшейип барыўын қарамастан миллий әдебият ҳәм көркем өнер өз раўажланыўын тапты. 1928-жылы Қарақалпақстанда қарақалпақ жазыўшыларының аўқамы шөлкемлести. Ол 1932-жылы Қаракалпақстан кеңес жазыўшыларының аўқамы болып қайта дүзилип ҳәм оның шөлкеми «миллий әдебияты» шыға баслады. Талантлы жыраўлар ҳәм бақсылар Есемурат Нурабыллаев, Қурбанбай Тәжибаев, Есжан Қосполатов, Жапақ Шамуратов ҳәм баска талант ийелери халыққа хызмет етти. 1934-жылы, 10-июльде Қарақалпақстан жазыўшыларының биринши съезди шақырылып, ал, сол жылы августта жазыўшылардың Пүткил аўқамлық съезди болып ҳәм оған елимиздиң жазыўшыларынан А.Бегимов, И.Фазылов ҳәм Ж.Аймурзаев қатнасады. 1939 жылы. Үлкемизге Москвадан бир топар жазыўшылар келип, Қарақалпақ жазыўшыларына жәрдем берип ҳәм өз-ара пикирлер алысып рус тилинде «поэты Каракалпакстана» топламды баспадан шығарады.

Усы жыллары, Қарақалпақстанға рус ҳәм жер жүзлик әдебиятының шығармалары таралады. Мәселен: А.С.Пушкиниң, М.Ю.Лермонтовтың, В.Шекспирдиң, Байронның ҳәм басқа жазыўшылардың мийнетлери қарақалпақ тилине аўдарылды. Бирақ, Шығыстағы, әсиресе ислам дүньясының әдебият ҳәм көркем өнер тараўындағы мийнетлер еске алынбайды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстанда театры, көркем өнери ҳәм 1920-жыллардың басында дүзилген драмалық дөгереклер тийкарында өсип шығады. Усы дәўирде, еле кәнийге артистлер болмай, қаладағы жасаўшы адамлар ҳәм оқыў орнының студентлери дөгерек ағзалары болды.

1925-жылы педагогикалық техникумның биология оқыўшысы З.Ф.Қасымов шөлкемлестирген «таң нуры» драмалық дөгереги ҳәм қарақалпақ миллий труппасы болып дүзилиўинде үлкен үлес қосты. «Таң нуры» драмалық дөгереги 1927-жылы. Ә.Өтепов басшылығындағы бирден-бир ўәлаятлық миллий труппа болып дүзилди. Ал, 1930-жылы декабрде директоры Ә.Өтепов болған биринши қарақалпақ театры ашылды. 1934-жылы Москвадағы А.Н.Луначарский атындағы театр көркем өнери институтында Қарақалпақстаннан 33 адам оқыды. Соң олар елимизде театр көркем өнерин раўажландырыўда әҳмийетли орын ийеледи.

Бул жыллары республикамызда кино ҳәм искусство көзге түсе баслады. Төрткүлде Россия киносының республикалық бөлими шөлкемлестирилди. Кинотеатр қурылыслары басланды. Москва қаласының Дзержинский районлық кеңеси республикаға биринши рет даўыслы кино үскенелерин жиберди. Сондай-ақ республикада радио еситтириў кең тарқала баслады. Дәслепки радио еситтириў станциясы қурылды.

Бул жыллары Қарақалпақстанда мәдений ағартыў мәкемелериниң тараўлары жыл сайын өсти. 1924-жылдан баслап Қарақалпақстанда газеталар шыға баслады. Усы жылы еки газета-«Биринши адым» (Хожелиде) ҳәм «Еркин Қарақалпақстан» (Төрткүлде) газеталары баспадан шықты. Бирақ бул газеталардың типографиялық базалары жүдә төмен еди ҳәм оның үстине қәнийгели ҳәрип териўшилер де жоқ еди. Сонлықтан «Биринши адым» газетасы жабылып ҳәм тек «Еркин Қарақалпақстан» газетасы шыға баслады, соң ол «мийнеткеш қарақалпақ» ҳәм 1931-жылы «Қызыл Қарақалпақстан» аты менен баспадан шығып турды. 1933-жылдан баслап «Советская Каракалпакия», «Жас ленинши», «Жеткиншек» ҳәм «Совет муғаллими» баспадан шыға баслады.

Солай етип, кеңес ҳәкимиятының дәслепки 20 жыллық үстемлиги дәўиринде халықлардың русласқан мәденияты әдеўир


www.ziyouz.com kutubxonasi

раўажланды, бирақ миллий мәденият ҳәм руўхый турмысы ҳәр тәреплеме шекленди. Халықлардың миллий үрп-әдетлери менен мәдений мийраслары бийкар етилди. 1920-1930-жыллары Қарақалпақстанның экономикалық, жәмийетлик- сиясий, мәдений ҳәм руўхый турмысын пүткиллей өзгерте баслаған дәўир болды. Солай болса да елимиздиң халықлары өзине тән өзгешеликлерин сақлап қалыў ушын барынша ҳәрекет етти.

Руўхый мәденияттың раўажланыўында әдебият ҳәм көркем өнер тийкарғы орын ийеледи. 1956-жылдан баслап «Қарақалпақстан әдебияты ҳәм көркем өнери» журналы жаңадан басып шығарыла баслады. Ол 1958-жылдан «Әмиўдәрья» деп аталды. 1957-жылы Ташкенте Қарақалпақстан көркем өнери ҳәм әдебиятының 10 күнлиги болып өтти.

1966-жылы әдебият ҳәм көркем өнер тараўындағы ең жақсы шығармалар ушын республикалық Бердақ атындағы сыйлык белгиленди. А.Дабылов, Т.Қайыпбергенов, ҳәм С.Хожаниязовлар усы сыйлықтың биринши лауреатлары болды.

Усы жылларда республикада Ленинград мәденият күнлери, Украина әдебияты ҳәм көркем өнериниң он күнлиги (1966)-жылы, Түркменстан республикасының (1966)-жылы, Хорезм ўәлаятының (1968)-жылы ҳәм Қырғызстан мәденият күнлери (1969)-жылы болып өтти. Өз гезегинде Қарақалпақстан мәденияты күнлери Москвада, Украинада, Түркменстанда, Қазақстанда, Татарстанда, Башқуртстанда, Дагестанда ҳәм басқада орынларды болды.

1950-жылдан кейин республикалық китапхана ашылды. 1966-жылы «қырық қыз» ансамбли дүзилип ҳәм оның қурамында 59 қыз болды. Усы жылы белгили художник И.В.Савицкий басшылығында көркем өнер музейи ашылды.

Радио ҳәм телевидение жумысы ен жайды. 1941-жылы март айынан Нөкис қаласында өз жумысын баслаған радиостанция даўыслары 1985-жылы халықтың 96% нен асламының үйлеринде еситилди. 1984-жылы телевидение реңли корсетиў пайда болды ҳәм көрсетиў каналлары көбейди. 1970-жылы Нөкис қаласында «Узкинохроника» студиясының Қарақалпақстан филиалы ашылды. Соңғы жыллары ол республикамыздың киностудиясы болып шөлкемлестирилди. Солай етип, Қарақалпақстанның мәдений ағартыў тараўында үлкен өзгерислер болды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# XI БАП. СУВЕРЕНЛИ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ

## § 1. Жәмийетлик-экономикалық дүзилистеги өзгерислер

14-декабрь 1990-жылы он екинши шақырық Қарақалпақстан АССР жоқарғы кеңесиниң гезектеги төртинши сессиясында депутатлар республикалық мәмлекетлик суверенитети ҳаққында декларация жойбарын додалады ҳәм оны қабыл етти. Суверенлик - бул сыртқы қатнасықларда мәмлекеттиң ғәрезсизлиги өз бетиншелиги ҳәм ишки ислерде үстинлиги. Суверен Қарақалпақстан республикасы менен Өзбекстан республикасы арасында өз-ара қатнасықлар олар арасында теңлик, еки тәрепли шәртнамалар ҳәм келисимлер тийкарында қурылады.

Қарақалпақстанның мәмлекетлик суверенитетиниң ен әҳмийетли принциплери төмендегилерден ибарат. Республика дүзилген шәртнамалар тийкарында Өзбекстан республикасына ықтыярлы берилген ўәкилликлерден тысқары өз аймағында мәмлекетлик ҳакимиятқа толық ийе. Өзиниң мәмлекетлик дүзилисин, ҳәкимшилик-аймақлық жақтан бөлиниўин, мәмлекетлик ҳакимият, басқарыў уйымлары системасын, судты, арбитражды дүзиўди ҳәм прокурорлы бақлаўды шөлкемлестириўди өзи белгилейди. Аймақтағы өз бийлигиндеги мәселелерди шешиўге келгенде Қарақалпақстан республикасының конституциясы (тийкарғы нызамы) ҳәм нызамлары жоқары турады. Республиканың аймағы бир пүтин болып табылады, бөлинбейди ҳәм Қарақалпақстан халқының еркин тилегисиз өзгертилиўи мүмкин емес. Ол Өзбекстан республикасының қурамынан шығыў ҳуқықына ийе. Қарақалпақстан республикасы суверенли мәмлекет сыпатында пүткил халық пикирин сораў жүргизиў жолы менен билиўрефендум жәриялаў ҳуқықына ийе.

Қарақалпақстан республикасы суверен мәмлекет сыпатында Өзбекстан нызамларының, басқада нызам активлериниң күшин жүргизбей таслаўға, протест-билдириўге ҳақылы, егер олар Өзбекстанның ўәкилликлериниң шегинен шығып кетсе, ҳуқықларын бузса, мәмлекетлик өз нызамын, танбасын, байрағын гимнин ҳәм басқаларын белгилейди. Мәмлекеттиң тийкарғы



www.ziyouz.com kutubxonasi

белгилериниң бири оның мәмлекетлик нышанлары, оларсыз ҳеш бир ел толық мәмлекет статусына көтериле алмайды.

Қарақалпақстан Республикасының тарийхый ҳәм мәмлекетлик өмиринде 1990-1993-жыллары үлкен сиясий әҳмийеттеги ўақыялар жүз берди. 1992-жылы 14- декабрьде Қарақалпақстан Республикасының тунғыш байрағы оның жоқарғы кеңесиниң он екинши шақырық он биринши сессиясында тастыйықланды.

Қарақалпақстан Республикасының мәлекетлик байрағы ҳаққындағы нызамында белгиленгениндей, оның байрағы мәмлекетлик суверенитетиниң нышаны болып табылады ҳәм республиканы халық аралық майданда таныстырады. Ол рәсмий делегациялар сырт еллерге сапар етиў пайытларында, халық аралық шөлкемлерде, конференцияларда, жер жүзлик көргизбелерде ҳәм спорт жарысларында көтериледи. Қарақалпақстанның мәмлекетлик байрағы әдиўли болып есапланады ҳәм оны республика пухаралары, сондай-ақ онда турған басқада адамлар ҳүрметлеўге миннетли. Оған тил тийгизгенлер нызамлар менен белгиленген тәртипте жуўапкершиликке тартылады.

Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик белгилериниң бири герби 1993-жылы 9-апрельде қабыл етилди. Герб он екинши шақырық он екинши сессиясында қабылланды. Усы сессияда Қарақалпақстан республикасының конституциясы қабыл етилди. Бул күн ғалаба халықлық байрам деп дағазаланды. Конституция кирисиў бөлими, алты тараў, 25 бап ҳәм 116 статьядан иабарат. Конституцияда мәмлекетлик суверенитет, нызамның үстемлиги, инсан ҳуқықлары, еркинликлери менен миннетлери, жәмийеттиң экономикалық тийкарлары, жәмийетлик бирлеспелер, ҳәкимшилик, аймақлық дүзилис, жоқарғы кеңеси, оның баслығы, министрлер кеңеси, суд, прокуратура, сайлаў системасы ҳәм тағы басқалар нызамластырылды. Қарақалпақстан республикасының жоқарғы кеңесиниң он екинши шақырық он төртинши сессиясында Өзбекстан, Қарақалпақстан халық шайыры И.Юсупов сөзине талантлы композитор Н.Мухаметдинов музыкасын жазған мәмлекетлик гимни ҳәм музыкалық редакциясын қабыл етти.

1992-жылы Нөкис қаласының 60 жыллығы кең түрде белгиленип, бул Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан тарийхындағы ең


www.ziyouz.com kutubxonasi

әҳмийетли ўақыялардың бири болып қалды. Өзбекстан президенти И.А.Каримовтың, Нөкис қаласының 60 жыллығы байрамында «Өзбекстан тәғдири-бул Қарақалпақстан тәғдири, өзбек халқының тәгдири-бул қарақалпақ халқының келешегидур» деген сөзлери үлкен әҳмийетке ийе.

Елде сиясий партиялар ҳәм жәмийетлик сиясий бирлеспелер пайда болды. Ҳәзир Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда халық демократиялық партияси, ўатан тараққиёти, адалат, миллий тикланиш, фидокорлар ҳәм либерал демократиялық партиялары бар. Жәмийетлик сиясий турмыста 1994-жылы 26- декабрьде, 1999-жылы 5-декабрьде, 2004-жылы 26- декабрьде ҳәм 2009-жылы 27-декабрьде болып өткен Өзбекстан республикасы олий мәжлисине, Қарақалпақстан республикасы жоқарғы кеңеси ҳәм жергиликли кеңеслерге сайлаўлар үлкен сиясий әҳмийетке ийе болды. Бул сайлаўлар халқымыз тарийхында биринши рет көп партиялылық тийкарында өтти. Сайлаўшылар елимиздиң ең жақсы азаматларын халық депутатлары етип сайлады.

Ғәрезсизлик нәтийжесинде халық-аралық байланыслар әдеўир раўажланды. Елдиң сыртқы экономикалық байланыслары бойынша министрлик дүзилди. Және де, Өзбекстан сыртқы ислер министрлигиниң Қарақалпақстан бөлими шөлкемлестирилди. Ғәрезсизлик жыллары олар өз алдына ҳәм Өзбекстан делегациясы қурамында сырт еллердиң көплеген мәмлекетлеринде болып қайтты. Бурынғы аўқамның ўақтында Нөкис қаласын ҳәм республиканы сырт еллер былай турсын, орайдағы айырым министрлерде билмейтуғын еди. Ғәрезсизлик шарапаты менен Қарақалпақстанды дүньяның бир қатар ўәкиллери келип, олар менен бирге ислесиў бойынша сөйлесиўлер болды ҳәм миратнамалар келисилди. Әсиресе, Арал машқалаларына байланыслы көплеген сырт ел мәмлекетлерден ўәкиллер келди. Әсиресе, 1994, 1995-жыллардағы Нөкис қаласындағы Арал машқаласы бойынша халық-аралық конференциялар, жәнe де 1997-жылғы Қырық қыз дәстанына арналған халық-аралық конференция болды. Булардың барлығы суверенли жаңа дәўирде Қарақалпақстанның дүньяға танылып ҳәм халық-аралық қатнасларының раўажланыўын көрсетеди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## § 2. Қарақалпақстан базар экономикасына өтиў жолында

1991-жылы 31-августа Өзбекстан өз ғәрезсизлигине ийе болғаннан соң ҳәм тыныш парламентлик жол менен өз мәмлекетин раўажланыўға киристи. Коммунистлик идеология үстемлиги бийкарланды. Елимизде ҳақыйқый демократия, еркинлик ҳәм адам ҳуқықларын мойынлаў нормалары орынланды. Мәмлекетти басқарыўдың жаңа заманагөй президентлик формасы қәлиплести. Банк дүзилиси қайта тикленди. 1992-жылы 2-мартта Өзбекстан халық-аралық ҳуқықтың толық ҳуқықлары субъекти ретинде БМШ қа қабыл етилди.

Мәмлекетимизде жаңа турмысқа өтиўдиң көп түрлилиги мойынланып, мәмлекет қурылыс ҳәм экономикалық реформаның бес бағдары ислеп шығылды.

1. Экономиканың идеологиялық қурсаўдан азатлығы. Экономиканың сиясаттан үстин турыўы.

2. Өтиў дәўиринде мәмлекеттиң бас реформатор болыўы.

3. Нызамның үстемлиги, оны мойынлаў. Демократиялық жол менен қабылланған жаңа конституция, нызамлардың сөзсизлиги ҳәм орынланыўы.

4. Халықтың декмократиялық дүзилисин есапқа алып ҳәм күшли социаллық сиясатты иске асырыў.

5. Базар экономикасына өтиў ықтыятлы, басқышпа-басқыш, объективлик экономикалық нызамлардың талабын есапқа алған жағдайда революциялық секириўлерсиз ҳәм эволюциялық жол менен тәмийинлеў тийис.

Өзбекстан республикасы ғәрезсизлигине ерисиўи менен, өз жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолын таңлап алды. Баслы мақсет социаллық бағдардағы турақлы базар экономикасын, ашық сыртқы сиясатқа ийе болған күшли демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пухаралық жәмийетти дүзиў. Бул әлбетте жәмийелик-экономикалық дүзилисти өзгертиўге алып келди. Базар қатнасықларына өтиў көп укладлы экономиканы ҳәм бәсекилес орталықты қәлиплестириўдиң ҳуқықый шөлкемлестириў шараятларын дүзиўди талап етте.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан ғәрезсизлиги дағазаланыўдан баслап-ақ, базар экономикасына өтиў басланды. Бул басқышпа-


www.ziyouz.com kutubxonasi

басқыш өтиўден ибарат болып, себеби, базар экономикасына база таярлаў және де барлық базар механизмлерин пайда етиў ҳәм халықтың психологиясын базар қатнасықларына бейимлеў керек болды. Базар қатнасықларына өтиў дәўиринде мәмлекеттиң реетлеўши бөлимине әҳмийет берилди. Яғный мәмлекет экономикалық жетекши тараўларын қоллап-қуўатлады, исбилерменлик ҳәм басқа да базар механизмлерин пайда етиўге басшылық етеди. Усыған байланыслы бир қатар илажлар көриле баслады. Онда аўыл хожалығы, оған тийисли қайта ислеў санаат тараўларын раўажландырыў ҳәм базар экономикасы жағдайында мийнет ететуғын жоқары қанийгелиги кадрлар таярлаў илажлары еди. 1991-1992-жыллары фермер хожалықлары өсе баслады. 1998-жылы 1686 фермер хожалық ширкетлер аўқамы дүзилди.

Қарақалпақстан жоқарғы кеңеси жер, меншик, дара дийхан хожалығы, кәрханалар, исбилерменлик сырт ел инвестициялары, басқа да базар қатнасықларына арналған нызамлар ҳәм қарарлар қабыл етти. Реформалар жүргизиў барысында Қарақалпақстан мүлкти мәмлекет ийелигинен шығарыў, меншиклестириў басланды, яғный меншиктиң көп түрлилигине ерисиў нәтийжесинде халық хожалығында көп тармақлы экономика қалиплесе баслады. Көп тармақлы экономикалық қәлиплесиўинде киши кәрхана, кооперативлердиң үлеси айрықша болды ҳәм олардың саны өсти.

Санаатта бир қатар жақсы өзгерислер бола баслады. 1995-жылы Хожели қаласында шийше ыдыслар заводы қуралып пайдаланыўға берилди. 1996-жылы Қоңыраттағы «Үрге» газ санааты кәрханасында газ конденсаты ҳәм тәбийий газ қазып шығарыла баслады. Халықтың тәбийий газ бенен тәмийинлеў дәрежеси 83 процентке жетти. «Қарақалпақ қурылыс» акционерлик жәмийетинде Италия фирмаларының жоқары сыпатлы үскенелери менен үскенеленген, жылына 60 мың кв.м. мроамор блоклары ҳәм плиталарын ислеў заводында спирт ислеп шығаратуғын жаңа цех қурылды. 1996-жылы Қоңырат районында Орайлық Азияда ең үлкен, жылына 190 мың тонна ҳарқыйлы сода ислеп шығаратуғын завод қурылысы басланды ҳәм 2007-жылы иске түсти.

Суверенлик дәўирде елдеги қыйыншылықларға қарамастан халықтың социаллық жағдайын төменлетпеў ушын тийисли

www.ziyouz.com kutubxonasi

илажлар иске асты. Халықты сапалы аўыз суў менен тәмийинлеўге айрықша әҳмийет берилди. Орта Азияда ең үлкен Түйе мойын Нөкис суў тармақлары иске қосылды ҳәм нәтийжеде халықты таза ишимлик суў менен тәмийинлеў дәрежеси 59,5 процентке жетти. Жумыссызлардың саны 1996-жыл ақырында 4,2 мың адамға жетти. 1996-жылы 16 мың адамға жумыс орны жаратылды. Бул жағдай мийнет биржаларынан жумыс сораған пуқараларды жумыс пенен тәмийинлеў имканиятын берди. Халықтың жан басына хызмет көрсетиў дәрежеси, Өзбекстан Республикасы көрсеткишинен 2,2 мәрте өсти.

Өзбекстан президенти И.А.Каримов тәрепинен Арал бойы машқалаларын шешиў бойынша бир қанша жумыслар исленбекте. 1994-жылы 11-январь күни Нөкисте Орайлық Азияның бес мәмлекетиниң президентлери ҳәм де Россия федерациясының ўәкиллериниң қатнасыўында өткизилген ушырасыўда Аралға ҳәм Арал бойы халқына әмелий жәрдем бериў мәселеси талқыланды. 1995-жылы сентябрьде Нөкисте өткизилген халық-аралық конференцияда декларациясы қабылланып ҳәм онда пүткил дүнья жәмийетшилиги итибары Арал машқаласына қаратылды.

Қарақалпақстанның халық-аралық байланыслары әдеўир раўажланды. Оны сырт еллер менен байланыс бойынша министрлик дүзилди. Өзбекстан сыртқы ислер министрлигиниң Қарақалпақстан бөлими шөлкемлестирилди. 1996-жылы Қарақалпақстан республикасының сыртқы саўдадағы тийкарғы шериклериниң үлеси төмендегише болды: Россия-11,4, АҚШ-14,1, Қубла Корея-11,1, Швейцария-9,4, Нидерландия- 7,2% сырт мәмлекетлерге тийкарынан пахта талшығы ҳәм қайта исленген нефт өнимлери шығарылды. Ал сырттан қумшекер, бийдай, машина үскенелери, автомашиналар ҳәм басқада үскенелер алып келинди.

## § 3. Руўхый мәдeният

Ҳәр қандай мәмлекеттиң уллылығының белгилейтуғын тийкарғы факторларының бири ҳәм оның халқының руўхый мәдениятыболып есапланады. Ҳәр қандай экономикалық ҳәм сиясий дағдарыслардың алдын алыў мүмкин, бирақ руўхый жақтан дағдарысқа ушыраған халықтың санасын көтериў ҳәм миллий

www.ziyouz.com kutubxonasi

жуўапкершилик сезимин күшейтиў жүдә көп машақатлы ўақытта талап етеди. Соның ушында бизиң қаҳарман халқымыз ең қыйын жағдайларда да өзиниң руўхый байлығын жоқары баҳалады ҳәм өзлигин ақлап қала алды.

Республикамыз халқының ғәерзсизликке ерисиў менен ҳәм бир миллеттиң руўхый байлығы болған миллий ҳәм адамгеришилк қәдириятлары қайта тикленди. Соның ушында Өзбекстан президенти И.А.Каримов «ғәрезсизликке байланыслы қарақалпақ халқы көплеген руўхый байлықларын қайта тиклеў мүмкиншилигине ийе болды. Ғәрезсизлик миллий мәденияты ҳәм руўхыйлықты тастыйықлаў қарақалпақ халқының классик шайырлары Бердақтың, Әжинияздың дөретиўшилик мийрасын толық қайта тиклеў, олардың жарқын естелигин мәңгилик етиў ушын жол ашты» деп көрсеткениндей Қарақалпақстан республикасы халқы ең қыйын жағдайларда да өзиниң руўхый байлығын жоқары баҳалады. Ўатанымыздың тарийхын тереӊ үйрениўге әҳмийет берилди.

Ғәрезсизликке ерискенен кейин «қайта қурыў» деп аталған дәўирдеги жазықсыз жазаланған мыңлаған Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан перзентлериниң ақланыўы ҳәм халқымыздың руўхый жақтан өсиўине үлкен әҳмийетке ийе болды. Халық билимлендириўи тараўында әдеўир жетискенликлер болды. Олар жаңа мектеплер, оқыў орынларының ашылыўы, оларда жасларға билим, миллий руўхыйлық тәрбиясы берилиўи менен бирге жоқарғы ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында белгили профессор-оқытыўшылар халық хожалығы ушын тийисли жас қанийгелерде пидәкерлик мийнет еткенлигин атап көрсетилиўи орынлы болады. Соның менен бирге ҳәзирги халық билимлендириў, кадрлар таярлаў барысы елимиздиң ғәрезсиз раўажланыў талабында жуўап бере алмай атырғанлығы себепли президент И.А.Каримов интасы менен республикада билимлендириў, кадрлар таярлаў бағдарламасы ислеп шығылды ҳәм иске асырылды. 1998-жылы орта мектепти 2694 оқыўшы тамамлап, соннан 941 жоқары ҳәм арнаўлы оқыў орнына кирди.

Қарақалпақстанның руўхый турмысындағы тарийхый сәнелерди белгилеў ҳәм республикамызда жасаўшы барлық туўысқан халықлардың байрамына айланды. 1992-жылы 19- декабрьде


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақстанның пайтахты Нөкис қаласының 60 жылға толған салтанатлы мерекеси белгиленди. Бул салтанатлы мересим Өзбекстан республикасының президенти И.А.Каримовтың қатнасыўында өткерилип оған Түркменстан ҳәм Қазақстан республикасының рәсмий ўәкиллери қатнасты. Бул сәне өзбек, қарақалпақ халықларының бирлигин ҳәм дослығының мерекесине айлынды. 1993-жылы 23-24-декабрь күнлери Қарақалпақстанның дәслепки пайтахт Төрткүл қаласының 120 жыллық мерекеси салтанатлы түрде белгиленди.

Өзиниң дүзилген ўақтынан баслап, қоңсылас үш ўәлаят халықларын электр энергиясы менен тәмийинлеп келген дослық қаласы Тақыятас қаласының 40 жыллық мерекелери болып өтти.

1993-жылы 25-29-январь күнлеринде Ташкент қаласында Қарақалпақстан республикасының мәденият күнлери ашылды. Бул мәденият күнлеринде Республикамыздың әдебият, көркем өнер шеберлери пайтахтымыз Ташкент қаласының мәмлекетлик театр, үлкен концерт залларында болып ҳәм олар пүткил Өзбекстан халықларының мәдениятын раўажландырыўға үлкен үлес қосты. Усы мәденият күнлерине жуўап ретинде 1993-жылдың 17-ноябринде Қарақалпақстанда төрт күн даўам еткен Ташкент қаласының мәденият күнлери басланды. Бундай мәденият күнлериниң дослық ушырасыўлары қоңсылас Қазақстан республикасының Қызыл орда ўәлаятында, Түркменстан республикасында өткерилип ҳәм бүгинги Қарақалпақстан мәдениятының көркем-өнер ҳәм әдебиятының дүрданалары Орайлық Азиядағы түрк тиллес халықларға кеңнен таныллы.

Ғәрезсизлик бәринен де бурын халық билимлендириў тараўында айрықша әҳмийетке ийе болды. Республикамызда жаңа типтеги орта арнаўлы, улыўма билим беретуғын лицейлер, гимназиялар ҳәм айырым пәнлерди тереңлестирилген ҳалда оқытылатуғын мектеплер раўажланды. Соңғы жыллары Өзбекстан халық билимлендириў министрлигиниң анықлаўы бойынша Қарақалпақстан билимлендириў тараўы барлық корсеткишлердин жуўмағы бойынша Өзбекстанда жоқары орынға көтерилди.

Қарақалпақстанда илим жаңадан раўажланбақта. Өзбекстан илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалы 1992-жылы усы академиясының бөлими болып қайта дүзилди. Бул бөлимде


www.ziyouz.com kutubxonasi

жаңа илимий бөлимлердиң пайда болыўы қарақалпақ алымларының тәбият, жәмийетлик илимлерди жәнеде раўажландырыў халық хожалығы ҳәм мәдениятын жетилистириўде салмақлы үлес қосыўға мүмкиншилик берди. Аўыл хожалық илимлер академиясының Қарақалпақстан бөлими ашылды. Тарийх институтында ҳәм Бердақ атындағы қарақалпақ мәмлекетлик университетинде филология тараўы бойынша кандидатлық ҳәм докторлық диссертацияларды қорғаў бойынша қанигелестирилген кеңеслердиң дүзилиўи әҳмийетли нәтийже берип атыр.

Республика алымлары соңғы жылларда шет ел қәнигелери менен бирге илимий изертлеўлер жүргизип атыр. Атап айтқанда тарийх, археология, этнография институты алымлары Австралиядағы Сидней университети ҳәм француз археологлар менен бирликте ис алып барып атыр. Әсиресе соңғы жыллардағы қарақалпақ әдебиятлардағы түркий халықлар әдебияты менен байланыстың күшейиўи дүнья халықлары әдебиятына қосылған үлес болып табылады.

1997-жылы 10-12-сентябрь күнлери Нөкис қаласында қарақалпақ халық дәстаны «қырық қыз» ҳәм түркий тиллес халықларының фолклорын изертлеў мәлерине арналған халық аралық илимий теориялық конференциясының өткерилиўи, БМШ ның Орайлық Азиядағы ўәкили Халид Маликтиң, Кипрден, Түркиядан, Азертбайджан, Башкириядан ҳәм пүткил Орайлық Азия халықлары әдебияты ўәкиллериниң қатнасыўы бүгинги қарақалпақ әдебиятын түркий халықлар дүньясына танытты.

Музейлер халқымыздың миллий мийрасын қастерлеўши мәденият ошағы болып табылады. Егер, И.В.Савицкий атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик көркем өнер музейи ашылған ўақытта (5-февраль 1966-жыл) тек ғана 10 мың экспонат болса, ол ҳәзир 70 мыңнан аслам экспонатлар музей фондынан орын алып ҳәм халқымыздың руўхый дүньясын байытыўға хызмет етеди. Бул музей ғәрезсизликтиң қысқа дәўири ишинде тек ҒМДА мәмлекетлеринде ғана емес, ал Япония, Югославия, Испания, Босния, Болгария, Сирия, Италия, Австралия ҳәм басқа еллеринде де таң қаларлық экспонатлар көргизбесин шөлкемлестирилди.

1998-жылы 9-январьда И.В.Савицкий атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик көркем өнер музейиниң Францияда көргизбесин


www.ziyouz.com kutubxonasi

ашылыўы елимиздиң 300 ге шамалас экспонатларын таныстырды. Бул жетискенлик француз баспа сөзиниң көрсеткениндей, музей шығармасы Орайлық Азия көркем өнериниң таныс емес бетлерин ашып ҳәм XX әсир байлығы сыпатында баҳаланды. Бул көргизбе Өзбекстан президенти И.А.Каримовтың ҳәм Франция Президенти Ж.Ширактың қәўендерлигинде шөлкемлестирилди.

1998-жылы 19 декабрьде Бердақ Қарғабай улының 170 жыллық ҳәм 1999-жылы декабрьде Әжинияз Қосыбай улының 175 жыллық мерекеси пүткил Өзбекстан көлеминде белгиленди. Ҳәзирги жыллары ағартыўшылық ҳәм көркем өнер өсти. 1999-жылы Қарақалпақстанда 468 китапхана ҳәм 199 клуб ислеп турды. Булардың бәри халқымызды ҳәм әсиресе жасларды мәнәўиятлы етип тәрбиялаўда үлкен хызмет етпекте.

Қарақалпақстандағы ҳәзирги дәўирдеги өзгерислер, бир тәрептен тоталитар дүзимниң қулаўы, суверенли жаңа республиканың өсиў қыйыншылықларын, бурынғы тар шеңберли класслық принциплерден бас тартыўды, екинши жақтан өсип раўажланып атырған плюрализмниң, меншиктиң ҳәм жәмийетлик-сиясий дүзилислер менен пикирлердиң көплиги мойынлап раўажланыўы болып есапланады.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## Әдебиятлар


1. Каримов.И.А. Жаңаша ойлаў-дәўир талабы. Нөкис, 1997.

2. Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ.. Ташкент, 1998.

3. Каримов И.А. Юксак маънавият енгилмас куч. Ташкент, 2008.

4. Агаджанов С.Г. Очерки истории и огузов и туркмен Средней Азии IX-XIII вв. Ашхабад, 1965.

5. Айтмуратов Д. Туркские этнонимы. Нукус,1986.

6. Айтмуратов Ж.А. Развитие культуры Каракалпакстана в 70-90-е годы XX века. Нукус, 1997.

7. Айтмуратов Ж. Ғәрезсизлик дәўиринде Қарақалпақстан мәдениятының раўажланыўы. Нөкис, 1999.

8. Айтниязов П. Қарақалпақстан республикасы суверен мәмлекет. Нөкис, 1992.

9. Алексеев В.П., Аскаров А.А., Ходжайов Т.К. Историческая антрпология Средней Азии. Ташкент, 1990.

10. Алламбергенов М. Кровавые стрели минувших веков. Ташкент, 2009.

11. Андрианов Б.В. Древние оросительные системы Приаралья. М., 1969.

12. Аристов А. Заметки об этническом составе туркских племен, народностей и сведения об их численности (живая страна). Вып. 3,4, М.,1896.

13. Археология Приаралья. Том. 1-7, Ташкент, 1982-2008.

14. Археология СССР. Древнейшие государство Кавказа и Средней Азий. М., 1985.

15. Ахмедов Б.А. Государство кочевых узбеков. М., 1965.

16. Баскаков Н.А. Каракалпакский язык.Ташкент. 1-2, М.,1951.

17. Баскаков Н.А. К этимологии «огуз», «Огуз каган». Советская тюркология. 4. Баку, 1979.

18. Бердақ Шежиреси. Нөкис, 1983.

19. Бердақ Шежиреси. Нөкис, 1993.

20. Беленицкий А.М., Бентович И.Б., Большеков О.Г. Средневековый город Средней Азии.Л., 1973.


www.ziyouz.com kutubxonasi

21. Бердақ. Шежире. Нөкис, 1983.

22. Боис М. Зорастрииццы. М., 1967.

23. Буноятов З.М. Государсрвто Хорезмшахов-Ануштегинидов. (1097-1231), М., 1986.

24. Вайнберг Б.И. Монеты древнего Хорезма. М., 1977.

25. Вайнберг Б.И. Этногография Турана в древности (VI в до н.э. VIII в.н.э.). М., 1999.

26. Вайнберг Б.И. Монеты древнего Хорезма.М., 1977.

27. Городище Топрак –кала, М.; 1981.

28. Гудкова А.В. Ток кала, Ташкент,1964.

29. Гафуров Б.Г., Таджики древняя и средневековая истории. Душанбе, 1989.

30. Гулямов Я.Г. История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней. Ташкент, 1959.

31. Гумилов А.Н. Древние тюрки. М.,1967.

32. Документы архива Хивинских ханов по истории и этнографии каракалпаков. М., 1967.

33. Древняя и средневековая культура юго-восточного Устюрта. Ташкент, 1979.

34. Дусимов З. Хорезм топонимлари. Ташкент, 1985.

35. Есбергенов Х. Вопросы этнической истории и традиционная культура каракалпаков. Сб.: Этническая история и традиционная культура народов Средней Азии и Казакстана. Нукус, 1989.

36. Еремеев Д.Е. К семантике тюркских этнонимов, этнонимы. М., 1970.

37. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. М.-Л., 1950.

38. Жураев Н., Файзуллаев Т., Усманов Қ. Ўзбекистон тарихи. Ташкент., 1998.

39. Иванов П.П. Очерки истории каракалпаков. Материалы по истории каракалпаков. Труды института востоковедения, АНСССР, Т.-7.М.-Л. 1935.

40. Исмайлов У.И., Крахмоль К.А. Палеоэкология и следы древнейшего человека в Центральной Азии. Ташкент., 1995.

41. История Каракалпакской АССР, Ташкент,1986.


www.ziyouz.com kutubxonasi

42. Итина М.А. История степных племен южного Приаралья.(II-нач-I тыс. до.н.э.) ТХАЭ.том X., М.,1977.

43. Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII-XIX вв. Ташкент, 1968.

44. Камалов С.К. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм мәмлекетшилиги тарийхынан. Нөкис, 2001.

45. Камалов С.К. Социально-экономическое положение Каракалпакстана и Аральская катастрофа. Вестник Каракалпакское отделении АН РУз. №2, 1999.

46. Камалов С., Юсупов О. Қарақалпақ халқының руўхый ағартыўшылығы тарийхында Ал-Кердери мийрасының тутқан орны. Қарақалпақстан муғаллими. №12, 1991.

47. Кдырниязов.М.-Ш. Материальное культура городов Хорезма в XIII-XIV веках, Нукус, 1989.

48. Кочевники на границах Хорезма, ТХЭ, XI. М., 1979.

49. Кой-крылган-кала, М., 1967.

50. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Нөкис, 1992.

51. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Нөкис, 2003.

52. Қарақалпақстан республикасының Конституциясы. Нөкис, 1993.

53. Кочевники на границах Хорезма. М., 1979.

54. Қосбергенов Р. Қарақалпақ халқының колониаль дәўириндеги мәденияты ҳәм турмысы. Нөкис, 1970

55. Қыдырниязов М.-Ш., Хорезмниң орта әсир археологиясы бойынша жазба дереклер ҳәм изертлеўлер. Нөкис, 1995.

56. Левина Л.М. Керамика нижней и средней Сырдарьи в 1 тысячелетии н.э. М., 1974.

57. Левина Л.М. Джетыасарские склепы. Низовья Сырдарьи в древности. Вып.2.

58. Джетыасарская культура, часть 1. Склепы. М., 1993.

59. Отажанова А. Хорезм этнотопонимикалари. Ташкент, 1997.

60. Мәмбетов.К Қарақалпақлар тарийхы.Нөкис. 1993.

61. Мамбетов К. Тарийх төркинлери. Нөкис, 1999.

62. Мамбетуллаев М., Туребеков М. Кубла Арал бойы халықлары тарийхынан. Т., 1-3. Нөкис. 1997-1998.

www.ziyouz.com kutubxonasi

63. Материалы по истории Каракалпаки и каракалпаков. М.-Л., 1935

64. Материалы по истории туркмен и Туркмении. Т.1. М., 1939.

65. Мец А. Мусульманский Ренессанс. М., 1966.

66. Неразик Е.Е. Сельские жилище в Хорезме (I-XIV вв). (из истории жилище и семьи). М., 1976.

67. Ниетуллаев С.Д. Государственное строительство в республике Каракалпакстан. Нукус, 1993.

68. Очерки истории Каракалпакской АССР, т- I-II, Ташкент, 1964.

69. Рахманов Н., Матбобоев Б. Ўзбекистоннинг кухна турки-рун ёзувлари. Ташкент, 2006.

70. Рзаев К. Рыночные проблемы сельской экономики Каракалпакстана Нукус, 1993.

71. Ртвеладзе Э.В. Древние монеты средней Азий. Ташкент,1987.

72. Ртвеладзе Э.В. Великий шелковый путь. Ташкент, 2000.

73. Сарыбаев.А.К. Хлопкоочистителная и текстильная промышленность Каракалпакстана в 1980-1995 гг. Ташкент, 2008.

74. Сарыбаев К.С. Очерки истории орешения в Каракал-пакий. Нукус, 1976.

75. Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. Нукус, 1995.

76. Сарыбаев Қ. Қарақалпақстан тарийхы. Нөкис, 1995.

77. Сарыбаев М.К Политика хлопковой монокультур советской власти в Каракалпакстане и ее последствия ( 1917-1996 гг.). Ташкент, 2008.

78. Скотоводы и земледельцы левобережнего Хорезма (древность и средневековье). М., 1991.

79. Средняя Азия в эпоху камня и бронзы. М.-Л., 1966

80. Толстова Л.С. Каракалпаки за аределами Хорезмского оазиса в XIX-XX вв. Нукус, 1963.

81. Толстова Л.С. Жоқарғы Қарақалпақлар. Нөкис, 1975.

82. Толстов С.П. Древний Хорезм. М., 1948.

83. Толстов С.П. По следам древнохорезмской цивилизации. М.-Л., 1948.

www.ziyouz.com kutubxonasi

84. Толстов С.П. По древним дельтам Окса и Яксарта. М., 1962.

85. Топрак кала, дворец. М., 1984.

86. Тохтаметов Т.Г. Амударьинский отдел. Нукус, 1977.

87. Уразбаева Р. Из истории высшего и среднего специального образования в Каракалпакстане. Нукус, 1994.

88. Федоров-Давыдов Г.А. Кочевники Восточной Европы под властью золотоордынских ханов. М., 1966.

89. Федоров-Давыдов Г.А. Этнические процессы в Средней Азии в VIII-XV вв. (этнос и феодальное государство). Проблемы этногенеза и этнической истории народов Средней Азии и Казахстана. Вып. 2. М., 1990.

90. Ходжайов Т.К., Мамбетуллаев М.М. Раннесредневековый некрополь Куюккала. М., 2008

91. Хозяйство Каракалпакии в XIX века Ташкент 1972.

92. Хужаниёзов Г. Қадимий Хорезмнинг мудаффоа иншоатлари. Ташкент., 2007.

93. Шамамбетов Б. Қарақалпақстанның аўыл-хожалығы. Нөкис, 1992.

94. Эшов Б. Ўрта Осиёнинг қадимги шаҳарлар тархи. Ташкент, 2006.

95. Этнография каракалпаков XIX века, Ташкент, 1980.

96. Юсупбаев К. Қорақалпоғистоннинг аграр секторида иқтисодий ислоҳотларни амалга ошириш хусусиятлари. Ташкент, 2001.

97. Юсупов О. Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты (1924-2004 жж.), Нөкис, 2004.

98. Ягодин В.Н. Об этническом определении Кердерской культуры и её роли в этногенезе каракалпаков.-Вестник КК филиала АН РУзССР. №3, 1971.

99. Ягодин В.Н. Хайван кала- раннесредневековый Кердер.

100. Археологические исследования в Каракалпакии. Ташкент, 1981.


www.ziyouz.com kutubxonasi

# Мазмуны


**Кирисиў**......3

**I бап. Қарақалпақстан тас әсиринде**......5
§ 1. Әййемги тас әсири (палеолит)......5
§ 2. Мезолит......11
§ 3. Неолит......13

**II бап. Қарақалпақстанда бронза әсири**......20
§ 1. Әййемги дийханлар ҳәм шарўалар......20
§ 2. Тазабағжап мәденияты......25
§3. Қарақалпақстанның бронза әсириндеги экономикасы ҳәм мәденияты......[illegible]

**III бап. Қарақалпақстан аймағында әййемги мәмлекет**......30
§ 1. Хорезм цивилизациясы......30
§ 2. Әййемги Хорезм мәмлекети......32
§ 3. Сак-массагетлердиң мәмлекетшилиги......35
§ 4. Қарақалпақстан жерлерин Иран аҳәмений патшаларының жаўлап алыўы......37
§ 5. Қала урбанизациясы......42
§ 6. Хожалығы......44
§ 7. Дини......45
§ 8. Көркем өнери......47
§ 9. Жазыўы......49
§ 10. Арал бойы сакларының турмысы......50
§ 11. Саклардың мәденияты ҳәм көркем өнери......53
§ 12. Қарақалпақстанда қаңлы (кангуй) мәмлекети......54

**IV бап. Қарақалпақстан I-IV әсирлерде**......57
§ 1. Хорезм ҳәм Кушан......57
§ 2. Қала урбанизациясы......58
§ 3. Қәдимги шаңарақ......61
§ 4. Руўхый мәденияты ҳәм дини......65
§ 5. Мәдeнията ҳәм көркем өнер......65
§ 6. Қарақалпақстан аймағы Уллы жипек жолында......67

**V бап. Қарақалпақстанда ерте феодаллық жәмийет**......70
§ 1. Сиясий жағдай......70
§ 2. Қарақалпақстан аймағында Афригийлер мәмлекети......73
§ 3. Қала мәденияты......77
§ 4. Экономика ҳәм жәмийетлик турмыс......78
§ 5. Мал шарўашылығы......79



www.ziyouz.com kutubxonasi

§ 6. Өнерментшилик ........ 80
§ 7. Этномәдений байланыслар ........ 81
§ 8. Теңге пуллар ........ 82
§ 9. Руўхый мәденияты ........ 84
§ 10. Қарақалпақстан түрк қағанлығы дәўиринде ........ 87
§ 11. Қарақалпақстан араб халифаты қурамында ........ 89
§ 12. Кердер мәденияты ........ 92
§ 13. Хожалығы ........ 94
§ 14. Өнерментшилик ........ 95
§ 15. Теңгелери ........ 97
§ 16. Кердерлердиң байрамлары ........ 98
§ 17. Кердер алымлары ........ 99
§ 18. Руўхый мәденияты ........ 100

**VI бап. Қарақалпақстанның ояныў дәўиринде (ренессанс) X-XIII әсирдеги) сиясий жағдайлары** ........ 103
§ 1.Сиясий жағдайлары ........ 103
§ 2. Қала мәденияты ........ 108
§ 3. Саўда байланысы ........ 110
§ 4. Ренесанс дәўириндеги мәдeният ҳәм илим ........ 112
§ 5. IX-XI әсирлердеги Арал бойы көшпели шарўалары ........ 116
§ 6. Огузлар ........ 117
§ 7. Печенеглер ........ 119
§ 8. Қыпшақлар ........ 120
§ 9. XI-XIII әсирлерде Хорезм ........ 121
§ 10. Уллы Хорезмлилер мәмлекети ........ 124
§ 11. Жәмийетлик турмысы ........ 125
§ 12. Қала урбанизациясы ........ 126
§ 13. Өнерментшилик ҳәм саўда ........ 128

**VII бап. Хорезм ҳәм Қарақалпақстан жерлери XIII-XIV әсирлерде** ........ 131
§ 1. Хорезм ҳәм Қарақалпақстан жерлери XIII-XIV әсирлерде ........ 131
§ 2. Темур ҳәм Темуридлер дәўири ........ 139
§ 3. Қарақалпақлардың этногенези ҳәм этник тарийхы ........ 144
§ 4. Биринши дәўир: ең әййемги дәўирден - б.э.шекемги III әсир ........ 147
§ 5. Екинши дәўир: Б.э.шекемги III әсирден –эрамыздың V әсири ........ 155
§ 6. Үшинши дәўир: V-VIII әсирлер ........ 160
§ 7. Төртинши дәўир: VIII-XIII әсирдиң басы ........ 164
§ 8. Бесинши дәўир: XIII-XVI әсирлер ........ 176

**VIII бап. Қарақалпақстан XVI-XVIII әсирлерде** ........ 184
§ 1. Сиясий жағдайлар ........ 184


www.ziyouz.com kutubxonasi

§ 2. Хожалығы ........................................................................................................190
§ 3. Қарақалпақлар ҳәм Хийўа ханлығы.................................................................191
§ 4. Мәдений турмысы ...........................................................................................193
§ 5. Хийўа ханы зулымлығына қарсы азатлық гүреслер .......................................195

**IX бап. Патша Россиясының Хийўа ханлығын ҳәм қарақалпақларды жаўлап алыўы** ........................................................197
§ 1. Патша Россиясының Қарақалпақстандағы колониялық сиясаты ....197
§ 2. XIX әсирдиң ақыры- XX әсирдиң басында Әмиўдәрьяның шеп тәрепиндеги қарақалпақлардың социал-экономикалық жағдайы..........205
§ 3. Хожалығы ........................................................................................................207
§ 4. Қарақалпақстаннан тысқары аймақларда жасаўшы қарақалпақлар..........................................................................................................209
§ 5. Қарақалпақлардың колониялық сиясатқа қарсы азатлық ушын гүреси ..............................................................................................................212
§ 6. Қарақалпақлардың Хийўа ханлығының сиясатына қарсы гүреси ..............................................................................................................219
§ 7. Мәдений турмыс ..............................................................................................222

**X бап. Қарақалпақстан 1917-1945-жылларда** ......................................225
§ 1. Қарақалпақстан түпкиликли өзгерислер жылларында (1917-1924 жыллары) ......................................................................................225
§ 2. Қарақалпақстан тоталитар дүзимниң қәлиплесиў дәўиринде (1925-1941 - жыллар)..........................................................................................230
§ 3. Санааты ҳәм аўыл хожалығы..........................................................................233
§ 4. Қарақалпақстан екинши жер жүзилик урыс дәўиринде ҳәм олардың урысқа қосқан үлеси ..................................................................236
§ 5. Экономика ҳәм мәденият ................................................................................238

**XI бап. Қарақалпақстан урыстан соңғы жылларда экономикалық өсиўи ҳәм машқалалар** ........................................................241
§ 1. Экономикалық дағдарыс .................................................................................241
§ 2. Қарақалпақстанның мәдений турмысы (1917-1990-жыллары). Билимлендириў ...............................................................................................247
§ 3. Мәдeният ҳәм көркем өнер ............................................................................253

**XI бап. Суверенли Қарақалпақстан республикасы** ..................................256
§ 1. Жәмийетлик- экономикалық дүзилистеги өзгерислер.....................................256
§ 2. Қарақалпақстан базар экономикасына өтиў жолында .....................................259
§ 3. Руўхый мәдeният ............................................................................................261

**Әдебиятлар**.........................................................................................................266

**Мазмуны**..............................................................................................................282


www.ziyouz.com kutubxonasi

**Мамбетуллаев М., Туребеков М., Юсупов О.**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ТАРИЙХЫ

Редактор: ***Алламуратов.Г.С.***
Тех. редактор: ***Баймаматов А.А.***
Компьютерда таярлаған: ***Садритдинов Б.***

Босишга рухсат этилди: 28.06.2010 й.
Ҳажми 17,1 б.т. Адади: 100. Буюртма № 56.
ХТ "Ахмедов Ф.И." босмахонасида босилди.
Тошкент шаҳри, Чилонзор 22-11.

www.ziyouz.com kutubxonasi